

JENFI



MANUAL 1

Jènfi 1

Piblikasyon
Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo
Salt Lake City, Utah

Dwa otè © 1998 pa Intellectual Reserve, Inc.
Tout dwa rezève
Apwobasyon anglè: 5/94
Apwobasyon tradiksyon: 5/94
Tradiksyon *Young Women 1*
Haitain Creole

Tab Matyè

Nimewo leson ak tit	Paj
Entwodiksyon	v
Gid espesyal pou ede jènfi ki domaje yo patisipe nan diskisyon ak aktivite klas yo	ix
Viv tankou yon pitit fi Bondye	1
1 Yon pitit fi Bondye	2
2 Jezikri, Sovè a	5
3 Suiv egzanp Jezikri	8
4 Chèche konpayi Sentespri a	11
Akonpli wòl diven fi yo	15
5 Chèche lajwa nan kapasite nou pou n vin tankou Bondye	16
6 Chèche lajwa kounyeya	18
7 Travay nan kay	21
8 Atitud apwopo wòl diven nou yo	25
Travay pou fè lavi nan fanmi an pi byen	29
9 Onore paran yo	30
10 Soutni manm fanmi yo	36
11 Vin pi endepandan nan pran swen bezwen fizik, mantal ak espirityèl, pati 1	40
12 Vin pi endepandan nan pran swen bezwen fizik, mantal ak espirityèl, pati 2	44
Aprann osijè prèttriz la	49
13 Soutni detantè prèttriz yo	50
14 Dirijan patriyakal nan fwaye a	54
15 Prèttriz Mèlkisedèk la	59
16 Fi avèk detantè prèttriz yo	63
Aprann konsènan istwa famiyal ak travay nan tanp	67
17 Bi alyans ak òdonans yo	68
18 Maryaj nan tanp—obligatwa pou lavi kòm yon fanmi etènèl	71
19 Rejis pèsònèl	76
Fè travay misyonè	81
20 Gen sousi pou lòt moun	82
21 Yon egzanp ki jis enfliyanse lòt moun	86
Ogmante nan espirityalite	89
22 Repantans	90
23 Padon	93
24 Priyè ak meditasyon	97
25 Jou Saba a	101

26	Temwayaj	105
27	Etid ekriti yo	109
28	Reziste anba peche	113
29	Dezyèm vini Jezikri a	117
30	Sèvis	120
	Viv yon lavi ki moral	125
31	Aktivite gwoup yo: Yon baz pou sòti ade avèk sajès	126
32	Pite pèsònèl atravè disipline tèt ou	130
33	Evite enflyans mal medya	134
34	Panse ki diy	139
35	Viv avèk jistis malgre tantasyon yo	143
36	Enpòtans laverite nan viv yon lavi ki moral	147
	Kenbe bon sante fizik	151
37	Pran swen kò fizik nou yo	152
38	Nitrisyon ak Pawòl Sajès la	155
39	Abize dwòg	159
40	Pran swen sante nan fwaye a	164
	Devlope sosyalman ak emosyonèlman	169
41	Abilite pou gen siksè	170
42	Kouraj pou fè bagay nouvo oubyen difisil	174
43	Viv avèk jistis	177
	Pran swen resous pèsònèl yo	181
44	Itilize tan avèk sajès	182
45	Valè travay	186
46	Bi ak valè edikasyon	191
47	Ankouraje epi devlope talan yo	194
	Devlope talan pou dirije	197
48	Bi tou kout kòm etap pou akonpli pi gwo bi yo	198
49	Delege lòt moun responsablite yo	201
50	Pou dirije jènfi: Oganize leson ki soti nan Konferans Jeneral yo	204
	Nòt yo	

Entwodiksyon

ENFOMASYON JENERAL

Kou etid sa a se pou jènfi nan Legliz la. Lè y ap etidye leson yo ki nan manyèl sa a, chak jènfi ta dwe konprann plan Senyè a gen pou li a pi byen e sa ta dwe ede l fè chwa pèsònèl e gen bon konpòtman dapre prensip levanjil yo.

Eldè M. Russell Ballard te konseye, "Enstriktè yo dwe byen etidye ekriti ak manyèl pa yo anvan yo gade lòt materyèl anplis yo. Twòp enstriktè sanble yo neglije materyèl kourikoulòm ki aprouve yo san yo pa gade yo nèt. Si yon enstriktè santi li bezwen itilize kèk resous anplis ekriti ak manyèl yo pou prezante yon leson, li ta dwe premyèman konsidere itilize magazin Legliz yo" (M. Russell Ballard, nan Conference Report, avril 1983, p. 93; oubyen *Ensign*, me 1983, p. 68).

Ansèyman nan inite yo

Ansèyman nan inite yo gen ladan repètisyon, etid konpreyansif, ak aprann prensip yo bay yo jiskaske yo konprann yo e aplike yo nan lavi chak jou. Manyèl sa a divize nan inite sa yo:

Viv tankou yon pitit fi Bondye
Akonpi wòl diven fi yo
Travay pou fè lavi nan fanmi an pi byen
Aprann osijè prèttriz la
Aprann konsènan istwa familyal ak travay nan tanp
Fè travay misyonè
Ogmante nan espiritualite
Viv yon lavi ki moral
Kenbe bon sante fizik
Devlope sosyalman ak emosyonèlman
Pran swen resous pèsònèl yo
Devlope talan pou dirije

Pandan w ap anseye leson sa yo, etidye bezwen chak jènfi ki nan klas ou:

Ki pwoblèm yo genyen?
Ki leson yo fè deja sou menm sijè a?
Kisa yo konnen deja sou sijè a?
Kiyès nan leson sa yo ki ede bezwen pa yo plis?

Lè ou konsidere avèk swen bezwen jènfi ou yo, etidye tit leson yo ak bi chak leson pou detèmine ki leson k ap ede bezwen yo plis. Lè w byen planifye alavans, ou ka si jènfi yo ap resevwa leson nan tout inite yo e w ap ba yo yon kou etid ki konplèt e ki byen balanse.

Resous yo

Ekriti yo: Ekriti se fondasyon baz pou leson yo nan manyèl sa a. Ankouraje jènfi yo pote Liv kanonik yo nan klas *chak* semèn.

Anseye leson w yo nan yon fason w ap sèvi ak ekriti yo. Si w pa gen anpil tan oubyen jènfi yo pèdi enterè, seleksyone referans k ap pi efikas. Itilize ekriti yo avèk sajès. Si w byen prepare, ekriti yo kapab yon zouti pisan lè w ap anseye.

Jènfi nan klas la dwe li ekriti yo endividyèlman pandan preske chak leson. Motive yo pandan w ap poze yo kesyon oubyen prezante yon pwoblèm pou ede yo. Ou ka vle ekri referans ekriti yo sou tablo a pou yo ka konnen kote pou yo chèche ekriti yo. Nòmman ou ta dwe poze yon kesyon anvan ou li yon ekriti. Si ekriti a li anvan kesyon an poze, jènfi yo ap bezwen li ekriti a ankò pou yo kapab reponn kesyon an.

Pafwa yon jènfi ka bay yon repons kòrèk nan pwòp mo pa li san li pa gade ekriti a. Lè sa rive poze kesyon adisyonèl pou fè yo li ekriti a; paegzanp, "Kòman Pòl te di sa?" oubyen "Ki lòt bagay nou aprann nan pasaj sa a?" Ou bezwen edike tèt pa ou anvan ou edike jènfi yo sou chèche ekriti yo. Prepare ou atravè etid konpreyansif, priyè, ak meditasyon sou pasaj ou pral fè jènfi yo chèche pandan klas la.

OGANIZASYON LESON

Eleman esansyèl

Chak leson genyen:

1. **Objektif:** Sa vle di bi leson an—sa ou vle jènfi yo konprann oubyen fè kòm rezilta leson an.
2. **Preparasyon.** Sa vle di rasanble epi òganize bagay ou bezwen pou prezante leson an, tankou imaj ak papyè ou bay manm klas yo, ak tach ki bezwen fèt alavans. Pifò imaj w ap bezwen yo nan fen manyèl la. Nimewo imaj la montre lòd li nan fen manyèl la. Nimewo an parantèz la vle di imaj la nan bibliyotèk legliz la. Ou pa ta dwe retire imaj ki nan fen manyèl yo. Papyè ou bay manm klas yo dabitid nan fen manyèl la. Pa retire yo nan manyèl la. Ou kapab fè kopi sou yon machin oubyen alamen.
3. **Devlopman pou leson yo sigjere.** Seksyon nan kolòn goch yo sigjere metòd pou anseye, e pati prensipal leson an prezante enfòmasyon pou anseye. Seleksyone materyèl ak metòd k ap ede bezwen jènfi pa ou yo nan tan ki disponib nan enfòmasyon ki nan manyèl la. (Lè li apwopriye, ou kapab fè yon leson dire plis pase yon semèn.)

Pati prensipal leson an genyen:

- a. **Entwodiksyon.** Seksyon sa a sijere kòman pou kòmanse leson an epi kapte enterè ak atansyon manm klas yo.
- b. **Soutit.** Chak leson divize an seksyon, e chak seksyon gen omwen yon pati nan ide prensipal ki pou anseye a. Anseye chak seksyon avèk ekriti yo, istwa yo, sitiyasyon yo ak aktivite yo ki nan leson an.
- c. **Konklizyon.** Seksyon sa a bay yon rezime leson an epi li sigjere pou manm klas yo pataje santiman yo osijè prensip yo te diskite a oubyen yon temwayaj sou prensip levanjil sa a.
- d. **Aplikasyon leson an.** Seksyon sa a sigjere yon plan espesifik bagay pou fè, yon devwa oubyen yon bi pou ede chak jènfi itilize prensip ki te diskite nan lavi li. (Lè sa apwopriye, ou kapab bay tan nan kòmansman pwochèn klas la pou jènfi yo pataje eksperyans pa yo. Pou ankouraje diskisyon sa a ou kapab di, "Semèn dènye nou te pale sou _____. Eske ou te eseye fè l? Kòman ou te santi w apwopo li?" Si jènfi yo pa reponn nan yon ti tan ou kapab di, "Mwen te eseye fè l, e se te eksperyans pa mwen." Lè ou pataje eksperyans pozitif ou yo, ou kapab ede jènfi yo aprann kòman pou yo aplike prensip yo nan lavi yo.)
- e. **Aktivite yo sigjere.** Seksyon sa a se aktivite ki dwe planifye pou devlope epi ranfòse yon leson.

ANSEYE JENFI YO

W ap anseye jènfi, pa senpleman anseye leson yo! Priye avèk fòs pou enspirasyon pou ede yo aprann epi atenn potansyèl yo kòm pitit fi Bondye.

Ou bezwen konnen chak jènfi, paran li yo, ak fanmi li pou w anseye avèk efikasite.

Panse sou chak jènfi. Panse sou fanmi li.

Evalye chak jènfi jan Papa nou ki nan Syèl la ta fè, epi panse avèk yo chak menm jan li fè.

Akseptè chak jènfi nan nivo pa li epi ede l progrese nan levanjil la.

Poze tèt ou kesyon sa yo pou aprann konsènan chak jènfi:

Ki enterè, dezi, talan ak bi li?

Ki fòmasyon ak eksperyans li: Lakay? Nan legliz? Nan lekòl? Nan travay? Avèk zanmi l yo?

Ki bezwen li?

Kòman mwen ka ede li?

Pi bon fason pou ede chak jènfi se ede l aprann epi viv levanjil la. Prezidan Marion G. Romney te konseye: "Li pa ase pou aprann sa ki nan ekriti ak leson manyèl yo. Moun nan dwe viv yo. Vrèman yon konsesans ak viv levanjil la depann sou yon lòt. Yo mache ansanm. Ou pa kapab aprann levanjil la nèt san viv li. Ou resevwa yon konesans levanjil pa degre: yon moun aprann yon ti kras, obeyi sa li aprann nan; li aprann yon ti kras plis epi li obeyi sa. Fason sa a pa gen yon fen. Se fason sa a menm ou kapab resevwa yon konesans konplèt sou levanjil la" (Marion G. Romney, "Records of Great Worth," *Ensign*, septanm 1980, p. 4).

Gid espesyal pou ede jènfi ki domaje yo patisipe nan diskisyon ak aktivite klas yo

Lè Jezi te kòmanse ministè mòtèl li sou latè, li te antre nan yon legliz juif nan vil li Nazarèt nan Jou Saba a epi li te kanpe pou l li.

Yo te remèt li liv pwofèt Ezayi a. Lè li [te] ouvri l, li [te] jwenn kote ki te ekri: “L’Esprit du Seigneur est sur moi. Parce qu’il m’a oint pour annoncer une bonne nouvelle aux pauvres. Pour proclamer aux captifs la délivrance, et aux aveugles le recouvrement de la vue, pour renvoyer libre les opprimés” (Luc 4:17–18).

Atravè ministè li, Sovè a te bay moun ki te bezwen èd espesyal yo gwo priyorite. Menmsi yon enstriktè nan klas Legliz la p ap gen antrenman espesyal oubyen kote pou bay manm Legliz ki domaje a asistans pwofesyonèl, yo atann chak enstriktè nan Legliz la ap gen yon konpreyansyon ak yon kè pou swen epi yon dezi pou mele manm sa yo lè li posib nan tout aktivite pou aprann nan klas la. Moun ki bezwen atansyon espesyal se sila yo ki domaje mantalman, soud, avèk, fizik, pale, kilti (ak langaj), gen emosyon, sosyal, laj, ak domaj ki asosye ak aprann. Gid sa yo ta dwe ede chak enstriktè asiste manm sa yo nan bezwen espesyal yo.

Konnen bezwen ak abilite chak manm klas la. Pale avèk dirijan prèttriz yo, paran yo, epi manm fanmi yo, epi lè w jije sa byen apwopriye pale avèk moun ki domaje yo menm pou detèmine bezwen espesyal pa yo.

Anvan ou mande yon manm klas la pou l li, bay yon diskou, oubyen priye, pale avèk li alavans e mande li, “Kòman ou santi ou konsènan li nan klas, priye devan lòt moun, eksetera?”

Eseye mele manm ki domaje yo otan li posib.

Fè sèten chak efò fèt pou asire chak manm klas la bay respè ak konpreyansyon yo dwe bay chak lòt manm nan klas la.

Ou dwe natirèl, gen zanmi epi gen lanmou. Nou chak se yon pitit Bondye avèk yon bezwen pou lanmou ak konpreyansyon, malgre nenpòt domaj oubyen malgre konbyen li rèd.

Enstriktè nan Legliz la dwe sonje ke chak manm, malgre kapasite fizik, mantal, emosyonal, oubyen sosyal li, gen yon potansyèl ki mèveye pou pwogrè nan bi final li ki se vin yon bondye. Nou oblije fè yon efò espesyal, si li nesèsè, pou anseye yo tout sa yo kapab aprann. Sonje pawòl Sovè a, “Toutes les fois que vous avez fait ces choses à l’un de ces plus petits de mes frères, c’est à moi que vous les avez faites” (Matthieu 25:40).

*Viv tankou yon
pitit fi Bondye*

OBJEKTIF

Chak jènfi ap konprann pi klè relasyon inik li avèk Papa li ki nan Syèl la.

PREPARASYON

1. Prepare yon afich avèk mo *Pitit fi Bondye* ekri sou li.
2. Foto 1, Yon papa avèk yon pitit fi, ki nan fen manyèl la.
3. Prepare yon kat oubyen yon papye pou chak fi ki gen de sitasyon nan fen seksyon "Yo te renmen w e yo toujou renmen w."
4. Chwazi yon jènfi pou li chan an pandan mizik la ap jwe dousman "O Mon Père" (*Cantiques* no. 185).
5. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt ekriti, istwa, oubyen sitasyon ou chwazi.

**DEVLOPMAN POU
LESON YO SIJERE**

Fè konesans avèk jènfi nan klas la

Entwodiksyon: Kimoun ou ye?

Kòmanse klas la nan entwoudi tèt ou epi kite chak jènfi fè menm bagay la. Pandan entwodiksyon an ankouraje chak fi pataje yon bagay konsènan tèt li ki fè l inik nan fanmi li oubyen pami zanmi li yo. Apre entwodiksyon, mande jènfi yo panse sou relasyon yo genyen avèk moun diferan nan lavi yo. Eksplike chak fi gen yon relasyon diferan e, paske li inik, kontribisyon li nan relasyon sa yo inik tou. Epi eksplike jènfi yo gen relasyon ki menm. Chak jènfi se yon pitit fi epi li gen yon manman avèk yon papa, gran paran, gran gran paran, elatriye.

Imaj avèk diskisyon sou tablo

Chak jènfi se yon pitit fi Bondye

Apre entwodiksyon yo te fini, eksplike se pa chak jènfi ki gen menm relasyon (kèk nan yo pa gen sè, kouzen, eksetera) men yo tout te gen yon manman avèk yon papa, kidonk yo tout se pitit fi yo. Di yo ou pral pale sou youn nan relasyon sa yo: relasyon papa avèk pitit fi.

Montre yon foto yon papa avèk yon pitit fi.

Mande chak manm nan klas la eseye imajine kisa yon relasyon ideyal ant yon papa avèk yon pitit fi ta dwe ye. Kite jènfi yo di kisa papa a ka fè pou gen siksè nan relasyon an. Ekri repons yo sou tablo a anba tit "Papa" epi dirije diskisyon an pou resevwa enfòmasyon ki montre sou yon tablo echantyon k ap suiv la.

Epi mande klas la eksplike kisa yon pitit fi ka fè pou ankouraje relasyon ideyal sa a ant yon papa avèk yon pitit fi. Ankò dirije diskisyon an epi ekri repons yo sou tablo a anba tit "Pitit fi".

Yon tablo echantyon

Papa	Pitit fi
1. Bay bezwen materyèl	1. Montre apresyasyon
2. Kouste	2. Mete konfyans nan papa l epi mande l konsèy
3. Gide	3. Bay respè
4. Anseye	4. Obeyisan
5. Renmen	5. Renmen
6. Rekonfòte	6. Sèvi
7. Kenbe relasyon avèk pitit fi li	7. Kenbe relasyon avèk papa l

Di klas la y ap sèlman gen yon relasyon yon pitit fi bay yon papa sou latè, men yo tout pataje yon relasyon trè espesyal—yo se yon pitit fi Papa nou ki nan Syèl la. Montre afich “Pitit fi Bondye.”

Yon fi ap li chan an pandan mizik la ap jwe dousman

Pou ede fi yo konprann yo se vrèman pitit fi esprityèl yo Papa nou ki nan Syèl la, mande yo pou yo panse sou relasyon pa yo kòm pitit fi li pandan yon fi ap li mo chan an pandan y ap jwe l “O Mon Père”. (Li t ap pi bon pou yon fi li pandan mizik la ap jwe dousman e si ou anrejistre li anvan, men ou kapab li san mizik oubyen chante li.)

Rezime

Ou kapab fè klas la sonje lanmou Papa nou ki nan Syèl la te genyen pou nou nan lavi anvan nou te fèt la pandan w ap pale sou chan an. Li se papa lespri nou; nou se pitit li. Li te pran swen nou e li te anseye nou epi li konnen nou byen.

Yo te renmen w e yo kontinye renmen w

Diskisyon avèk ekriti yo

Di klas la Senyè a te poze yon kesyon enteresan ki te fè Jòb reflechi apwopo kote li te ye anvan li te fèt. Chwazi yon manm nan klas la pou li epi diskite Job 38:7. Diskite ekriti sa a epi relasyon li avèk chak jènfi. Petèt ou ka vle itilize kèk nan kesyon k ap suiv yo nan diskisyon sa a:

- Sou ki tan istwa etènèl yo pale nan ekriti sa a?
- Poukisa zetwal yo te chante ansanm epi pitit Bondye te pouse kri lajwa?
- Ki repons Jòb oubyen oumenm ta dwe bay kòm repons kesyon Senyè a, “Kikote ou te ye?”

Sitasyon

“Gen yon Bondye nan Syèl la ki san fen epi etènèl, yon èt glorifye, egzalte epi k ap la pou tout tan. Li gen yon kò chè avèk zo. Li se yon moun resisite epi ki sen, ki pafè e nou se pitit li. Nou se pitit lespri li yo. Li rete nan yon fanmi. Nou se manm fanmi li. Nou te rete nan lavi premòtèl avèk li pou yon peryòd tan enfini” (Bruce R. McConkie, *Making Our Calling and Election Sure*, Brigham Young University Speeches of the Year [Provo, 25 mas 1969, p. 5).

Diskisyon sou tablo

Eksplike klas la chak jènfi te resevwa lanmou nan men Papa nou ki nan Syèl la nan egzistans premòtèl li. Lanmou li etènèl epi li pa chanje. Chak jènfi resevwa lanmou kounyeya nan men Papa nou ki nan Syèl la. Kite manm nan klas la di kèk nan benediksyon pa yo ki montre Papa nou ki nan Syèl la renmen yo. Mande manm nan klas la omwen de fwa sa yo sigjere kòm benediksyon yo te resevwa nan men Papa nou ki nan Syèl la.

Lè aktivite sa a fini, refere sa yo atann nan men papa yo ki ekri sou tablo a pou yo gen yon bon relasyon ansanm. Atravè diskisyon benediksyon klas la te sijere yo, di fason Papa nou ki nan Syèl la montre lanmou li pou chak nan pitit fi li yo.

Etid ekriti yo ak diskisyon

Mande jènfi yo jwenn epi li referans ekriti k ap suiv yo ki montre anplis benediksyon yo te deja pale yo, Papa nou ki nan Syèl la te pwomèt nou gwo benediksyon pou akonpli bezwen nou yo.

Jean 14:16–18 (rekonfò)

Jacob 4:10 (gidans avèk konsèy)

Matthieu 7:7–11 (ede avèk simonte pwoblèm yo, konpreyansyon)

Jean 3:16 (pi gran lanmou Bondye nou kapab jwenn)

Sitasyon

Mande manm klas yo eksplike poukisa li enpòtan pou yo konprann nou se pitit fi Papa nou ki nan Syèl la.

Aprè klas la reponn, chwazi yon moun pou li de sitasyon:

“Verite a se. . .lòm se yon pitit Bondye—yon Bondye ki fèk fèt. . . .

“Lòm se yon pitit Bondye se konesans ki pi enpòtan pou noumenm mòtèl” (Marion G. Romney, nan Conference Report, avril 1973, p. 136; oubyen *Ensign*, jiyè 1973, p. 14).

“Mwen vle ou di anpil fwa. . . ‘M se yon [pitit gason oubyen yon pitit fi] Bondye’ e konsa m ap kòmanse depi jodi a viv pi pre bagay k ap fè ou pi kontan epi gen plis siksè poutèt ou reyalize kimoun ou ye” (Harold B. Lee, nan Conference Report, oktòb 1973, p. 10; oubyen *Ensign*, janvye 1974, p.6).

Kat Bay chak manm klas la yon kat ki gen sitasyon sa yo. Ankouraje jènfi yo memorize sitasyon sa yo epi aplike yo nan lavi pa yo.

Papa nou ki nan Syèl la vle nou vin pi pre li

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike nou te aprann nou chak se yon pitit Papa nou ki nan Syèl la dapre ekriti avèk pwofèt nou yo. Nou te viv avèk li epi li renmen nou. Nou konnen tou nan ekriti yo avèk benediksyon, nou te diskite dezi Papa ki nan Syèl la pou l gen yon bon relasyon avèk chak pitit li yo e nou kapab.

Diskisyon

Mande jènfi yo kisa yo kapab fè pou montre dezi yo pou kontinye epi amelyore relasyon yo avèk Papa nou ki nan Syèl la.

Refere a lis bagay sou tablo yon pitit fi kapab fè nan yon relasyon papa avèk pitit fi. Poze kesyon k ap suiv la pou montre kòman menm kalite yo itilize pou devlope epi kenbe yon relasyon avèk Papa nou ki nan Syèl la.

- Kòman nou ka montre apresyasyon nou pou Papa nou ki nan Syèl la? (Nou kapab obeyisan, e nou kapab montre gratitud.)
- Kòman nou ka mete konfyans nou nan Papa nou ki nan Syèl la epi fè konsèy avèk li? (Nan lapriyè.)

Eksplike pafwa yon jènfi kapab vin trouble paske priyè li yo sanble yo pa jwenn repons. Men Papa nou ki nan Syèl la nan sa jès li kite nou eseye simonte pwoblèm nou yo, epi li fè nou sonje epi gide nou lè li nesèsè.

- Kòman nou aprann nan men Papa nou ki nan Syèl la? (Nou kapab etidye pawòl li nan ekriti yo, epi nou kapab koute pwofèt li yo, epi nou kapab koute apre nou fin priye.)
 - Kòman nou montre lanmou nou pou Papa nou ki nan Syèl la? (Nou kapab gade kòmandman l yo [gade nan Jean 14:15] epi lè nou sèvi lòt moun [gade nan Matthieu 25:40 avèk Mozya 2:17].)
-

Konklizyon: Yon relasyon diven

Ekriti

Fè jènfi yo chèche epi li Doctrine et Alliances 88:63. Epi di Papa nou ki nan Syèl la vrèman anvi nou vin pi pre li.

Prezantasyon pou enstriktè a

Fè jènfi yo sonje yo se vrèman pitit fi Papa nou ki nan Syèl la, epi li renmen yo. Atravè aksyon avèk chwa pa yo, yo detèmine kalite relasyon y ap gen avèk li. Li p ap rejte yo. Lè yo fè volonte li, priye pou gidans, y ap konnen chemen lavi yo ta dwe suiv e yo kapab asire yo se pitit fi Bondye ki renmen yo anpil.

Aplike leson an

Fè referans sou sitasyon ki sou kat la epi bay jènfi yo tach pou aprann enfòmasyon sa a pakè epi itilize li nan lavi pa yo.

OBJEKTIF Chak jènfi ap reyalize Jezi se Kris la e sakrifis ekspyatwa li fè l posib pou l resisite epi viv avèk Bondye ankò.

PREPARASYON

1. Foto 2, Jezi se Kris la, ki nan fen manyèl la. Anvan klas la kòmanse, montre foto a sou yon tab pou kreye yon bon atmosfè.
2. Chwazi jènfi pou prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon ou vle.

**DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE**

Ekriti pou diskisyon
sou tablo

Ekriti yo temwaye Jezi se Kris la, Jezi se Kris la

Ekri *Jezi se Kris la* avèk referans ekriti k ap suiv yo sou tablo a. Kite chak fi chèche referans nan ekriti l yo. Li yo ansanm. Kite chak fi make pasaj yo. Diskite chak ekriti an detay.

Jezi se Kris la
Jean 3:16–17
Jean 14:6
D&A 76:40–42
1 Nefi 22:12
1 Jean 4:14
Mozya 3:17–18

Eksplike sa yo se sèlman kèk nan anpil pasaj ki temwaye Jezi se Kris la, Jezi se Kris la.

Sakrifis ekspyatwa Jezi se Kris la a rann sali ak egzaltasyon posib

Diskisyon avèk ekriti

Mande yon moun li twazyèm atik fwa a. Diskite avèk klas la sa Sakrifis Ekspyatwa Kris la ye e kisa li vle di pou nou. Diskisyon pa ou ta dwe gen pwen k ap suiv yo:

1. Kris la te vle bay lavi li pou tout moun kapab sove.
2. Kris la te preòdone, oubyen li te chwazi, pou misyon li anvan mond lan te kreye.
3. Transgresyon Adan te pote lanmò nan mond lan. Sakrifis Kris la peye pou lwa ki te kraze a epi li te rann posib pou nou simonte lanmò.
4. Non sèlman Kris la te peye pou peche Adan yo men li te peye pou peche pa nou tou—*si* nou obeyi lwa ak òdonans levanjil yo.
5. Paske li se pitit gason tout vre Bondye, Kris la se sèl moun ki ta kapab gen pouvwa sou lanmò. Li te eritye pouvwa lavi oubyen imòtalite nan men Bondye. Paske li te sèl moun ki pa t gen peche ki te viv sou latè, li te sèl moun Satan pa t gen pouvwa sou li tou. Donk, li se sèl moun ki te viv ki ta kapab akonpli Sakrifis Ekspyatwa a.
6. Gras a sakrifis Kris la, *tout* moun ap resisite.
7. Pwofèt yo, anvan epi apre lavi Kris la sou latè, te temwaye de li.

Ekri referans ekriti ki suiv yo sou tablo a:

Alma 11:42–43

Alma 11:40

Kite jènfi yo li ekriti yo an silans epi idantifye de rezilta enpòtan sakrifis ekspyatwa Jezikri a. (Nou kapab resisite, epi nou kapab vin egzalte oubyen resevwa lavi etènèl.)

- Dapre Alma, ki gwoup moun k ap resevwa lavi etènèl? (Moun ki kwè nan non Jezikri.)

Istwa

Mande manm nan klas la si yo janm eseye imajine kòman li ta ye pou Sovè a pran sou tèt li peche nou yo. Li oubyen kite yon jènfi li istwa sa a Eldè Orson F. Whitney te rakonte:

“Epi yon manifestayon mèveye te vini, yon avètisman ki te soti kot Senyè a, yon avètisman ki te enposib pou inyore. Sete yon rèv, oswa yon vizyon, sete kòmsi mwen te kouche sou kabann mwen nan yon ti vil Columbia, Lancaster County, Pennsilvani. Se te kòmsi mwen te nan Jaden Jetsemare, yon temwen lapenn Sovè a. Mwen te wè li si klè se te kòmsi jan m konn wè nenpòt moun. Pandan m te kanpe deyè yon pyebwa ki te devan mwen, mwen te wè Jezi, avèk Pyè, Jak ak Jan, kòmsi yo t ap mache travèse yon baryè fèt an bwa ki te kote dwat mwen. Jezi te kite twa Apot yo la epi apre li te di yo ajenou epi priye, Pitit Gason Bondye a te ale lòt kote a, kote li te ajenou epi priye tou. Li te menm fè priyè tout moun ki li Bib la konnen: “Mon Pè, s’il est possible, que cette coupe s’éloigne de moi! Toutefois, non pas ce que je veux, mais ce que tu veux” (Matthieu 26:39).

“Pandan li t ap priye dlo te koule tankou yon rivyè sou figi li, ki te devan mwen. Sa te tèlman touche m mwen te kriye tou, paske mwen te gen senpati pou li. Tout emosyon mwen te santre sou li; Mwen te renmen l avèk tout namn mwen, epi mwen te vle rete avèk li epi mwen pa t vle yon lòt bagay.

Yon ti moman apre, li te leve kanpe epi li te mache kote Apot yo te ajenou an—yo te dòmi nèt! Li te souke yo byen janti, li te reveye yo, e nan yon fason kote li pa t montre li te fache ni pèdi pasyans, li te mande yo avèk tristès si yo pa kapab rete jè klè pandan innèdtan. Epi li te la, avèk tout pwa peche mond lan sou zepòl li, avèk doule ak fado chak moun, gason, fi, timoun nan nanm li—e yo pa t kapab veye avèk li pandan yon ti pòv lè!” (*Through Memory’s Halls: The Life Story of Orson F. Whitney* [Independence, Mo.: Zion’s Printing and Publishing Co., 1930], p. 82).

Kesyon pou panse

- Eske nou janm endiferan a soufrans Jezi te andire pou nou? Eske nou pa apresye de don enpòtan li te ba nou yo?
- Kisa nou dwe fè pou fè Sakrifis Ekspyatwa a efikas nan lavi nou?

Pou vin egzalte, nou dwe repanti epi suiv Sovè a

Diskisyon
avèk ekriti yo

Ekri sou tablo a: *Elaman 14:13*

- Dapre Elaman 14:13, si nou vrèman kwè nan Jezikri, kisa n ap anvi fè?

Ajoute sou tablo a: *D&A 19:16–19*. Li vèsè sa yo fò.

- Kòman w santi w pou w konnen Jezikri te soufri pou peche ou yo konsa, epi si ou repanti, ou p ap bezwen soufri pou yo?

Ajoute sou tablo a: *D&A 58:43*.

- Dapre *D&A 58:43*, kisa yon moun ki vrèman repanti ap fè?

Vrè repantans mande tan ak efò. Nou dwe montre tèt nou avèk Senyè a nou vin mande padon pou peche nou yo.

Sitasyon

Kèk moun kwè nan repantans imedyat. Menm si ou kapab sispann fè yon bagay imedyatman. . . vrè repantans rive lè ou konn montre, amezi tan ap pase, ke sa ou te pran rezolisyon fè pou repanti a akonpli e peche a vrèman soti nan lavi ou” (Loren C. Dunn, *Read, Ponder, Pray*, Brigham Young University Speeches of the Year [Provo, 7 mas 1972], p. 4).

- Diskisyon avèk ekriti Eksplike konfese avèk abandone peche a nesesè epi vital. Ou bezwen konfese kèk peche bay dirijan prètriz yo. Men ou bezwen fè plis pou jwenn padon.
- Kisa ou dwe fè anplis?
- Eksplike moun nan twa ekriti sa yo te repanti e yo t ap chèche padon pou peche yo, e yo tout te gen yon eksperyans ki prèske menm. Kite jènfi yo li an silans pandan yon lòt fi ap li ekriti sa yo fò:
- Enòs 1:4–8
 Mozya 4:1–3
 Alma 38:8
- Nan chak nan ezganp ekriti sa yo, kòman moun yo te jwenn padon?
- Fè jènfi yo sonje pou nou ka jwenn padon pou peche nou yo, nou dwe suiv Papa nou ki nan Syèl la avèk lafwa nan Jezikri. Jezikri ba nou de gran don. Rezirèksyon gratis pou tout moun. Egzaltasyon oubyen lavi etènèl kondisyon sou lafwa nou nan Jezikri epi repanti avèk tout kè nou.
-

- Konklizyon**
- Temwayaj Ou ka anvi rann temwayaj sou enpòtans Jezikri kòm Sovè nou. Ede jènfi yo reyalize enpòtans li pou yo. San limenm nou pa tap gen rezirèksyon ni espwa retounen nan prezans li. Grasa Kris la nou gen non sèlman espwa sa a, men pwomès benediksyon yo nan lavi sa a atravè fidèlite nou.

OBJECTIF	Chak jènfi ap eseye suiv egzanp Jezikri.
PREPARASYON	<ol style="list-style-type: none"> 1. Foto 2, Sovè a. 2. Opsyon: Prepare papyè ki sigjere nan fen seksyon an, "Nou kapab aprann suiv Jezikri." 3. Chwazi yon jènfi pou chante oubyen li fò chan "Viens et suis-moi" (<i>Cantique</i>, no. 61), oubyen prepare pou dirije klas la pandan y ap chante li. 4. Chwazi jènfi pou prezante nenpòt istwa, ekriti oubyen sitasyon ou vle.
DEVLOPMAN POU LESON YO SIGJERE	<p>Entwodiksyon</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kisa sa vle di nan lavi ou pou suiv Jezikri? (Eksplike Jezikri se yon egzanp pafè pou chak moun suiv.)
Chan	Mande jènfi ou te deja chwazi a oubyen klas la chante chan, "Viens et suis-moi" (<i>Cantiques</i> , no. 61), oubyen li mo yo.
Chèche ekriti avèk diskisyon	<p>Jezikri te tabli egzanp pafè pou nou suiv</p> <p>Chèche ekriti avèk diskisyon</p> <p>Kite jènfi yo li epi make ekriti ki suiv yo:</p> <p>2 Nefi 31:10 2 Nefi 31:16–17 1 Pierre 2:21</p>
Tablo	<p>Sovè a te mande douz disip Nefi li yo, "Ki kalite moun yo dwe ye?" Epi, li te reponn kesyon an limenm e li te di, "En vérité, je vous le dis, tel que je suis moi-même" (3 Nefi 27:27). Menm ansèyman an aplike pou tout jènfi. Repons lan se menm.</p> <p>Kite jènfi yo li epi make Jean 13:15.</p> <p>Mande jènfi yo pou site kèk kalite ak trè Jezi nou kapab suiv. Ekri sigjesyon yo sou tablo a epi diskite egzanp kalite sa yo. Kèk nan kalite sa yo ta dwe:</p> <p>Dou epi Enb Matthieu 11:29 (Jezi te "dou epi enb nan kè.") Philippiens 2:8 (Jezi te "enb li menm, epi li te obeyisan menm nan lanmò.")</p> <p>Reziste anba tantasyon Matthieu 4:1–11 (Jezi reziste anba tantasyon Satan yo.) D&A 20:22 (Jezi pa t koute tantasyon yo.)</p> <p>Renmen epi sèvi lòt moun Marc 1:40–44 (Jezi te geri yon moun ki te gen lèp.) Jean 11:20–46 (Jezi rebay Laza lavi.) 3 Nefi 17:7,9–10, 21 (Jezi te geri malad yo e li te beni timoun yo.)</p>
Prezantasyon pou enstriktè a	<p>Eksplike Jezikri te tabli egzanp pou nou suiv nan tout bagay. Nou gen kòmandman pou n suiv li. Lè nou obeyisan nan kòmandman sa a, n ap santi nou gen anpil jwa nan lavi nou. Refere nan lis ki sou tablo a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kòman nou kapab montre imilite nan lavi nou? (Pa egzanp, nou kapab obeyi paran nou yo, avèk kòmandman Bondye yo; nou kapab mete bezwen avèk sa lòt moun vle ki jis an premye sou pa nou.)

- Ki fason nou kapab fè chak jou pou nou suiv egzanp Sovè a? (Paegzanp, ki tantasyon espesifik nou gen pou simonte chak jou? Kòman egzanp Kris la kapab ede ou simonte tantasyon sa yo?)

Nou kapab aprann suiv Jezikri

Prezantasyon pou enstriktè a avèk sitasyon

Mande jènfi yo koute sa Marion G. Romney di sou fason li te aprann suiv egzanp Jezikri:

“Lè m te yon jèn gason, mwen te jwenn yon ti liv ki te rele ‘Kisa Jezi tap fè?’ . . . Kesyon sa a te sèvi kòm yon egzanp ideyal nan dezi mwen te genyen depi lè m te timoun. Plizyè fwa lè m gen sousi ak desizyon k ap ban m pwoblèm, mwen konn mande tèt mwen ‘Kisa Jezi tap fè?’ . . . Pandan m ap reflechi sou kesyon sa a mwen chèche repons lan nan ekriti yo. E la jan Jean te ekri li, mwen te jwenn repons klè epi sèten an: Jezi ap toujou fè volonte Papa li. Limenm te di sa anpil fwa. . . . Mwen pa fè anyen pou tèt mwen; men jan papa m te anseye m, mwen pale bagay sa yo.

“E limenm ki te voye m, li avèk mwen: Papa a pa kite m poukont mwen; paske mwen toujou fè sa ki fè l kontan. . . (Jean 7:15, 16, 18; 8:26, 28, 29; 10:30). . . . Apre m fin aprann Jezi ap toujou fè volonte Papa li, pwochen bi mwen se te chèche konnen sa Jezi t ap fè pou dekouvri volonte Papa li. Pandan mwen te chèche nan Nouvo Testaman, mwen te dekouvri yon bagay li te fè pou familiarize tèt li avèk sa Papa li te deklare volonte l ye, jan li ekri nan Ansyen Testaman an. Li te konn fè sa evidan nan pawòl li yo ki anrejistre nan Nouvo Testaman, Jezi te site ekriti nan Ansyen Testaman plis pase san fwa a.

“Finalman, e sa ki pi enpòtan, mwen te aprann li te pale souvan avèk Papa li pa mwayen lapriyè. Li te fè sa pou aprann volonte Papa li e pou resevwa fòs pou fè volonte Papa li tou. Li te jere epi priye. . . . Pandan ministè li sou latè li pa janm pran yon gwo desizyon ni simonte yon pwoblèm san priye [gade nan Matthieu 4:2; Luc 4:2; Luc 6:12–13; Matthieu 26:39; Luc 22:42, 44]. . . .

“Mwen te mete konfyans sou konpreyansyon m avèk ekriti yo relate yo, mwen te decide nan jenès mwen pi bon fason pou m simonte pwoblèm yo epi reponn kesyon yo se te fè menm jan avèk Jezi: gen dezi pou fè volonte Senyè a; familiarize tèt mwen avèk sa Senyè a te revele konsènan sa m ap eseye simonte a; priye avèk dilijans avèk lafwa pou yon konpreyansyon enspire volonte li epi gen kouraj pou fè l. . . .

“Pi bon solisyon pwoblèm yo ak pi bon repons kesyon mwen te kapab fè nan pwòp lavi mwen, mwen te resevwa yo lè mwen te fè bagay sa yo ki suiv la a:

1. Depi nan jenès mwen mwen chèche ekriti yo.
2. Mwen eseye simonte yon pwoblèm oubyen yon kesyon avèk yon dezi sensè pou solisyon lè tankou Jezi t ap solisyon li.
3. Atravè etid avèk priyè dilijan, mwen chèche detèmine chwa dapre sa mwen konnen osijè prensip levanjil yo.
4. Mwen pran yon desizyon nan pwòp tèt mwen.
5. Mwen prezante sitiyasyon an bay Senyè a, mwen di l pwoblèm nan, mwen di l mwen ta vle fè sa ki jis devan li, epi mwen mande l ban mwen lapè lespri si m pran bon desizyon an” (Marion G. Romney, “Kisa Jezi tap fè?” *New Era*, septanm 1972, pp. 4–6).

Diskisyon

Diskite senk fason Prezidan Romney te itilize pou l aprann sa Jezi t ap vle l fè.

Tablo a (papyè fakiltatif)

Ekri lis fason yo sou tablo a, oubyen prepare yon papyè pou bay jènfi yo. Diskite kòman jènfi yo ta kapab itilize etap sa yo nan pwòp lavi pa yo pou suiv egzanp Jezi epi aprann sa li t ap vle yo fè.

Rezime sitasyon an

“Jezi te viv yon lavi pafè lè li te suiv modèl sa a. Natirèlman nou pa kapab fè menm bagay. Sepandan nou kapab vin pi pre sa lè nou suiv li pase nenpòt lòt fason” (Romney, “Kisa Jezi tap fè?” p. 5).

Nou ka amelyore lavi nou lè nou suiv egzanp Sovè a

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike lè nou suiv egzanp Sovè a nan men ti bagay yo sa kapab amelyore lavi nou anpil. Istwa k ap suiv la montre kòman yon jènfi te pratike ansèyman Jezi yo epi li te wè yon amelyorasyon nan lavi li.

“Charlotte t ap travèse yon moman difisil nan lavi li. Li pa t kontan. Tout bagay te sanble yo pa tap mache byen pou li. . . . Zanmi li yo pa t tèlman enpòtan; lakay li pa t bèl; pèsonalite li pa t byen, tankou li te deja konnen. Pwoblèn nan te twòp pou Charlotte. . . .

“[Pou resevwa èd, Charlotte te ale kote Margaret Ames, yon madanm ki te gen mòd vi Charlotte ta anvi genyen an.] Charlotte te rakonte istwa vi li ke li pa t renmen ditou. . . . Apre li te di l yon ti mo janti pa senpati, Margaret te di, “Ou kapab chanje tout sa si ou vrèman gen volonte pou fè l. . . .

“[Pou kòmanse lavi nouvo li, Madanm Ames te sigjere Charlotte]: ‘Pandan vennkatrè fè kòmsi Kris la te kote w e li tap wè tout bagay ou fè. Epi vini kote m ankò, e n ap pale. Eske w ap fè sa?’

“Li te gen dout men li te reponn, ‘Wi, Madanm Ames.’ . . .

“Li te ta nan apremidi a lè Charlotte te retounen lakay. Li te konnen li te bezwen prepare manje a. Li te rale tiwa a epi li te pran yon nap chifonnen. Lè li te mete l sou tab la li te wè l gen anpil tach. Se te la li te gen premye panse chanjman.

“Li te di nan tèt li. ‘Si Kris la t ap manje avèk nou, mwen pa tap mete yon nap ki gen tach sou tab la,’

“Li te chèche yon nap ki te pwòp. Avèk menm panse a li te ale deyò e li te pran flè epi li te mete yo nan yon po epi li te mete po a sou tab la. Li te mete bè sou yon plat. Li te koupe pen an avèk swen. . . .

“Papa l te mande ‘Eske gen yon envite k ap vin manje avèk nou aswè a?’

“Charlotte te souri e l te di, “Oumenm sèlman, Papa. . . .

“Manman li ki te fatige epi cho, . . . te chita e li te di, ‘Mwen pa konn kisa k pran l pou l ap fè tout bagay sa yo pou noumenm sèlman. Petèt l ap tann yon moun k ap vini anvan nou fini’. . . .

“Li te di, ‘Pa gen pèsonn mwen ta renmen prepare bèl bagay pou yo pase pwòp paran m.’

“Fanmi an te gade l kèk minit. Se pa t Charlotte yo te konnen an.

“Nan salon an Charlotte te pran yon jounal nan pil jounal yo epi li te kòmanse li. Li te pote jounal la lakay limenm, e li te sere li. Apre kèk minit li te lage l. . . . Li te panse ‘Mwen pa tap li sa si Kris la te chita kote m ap li avèk mwen.’ Li te pote jounal la deyò epi li te mete l nan yon poubèl. . . .

“[Nan demen Charlotte] t al travay. . . . Li pa t renmen travay li a anpil. . . .

Li te panse nan tèt li pandan li t ap mache antre, ‘Kris la kote mwen.’ . . . Li te di tout moun li te rankontre bonjou avèk yon souri. . . .

“[Li te menm kapab rezoud pwoblèm avèk kliyan ki te malonèt yo pandan li t ap fè tèt li sonje li dwe ajì kòmsi Kris la te kote l. Nan aswè li te retounen lakay Margaret Ames pou diskite eksperyans sa a.]

“ ‘Mwen te eseye, Madanm Ames, otan mwen te kapab epi— tout bagay diferan. Mwen panse mwen kapab wè sa ou vle di a. Men wi, li pa t chanje bagay ki t ap agase m yo. Mwen toujou pòv, e mwen pa kapab ale lekòl, epi mwen toujou rete nan yon kay lèd. . . .’

“ ‘Machè! Ou fèk kòmanse plante grenn yo sa gen vennkatrè sèlman. . . . Eske ou kapab kontinye jan ou kòmanse a? Ou gen mo kle a. Se Kris la. Enève. . . p ap chanje bagay yo; men se Kris la k ap chanje yo. Sonje mache tou pre l chak jou.’

“Charlotte te di, ‘Mwen pral fè sa’” (Janet Craig, nan *Stories That Live*, konpile Lucy Gertsch Thomson [Salt Lake City: Deseret Book Co., 1956], pp. 34–43; sitasyon nan *The Latter-day Saint Woman: Basic Manual For Women, Part B* [1979], pp. 5–7).

Si w gen tan, diskite ki bagay jènfi yo kapab chanje nan lavi pa yo si yo fè menm jan avèk Charlotte epi suiv egzanp Jezikri.

Aplike leson an

Ankouraje chak jènfi fè bi k ap ede l vin plis tankou Jezikri lè yo suiv egzanp li. Ankouraje yo chanje fason yo ajì menmjan Charlotte te fè a.

OBJEKTIF Chak jènfi ap eseye vin diy pou konpayi konstan Sentespri a.

PREPARASYON

1. Foto 3, Nefi, Laman, avèk Lemyèl, nan fen manyèl la.
2. Pa opsyon: Pote yon mouchwa ki gwo pou mare tèt ou.
3. Pa opsyon: Fè yon gwo kat (ki gen dekò sou kwen yo) avèk yon plim pou chak fi pou yo kopye sa ki ekri sou tablo a.
4. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon ou vle.

DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE

Entwodiksyon

Demonstrasyon

Mande youn nan jènfi yo pou mete yon mouchwa sou je li. Vire li plizyè fwa pou l pa konnen nan ki direksyon l ap gade. Apre sa mande l lonje dwèt li nan direksyon yon bagay (paegzanp, kote nò chanm nan, tablo a, oubyen yon lòt objè). Petèt l ap di ou li pa konnen kote li ye oubyen petèt li p ap bay yon bon repons. Kite youn nan lòt jènfi yo kenbe bagay ou di a pre epi di nan yon vwa dous, "Men li" pandan mouchwa a kouvri je li. Kounyeya mande jènfi a ankò di kote tablo a ye. Si l te gen konfyans nan vwa a, li ta dwe kapab bay yon bon repons.

Diskisyon

- Kisa demonstrasyon sa a montre apwopo eksperyans avèk Sentespri a? (Anpil fwa nou pa kapab wè dirèksyon nou ta dwe ale pou pwòp tèt nou paske nou vin avèg pa lòt enflyans yo. Nou kapab jwenn direksyon nou ta dwe pran lè nou chèche Sentespri a. Nou pa kapab wè Sentespri a, men nou kapab tandè oubyen santi li ba nou direksyon. Paske Sentespri a pale avèk nou dousman, nou dwe aprann koute pou n tandè li. Epi nou kapab toujou mete konfyans nan Sentespri a pou dirije nou nan bon direksyon.)

Nou kapab viv pou nou vin diy pou konpayi Sentespri a

Diskisyon

- Kijan ou te resevwa don Sentespri a? (Apre ou batize pa imèsyon nan dlo a, yon detantè Prètriz Mèlkisedèk mete men li yo sou tèt ou, li konfime ou manm Legliz la, epi li di ou *resevwa* Sentespri a.)

Eksplike lè nou konfime, nou pa di Sentespri a vin kote nou. Okontrè, yo di nou pou *resevwa* Sentespri a. Nefi te di Sentespri a se don Bondye pou tout moun ki chèche l avèk dilijans (gade nan 1 Nefi 10:17). Li depann sou noumenm si n ap resevwa gidans espiyityèl.

Kat endividyèl pou
diskisyon avèk tablo a

Bay chak jènfi yon gwo kat ki fèt an papye ki lou. Kite yo kopye sa ki ekri sou tablo a sou kat la. Y ap mete kat yo sou mi lakay yo pou sèvi kòm yon referans apre.

Ekri mo *Vin diy* sou tablo a

Diskite avèk jènfi yo kisa yo chak dwe fè pou vin diy pou konpayi Sentespri a. Ekri ide yo sou tablo a. Fè atansyon pou di bagay k ap suiv yo:

Vin diy

1. Repanti pou peche yo.
2. Obeyi kòmandman Papa nou ki nan Syèl la.
3. Priye pou konpanyon Sentespri a.
4. Mande avèk lafwa.
5. Kite mond lan.
6. Vrèman viv alyans batèm nan.
7. Aprann.

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike apre nou fin chèche gidans Sentespri a, li pi enpòtan pou nou *koute* ti vwa dous li (gade nan 1 Nefi 17:45). Petèt l ap pale avèk nou nan pawòl, men vwa li pi souvan vin nan panse, santiman, oubyen nan enpresyon. Malgre enpresyon an p ap byen fò pou yon moun, yon lòt moun kapab pa santi li ditou si li pa diy pou resevwa Sentespri a. Nou dwe fidèl epi priye pou n gen konpayi konstan Sentespri a.

Istwa avèk foto

Rakonte istwa sa a:

Yon eksperyans Nefi, Laman, avèk Lemyèl te genyen montre kòman li tèlman enpòtan pou nou vin diy pou nou gide pa Sentespri a. Leyi avèk fanmi li te rete nan Jerizalèm nan yon tan ki te gen anpil mechanste. Lè vil la te pre pou detwi, Senyè a te vle pwoteje bon fanmi sa a, kidonk li te di Leyi kite vil la. Youn nan pitit gason Leyi yo, Nefi, te jis anpil. Nefi te koute Sentespri a epi li te ede dirije fanmi li nan tè pwomiz la. Men de frè Nefi yo, Laman avèk Lemyèl, pa t fidèl tankou Nefi. Yo pa t kwè Senyè a t ap gide yo e yo te plenyen kont papa a avèk frè yo. Yo te kwè papa yo te fou pou l kite kay konfòtab yo a avèk anpil byen yo nan Jerizalèm pou vwayaje nan yon dezè ki rèd. Yo te menm eseye touye papa yo avèk pi jèn frè yo a. Laman avèk Lemyèl pa t gen yon dezi fè volonte Senyè a. Kè yo te sitèlman di e yo san santiman Sentespri a pa t kapab pale avèk yo (gade nan 1 Nefi 17:7–45).

Ekriti

Kite yon jènfi li 1 Nefi 17:45.

Diskite poukisa Laman avèk Lemyèl pa t kapab tandè ti vwa dous Sentespri a. Di malgre Sentespri a te pale avèk yo tanzantan, yo pa t kapab santi enspirasyon lespri a e yo pa t kapab *santi* pawòl li yo.

- Poukisa nou dwe sansib nan santiman nou yo pou nou konprann enspirasyon Sentespri a?

Di Sentespri a pale avèk nou souvan avèk yon santiman lapè oubyen konfò, oubyen avètisman li yo kapab vini atravè santiman ki pa konfòtab.

- Kòman nou kapab pèdi abilite santi enspirasyon Sentespri a? (Ou kapab pa fè atansyon, si ou pa repanti, lè ou koute plis sou sa lòt moun di.)

Sentespri a kapab beni lavi nou

Diskisyon sou tablo

Kounyeya ekri mo *benediksyon* yo sou tablo a.

Diskite fason diferan Sentespri a kapab beni lavi nou. Asire w ou diskite benediksyon k ap suiv yo. Si ou vle, itilize referans ekriti yo. Kite jènfi yo kopye bagay sa yo sou kat pa yo.

Diyite	Benediksyon yo
1. Repanti pou peche yo.	1. Anseye tout bagay epi pote tout bagay nan memwa nou yo (Jean 14:26).
2. Obeyi kòmandman Papa ki nan Syèl la.	2. Montre nou bagay k ap vini yo (Jean 16:13).
3. Priye pou konpayi Sentespri a.	3. Anseye verite tout bagay (Mowoni 10:5).
4. Mande avèk lafwa.	4. Rann temwayaj Papa a avèk Pitit Gason an (D&A 42:17).
5. Kite mond lan.	5. Se konsolatè a (Jean 14:26; D&A 42:16).
6. Vrèman viv alyans batèm nan.	6. Revele bagay yo nan lespri nou ak nan kè nou (D&A 8:2).
7. Aprann.	

Istwa Rakonte istwa k ap suiv yo pou montre fason Sentespri a kapab yon benediksyon pou moun ki koute li.

Lè Jenny te retounen lakay apre lekòl jou jedi sa a, li te jwenn paran li yo t ap tann li. Manman li te di, “Tonton ou Carl mouri maten an. Papa ou avèk mwen pral rete avèk matant Margaret pou kèk jou, jiskaske antèmman an fini. Mwen konnen nou kapab gen konfyans nan ou pou pran swen bagay nan kay yo pandan nou pa la a. Rele Sè Martin si w bezwen nenpòt èd.”

Pandan paran l yo ta prale, Jenny te santi l yon ti jan kontan. Li te renmen sansasyon li se chèf tèt li a, pa gen pèsonn pou pase l lòd. Li te renmen santiman responsablite a. Konsa, li te etidye pou egzamen matematik li, li te rele plizyè zanmi li, li te manje, epi li te chita pou fin li yon istwa pou klas angle li a.

Lè te rive pou l al kouche, li te santi l yon ti jan malalèz. Li pa t janm te konn dòmi poukont li tout lannuit. Li t ap gade fènwa a, e li te kòmanse tande ti bri. Plis li t ap koute, plis li te tande plis—krak avèk lòt bri. Eske se pa yon moun k ap eseye antre nan kay la? Kè l t ap bat fò. Li te gade revèy la. Te sanble anpil lè te pase depi li te etern limyè yo, mete ajenou pou priye epi kouche nan kabann li. Men, dapre revèy la, sa te gen sèlman ven minit.

Pandan li t ap panse sa pou l fè, an silans li te priye pou mande èd Papa nou ki nan Syèl la. Toudenkou, li te sonje yon istwa sou Prezidan David O. McKay lè l te yon jèn ti gason ki te pè e li te priye pou l mande èd. Menm si sa te difisil, li te desann kabann li epi li te mete l ajenou bò kabann nan. Pandan l t ap priye, yon santiman sekirite te vini nan kè li ki t ap bat fò. Li te tounen kouche nan kabann ni ankò, e imedyatman li te dòmi.

Nan demen lè l al lekòl, Jenny te santi li byen repoze e li te pare pou egzamen matematik la.

Diskisyon • Ki de benediksyon Sentespri a te pote pou Jenny? (Sonje yon bagay li te deja konnen, avèk yon santiman rekonfò.)

Istwa “Yon lespri tris te egziste pami kongregasyon an pandan yon sèvis antèmman yon jèn manman ki te mouri pandan li t ap akouche. Diskou yo te bèl, men anpil moun ki te rasanble la jou sa a te santi yo amè. Kòman yon Papa ki nan Syèl la ki gen lanmou kite yon bèl manman konsa mouri, epi kite yon papa nan lapenn pou pran swen kat timoun?”

“Nan fen pwogram nòminal la jèn papa a te leve kanpe epi li te avanse pou l pale. Li te di tou dousman ‘Mwen santi lapenn avèk tristès pa ou, men gen yon bagay mwen ta renmen di ou pou rekonfòte w. Premye èdtan apre madanm mwen te fin mouri a, mwen pa t konnen kijan mwen ta kapab endire sa—kijan mwen ta kapab viv san limenm. Men yon lespri dous e plen lapè te ranpli nanm mwen, e depi lè sa a mwen gen asirans tout bagay ap mache byen. Pa bay tèt ou pwoblèm pou nou, n ap byen.’

“Menm lespri rekonfò sa a te ranpli nanm kongregasyon an. Tout moun te ale lakay yo rekonfòte” (Spencer J. Condie, “Thy Constant Companion: The Promised Blessings of the Holy Ghost,” *Ensign*, oktòb 1980, p. 33).

Diskisyon Kite jènfi yo diskite kòman Sentespri a te beni jèn papa a.

Sitasyon

Konklizyon

Li sa a:

“Keseswa yon ak pwoteksyon enstantane, yon santiman pawòl Sentespri a, oubyen yon lekti kote yon moun tande vwa li, sa soti nan Bondye. Tout sa yo se don Lespri a nan yon moun ki te resevwa Sentespri a lè yo te batize l e ki detèmine jwi enflyans li” (S. Dilworth Young, “How the Holy Ghost Can Help You,” *New Era*, oktòb 1971, p. 6).

Fè jènfi yo sonje abilte pa yo pou tande ti vwa dous Sentespri a depann sou fidèlite a kòmandman Senyè yo. Si yo koute Sentespri a, enspirasyon li yo kapab pi gran sous rekoufò avèk gidans pa yo, yon konpayon konstan. Nou p ap janm sèl lè nou di pou resevwa Sentespri a.

Aplike leson an

Mande jènfi yo pran kat yo pote lakay yo, mete yo sou mi yo, epi panse sou yo anvan yo priye chak swa. Ankouraje yo toujou chèche Sentespri a kòm konpayon konstan.

Akonpli wòl diven fi yo

Chèche lajwa nan kapasite nou pou n vin tankou Bondye

OBJEKTIF Chak jènfi ap konprann kapasite li pou vin tankou Bondye paske li se yon pitit fi Bondye epi aprann kòman jwenn lajwa nan li.

PREPARASYON

1. Envite yon sè ki se yon bon egzanp (Preferab youn ki te marye nan tanp epi ki gen yon fanmi), ki te apwouve pa dirijan prèttriz yo, pou pale avèk jènfi yo osijè lajwa ki vini paske se fi yo ye. Mande li pale sou kèk lajwa avèk defi li te fè kòm eksperyans, ansanm avèk kèk eksperyans li te fè lè l te gen laj jènfi yo nan klas la tou. Petèt li kapab rakonte benediksyon espesifik avèk chwa ki te ede l rete pre Papa nou ki nan Syèl la avèk benediksyon ak lajwa li te resevwa kòm rezilta. Li ta dwe pale apwopo lajwa ki vini nan nenpòt laj paske ou se yon fi. Sigjere l pale pandan anviwon ven minit. Mande l pou l kite tan pou jènfi yo poze l kesyon epi eksprime santiman pa yo.

OUBYEN

Ou kapab envite yon granmè, yon manman, ak yon jènfi ki deja marye, dirjan prèttriz yo apwouve, pou eksprime lajwa y ap resevwa paske yo se fi. Ou kapab sigjere yo pale sou lajwa yo te genyen lè yo te gen menm laj avèk jènfi yo tou. Kite yo chak pale pandan senk oubyen sis minit. Ou kapab veye pou yo epi fè yo siy lè tan pa yo a fini.

2. Si l posib e si ou vle fè sa, prepare yon kopi mesaj Prezidans Jeneral Jènfi a pou chak fi ki nan klas la.

DEVOLPMAN POU LESON YO SIGJERE

Leson ak diskisyon

Nou kapab jwenn lajwa nan rekonèt kimoun nou ye epi kimoun nou kapab ye

Entwodui moun k ap pale a epi eksplike jodi a klas la ap aprann potansyèl diven yo antanke fi ak lajwa ki vini paske yo se yon pitit fi Bondye. Di jènfi yo yo kapab poze kesyon epi fè kòmantè apre leson an.

Apre leson an epi apre kesyon klas la genyen, eksprime apresyasyon pou moun ki te bay opinyon yo.

Diskisyon avèk enstriktè a avèk temwayaj yo

Eksprime lanmou w pou jènfi nan klas pa ou la. Di yo ou apresye enèji ak antouzyas yo pandan yo kòmanse yon nouvo pati lavi a. Di yo enpòtans pou yo kontan kounyeya lè yo pran bon desizyon epi lè yo suiv Jezikri. Nou dwe fè sa kounyeya, pa nan yon tan nan fiti lè pwoblèm yo nou gen kounyeya ap sòlve oubyen lè rèv nou yo avèk bagay nou swete kapab rive. Nan mond sa a ki gen flo avèk defi, tan ki sanble ideyal petèt p ap vini. Vre lajwa avèk lapè disponib nenpòt tan nan lavi pou tout moun ki viv tankou Papa nou ki nan Syèl la vle yo viv.

Di yo kòman levanjil la gide epi beni lavi nou lè li ede nou konprann wòl diven nou ak potansyèl nou antanke fi.

Prezantasyon pou enstriktè a

Nou kapab gen lajwa nan chak pati lavi a

Eksprime lajwa ou paske ou se yon fi avèk kwayans ou Fi Sen Dènnye Jou yo kapab resevwa gran jwa nan chak pati lavi a.

Si ou gen tan e si l sanble l bon, ou kapab envite jènfi yo dekri kèk jwa yo resevwa kòm fi Sen Dènnye Jou.

Lekti

Konklizyon

Li yon defi espesyal bay chak jènfi ki soti nan Prezidans Jeneral Jènfi a.

Chè jèn zanmi nou yo:

Ou beni epi ou gen favè Papa nou ki nan Syèl la pou w viv jodi a. Mond lan plen bote avèk opòtinite—pi gran pase nenpòt lòt peryòd tan lèzòm. Ane espesyal preparasyon sa yo ap plen dekouvèt, chèche jwenn, grandi, ogmante abilite ou, akonpli epi aprann plan Bondye a ak sa li atann nan men ou, pitit fi li.

Men mond lan plen enflyans ki lèd epi ki mechan. W ap jwenn defi, w ap tante, epi jwenn atak nan chak fason pa plan epi enflyans advèsè a.

Papa nou ki nan Syèl la konnen tout sa e li konnen ou. Li gen konfyans avèk fwa w ap itilize ane preparasyon sa yo pou w vin yon pitit Bondye ki obeyisan epi ki kapab modle epi sèvi pou misyon espesyal avèk destine l ap vle ou ranpli. Toujou priye, konnen Sovè ou Jezikri, etidye ekriti yo epi panse sou fason ou kapab aplike ansèyman yo nan lavi ou. Viv pou vin diy pou benediksyon prèttriz yo, vin kontan, epi mache avèk konfyans nan lajwa epi nan remèsye nan limyè levanjil Jezikri a.

Ou antoure avèk plizyè moun ki renmen w e ki vle pwoteje epi gide ou—zanmi yo, dirijan klas ou yo, dirijan adilt yo, konsèy evèk, paran ou yo, fanmi ou yo, epi pi enpòtan Jezikri avèk Papa ou ki nan Syèl la.

Mwen espere nou fè pati moun k ap pran swen w epi ki renmen ou anpil. Nou toujou priye pou ou beni epi ranfòse nan preparasyon ou pou viv avèk Papa nou ki nan Syèl la ankò, paske li envite nou “tout vin nan Kris la” (gade nan D&A 20:59) “epi vin pafè nan li” (Mowoni 19:32).

Avèk afeksyon,

Prezidans Jeneral Jènfi a

OBJEKTIF Chak manm nan klas la ap santi lajwa paske yo se yon jènfi Sen Dènnye Jou.

PREPARASYON

1. Pote yon papye avèk kreyon pou chak manm nan klas la.
2. Pote yon ti glas pou gade.
3. Prepare yon afich oubyen yon gwo papye pou sa Prezidan Harold B. Lee te di a: "Bonè pa depann sou sa ki pase deyò oumenm men sou sa ki pase andedan ou."
4. Chwazi yon jènfi pou li pasaj ki gen tit "Kreyasyon" an.
5. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon ou vle.

**DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE**

Objè leson an

Entwodiksyon: Refleksyon yo

Pase yon ti glas pou gade pami manm klas la. Mande chak jènfi pou panse nan tèt yo kesyon sa yo pandan l ap gade reflè li nan glas la:

- Kisa ou wè nan glas la?
- Eske jènfi ou wè nan glas la kontan?
- Eske jènfi ou wè a se jènfi ou vle ye a?
- Kisa ou renmen plis nan jènfi fi ou wè a?
- Kisa ou ta renmen chanje nan jènfi ou wè a?
- Kisa talan ak benediksyon jènfi ou wè a ye?
- Kisa ou vle pou jènfi ou wè a?

Bonè se . . .

Aktivite ou bay valè

Bay chak manm klas la yon mòso papye avèk yon kreyon. Kite yo chak trase yon liy vètikal nan mitan papye a epi fòme de kolòn "Bonè avèk jwa nan lavni" epi "Amizman pasaje ak satisfaksyon". Li aktivite ki suiv yo pou klas la, epi di jènfi yo ekri aktivite nan kolòn yo panse dekri santiman pèsònèl apwopo li. Ou gen dwa anvii adapte lis aktivite ki akonpli enterè yo avèk eksperyans zòn pa ou avèk manm klas la.

- | | |
|--------------------------|-------------------------------------|
| 1. Naje | 11. Netwaye kay ou oubyen apatman w |
| 2. Manje desè | 12. Pale avèk yon zanmi |
| 3. Ede yon moun | 13. Li ekriti yo |
| 4. Fè mache | 14. Genyen nan yon konpetisyon |
| 5. Fè bon nòt lekòl | 15. Li yon bon liv |
| 6. Priye | 16. Fini yon gwo djòb |
| 7. Kreye yon bagay | 17. Koute mizik |
| 8. Koud | 18. Kuit yon manje ou renmen |
| 9. Mache | 19. Danse |
| 10. Pran swen yon timoun | 20. Pale yon moun osijè levanjil la |

Aprè jènfi yo fin bay nòt sou aktivite yo, mande yo panse lòt aktivite yo renmen fè epi ajoute yo nan youn nan de kolòn yo. Di klas la lis pa yo avèk repons yo ap diferan, paske tout gen enterè pa yo e yo p ap reponn nan menm fason an.

Papa nou ki nan Syèl la vle nou gen lajwa

Definisyon ak diskisyon

Apre manm klas la fin bay nòt sou aktivite yo, kite yo di kisa mo sa yo vle di: *pase bon tan, satisfaksyon, bonè, lajwa*.

Diskite avèk klas la diferans ant santiman sa yo epi bay relasyon yo avèk valè pa yo.

Diskisyon ak ekriti yo

Mande manm klas la si yo kapab sonje kisa Papa nou ki nan Syèl la te pale nou sou lajwa avèk bonè. Eksplike ekriti yo itilize mo sa yo nan menm sans. Ekri referans ekriti ki suiv yo sou tablo a apre ou fin diskite sa jènfi yo sonje. Di jènfi yo chèche referans sa yo nan liv kanonik yo epi li yo fò ansanm. Di klas la Papa nou ki nan Syèl la vle nou kontan epi gen lajwa.

Referans: 2 Nefi 2:24–25; Jean 13:15,17; Alma 41:10

Diskisyon ak ekriti yo

- Eske lajwa se yon bagay nou kapab genyen jodi a, oubyen èske se yon bagay n ap sèlman genyen nan lavni?

Dirije repons klas yo pou yo kapab konprann jènfi yo kapab kontan kounyeya e yo ta dwe eseye gen lajwa kounyeya.

- Kimoun ki responsab pou wè ou gen lajwa avèk bonè kounyeya?

Pou reponn kesyon sa a, envite manm klas la li D&A 58:27–28 epi li l fò. Mete aksan sou fraz "En vérité, je le dis, les hommes doivent travailler avec zèle à une bonne cause, faire beaucoup de choses de leur plein gré et produire beaucoup de justice. Car ils ont en eux le pouvoir d'agir librement, et si les hommes font le bien, ils ne perdront nullement leur récompense. (gade nan D&A 58:27–28). Di chak jènfi gen pouvwa pou pote bonè nan pwòp vi pa li.

Afich

Montre afich la ki gen sa Prezidan Harold B. Lee te di: "Bonè pa depann sou sa ki pase deyò oumenm men sou sa ki pase andedan ou" ("A Sure Trumpet Sound: Quotations from President Lee," *Ensign*, fevriye 1974, p. 78). Diskite yon ti kras sou verite sitasyon an epi kòman li aplike pou chak jènfi.

Diskisyon sou tablo

Eksplike menm si nou gen pouvwa andedan nou pou kontwòle atitud nou, nou souvan pa kontan. Mande jènfi yo sigjere rezon ki fè nou vin pa kontan. Pandan klas la ap reponn, ekri repons yo sou kote goch tablo a. Kite kote dwat la lib pou w ekri fason pou simonte kè pa kontan, pita nan leson an. Egzanp ki suiv yo se kèk rezon:

Rezon kè pa kontan

- | | |
|------------------------------------|--|
| 1. Pa obeyi Senyè a | 7. Pa kontan avèk lavi nan fwaye a |
| 2. Pa gen bi | 8. Pa gen zanmi |
| 3. Gen laperèz | 9. Santi ou sèl |
| 4. Pa gen konfyans nan tèt ou | 10. Egoyis |
| 5. Pa akonpli anyen | 11. Pa gen yon bon relasyon avèk Papa nou ki nan Syèl la |
| 6. Pa gen lanmou ni resevwa lanmou | |

Nou kapab gen lajwa kounyeya

Diskisyon sou tablo

- Antanke jènfi Sen Dènye Jou, kisa ou konnen oubyen ou genyen ki kapab ede ou simonte chak nan rezon kè pa kontan sa yo epi resevwa yon pi gran lajwa?

Kite jènfi yo devlope yon lis bagay yo kapab fè k ap ede yo jwenn lajwa kounyeya. Ekri repons yo sou tablo a, epi kite yo ekri yo sou do papyè yo. Dirije aktivite sa a pou ede yo santi lajwa pou sa yo ye kounyeya—yon jènfi Sen Dènye Jou. Dirije diskisyon sa a nan yon fason pozitif epi pale sou bagay sa ki suiv yo:

1. Chak jènfi se yon moun endividyèl, Papa nou ki nan Syèl la avèk fanmi li renmen epi bay valè.
2. Chak jènfi gen yon bagay pou pataje ki kapab ede lòt moun.

3. Chak jènfi kapab devlope talan li yo nan yon fason ki kapab pote satisfaksyon pou li.
4. Chak jènfi gen pouvwa avèk responsablite chanje epi dirije vi li nan fason jistis avèk bonè.
5. Jènfi Sen Dènye Jou yo gen opòtinite espesyal pou yo akonpli bi sa yo.

Fini diskisyon an epi di lajwa avèk bonè ta dwe vin yon pati lavi pa yo kounyeya—pa jis yon bagay y ap tann nan lavni.

Sitasyon

Kite jènfi ou te chwazi yo li sitasyon ki suiv la epi di bagay ki pote lajwa kay yon moun kounyeya. Mond lan plen bagay ki bèl e sa ta dwe fè nou chak kontan.

Kreyasyon

“Nan kòmansman (men pa vrèman kòmansman—se sèlman yon peryòd tan nan egzistans etènèl nou), mwen te aprann yon plan Papa nou ki nan Syèl la te genyen pou mwen avèk frè avèk sè lespri m yo. Paske li se yon moun ki egzalte, pafè epi ki sen, Papa byenneme nou an te vle nou gen okzayon vin menm jan avèk li. Premye pitit li, pi gran frè nou, Jezi, te òganize yon mond kote nou ta kapab viv epi grandi epi aprann renmen e vrèman gen swen. Li tap yon eksperyans difisil nan yon mond kote lèzòm pa pafè epi yon lwa ki pa chanje, e nou tap bezwen chwazi si nou vle suiv li.

“Epi, . . . Mwen te di, ‘Wi.’ Epi mwen te tann jiskaske se te tou pa mwen.

“[[Jezi] te kòmans fè yon mond pou mwen avèk *oumenm*, pitit Papa a. Epi yon jou mwen te kite yon kote mwen pa kapab sonje kounyeya, pou vin isit, pou kòmans inyon lavi mwen avèk tè a.

“Lè mwen te yon timoun plen eksitasyon avèk yon konpreyansyon limite, mwen te rekonèt la bote pou premye fwa a—santi yon pyebwa, eksperyans lanmè, solèy la, sab, epi bwouya pou premye fwa—dlo tonbe sou figi mwen, myèl, flè, avèk van an ki pliye pyebwa.

“Amezi m t ap grandi, mond lan te vin mèveye; epi byen fon andan chalè, lapenn latè a ki dous te kòmans.

“[[Jezi] te fè limye a ki klere nan lannuit e l te fè yon lonbraj nan van an—limye, lò avèk ble, epi dous nan jou solèy prentan yo—epi limye ki tounen koulè wouj oranje epi lò, pou elimine ble avèk nwa ki se lannuit—solèy leve. E mwen gen je pou m wè.

“Epi li te fè van an pou koule nan yon milye fè, dlo ki lajan avèk glise e ki chante pandan li rive lanmè a. Zwazo yo anlè nan maten ki chante bèl. E mwen gen zorèy pou m tande.

“Li te ban mwen men pou touche pou di ‘Kòm an ou ye?’ oubyen ‘M ap ede’ oubyen ‘Mwen kòmans renmen ou’; je pou pale, pou wè plis pase pawòl, pou konprann, pou dekouvri.

“Li te ban mwen yon kè ki wè epi tande epi santi latè li te fè a, e gran lanmou pou latè a. Li te ban mwen dlo pou m kriye lè m santi m gen lajwa.

“Ou gen bagay sa yo tou. Yo se don—benediksyon n ap kapab resevwa selon kapasite pa nou.

“E yon jou lè mwen ta ka wè [Jezi] ankò e lè Papa m pran m ankò, mwen espere, avèk kamarad mwen yo, pou m kapab gouvène yon mond tankou sa a. Epi timoun nou yo ap nan bèl maten frèt sou yon tè yo te kreye ki tounen syèl la e di Papa nou ki nan Syèl la mèsè pou tè pa yo a” (Ann Busath, “Kreyasyon”, *Improvement Era*, septanm 1967, p. 56).

Konklizyon

Rann temwayaj ou sou enpòtans pou yon moun kontan kounyeya avèk lajwa ki kapab vini paske ou suiv vrè prensip yon jènfi Sen Dènye Jou. Ankouraje jènfi yo asime responsablite pwòp bonè pa yo kounyeya.

Aplikasyon leson an

Kite manm klas la chwazi youn oubyen de fason pou ede yo jwenn lajwa kounyeya. Sigjere yo chwazi youn oubyen de bagay pou yo fè pandan semèn k ap vini an.

OBJEKTIF Chak jènfi ap pi byen apresye lajwa ki vini nan travay nan kay.

PREPARASYON Pote yon mòso papyè avèk yon kreyon pou chak manm klas la.

**DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE**

Travay nan kay se yon responsablite enpòtan epi ki sakre

Sondaj djòb

Mande chak jènfi imajine yon moun fèk ofri l yon djòb. Pandan w ap li deskripsyon djòb la, fè jènfi yo leve men yo chak fwa yo renmen yon pati djòb la.

Deskripsyon djòb la

1. W ap akonpli yon bagay ki gen valè ki kapab gen efè sou bonè moun ki toutotou ou.
2. W ap ede chwazi kondisyon travay la epi tabli yon bon atmosfè pou lòt moun yo.
3. W ap ede kontwole depans yo.
4. W ap deside ki travay ki dwe fèt, kilè l dwe fini, epi kòman li dwe fèt.
5. W ap chwazi kilè w ap travay.
6. W ap kontan ansanm avèk tout moun ki nan òganizasyon an e w ap gen opòtinite fè yo kontan.

Diskisyon

- Ki djòb ki dekri la a? (Travay nan kay, oubyen yon fi k ap pran swen fanmi li.)

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike travay nan kay se youn nan responsablite yo te ba nou. Papa nou ki nan Syèl la vle tout gason avèk fi bay plis enpòtans a fwaye yo, madanm oubyen mari yo, epi fanmi yo. Fanmi nou se yon pati misyon divin nou.

Istwa

Envite jènfi yo obsève devosyon yon manman te montre nan istwa k ap suiv la:

“Petèt tankou laplipa jèn moun, mwen pa t apresye lanmou paran mwen yo te gen pou mwen jan mwen ta dwe. Mwen pa t vrèman konprann tan ki pa kapab mezire, efò, lajan ak pasyans yo te depanse pou mwen. Se te ka a avèk manman mwen.

“Li sanble, kounyeya, anpil fwa mwen pa t renmen manman mwen, mwen pa t renmen bagay li te kwè, mwen pa t renmen li mande m fè yon bagay, ni bagay li te di m lè li te timoun. Mwen pa t renmen pou mwenmenm, ki te pi gran pase sèt timoun, te gen tout responsablite a; oubyen se sa mwen te santi. Se te mwenmenm ki te gen pou egzanp lan—yon mo mwen te vin rayi—pou egzanp, pou fè bagay epi lè te gen pwoblèm se mwen ki te pini, e se te kòm si lòt timoun yo te ka fè nenpòt sa yo te vle fè. Mwen sonje kòman mwen pa t renmen yon sèten vwa manman te konn itilize pou l te rele m vin ede l. Mwen sonje kèk fraz byen klè epi mwen kapab tandè vwa a kounyeya:

“ ‘Kristy, ede m prepare manje a.’

“ ‘Soulye jimo yo bezwen netwaye.’

“ ‘Kristy, Sue avèk Gary ap goumen; èske ou kapab fè yon bagay pou rete yo?’

“ ‘Nancy bezwen swen; èske w ka li yon istwa pou li?’

“ ‘Mwen te toujou anvi di, ‘Non,’ men natirèlman, mwen pa t fè sa.

“Epi septanm te vini e mwen te al lekòl. Pandan tout jenès mwen, lekòl te fè yon efè womantik sou mwen. Se te la paran m yo te rankontre; se te la youn te vin renmen lòt epi yo te marye; Se te la mwen te fèt. Donk, mwen te vle ale lekòl sa a, e pou mwen se te kòm si sete lakay mwen.

“Men nan septanm sa a, te gen plis bagay pase sa: Mwen te vle kite lakay mwen—vrè lakay mwen. E konsa, amezi tan t ap pase e m t ap li lèt manman ki ap rakonte m bagay li fè chak jou, mwen te kòmanse reyalize, fon nan mwenmenm, li te bay pitit li tout tan, lajan, efò, avèk panse li. Mwen te aprann tout reyinyon yo, tout al nan mache, tout netwayaj nan kay la, tout ansèyman-—vrèman tout bagay—sete pou sèvi fanmi li dirèkteman e endirèkteman. E tout bagay sa yo, mwen te aprann yo si dousman mwen pa t rekonèt konesans lan te la.

“Epi jou mwen te vin lakay mwen soti lekòl nan maten e mwen te jwenn yon lèt manman m te ekri. Se te yon lèt senp e òdinè, ki te plen nouvèl lakay mwen. Li te di kòman Dave avèk Dan, jimo yo, te mete papyè twalèt nan twalèt la, ki te fè yon delij jis anvan manman ta pral nan Sosyete Sekou. Li te di kòman manman m te bezwen jwenn tan pou koupe cheve Sandy. Li te di kòman manman m te mennen Nancy nan lesòn dans, epi gade l, e kòman li te fyè de li.

“Se te sèlman yon lèt òdinè, men mwen te fèk kòmanse li dezyèm paj lè mwen te santi yon bagay toudenkou ki te koule andedan kò mwen. Se te kòmsi solèy la te pete deyè yon nwaj, epi li t ap koule toupatou. Mwen ta kapab toudenkou wè manman kòm moun li te vrèman ye a—san egoyis, plen lanmou. . .moun ki te fè plis pou mwenmenm pase nenpòt lòt moun, epi se te limenm mwen pa t apresye.

“Mwen te kouche sou kabann mwen e m te kriye; mwen te kriye avèk gratitud pou sa mwen fèk dekouvri a; mwen te kriye paske mwen pa t gen gratitud, e poutèt fason mwen te blese manman m siman. Byen vit mwen te ekri manman mwen e m te di l lanmou mwen avèk apresyasyon m pou li. Se pa t yon bon lèt, men li te sensè; epi li te reponn mwen byen vit:

“ ‘Chè Kristy, mwen te li lèt ou a e mwen te kriye’ ” (Kristine Walker, “I Found My Mother,” *New Era*, oktòb 1974, p. 27).

Diskisyon

• Poukisa li enpòtan pou chak jènfi apresye epi konprann wòl manman antanke manman nan fwaye?

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike nou chak kapab resevwa lajwa manman Kristy te genyen an. Satisfaksyon pèsonèl ki vini pou yon manman nan fwaye nan konnen l ap ede nan bonè fanmi li ede l atravè aktivite kotidyen yo. Lè manm fanmi li eksprime gratitud pou li, limenm li santi pi gran satisfaksyon.

Travay nan kay se plis pase netwayaj

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike travay nan kay gen anpil kalite aktivite, yo tout enpòtan. Natirèlman, sa ki gen pi gwo enpòtans lan se kenbe kay la pwòp epi pran swen bezwen fizik manm fanmi an. Sepandan, gen yon lòt kote enpòtan nan travay nan kay, jan Sè Belle S. Spafford, ki te prezidan jeneral Sosyete Sekou, te di:

Sitasyon

“Travay nan kay, jan mwen wè l, gen de gran divizyon: Travay nan kay ak netwayaj. Travay nan kay gen valè espiyèl: lanmou, lapè, trankilite, amoni pami manm fanmi yo, sekirite. Li fè yon kay yon kote manm fanmi an kapab rete nan yon mond twoubled ki gen traka epi jwenn konpreyansyon ak restorasyon. Karaktè li se dousè; li montre bon gou, kilti, avèk rafinman. Gason, fi avèk timoun gen kontribisyon endividyèl yo pou fè yon bon kay avèk lavi an fanmi, e yo chak pataje benefis yo.

“Netwayaj se travay pou kenbe kay la pwòp, nan lòd, epi byen dirije. Sa vle di dirije finans. Souvan, pa konn dirije finans avèk sajès konn vin yon sous pwoblèm nan fanmi” (Belle S. Spafford, *A Woman’s Reach* [Salt Lake City: Deseret Book Co., 1974], pp. 24–25).

Diskisyon

• Kòman travay nan kay avèk netwayaj mache ansanm? Kòman yo de kapab pote benediksyon?

Kite jènfi yo dekri yon kay kote y ap devlope valè espiyèl yo. Fè yo eksplike poukisa talan tankou ekonomize oubyen prepare manje enpòtan tou nan kreye yon kay kote espri Bondye kapab rete.

Yon jènfi kapab yon travayè nan kay kounyeya

Diskisyon sou tablo

• Kòman ou kapab yon travayè nan kay ou kounyeya?

Ou ka vle mete repons yo sou tablo a. Asire w lis la gen ladan l ide yo pale nan sitasyon anwo a.

Aktivite ti gwoup

Divize jènfi yo an de gwoup epi bay chak gwoup youn nan pwoblèm sa yo. Mande yo diskite l epi prepare kèk enstriksyon presi sou kijan pou yo rezoud pwoblèm yo epi akonpli travay yo mande yo. Mande yo pou yo di sous asistans yo. Ba yo papye avèk kreyon pou yo kapab pran nòt.

Travay 1

Ou retounen lakay apre lekòl ou epi ou jwenn manman w ki santi li malad avèk yon gwo tèt fè mal. Ti bebe a ap kriye, de pi jèn frè w yo ap goumen, kay la sal. Papa preske retounen lakay vin manje. Kisa ou ta kapab fè pou kreye yon atmosfè espirityèl nan kay ou? Kòman ou ka fè sa?

Travay 2

Manman ou soti pou l retounen jis lè manje a e li te mande w planifye yon bon manje pou kat moun ki nan fanmi ou. Di kòman ou ta chwazi epi prepare chak bagay pou manje a. Eksplike kòman ou ta planifye tan ou pou tout bagay ap prepare nan menm tan.

Kite jènfi yo pran kèk minit pou travay sou pwoblèm yo; epi kite chak gwoup prezante enstriksyon pou klas la. Kite tout manm klas la fè pati nan prezantasyon chak gwoup. Ba yo enfòmasyon kote li nesèsè.

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike menm si li poko gen responsablite travay nan kay pa li, yon jènfi kapab toujou yon travayè nan kay e li kapab toujou anbeli atmosfè lakay li. Fason li fè sa kapab pote anpil jwa pou fanmi li. Si ou gen tan, ou ta ka rakonte istwa sa a, yon manman te ekri:

Istwa

“Lè Karen te retounen lakay apre yon semèn vakans nan lekòl, nou te fè anpil bon bagay ansanm. Nou te fè mache, vizite, pale ansanm, koud rad, chèche travay pandan lete, epi nou te jwi plizyè aktivite ansanm kòm fanmi.

“Netwayaj te yon ti jan neglije pou lòt bagay ki pi enpòtan. Menm sal fanmi an toujou ye a pa t pase mòp e li te chaje avèk bagay yo te sèvi pou koud.

“Semèn nan te pase twò vit, e nan mekredi apremidi sa a bò senkè konsa, zanmi l yo te pase prann pou tounnen lekòl ankò. Mwen te gen yon randevou bò zòn twazè, konsa mwen te bo li e mwen te soti, e mwen te kontan li t ap la avèk ti frè l yo lè yo t ap retounen sot lekòl pou l pran swen yo jiskaske papa li soti nan travay.

“Yon ti moman apre mwen te fin soti pou randevou mwen, zanmi Karen yo te rele e yo te di y ap anreta e yo t ap vin chèche l jis bò nevè nan aswè. Malèt li te pare, Karen te gen katrèdtan pou fè nenpòt lòt bagay. Li te chita kote pyano a avèk Stuart epi li te ede l jwe; li te chita sou eskalye a e li te pale avèk Roger pandan li te ede l pliye journal pou l distribye bay moun; li te chita kote tab la e li te prepare dine a pou l te ka pare lè papa l rive; epi avèk ed frè li yo, li te netwaye kuizin nan.

“Apre papa l avèk frè l yo te soti ale nan yon aktivite nan legliz la, Karen te pran yon mòp avèk bagay pou netwaye e li te netwaye salon fanmi an pou l vin bèl ankò. Apre sa li te wè li te gen yon lòt inèdtan lib e li te netwaye twalèt la.

“Pita nan jou swa sa a, lè mwen te retounen soti nan randevou a, mwen te desann pou gade aktivite gason yo. Pandan m t ap mache nan salon fanmi an e m te wè twalèt la avèk kuizin nan, mwen te santi yon fyète espesyal.

“Pandan mari m avèk mwen t ap pale sou sa, nou t ap panse kijan Karen, amezi l t ap grandi, te souvan aji tankou yon manman nan fwaye. Nou t ap sonje moman nou te konn jwenn li nan kuizin nan ap fè bonbon avèk ti frè l yo. Nou t ap sonje dènye Nwèl kote li te pote yon mòso twal, yon modèl, e li te fè m sezi paske li te fè yon jip long pou mwen. Mwen te mete jip la avèk fyète. Pitit fi sa a nou renmen anpil avèk fason li toujou kontan nan lavi li beni fwaye nou anpil anpil.”

- Nan ki fason Karen te pote lajwa pou frè l yo? Papa li? Manman li?
- Kijan travay nan kay kapab fè w vin pi pre fanmi w?
- Kòman lòd avèk pwòpte ankouraje manm fanmi yo fè otan bon bagay yo kapab?
- Poukisa li se yon bon santiman pou retounen lakay lè lakay ou pwòp?
- Kòman yon kay ki pwòp montre lanmou manm fanmi yo genyen youn pou lòt?
- Kòman travay nan kay ajoute nan atmosfè espartyèl yon kay?

Eksplike yon kay ki gen lòd epi ki byen swen e ki envite Espri Senyè a mete konfyans avèk fyète kay moun ki rete ladan. Yo santi yo pi konfòtab e gen plis lapè. Se yon kote kote lafwa avèk temwayaj pa yo kapab grandi tou. Yon kay konsa dwe gen efò tout moun ki rete ladan l epi montre sousi manm fanmi an genyen youn pou lòt. Se yon fwaye ki montre endistri ak travay di.

Aktivite posib pou klas la

Avèk prezidans klas la, ou ka vle deside plizyè aktivite pandan semèn nan pou ede manm klas la aprann nouvo talan epi gen yon eksperyans pozitif nan travay nan kay. Men kèk sijesyon (mande pou dirijan prètiz ou yo otorize l anvan ou envite yon moun pou pale avèk klas la):

1. Envite yon moun ki se yon espesyalis pou anseye klas la kijan yo fikse yon tiyo, chanje yon fyouz, fikse yon bouchon elektrik, debouche yon tiyo, oubyen koke yon foto sou mi.
2. Aprann teknik kòrèk pou fikse rad epi fè yon reyinyon pou fikse rad yo ansanm avèk manm klas yo.
3. Envite yon moun ki se yon espesyalis pou anseye kijan pou itilize koulè, stil, avèk materyèl pou fè rad, epi aplike enfòmasyon sa yo pou planifye fè rad.
4. Envite yon moun ki se yon espesyalis pou anseye kisa pou gade lè w ap achte rad avèk materyèl, kòman pou li epi konprann mak yo, epi kòman pou pran swen materyèl yo.
5. Envite yon moun ki se yon espesyalis pou anseye klas la kòman pou benyen, abiye, nourri, epi pran swen ti bebe yo avèk timoun, epi kijan pou pran swen yon ti bebe k ap kriye.
6. Envite yon moun ki se yon espesyalis pou anseye klas la sou ekonimize, fè bijè, epi achte sou kredi.
7. Envite yon moun ki se yon espesyalis pou anseye sou dekore yon kay, kòman itilize koulè, balanse, amoni, epi an popòsyon avèk fason jènfi yo kapab anbeli fason kay yo sanble.
8. Planifye epi fè yon reyinyon pou manje tankou yon fèt pou dekore gato, manje entènasyonnal, yon fèt pou manje, oubyen yon sware sosyal pou jwi manje ki soti nan plizyè peyi oswa kilti.
9. Fè yon fèt pou pataje kòman kuit manje e kote tout moun pote manje yo pi renmen pou lòt moun kapab fè ti goute epi aprann kòman kuit li.
10. Gen yon swarye kote ou divize klas la an ekip pou prepare manje nan bagay ou pote nan yon sak oubyen nan bwat.

OBJEKTIF Chak jènfi ap devlope yon atitid pozitif apwopo wòl diven yon madanm ak manman.

PREPARASYON 1. Fakiltatif: Prepare papyè ki sigjere nan konklizyon an.
2. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon ou vle.

DEVLOPMAN POU ANSEYE YO SIGJERE

Istwa

Nou aksepte ansèyman Senyè a apwopo wòl fi yo

Yon vwayajè te pase bò yon twou fèt an wòch e li te wè twa moun ki t ap travay andedan l. Li te mande chak gason kisa li t ap fè la a. Repons chak gason te revele yon atitid diferan pou menm travay la. Premye gason an te di, "M ap koupe wòch." Dezyèm nan te di, "M ap defann twa pyès lò pa jou." Twayzèm nan te di, "M ap ede bati yon kay Bondye."

Prezantasyon enstriktè a avèk diskisyon

- Kòman atitid chak gason montre kisa li te panse sou travay li?
- Poukisa twazyèm gason an ta ka moun ki konsidere travay li pi enteresan e gen valè?

Eksplike klas la nou kapab gen atitid pozitif oubyen negatif apwopo wòl diven nou kòm madanm ak manman. Kèk moun wè wòl sa yo imilyan epi kòm travay woutin, men wòl nou, aktyèlman, se yon pati pwomès solanèl nou te fè anvan nou te vin sou tè a. Yo se yon pati benediksyon ki vin jwenn nou kòm pitit fi Bondye yo.

Prezidan Spencer W. Kimball te eksplike "Nou te fè sèman, sèman ki sakre, nan Syèl la anvan nou te vini nan lavi mòtèl sa a.

"Nou te fè alyans. Nou te fè yo anvan nou te aksepte pozisyon nou isit sou latè. . .

"Nou te pran angajman avèk Papa nou ki nan Syèl la, si l ap voye nou sou tè a epi ba nou kò epi ba nou okazyon ki pa gen pri lavi sou tè a ofri yo, nou t ap kenbe lavi nou pwòp epi n ap marye nan tanp sakre epi nou t ap grandi yon fanmi epi anseye yo jistis. Sa a te yon sèman sakre, yon pwomès sakre" (Spencer W. Kimball, "Be Ye Therefore Perfect," diskou li te bay Salt Lake Institute of Religion, 10 janvye 1975, p. 2).

- Ki wòl nou te pwomèt Papa nou ki nan Syèl la nou tap aksepte anvan nou te vini sou tè a? (Nou tap marye epi gen yon fanmi.)

Prezidan Kimball te bay avètisman sa a, "Pa. . .fè erè pase plis tan nou nan bagay ki pa enpòtan ki ka lakoz nou neglije devwa etènèl nou tankou akouche epi leve pitit lespri Papa nou ki nan Syèl la yo" (*Ensign*, novanm 1979, pp. 102-03).

Konprann valè wòl nou

Prezantasyon pou enstriktè a avèk diskisyon

Eksplike fason mond lan panse apwopo wòl fi yo fo paske li egoyis. Li tèlman mete aksan sou dwa fi yo ke yo prèske inyore kapasite yo pou bay. Fason Senyè a gade a se li ki pi gran. Li mete aksan sou okazyon ni gason ni fi genyen pou renmen epi sèvi. Fason sa a kapab ede nou evite vin tonbe nan kè pa kontan ak egoyis.

Eksplike si nou kwè lavi kòm madanm ak manman se yon woutin san enpòtan, l ap konsa. Men si nou kapab konprann bi diven nou epi reyalize gran potansyèl nou genyen, wòl nou ap gen yon pi gwo sans pase nenpòt lòt travay nan mond sa a. Si nou soutni mari nou avèk antouzyas epi fè, nourri, epi anseye lespri ki jis, nou kapab resevwa akonplisman ki pi gwo pase nenpòt lòt bagay.

- Kòman yon bon konpreyasyon avèk yon atitid jis pou wòl madanm avèk manman beni lavi nou?

- Kòman atitid nou genyen pou wòl sa yo enflyanse rès lavi nou?
- Kòman ansèyman Senyè a avèk sèvitè l yo osijè wòl nou ede pwoteje nou kont danje aksepte atitid mond sa a?

Wòl yon madanm avèk moun ki ede

Ekriti	Mande jènfi yo li D&A 25:5, 14, 16 ki gen enstriksyon Senyè a te bay Emma Smith. Eksplike tout fi kapab resevwa konsèy sa a pou rekonfòte mari nou nan yon atitid ki enb.
Prezantasyon pou enstriktè a	Yon fi pa ta dwe minimize pouvwa pou rekonfòte epi ede mari li. Petèt li kapab bezwen rekonfòte epi ankouraje pou li ranpli wòl li kòm mari epi kòm travayè, dirijan oswa enstriktè.
Sitasyon	Lè yo te aple Prezidan Spencer W. Kimball kòm Apot, li te santi l akable pou resevwa apèl la. Li di kijan madanm li te rekonfòte l epi ankouraje li: “ ‘Lè Legliz la aple, nou obeyi.’ Men panse prensipal la se te pwòp limitasyon mwen, enkapasite mwen ak feblès mwen yo ki te akable m. Dlo te koule nan je m, yon delij san fen. . . . Mwen te kriye anpil anpil. . . . Mwen te souke avèk sanglo. Madanm mwen te chita kote m atè a, li t ap pase men nan tèt mwen, li t ap eseye kalme m. . . . “. . . Madanm mwen sete sali mwen. Li te rekonfòte m, li te ankouraje m epi li te kontinye di gen yon sèl chemen pou suiv. . . . “. . . Mwen te kontinye di Camilla mwen pa t si kisa m ta pral fè, malgre mwen te konnen tout tan te gen yon sèl chemen. Li te kontinye ankouraje m epi li te ensiste aksepte apèl la sete sèl solisyon” (Edward L. Kimball ak Andrew E. Kimball, Jr., <i>Spencer W. Kimball</i> [Salt Lake City: Bookcraft, 1977], pp. 191–92).
Prezantasyon enstriktè a avèk diskisyon	Eksplike Prezidan Kimball pita, te vin yon gran Pwofèt Senyè a. <ul style="list-style-type: none"> • Kòman wòl Camilla antanke yon madanm epi yon zanmi te enpòtan nan lavi mari li? Eksplike si nou gen yon bon atitid pou wòl nou antanke madanm epi patnè, noumenm tou nou ka gen anpil gwo enflyans nan lavi mari nou pral genyen tou, san nou pa gade pozisyon yo nan lavi. Nou pa dwe janm souzestime kijan fi yo enpòtan antanke madanm.
Ekriti ak diskisyon	Kite jènfi yo li 1 Corinthiens 11:11. <ul style="list-style-type: none"> • Kijan mari ak madanm youn ede lòt? <i>Wòl manman avèk enstriktè</i> Prezidan David O. McKay te di: “Vin manman se prèske vin tankou Bondye. Se sèvis ki pi wo, ki pi sen yon fi ka asime” (nan Conference Report, oktòb 1942, pp. 12–13). <ul style="list-style-type: none"> • Kòman fraz sa a pa yon pwofèt Bondye ranfòse atitid nou pou wòl nou yo? • Kòman konprann fraz konsa ki soti nan bouch pwofèt Senyè yo ede nou evite kèk atitid mond lan ki di vin manman se yon gwo travay epi yon fado epi sa fè pèdi libète pèsònèl? Eksplike vin manman anseye nou vin gen plis lanmou epi aprann fè sakrifis. Prezidan Spencer W. Kimball te di: “Jènfi yo ta dwe planifye epi prepare pou maryaj epi fè epi elve timoun. Se dwa diven ou ak chemen ki mennen nan pi gran bonè a” (“Privileges and Responsibilities of Sisters,” <i>Ensign</i> , novanm 1978, p. 103).
Istwa	Yon jèn manman ki te gen timoun ki poko al lekòl te gen kansè. Jis anvan li te mouri, mari li te ranje avèk lopital la pou mennen madanm li yon kote kache pou fè yon piknik avèk li ak de jèn pitit fi yo. Se te yon aktivite yo te konn fè souvan antanke fanmi anvan li te gen kansè. Yo tout te chita anba yon gwo pyebwa, yo te manje manje yo, epi yo te rejwi ti moman sa yo yo te genyen ansanm kòm fanmi. Apre eksperyans sa a, Marilyn te retounen sou kabann lopital li epi li te ekri bagay sa yo nan journal li: “Moun toujou di m ‘si ou gen bon sante ou gen tout bagay.’ Jodi a mwen te reyalize se pa vre, paske mwen gen tout bagay e mwen pa gen bon sante. Tout bagay mwen te genyen te chita anba gwo pyebwa sa a jodi a—mari mwen ki chè pou mwen ak ti moun dous mwen yo. Pa gen lòt bagay ki enpòtan. Wòl mwen antanke madanm ak manman te ban mwen pi gran jwa avèk bonè nan lavi sa a. Piknik avèk lòt bagay nan mond yo, m ap kite yo pou tout letènite, men m ap gen fanmi mwen nan tout letènite.

Diskisyon

- Kòman atitid jèn madanm epi manman sa a pou wòl li ede l avèk maladi li?
- Kòman atitid li afekte atitid pitit fi li yo pou wòl pa yo lè yo vin madanm avèk manman?

Konklizyon

Prezidan Spencer W. Kimball te ba nou ankourajman sa a:

Sitasyon avèk
papye fakiltatif

Se yon bagay gloriye nan nenpòt laj pou vin yon fi jis. Se yon gran apèl pou vin yon fi jis nan dènye jou yo sou tè sa a oubyen anvan dezyèm vini Sovè a. Fòs avèk enflyans yon fi jis jodi a kapab dis fwa pi gran pase li ye nan tan trankil. Yo te mete l isit pou l ede anrichi, anbeli epi pwoteje fwaye li—ki se òganizasyon debaz epi ki pi nòb nan sosyete a” (*Ensign*, novanm 1978, p. 103).

Travay pou fè lavi nan fanmi an pi byen

OBJEKTIF	Chak jènfi pral eseye amelyore relasyon l avèk paran li yo.
PREPARASYON	1. Fè yon kopi kesyon yo nan leson sa a pou chak jènfi. Ou ka anvii bay fi yo kesyonè yo yon semèn alavans pou yo ka pote yo ranpli nan klas la. 2. Chwazi jènfi pou prezante nenpòt ekriti, istwa, oubyen sitayson ou vle.
Nòt pou enstriktè a	Pandan w ap prepare leson sa a, adapte materyèl yo si nenpòt jènfi nan klas ou pa gen yon papa oubyen yon manman nan kay pa yo.

DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE

Istwa

Nou kapab aprann rekonèt lanmou paran nou

Li premye pati istwa ki suiv la, "Travay lakay jou fèt."

"Li difisil pou mwen pou m rakonte sa paske mwen te yon ti jan pa t gen matirite, men mwen p ap janm bliye Nwèl ki sot pase a. Mwen te gen yon zanmi ki te rete sou yon kolin e fanmi li te gen [tout bagay]—yon gwo kay, bèl machin, rad. . . Men, pa pran l nan move sans—yo se moun trè janti e yo te trete m byen. Papa Karen nan episkopa a, e yo te reyèlman gen yon vi nan kay ki pafè—kalite mwen te toujou panse ki te ideyal.

". . . M al lakay yo souvan, epi yo te envite m vin dine jou anvan Nwèl la. Tout bagay te bon nèt. Mwen vle di, nou te manje nan sal pou manje a avèk bouji, vesèl kristal, epi de fouchèt avèk kiyè. Papa Karen te ofri yon priyè familyal pou kòmanse.

". . . Mwen pa t janm gen yon kado ki te koute plis pase senk dola nan lavi mwen. Mwen te kapab sèlman imajine kijan sa tap ye lè Tonton Nwèl te pase lannuit sa a. . .

"Lè Frè Miller te mennen m lakay mwen, mwen te santi m pa t anvii antre. Li te di, 'Pase yon bon Nwèl, Cheryl. Nou te reyèlman kontan ou te avèk nou.' Li te tèmnan janti e plen lanmou. Mwen te anvii di l kòman li te espesyal, men tout sa mwen te di se te, "Mèsi, sa te bon!"

"Pòt la te fèmèn e mwen te rete kanpe ap sonnen epi gade penti sou mi yo ki t ap dekalè. Apre sa sete rido yo chyen an te dechire sa fè ennan. Tout sa mwen te kapab fè sete konpare kay Miller yo avèk ti kay sal nou an. Mwen te tandè Papa m ki t ap vini nan pòt la an sapat e televizyon an te byen fò nan salon an. Li te ouvri pòt la epi li te kòmanse pale fò avèk mwen, li te di m mwen te rive twò ta e mwen ta ka omwen rete lakay nan jou anvan Nwèl la. . . Men mwen te di tèt mwen, se yon kantite alkòl li te bwè paske li pa t ap di tout bagay li te di yo.

". . . Pa t gen anyen ki te sanble Nwèl men te gen yon dekorasyon sou pòt la avèk yon abdenwèl chich avèk ti boul yo sou li. Kay la te sal e li te santi bakon ki la lontan.

"Manman m te antre avèk yon vye rad. . . Mwen te kapab wè sou figi li li te gen mal tèt ankò. 'Mwen swete ti pitit fi m nan kapab rete lakay li kèk fwa epi ede manman l.'

"Mwen te preske kriye; mwen te santi boul la nan gòj mwen. Mwen te touche manman m sou zepòl li, e tout sa m te kapab di te, se te 'Mwen regrèt, manman,' men se pa t sa m te anvii di.

"Mwen te antre nan twalèt la e m te fèmèn pòt la pandan m te retire soulye sè m yo.

"Mwen pa t konprann poukisa mwen te fèt nan fanmi mwen e pa nan yon fanmi tankou Miller yo. . . Sa vrèman di lè ou se sèl manm Legliz nan fanmi ou. Eldè yo te di m sa tap rès e m tap gen yon gwo travay devan m pou m fè, rete yon bon egzanp. Mwen te eseye fè l men sanble fanmi m te panse mwen te santi mwen te twò enpòtan paske m te batize nan Legliz la e mwen te chanje lavi mwen. . .

“ . . . Mwen t al kouche dirèkteman san priye. Mwen te reyèlman pa t ap kapab. Mwen te si anmè ke m pa t panse Senyè a t ap tandè mwen.”

Diskisyon

- Kòman Cheryl te santi l konsènan paran l yo?
- Kòman ou santi ou konsènan paran Cheryl yo?
- Kisa Cheryl ta kapab fè pou amelyore sityasyon lakay li?

Istwa

Li konklizyon istwa a.

“Nan maten Nwèl la mwen te leve ta, lè solèy la te rive sou kabann mwen. Maten Nwèl! Mwen te kouri leve avèk eksitasyon santiman Nwèl la. . . . Mwen te mete rad sou mwen e m te mache al nan salon an. . . .

“Manman m te di, ‘Sa a se pou ou Cheryl,’ pandan li te lonje dwèt anba abdenwèl la.

“Papa m te pouse yon bwat ban mwen. Se te yon gwo bwat san papye men li te mare avèk anpil riban. Mwen te panse se te yon mayo pou m fè espò paske mwen te bewzen youn, men se pa t sa. Lè mwen te retire papye a te gen pi bèl wòb mwen te kapab wè. Se te yon rad stil ansyen avèk jip li plen dantèl. Mwen te konnen li te koute chè.

“Mwen pa t kapab di anyen pandan kèk minit. Mwen pa t ka respire.

“Mwen pa t kapab kwè sa! Ala anfòm! Mwen te di sa plizyè fwa pandan mwen t ap kole rad la sou mwen.

“ . . . Papa m t ap gade nan yon lòt direksyon, men mwen t al chita kote li. Mwen te pase bra m nan kou li e m te bo li tankou yon nounous t ap fè, e mwen pa konnen konbyen tan mwen genyen depi m pa t fè sa!

“ ‘Kòman ou fè achte rad sa a, Papa? Mwen vle di, mwen konnen ou pa gen kòb pou achte sa a!’

“Li te gade. . . mèb la san di anyen, men bouch li te souke yon ti kras. Li te pase men sou zepòl mwen e li te ban m yon ti bo epi li te retire bra l vit. Mwen te chita la pandan kèk ti moman pandan mwen t ap gade pantalon li ki te blaze nan jenou e mwen t ap panse konbyen m ap bezwen bay lanmou epi bay nan lavni” (Carol C. Ottesen, “Holiday Homework,” *New Era*, desanm 1972, pp. 22–23).

Diskisyon

- Lè w tandè fen istwa a, kòman sa chanje santiman ou yo pou papa Cheryl?
- Poukisa ou panse jènfi sa a avèk papa li youn pa t konprann santiman lòt?
- Kòman ou fè konnen paran Cheryl yo te renmen li?
- Eske ou panse kèk fwa si paran ou yo renmen ou?
- Nan ki fason paran ou montre lanmou pa yo?
- Kòman ou kapab aprann konprann paran ou pi byen?

Konprann paran yo se kle pou yon pi bon relasyon

Eksplike lanmou avèk apresyasyon nou pou lòt moun grandi lè nou vin konnen epi konprann plis konsènan istwa, eksperyans avèk santiman yo.

Kesyonè

Si jènfi yo te ranpli kesyonè a alavans, diskite yo nan moman sa a. Si yo poko fè sa, bay chak jènfi yon kopi. Ankouraje yo ranpli yo otan konplèt yo kapab pandan semèn pwochèn nan. Si yo p ap kapab reponn kesyon yo, yo ta dwe mande paran pa yo ede yo reponn.

Kisa ou konnen osijè manman w?

1. Non fanmi li: _____
2. Kote li te fèt: _____
3. Eske se paran li ki te elve l? _____
4. Konbyen frè ak sè li genyen: _____
5. Ki plas li ye nan fanmi an (pi gran, pi jèn, eksetera): _____
6. Travay papa li: _____
7. Eske yo te gen ase lajan? _____
8. Relijyon fanmi li: _____
9. Ki eksperyans espiyèl li ki pi memorab? _____

10. Nenpòt istwa espesyal oubyen tradisyon? _____

11. Ki kalite relasyon li te genyen avèk paran li? _____
12. Ki edikasyon li genyen? _____
13. Ki eksperyans nan lekòl li ki pi memorab? _____

14. Eske li te travay deyò anvan l te marye? _____
15. Ki bi prensipal li nan lavi? _____
16. Kisa k fè l kontan? _____
17. Kisa k fè l tris? _____
18. Ki move moman li te simonte? _____
19. Kisa li pi renmen fè avèk fanmi li? _____
20. Kisa li renmen fè lè li gen tan lib? _____

Kisa ou konnen osijè papa ou?

1. Non li: _____
2. Kote li te fèt: _____
3. Eske se paran li ki te elve l? _____
4. Konbyen frè ak sè li genyen? _____
5. Ki plas li nan fanmi an (pi gran, pi jèn, eksetera): _____
6. Travay papa li: _____
7. Eske yo te gen ase lajan? _____
8. Relijyon fanmi li: _____
9. Ki eksperyans espiyèl li ki pi memorab? _____

10. Nenpòt istwa espesyal oubyen tradisyon? _____

11. Ki kalite relasyon li te genyen avèk paran li? _____
12. Ki edikasyon li genyen? _____
13. Ki eksperyans nan lekòl li ki pi memorab? _____

14. Ki travay li fè? _____

- 15. Ki bi prensipal li nan lavi? _____
- 16. Kisa k fè l kontan? _____
- 17. Kisa k fè l tris? _____
- 18. Ki move moman li te simonte? _____
- 19. Kisa li pi renmen fè avèk fanmi li? _____
- 20. Kisa li renmen fè lè l gen tan lib? _____

Diskisyon

Kontinye diskisyon yo avèk kesyonè yo.

- Eske ou konprann sa paran ou santi osijè relijyon (oubyen Legliz la)?
- Kòman aprann konsènan santiman paran ou ede ou konprann santiman yo?
- Kòman si ou konnen repons keyson sa yo kapab ede ou bati yon pi bon relasyon avèk manman w ak papa ou?

Fini diskisyon an e eksplike jènfi yo ke jènfi nan istwa a te grandi pi pre papa l apre li te konprann kòman li te santi li. Eksplike lè yo aprann konnen pwòp paran yo plis, sa ap ede yo amelyore relasyon yo avèk yo.

Ekriti

Papa nou ki nan Syèl la kòmande chak jènfi pou onore paran li yo

Kite jènfi yo li Exode 20:12. Eksplike Bondye kòmande nou onore paran nou yo. Anvan yon manm klas la li Exode 20:12, mande jènfi yo koute pwomès nou resevwa lè nou suiv kòmandman sa a.

- Ki pwomès Senyè a bay moun ki onore paran yo?
- Kisa pwomès sa a vle di?
- Poukisa ou panse Bondye te fè l yon kòmandman pou onore paran nou yo?

Kite yon jènfi li sa Pòl konseye nan Colossiens 3:20.

- Ki rezon Pòl bay pou nou onore paran yo?

Eksplike lè nou aprann onore epi obeyi paran nou sou latè, sa ede nou gen pi bon relasyon avèk yo. Sa kapab prepare nou tou pou nou renmen epi obeyi Papa nou ki nan Syèl la.

Kesyon pou reflechi

Nou responsab pou amelyore relasyon nou avèk paran nou yo

- Eske konnen sa Bondye te kòmande ou pou onore epi obeyi paran ou yo amelyore relasyon ou avèk yo *otomatikman*?

Diskisyon sou tablo

- Ki kèk fason espesifik ou kapab fè pou amelyore relasyon ou avèk paran ou yo?

Pandan jènfi yo ap reponn, rezime repons yo sou tablo a. Sigjesyon k ap suiv yo kapab itilize kòm yon gid.

<p>Pou enbeli relasyon mwen avèk paran m yo. M ap—</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Obeyi. 2. Gen fidèlite pou yo e m p ap di bagay ki pa janti sou yo ni di yo. 3. Vin pi kontan avèk tout manm nan fanmi mwen. 4. Vin yon bon moun mwenmenm. 5. Ede plis nan kay la. 6. Eseye konprann poukisa yo ye epi kisa yo ye. 7. Eksprime apresyasyon avèk mèsè mwen. 8. Diskite pwoblèm, plan, avèk bi yo avèk yo. 9. Toujou kite yo konnen kote mwen ye.

Prezantasyon
pou enstriktè a

Eksplike yon pitit fi kapab fè anpil bagay pou amelyore relasyon li avèk paran li yo. Anpil paran tap kontan avèk bagay diferan, men vin yon bon moun se yon fason chak fi kapab onore paran li. Yon pitit fi pa kapab chanje paran li, men li kapab amelyore epi ranfòse relasyon li e chanje ajisman pa li. Eldè Loren C. Dunn bay yon bon egzanp:

“Mwen sonje yon pyès sou yon estaj ki te fèt nan yon film. Sete yon paran ki te gen yon sèl pitit, yon pitit gason, ki te retounen soti nan sèvis militè. Papa a avèk pitit gason an pa t janm pre youn avèk lòt. Se te yon sitiasyon kote papa avèk pitit gason an youn te renmen lòt men yo pa t kapab jwenn fason pou youn di lòt sa, epi konsa move santiman te devlope paske chak te panse lòt la pa t renmen li. . . . Pati ki pi eksitan nan pyès la se lè ti gason an te di papa l kèk bagay tankou:

“ ‘Papa, mwen pa t renmen w lè m te pi jèn paske ou pa t janm di m ou te renmen mwen, men mwen reyalize mwen pa t janm di ou mwen te renmen ou tou. M ap di ou kounyeya Papa: Mwen renmen ou.’

“Pandan yon moman enspire papa a avèk pitit gason an, youn te anbrase lòt pandan youn t ap di amou li avèk apresyasyon li pou lòt la. Petèt sa pa tap janm rive si pitit gason an pa t reyalize li te otan koupab ke paran li yo nan manke di bagay sa yo” (nan Conference Report, avril 1969, pp. 22–23; oubyen *Improvement Era*, jen 1969, pp. 52–53).

Istwa avèk tablo

Ajoute fraz *Di yo ou renmen yo* nan lis sou tablo a.

Yon jènfi ki te detèmine pou l amelyore santiman li pou paran li te priye Papa nou ki nan Syèl la. Pandan li t ap priye, li te deside di Senyè a mèsè pou paran li yo, menm si li pa t janm fè sa anvan. Pandan li te di mo mèsè yo, tèt li te vin ranpli avèk rezon li ta dwe gen gratitud pou paran li yo. Li te leve kanpe avèk yon lanmou nouvo avèk konpreyansyon pou de moun li te reyalize ki te otan pitit Bondye ke limenm te ye.

Tablo a

Ajoute *Priye pou èd* nan lis sou tablo a.

Kesyon pou reflechi

• Kisa w ap fè pou amelyore relasyon pa ou avèk paran ou pou w fè Papa nou ki nan Syèl la kontan?

Aktivite yo sigjere

1. Planifye yon swarye pou onore paran yo.
2. Devlope yon plan pou chak jènfi akonpli nan pwòp kay li, avèk frè ak sè li yo, pou eksprime onè ak apresyasyon pou paran li yo.
3. Sigjere chak jènfi ekri paran yo yon lèt apresyasyon.
4. Chak jènfi ta kapab fikse bi pèsònèl pou montre paran li yo onè avèk respè.

Kisa ou konnen konsènan manman ou?

1. Non fanmi li: _____
2. Kote li te fèt: _____
3. Eske se paran li ki te elve li? _____
4. Konbyen frè ak sè li genyen? _____
5. Ki plas li ye nan fanmi an (pi gran, pi jèn, eksetera): _____
6. Travay papa li. _____
7. Eske yo te gen ase lajan? _____
8. Relijyon fanmi li: _____
9. Ki eksperyans espiyèl li ki pi memorab? _____
10. Nenpòt istwa espesyal oubyen tradisyon? _____
11. Ki kalite relasyon li te genyen avèk paran li yo? _____
12. Kisa edikasyon li genyen? _____
13. Ki eksperyans nan lekòl li ki pi memorab? _____
14. Eske li te travay deyò lakay li anvan li te marye? _____
15. Ki bi prensipal li nan lavi? _____
16. Kisa k fè l kontan? _____
17. Kisa k fè l tris? _____
18. Ki move moman li te simonte? _____
19. Kisa li pi renmen fè avèk fanmi li? _____
20. Kisa li fè lè li gen tan lib? _____

Kisa ou konnen osijè papa ou?

1. Non li: _____
2. Kote li te fèt: _____
3. Eske se paran li ki te elve l? _____
4. Konbyen frè avèk sè li genyen? _____
5. Ki plas li ye nan fanmi an (pi gran, pi jèn, ekstera): _____
6. Travay papa li: _____
7. Eske yo te gen ase lajan? _____
8. Relijyon fanmi li? _____
9. Ki eksperyans espiyèl li ki pi memorab? _____
10. Nenpòt istwa espesyal oubyen tradisyon? _____
11. Ki kalite relasyon li te genyen avèk paran li yo? _____
12. Ki edikasyon li genyen? _____
13. Ki eksperyans nan lekòl li ki pi memorab? _____
14. Ki travay li fè? _____
15. Ki bi prensipal li nan lavi? _____
16. Kisa k fè l kontan? _____
17. Kisa k fè l tris? _____
18. Ki move moman li te simonte? _____
19. Kisa li pi renmen fè avèk fanmi li? _____
20. Kisa li pi renmen fè lè li gen tan lib? _____

OBJEKTIF	Chak jènfi ap aprann kijan pou soutni epi lwayal avèk fanmi li.
PREPARASYON	<ol style="list-style-type: none"> 1. Foto 4 avèk 5, yon manm fanmi k ap sipòte lòt, ki nan fen manyèl la. Montre foto yo yon lè apwopriye pandan lesan an. 2. Fè yon kopi ekriti nan konklizyon pou chak jènfi. 3. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon ou vle.
Nòt pou enstriktè a	Pandan w ap prepare lesan sa a, gen sansiblite pou manm nan klas la ki pa gen yon papa, manman, ni frè ak sè lakay yo oubyen ki gen manm nan fanmi yo ki pa aktif nan Legliz la.
DEVLOPMAN POU LESON YO SIGJERE	Entwodiksyon
Prezantasyon pou enstriktè a avèk diskisyon	<p>Mande jènfi yo panse sou yon lè kote yo t ap pale avèk yon zanmi yo e yo te santi kòm si zanmi an pa t ap koute sa yo t ap di a. Mande yo panse sou yon lè zanmi yo pa t suiv oubyen pote atansyon a sa yo t ap di a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kòman ou te santi ou lè zanmi ou nan pa t koute ou? • Ki diferans sa te fè lè zanmi ou te koute epi te montre yo te enterese nan sa w t ap di a?
Prezantasyon pou enstriktè a	<p>Eksplike nou chak bezwen apwobasyon moun ki pou ba nou sipò, fidèlite ak ankourajman. Yon fanmi kapab bay kalite fòs, entouzyas, ak sekirite sa a lè tout manm li yo ini yo pou youn sipòte lòt. Senyè a te mande nou gen inite nan relasyon nou avèk fanmi nou sou tè sa a. Yon santiman inite se kle pou yon fanmi Sen Dènnye Jou gen siskè. Paran dwe gen inite avèk timoun, timoun dwe soutni paran, e frè ak sè dwe soutni youn lòt pou kreye santiman sa a. Nou dwe travay ansanm epi youn sipòte lòt pou fanmi nou kapab atenn destinasyon etènèl yo.</p>
Sitasyon	<p>“Ke w se yon moun k ap elve epi ankouraje lòt moun. Ke w se yon moun ki gen konpreyansyon avèk yon kè padonan, k ap chèche sa k pi bon kay moun. Moun ta dwe vin pi bon apre yo fin konnen ou akòz bon enflyans ou sou yo” (Marvin J. Ashton, nan Conference Report, avril 1992, p. 26; oubyen <i>Ensign</i>, me 1992, p. 20).</p>
Diskisyon	<ul style="list-style-type: none"> • Kimoun nou gen relasyon avèk yo ki ka ba nou sipò pou n vin pi bon moun? (Paran, frè, sè, lòt paran, enstriktè, zanmi ak dirijan Legliz yo.) • Kimoun nou gen relasyon avèk yo k ap soutni nou men nou pa ka wè? (Papa nou ki nan Syèl la, moun ki renmen nou ki deja mouri, ak sa ki poko vin sou tè a.)
Prezantasyon pou enstriktè a	<p>Eksplike li enpòtan pou nou aprann kòman epi kilè pou nou soutni manm fanmi nou yo. Yon bon fason pou kòmanse se pou nou vin konn sa chak manm nan fanmi nou fè nan Legliz, travay, lekòl, epi nan kay. Nou bezwen konnen lè yo gen defi espesyal.</p>
	Soutni papa ou
Diskisyon	<p>Eksplike antanke chèf fanmi an, yon papa gen responsablite byennèt espirityèl ak tanporèl fanmi li.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ki kalite responsablite diferan papa yo genyen nan fanmi ou? (Repons yo ap diferan e yo kapab gen plizyè sityasyon kote papa yo akonpli plizyè bezwen tankou fizik, emosyonèl, entelektyèl, ak espirityèl.) • Kòman ou kapab aprann sa travay avèk apèl nan Legliz papa ou mande? Kisa ou kapab fè pou soutni papa ou nan devwa enpòtan sa yo?

Prezantasyon pou enstriktè a	Eksplike amezi yon jènfi aprann responsablite papa li epi priye pou li chak jou, l ap vin reyalize sa l ka fè pou soutni l epi ede li. Pafwa sa ki pi bon se pou priye pou li chak jou. Li kapab mande papa l priye pou li tou oubyen, lè li santi li bezwen sa, pou ba l yon benediksyon. Asire yo kapab gen yon gran pouvwa sipò youn pou lòt pa fason sa a.
Diskisyon	<ul style="list-style-type: none"> • Kilè w ka bezwen èd divin ak yon benediksyon espesyal? (Lè w ap pase yon egzamen enpòtan, lè lekòl kòmanse, lè w ap fè yon diskou, lè w ap deplase, ekstera.) <p>Eksplike pafwa nou bezwen plis fòs nan men Senyè a lè n ap fè fas ak ankisyete, eprè, tantasyon. Pi fò papa yo vle ede timoun yo lè yo konnen bezwen yo. Men se pou nou menm nou pataje santiman yo avèk papa nou e mande yo èd yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kòman mande pou papa ou ba w yon benediksyon se yon fason ou soutni li? Eksplike menm si yon papa ki pa detantè prèttriz pa ta kapab bay yon bendiksyon prèttriz, li kapab ede nan anpil lòt fason.
Istwa ak diskisyon	<p>Rakonte istwa ki suiv la epi itilize kesyon yo pou ede diskisyon an.</p> <p>Pandan Sarah ta prale nan inivèsite, li te gen yon pwoblèm e li te bezwen konsèy. Papa l pa t aktif nan Legliz, men Sarah te santi l se te moun li ta dwe mande èd. Lè li te pataje pwoblèm li avèk limenm, li pa t vrèman vle konseye li. Men, finalman li te ba li bon konsèy apwopo pwoblèm li. Papa Sarah te di manman li pita, "Se te moman mwen te gen plis fyète lè pitit fi m te vin kote m epi mande m konsèy mwen."</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kòman Sarah te soutni papa li? • Ki efè nan avni demann Sarah te fè papa l la ka genyen? • Ki kalite relasyon yon papa avèk yon pitit fi kapab genyen si yo bay epi resevwa kalite èd sa a? <p>Eksplike menmjan nou renmen yo wè sa nou akonpli oubyen fè nou konpliman paske nou fè yon bon travay, se konsa papa nou apresye sa tou. Yon pitit fi te ekri papa l yon nòt espesyal jou anivèsè li. Li te fini konsa, "Ou se pi gran gason mwen konnen. Pafwa lè m tande zanmi m yo ap di move bagay sou paran pa yo, mwen vin pi rekonesan paske ou se papa mwen. Mwen renmen ou anpil anpil. Mèsi pou anpil bagay ou fè pou mwen e sa ki pi enpòtan pou bon egzanp ou."</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kòman yon lèt tankou sa a fè yon papa santi li? • Ki kèk fason nou ka montre lanmou, respè, koutwazi, avèk gratitud? <p>Mande jènfi yo pou yo panse sou dènye fwa yo te fè papa yo konpliman pou yon bagay, sou fason yo wè ak fason yo aji.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kòman yon pitit fi kapab eksprime oubyen montre apresyasyon li pou bagay tankou: konfò yon kay, rad, konsèy, yon bon egzanp, pou lavi li menm?
Tablo a	Diskite epi ekri sou tablo a lòt fason yon jènfi kapab soutni papa li.

Soutni manman ou

Diskisyon	<ul style="list-style-type: none"> • Ki kalite responsablite diferan manman yo genyen nan fanmi yo? (Repons yo kapab plizyè kalite sityasyon kote manman yo akonpli bezwen fizik, emosyonèl, entèlektyèl, oubyen espiritiyèl.) <p>Ede jènfi yo konprann konbyen travay sa pran pou paran yo elve yon fanmi avèk anpil sakrifis paran yo fè nan lavi yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ki orè manman w chak jou? Konbyen tan apèl li nan Legliz la mande l? Kisa w kapab fè pou soutni manman w nan responsablite enpòtan l yo?
Prezantasyon pou enstriktè a	Di jènfi yo aprann apwopo responsablite manman pa yo se premye pa pou soutni li. Eksplike anpil nan bagay yo kapab fè pou soutni papa pa yo ap ede yo soutni manman pa yo tou. Yo kapab mande manman yo konsèy, priye pou yo, eksprime apresyasyon yo pou tout bagay manman yo fè.
Istwa avèk diskisyon	<p>Rakonte istwa k ap suiv la:</p> <p>Aprè lanmò manman li, yon pitit fi te jwenn pami byen pèsònèl manman li plizyè pake nòt avèk lèt ki te byen mare. Li te byen sezi pou l reyalize manman li te sove ekspresyon</p>

lanmou avèk apresyasyon fanmi li te ba li pandan anpil ane. Se te trezò li. Pitit fi a pa t gen okenn ide sou kijan bagay sa yo te vle di anpil bagay pou manman li.

• Kòman ou panse yon manman santi li lè timoun li yo remèsye li pou bagay li fè? Eske w panse li note lè yo pa di l mès?

Soutni paran ou yo

Prezantasyon
pou enstriktè a

Eksplike jènfi yo, plis pase timoun yo, paran yo bezwen yo soutni yo pa ekspresyon vèbal yo. Chak fanmi gen sikontans diferan ki ajoute nan responsablite paran yo genyen.

Istwa

Rakonte istwa sa a ki montre kisa yon pitit fi te fè pou soutni paran li yo:

Lè mari li te resevwa apèl pou vin manm nan prezidans pieu a, yon madanm te kanpe sou pipit la pou l di anpil gratid li pou pi gran pitit fi li ki te toujou soutni li. Li te sonje pandan mari li t ap sèvi kòm evèk, Kristin te ede l nan anpil responsablite nan fanmi li ki gen uit timoun. Li te di sa Kristin te ekri nan jounal li ke l te pataje avèk li yon ane apre li ekri li. Li te di konsa: “Mwen konnen mwen pa fè tout sa mwen ta dwe fè pou fanmi m, donk mwen te fikse yon bi pou toujou ede lè yo bezwen èd. Manman m pral bezwen plis èd paske li pral akouche. Mwen vle toujou disponib lè l bezwen mwen. Mwen konnen lè mwen sèvi fanmi m, m ap sèvi Papa mwen ki nan Syèl la tou.

Diskisyon

Pataje sityasyon ki suiv yo avèk jènfi yo epi mande yo kisa yo ta kapab fè nan chak sityasyon pou ede paran yo oubyen pou montre lanmou ak sousi pou yo.

1. Granmè w malad e li bezwen anpil swen nan kay li.
2. Granpè ou te gen yon kriz tansyon e li oblije vin rete lakay ou.
3. Se anivèsè maryaj paran ou.
4. Dimanch pwochè se jou jèn, e ou konnen kèk tach manman w genyen kounyeya.
5. Papa ou bezwen èd ou, men ou gen yon zanmi k ap vizite ou apre lekòl e ou vle avèk li.
6. Papa avèk manman ou pa lakay pandan jounen an, e pi jèn frè avèk sè ou yo vin lakay menm tan avèk oumenm.

Soutni chak frè ak sè

Prezantasyon
pou enstriktè a

• Poukisa li difisil pafwa pou ekspri afeksyon epi soutni frè avèk sè ou yo?

Eksplike kèk moun anbarase pou montre lanmou pou frè avèk sè yo. Gen lòt moun ki gen mani joutè frè avèk sè pa yo olye yo ede yo grandi.

Istwa

Sè Emma Rae McKay, madanm Prezidan David O. McKay, rakonte yon istwa apwopo yon jènfi ki te renmen jwe pyano pandan li ap chante pou vizitè oubyen pou zanmi li.

“Yon jou pi gran frè li te tande l, epi lè yo te rive lakay, li te chare fason li t ap chante, li te ri epi te di konsa, ‘Ou panse moun renmen tande ou k ap eseye chante. Yo sèlman fè tankou yo renmen tande w.’ [Li] pa t vle chante apre sa a; omwen, li te bezwen konnen frè li pa t nan zòn kote l ap tande l k ap chante. . . . Nenpòt kote yo ale. . . . [frè avèk sè yo ta dwe priye pou siksè youn lòt, e si youn kapab chanté oubyen fè lòt bagay santi l ap fè pi byen poutèt priye sa yo, li t ap toujou vle fanmi li prezan nan tan ki byen enpòtan nan lavi li e lè li timid epi lè l pè pou l pa fè èd. Sa li vle se motivasyon moun ki akspete li. E sa ta dwe soti pami manm fanmi an. Epi apre anpil preparasyon ak pèfòmans difisil, bonè li t ap gran si fanmi li ki jwenn pawòl pou fè l konpliman epi ki ankouraje li” (Emma Rae Riggs McKay, *The Art of Rearing Children Peacefully* [Provo:Brigham Young University Press, 1952], p. 11).

Istwa

Yon pitit fi sonje papa l te montre l kòman yon timoun kapab ede yon lòt nan yon fanmi. “Yon fwa papa m te pote de bokit nan salon an—youn te plen dlo, lòt la te vid. Epi li te mande nou chak panse sou yon bagay ki te fè nou fache oubyen dekouraje jou sa a. Pou chak bagay nou te di, li te retire yon tas dlo nan bokit ki te gen dlo a. Epi li te di nou nou menmjan avèk bokit sa a, e lè bagay ki agase nou yo rive pandan jou sa a, yo retire yon tas konfyans nan tèt ou. Lè sa pase, nou vin pi pre. . . fon an [jiskaske bokit la vid nèt].

Epi li te gade lòt bokit la. Li te mande nou pou nou bay sigjesyon sou fason nou ta kapab ede yon moun ki te gen yon bokit ki vid vin plen li ankò. Apre chak sigjesyon, li te fè nou chak ranpli bokit la avèk yon tas dlo. Epi papa m te di pou fini ke kay la se kote nou vin ranpli bokit nou e nou ta dwe gade e vin sansib pou lòt moun, paske nou responsab ede ranpli bezwen frè avèk sè nou yo” (Eric G. Stephan ak Judith Stephan Smith, *What Happy Families Are Doing* [Salt Lake City: Deseret Book Co., 1981], pp. 57–58).

Diskisyon
avèk tablo a

Ekri sou tablo a fason jènfi yo sigjere pou bati epi soutni frè avèk sè pa yo. Dirije diskisyon an, e itilize istwa ou fèk li a avèk demonstrasyon kòm yon baz pou diskisyon an. Petèt w ap vle mande kesyon tankou sa yo:

- Ki santiman ou genyen lè yon manm nan fanmi an genyen oubyen akonpli yon bagay? Eske ou vle pataje byen ou avèk lòt moun? Ki dènye fwa ou te soutni frè oubyen sè ou? Kòman sa te chanje relasyon ou avèk moun sa a? Eske ou tann pou yon moun fè yon bagay ki janti pou ou anvan ou ofri soutyen ou?

Diskisyon

- Kisa yon jènfi ta kapab fè nan sityasyon k ap suiv la pou montre soutyen li?

1. Yon frè ap sèvi yon misyon.
2. Yon sè ki marye avèk mari li pa t soti souvan paske yo gen plizyè timoun.
3. Yon pi jèn sè gen tach pou l ofri premye priyè li nan Primè.
4. Yon frè ap resevwa avansman nan prèttriz la.
5. Yon sè ap bay yon konsè pyano pou sware jedi pwochen an. Ou gen yon egzamen enpòtan nan lekòl vandredi.

Konklizyon

Prezantasyon
pou enstriktè a

Kite yon manm klas la li D&A 108:7. Di jènfi yo atitid ki soutni yo kapab afekte moun trè fasil. Atitid sa yo kapab koule nan yo pou chak manm nan fanmi yo, e pwoblèm yo ap desann e sa ap ede santiman ki bon avèk inite nan fanmi an.

Aplike leson an

Sigjere chak jènfi fè omwen yon bagay pandan semèn k ap vini an pou papa, manman, frè, avèk sè li k ap montre l ap soutni yo.

Vin pi endepandan nan pran swen bezwen fizik, mantal ak espiryèl, pati 1

Leson

11

OBJEKTIF Chak jènfi ap rekonèt l ap grandi nan endepandans e l ap chèche vin gen plis konfyans nan tèt li.

PREPARASYON

1. Foto 6, 7, 8 avèk 9, Yon tifi piti, yon jènfi, yon madanm avèk mari l, yon jèn manman avèk pitit li. Tout nan fen manyèl la.
2. Pote kreyon pou manm klas la.
3. Fè yon kopi ti egzamen sou paj apre a pou chak jènfi, oubyen prepare pou li l fò pou yo.
4. Fakiltatif: Fè yon kopi powèm, "Soti," pou chak jènfi pote lakay yo.
5. Chwazi jènfi pou prezante nenpòt ekriti, istwa, oubyen sitasyon ou vle.

DEVLOPMAN POU LESON YO SIGJERE

Prezantasyon pou enstriktè a avèk diskisyon

Lè nou pi gran, nou vin mwens endepandan

Montre foto fi ki gen laj diferan. Mande jènfi yo konsidere foto fi yo. Itilize kesyon yo pou ankouraje yon diskisyon pou ogmante abilite ki vini nan nou avèk matirite. Paegzanp:

- Kisa yon tigason ki gen senkan kapab fè ke yon ti bebe pa kapab fè? (Mache, pale, abiye tèt li, fè chwa ki senp, eksetera.)
- Kisa yon moun ki gen venndezan ta kapab fè yon moun ki gen katòzan pa kapab fè? (Kondi yon machin, soti avèk lòt sèks la, gen yon djòb, marye, gen yon fanmi, eksetera.)
- Poukisa nou pa atann yon moun ki gen senkan ka fè sa yon moun ki gen katòzan kapab fè, oubyen yon moun ki gen katòzan ka fè sa yon moun ki gen venndezan kapab fè?

Ede jènfi yo reyalize chanjman depandans jiskaske endepandans vini dousman epi chak laj gen kapasite pa yo.

Sitasyon

Prezidan Spencer W. Kimball te di:

"Pou premye dis ane lavi ou ou te gen jou ki te plen lajwa, bonè, avèk sans responsablite. Paran ou yo ak fanmi w te pwoteje ou, te anseye w epi nourri ou, te abiye ou e te ba ou yon kay; men kounyeya nan pwòchèn dis ane yo gen kèk relasyon avèk kontwòl. Nan tan k ap vini an w ap devlope pèsonalite w, w ap fè plis chwa. W ap grandi an matirite epi w ap pran responsablite" ("President Kimball Speaks Out on Planning Your Life," *New Era*, septanm 1981, p. 47).

Diskisyon

- Poukisa premye dis ane lavi ou se kòm si ou pa gen responsablite? Kimoun ki pran responsablite pou ou lè sa a?
- Kòman paran ou avèk fanmi w pran swen ou?
- Ki responsablite nouvo ou te pran lè w te batize?
- Poukisa ou gen plis kontwòl pwòchèn dis ane nan lavi ou?
- Ki kalite desizyon ou kapab fè kounyeya ou pa t ka fè lè ou te gen dizan?

Nòt pou enstriktè a

Asire ou jènfi yo konprann byen klè pou yo asime responsablite epi vin pi endepandan se bon bagay e se sa Papa nou ki nan Syèl la espere epi atann nou fè. Men sa pa vle di nou vin endepandan anba direksyon li nan lavi nou oubyen sanble nou vin endepandan de konsèy paran nou oubyen dirijan prèttriz nou yo. "Senyè a byen janti pou libète li ba nou. Lè nou aprann fè sa ki bon, n ap vin endepandan espiryèlman, e libète ak endepandans nou vin pi fèm" (Boyd K. Packer, "Self-reliance," *Ensign*, out 1975, p. 89).

Tablo a

Ekri mo *depandans* sou kote goch tablo a epi ekri mo *endepandans* sou kote dwat tablo a. Ekri yon flèch ki soti nan *depandans* ale nan *endepandans*. Eksplike Pwofèt Joseph Smith te bay yon bon definisyon endepandans lè yon moun te mande l kòman li te gouvène Sen yo. Kite yon moun li fraz sa a: "Mwen anseye yo prensip ki kòrèk, epi yo gouvène tèt yo" (site pa John Taylor, *Millennial Star*, 13:339).

Eksplike gen de pati enpòtan nan endepandans. Premyèman nou dwe konnen prensip kòrèk yo. Epi nou dwe gen abilite gouvène tèt nou sou baz prensip sa yo.

Ti egzamen

Pou ede jènfi yo mezire endepandans yo, ba yo ti egzamen ki suiv la. Bay jènfi yo yon kreyon avèk yon kopi ti egzamen an. Li de fraz ki mache ansanm. Fraz yo sou goch la di yo bezwen fè pi byen; fraz sou dwat la vle di endepandans. Mande jènfi yo bay tèt yo nòt apati 1 menm jiska dis pou chak sijè, en se nòt ki pi ba e dis se nòt ki pi wo.

Reprezante 1

1. Lèt moun detèmine plis nan bagay mwen fè.
2. Mwen evite fè mennaj avèk lòt travay.
3. Souvan mwen pa fini devwa lekòl mwen e mwen bliye etidye.
4. Mwen p ap touche okenn lajan; tout sa m genyen se paran m ki ban mwen yo.
5. Lè li lè pou m leve oubyen lè pou m egzèse talan m yo, mwen gen pwoblèm kòmanse fè sa poukont mwen.
6. Lè mwen gen pwoblèm, mwen bay yon eskiz oubyen akize yon lòt moun.
7. Mwen pa gen plan pou sa mwen vle fè kòm travay.
8. Mwen pa souvan li ekriti yo andeyò legliz.
9. Mwen souvan anreta nan klas oubyen nan reyinyon yo.
10. Mwen pa jene souvan paske mwen tèlman grangou lè m jene.

Nòt ou

Reprezante 10

1. Mwen kapab pran yon desizyon ki baze sou prensip levanjil yo, menm si sa vle di fè yon bagay diferan de sa zanmi m yo ap fè.
2. Mwen rekonèt mwen bezwen èd ak travay nan kay la epi soutni paran ak fanmi m yo.
3. Mwen fè devwa lekòl mwen yo epi mwen planifye kilè pou m etidye.
4. Mwen touche enpe nan lajan mwen. Mwen ka jere lajan m epi planifye dim mwen ak ekonomi mwen. Mwen konnen kòman pou m achte avèk sajès.
5. M ap aprann disipline tèt mwen konsa mwen leve alè pou m pratike talan m yo.
6. Mwen pran responsablite pwòp erè m avèk pwoblèm mwen yo.
7. M ap devlope kèk talan k ap ede m kalifye pou m travay epi mwen gen kèk bagay m panse etidye.
8. Mwen gen plan pou etidye epi li ekriti yo chak jou.
9. Mwen kapab jere tan mwen epi rive nan reyinyon yo alè.
10. Mwen jene lè mwen bezwen èd Senyè a avèk pwoblèm espesyal yo.

Diskisyon avèk sesyon pou bay rapò

Nou kapab vin pi endepandan

Aprè jènfi yo gen tan pran ti egzamen yo, eksplike vin endepandan se yon pwosesis ki pran tan. Nou pa vin endepandan toudenkou. E nou grandi avèk vitès diferan nan zòn diferan dapre ti egzamen an.

Avèk èd jènfi yo, seleksyone de oubyen twa sijè nan ti egzamen yo ki sanble enpòtan pou klas la. Si klas la ase gran, divize yo an ti gwoup epi bay chak gwoup youn nan sijè yo pou diskite. Kite jènfi yo pataje lide pa yo sou kòman pou vin pi endepandan nan sans sa a. Paegzanp: panse epi pataje fason pou fè tèt ou sonje pratike oubyen fini tach chak jou yo, fason ki ka ekonimize lajan w depanse, epi asire w ou te peye dim premyèman, fason pou ranfòse tèt ou chak jou lè ou li ekriti yo. Yon jènfi nan chak gwoup ta dwe ekri lide pa yo. Kite gwoup yo bay yon rapò nan lide yo te rasanble yo.

Diskisyon
avèk ekriti yo

Kite jènfi yo chèche D&A 93:13–14, 20, epi li epi make vèsè sa yo. Ede yo reyalize pwogrese epi grandi pa rive toudenkou. Sovè a menm te grandi nan plenitud epi li te resevwa gras sou gras. Mande yo reflechi sou vèsè 20 an.

- Ki pwomès nou kapab resevwa nan vèsè sa a? (Nou kapab grandi tankou Sovè a te fè, piti piti, e vin ranpli nèt.)

Eksplike menmjan avèk yon ti poul, ki dwe kraze koki li poukont li, se menm bagay lè nou grandi vin endepandan epi sa mande efò. Pafwa n ap santi li di pou nou grandi.

Bay powèm
nan (fakiltatif)

Li powèm ki suiv la:

Soti

Kèk aprantisaj blese. . . .

E nouvo aprantisaj la
dous

si tèlman gen tandrès.

Sa fè pè pou w pa

anyen anplis pase

yon souffle blan

k ap sonnen

Epi sonje

e sonje

twompèt

pou pwoteje:

"M ap rasanble. . .

Tankou yon kòk

rasanble

poul li yo

anba zèl li. . ."

Yon kote pou grandi

an fòs.

(Diane Dibb Forbis, *New Era*, desanm 1977, p. 7.)

Diskisyon

- Ki kèk "aprantisaj" ak "nouvo ansèyman" ou fè eksperyans nan dezyèm dizan lavi ou? (Kèk egzanp kapab yon temwayaj k ap grandi, nouvo tantasyon, nouvo defi nan lekòl, chanje relasyon avèk zanmi yo, eksetera). Eske tout bagay nouvo sa yo avèk desizyon yo pafwa fè w santi w tankou yon "soufle blan", "plen tandrès" epi fè nou pè?

- Kisa yon "apèl twompèt" ye? (Twompèt n ap pale la a se youn ki gen yon son trè klè).

- Lè nou pa si oubyen nou pè pandan n ap eseye grandi, kisa powèm nan sigjere nou fè? Kimoun epi ki kote ki ofri nou pwoteksyon? (Senyè a, paran nou, fanmi nou, lakay nou.)

Diskisyon ak ekriti yo

Kite jènfi yo chèche D&A 29:1–2 epi li epi make ekriti sa a.

- Kimoun ki pwomèt pou l rasanble nou "tankou poul rasanble ti pou l li yo anba zèl li? Eksplike nou kapab grandi an fòs lè nou pre Papa nou ki nan Syèl la avèk Sovè a.

Konklizyon

Prezantasyon pou
enstriktè a

Eksplike lè nou vin pi endepandan, nou fè Papa nou ki nan Syèl la kontan. Li vle nou aprann fè anpil bagay poukont nou. Li pa kontan avèk moun ki sèlman fè bagay moun di yo pou yo fè. (Gade nan D&A 58:27–29).

Eksplike lè nou ti kras pa ti kras vin mwens depandan sou lòt moun, nou bezwen antrene tèt nou pou tande direksyon klè, "apèl twompèt" Senyè a. Nou bezwen aprann gouvène tèt nou avèk prensip li yo. Papa nou ki nan Syèl la, k ap tann nou grandi avèk anksyete, ap ba nou fòs pou nou akonpli sa.

Ti egzamen

Reprezante 1

1. Lòt moun detèmine plis nan bagay mwen fè.
2. Mwen evite fè mennaj avèk lòt travay.
3. Souvan mwen pa fini devwa lekòl mwen e mwen bliye etidye.
4. Mwen p ap touche okenn lajan; tout sa m genyen se paran m ki ban mwen yo.
5. Lè li lè pou m leve oubyen lè pou m egzèse talan m yo, mwen gen pwoblèm kòmanse fè sa poukont mwen.
6. Lè mwen gen pwoblèm, mwen bay yon eskiz oubyen akize yon lòt moun.
7. Mwen pa gen plan pou sa mwen vle fè kòm travay.
8. Mwen pa souvan li ekriti yo andeyò legliz.
9. Mwen souvan anreta nan klas oubyen nan reyinyon yo.
10. Mwen pa jene souvan paske mwen tèlman grangou lè m jene.

Nòt ou Reprazante 10

1. Mwen kapab pran yon desizyon ki baze sou prensip levanjil yo, menm si sa vle di fè yon bagay diferan de sa zanmi m yo ap fè.
2. Mwen rekonèt mwen bezwen èd ak travay nan kay la epi soutni paran ak fanmi m yo.
3. Mwen fè devwa lekòl mwen yo epi mwen planifye kilè pou m etidye.
4. Mwen touche enpe nan lajan mwen. Mwen ka jere lajan m epi planifye dim mwen ak ekonomi mwen. Mwen konnen kòman pou m achte avèk sajès.
5. M ap aprann disipline tèt mwen konsa mwen leve alè pou m pratike talan m yo.
6. Mwen pran responsablite pwòp erè m avèk pwoblèm mwen yo.
7. M ap devlope kèk talan k ap ede m kalifye pou m travay epi mwen gen kèk bagay m panse etidye.
8. Mwen gen plan pou etidye epi li ekriti yo chak jou.
9. Mwen kapab jere tan mwen epi rive nan reyinyon yo alè.
10. Mwen jene lè mwen bezwen èd Senyè a avèk pwoblèm espesyal yo.

Vin pi endepandan nan pran swen fizik, mantal ak esprityèl, pati 2

OBJEKTIF

Chak jènfi ap chèche ranfòse relasyon li avèk fanmi li lè li vin pi endepandan.

PREPARASYON

1. Pote papyè avèk kreyon pou manm klas la.
2. Pote de mòso rad—youn ki twò piti epi twò jèn pou laj sa a ak youn ki twò gwo epi ki sanble twò gran pou laj sa a.
3. Mande kat jènfi prepare anvan klas la pou prezante mizansèn yo.
4. Avèk apwobasyon dirijan prètriz la, chwazi kat moun. Youn jènfi ki gen disètan ta dwe prezante topik 1 avèk 2. Mande yo bay jènfi yo sigjesyon pozitif kòman trete avèk chanjman nan fanmi pa yo. Youn manman ta dwe prezante topik 3 bay youn jènfi ki gen katòzan (petèt piti fi li). Mande yo pataje lide avèk klas la sou fason manman avèk piti fi yo kapab gen relasyon tankou adilt yo. Chak moun ta dwe pran pa plis pase kat minit. Ou ta dwe gide diskisyon avèk komantè ou avèk kesyon pou ou kapab avèkonpli objektif leson an. Si ou pa kapab chwazi kat moun, diskite avèk klas la topik ki pi enpòtan yo. Ansanm ekri bagay jènfi yo avèk manman yo ta kapab fè pou kenbe relasyon fanmi yo fò pandan tan sa y ap grandi a.
5. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon yo ou vle.

Nòt pou enstriktè a

Etidye leson an e chwazi jènfi yo pou prezante devwa pa yo avèk swen pou ou gen ase tan nan klas. W ap bezwen anviwon demi tan klas la pou youn diskisyon.

DEVLOPMAN POU LESON YO SIGJERE

Aktivite avèk diskisyon

Nou bezwen ajiste atitid ak santiman yo ki chanje lè nou vin pi endepandan

Montre jènfi yo de mòso rad. Mande youn nan jènfi yo si li panse li ta kapab pote ti mòso rad la. Eske li ta konfòtab? Eske li ta pote lè li avèk zanmi li yo? Mande youn lòt jènfi pou panse kòman mòso rad ki twò gwo tap santi? Eske li tap konfòtab pote li? Poukisa oubyen poukisa pa?

Prezantasyon pou enstriktè a

Ede jènfi yo panse apwopo etap pa yo nan lavi a. Y ap vin adilt e y ap gen pou pran pi gwo responsablite pou aksyon pa yo. Yo kapab santi yo anpeche paske yo toujou jèn moun. Gen de lè yo kapab santi yo pa asire avèk responsablite youn adilt genyen. Lè yo grandi nan kapasite vin pi endepandan yo kapab gen menm santiman yo tap genyen si yo te pote mòso rad ki gwo. Eksplike santiman yo ka chanje kapab ba yo menm avèk famni yo konfizyon.

Ti pyès teyat

Itilize ti pyès teyat sa yo pou ede jènfi yo reyalize kòman konpòtman kapab chanje epi kijan sa ka afekte lòt moun.

Carol: [Avèk manman li nan chanm Carol] Manman, ou pa vrèman bezwen pwòpte chanm mwen pandan mwen pa la pandan jounen an. Mwen ase gran epi ase òganize pou pran swen tèt mwen.

Manman: Oke, Carol. Mwen kontan ou vle pran responsablite w. Mwen swete frè ou yo gen menm atitid avèk ou. [Li soti nan chanm nan epi kèk segonn pase.]

Carol: [Nan chanm li] Manman! mwen fèk sonje mwen ta sipoze pratike pou pyès la depi trant minit. Mwen pa kapab jwenn rad mwen! Mwen konnen li nan chanm sa a!

Diskisyon

- Nan ki fason Carol t ap eseye vin pi endepandan?
- Kòman manman li te santi li apwopo sa?
- Eske konpòtman Carol te toujou konsistan avèk dezi li pou vin endepandan?
- Kisa ou panse manman Carol te panse lè Carol pa t kapab jwenn rad li?
- Kisa Carol avèk manman li bezwen pou konprann chanjman nan konpòtman?

Ti pyès teyat	<p>Linda: [L ap vin kote papa l k ap li] Papa, èske mwen kapab fè kèk bagay pou m fè lajan?</p> <p>Papa: Poukisa?</p> <p>Linda: Mwen vle achte yon soulye.</p> <p>Papa: M kwè nou fèk achte yon soulye pou ou.</p> <p>Linda: Men soulye sa yo se soulye atletis lè klas nou ap jwe.</p> <p>Papa: Eske ou kapab mete ansyen soulye sè ou yo?</p> <p>Linda: [Li fache] Papa. Ou pa sousye w de sa m sanble. Paran yo pa konprann anyen! [Li soti.]</p>
Diskisyon	<ul style="list-style-type: none"> • Nan ki fason Linda t ap eseye vin pi endepandan? • Kòman li ta kapab aji nan sityasyon sa a pou montre li te pi endepandan epi li te gen matirite?
Ekriti	<p>Kite jènfi yo li Ephésians 6:1–4. Mande yo diskite kòman konprann konsèy sa a tap chanje diskisyon Linda avèk papa l la.</p> <p>Eksplike yon pati nan grandi se aprann menaje emosyon, konpòtman avèk atitud yo. Paran avèk jènfi yo bezwen ekspri lanmou souvan epi gen pasyans avèk lòt yo pandan moman y ap grandi epi ogmante matirite yo.</p> <p>Fini seksyon sa a nan leson an epi diskite avèk jènfi yo fraz k ap suiv la ki pale apwopo endepandans.</p>
Sityasyon yo	<p>“Senyè a byen janti nan libète Li ban nou. Lè nou aprann fè sa ki bon, n ap vin pi endepandan esprityèlman epi libète ak endepandans nou vin pi fèm” (Boyd K. Packer, “Self-reliance,” <i>Ensign</i>, out 1975, p. 89).</p> <p>“Endepandans se yon vèti ki sen si yon moun byen konprann epi pratike li; sepandan lè ou bliye Senyè a li vin yon zouti ki mennen ou lwen chemen jistis. . . .</p> <p>“Men an verite, lòm pa vrèman endepandan nèt. Li pa ta dwe mete konfyans nan fòs li ni nan tèt li. Senyè a se konseye epi moun k ap delivre li e se nan limenm nou dwe chèche gidans, direksyon, ak enspirasyon” (Bruce R. McConkie, <i>Mormon Doctrine</i>, dezyèm edisyon. [Salt Lake City: Bookcraft, 1966], pp. 701–02).</p>

Li enpòtan pou kenbe yon relasyon fò nan fanmi an pandan tan y ap grandi

Istwa	<ul style="list-style-type: none"> • Kòman ou aji lè w santi ou p ap resevwa ase endepandans? <p>Eksplike pafwa dezi nou yo pou vin endepandan tèlman fò ke nou kòmanse aji negatif devan nenpòt otorite ki anwo nou. Eldè James E. Talmage (yon ansyen Otorite Jeneral Legliz la) rakonte yon istwa yon myèl ki te antre nan biwo li yon jou pandan lete. Apre li t ap vole nan chanm nan plizyè fwa, myèl la pa t kapab jwenn fenèt ki te ouvri yon ti kras kote li te antre a. Eldè Talmage te konprann kèk bagay myèl la pa t konprann. Li te konnen si myèl la pa kapab soti nan chanm lan l ap mouri. Li te ouvri fenèt la pou kite l soti. Li te eseye gide myèl la soti nan fenèt la. Myèl la te kontinye vole nan chanm lan epi li pa t janm jwenn fenèt la pou li vin lib ankò. Nan demen, li te mouri. (Gade James E. Talmage, “Parable of the Unwise Bee,” <i>Improvement Era</i>, novanm 1962, p. 817.)</p> <p>Sigjere jènfi yo gen anpil moun nan lavi yo ki vle ede yo epi gide yo pandan y ap chèche libète ak endepandans. Moun sa yo souvan konnen epi konprann bagay jènfi yo pa konnen.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Si nou rebèl kòman sa kapab fè libète ak endepandans nou difisil pou resevwa? • Poukisa li pa bon pou w santi kòm si ou vle paran ou yo kite w sèl epi lib pou fè nenpòt bagay ou vle? • Poukisa atitud sa a pa saj ni pa fè sans? • Kimoun ki vrèman responsab oumenm avèk paran ou yo? (Papa nou ki nan Syèl la responsab nou tout.)
-------	--

Prezantasyon
pou enstriktè a

Eksplike Senyè a mete yon responsablite lou sou paran yo pou anseye epi antrene timoun yo dapre kòmandman l yo. Kite yon moun li D&A 93:40–43 avèk 68:25. Eksplike ekriti yo anseye nou timoun yo responsab obeyi paran yo tou, jan nou te deja diskite l. Pwosesis vin pi endepandan an souvan difisil. Timoun dwe obeyisan pandan y ap aprann vin pi endepandan. Pandan tan sa a kote paran yo ap ede yo pran responsablite, paran yo kapab gen difikilte kite timoun yo vin endepandan. Men gen fason jènfi yo kapab gen yon relasyon fò nan fanmi an pandan tan sa a.

Moun ki te fè
ti pyès teyat yo

Entwodui moun ki te fè ti pyès teyat yo lè sa a. Bay jènfi yo papye avèk kreyon epi sigjere yo pran nòt sou ide yo santi ki enpòtan pou yo. Si ou gen tan, envite jènfi yo poze kesyon pandan ti pyès teyat yo.

Topik 1 (Yon moun ki gen disètan ka prezante sa a): “Kòman mwen kapab anbeli relasyon mwen avèk paran m yo?”

Lide k ap suiv yo, oubyen lòt lide moun yo dekouvri kapab sèvi kòm yon baz pou prezantasyon sa a:

Si ou gen pwoblèm avèk relasyon yo, ou gen responsablite eseye anbeli sityasyon an. Men kèk fason pou anbeli yon relasyon ki gen pwoblèm yo:

1. Kreye tan pou amize ansanm epi pale avèk paran ou yo lè yo gen tan lib.
2. Kite paran ou yo konnen w apresye yon bagay yo fè.
3. Eseye jwenn kisa paran ou yo ap fè san pale; epi ede yo san yo pa mande ou fè l.
4. Di paran ou yo ou dezole lè w fè oubyen di yon bagay mal sou yo.
5. Toujou padone paran ou yo pou enjistis ki reyèl oubyen fo (gade nan D&A 42:88, 64:9–10).
6. Priye ansanm.
7. Ri souvan.

Topik 2 (Yon moun ki gen disètan prezante sa a): “Kòman mwen kapab resevwa konfyans paran m yo?”

Lide k ap suiv yo, oubyen lòt lide moun yo dekouvri kapab sèvi kòm yon baz pou prezantasyon sa a:

1. Paran renmen timoun yo, e souvan yo santi enkyetid pou yo. Kòm rezilta, yo kapab nye pèmision timoun yo pou fè yon bagay si li pa saj oubyen an sekirite.
Timoun yo ta dwe konprann epi bay paran pa yo ase enfòmasyon apwopo aktivite yo vle fè pou paran pa yo kapab santi yo alèz pou bay pèmision fè li.
2. Konfyans paran yo ap mete nan yon jènfi depann sou pèfòmans jènfi a. Lè li montre li kapab kenbe angajman yo, lè li pran responsablite, l ap gen mwens anpechman sou tèt li. Pwoblèm ki rive nan kay la apwopo bagay senp yo tankou fè menaj, etidye, epi kilè pou antre nan kay la pandan lannuit. Si jènfi a montre li kapab menaje bagay senp sa yo, limenm avèk paran l yo ap ogmante an konfyans nan endepandans avèk matirite li.

Topik 3 (Yon moun ki gen katòzan oubyen kenzan avèk yon manman prezante sa a): “Kòman nou kapab ajiste relasyon nou yo k ap chanje?”

Lide ki suiv la, oubyen lòt lide moun nan dekouvri kapab sèvi kòm yon baz pou prezantasyon pa yo:

Manman:

1. Paran yo vin abitye avèk anseye epi bay timoun yo enstriksyon espesifik. E li difisil pafwa pou yo sonje kòman li enpòtan kèk bagay yo ye pou timoun yo. “Paran, sonje lè ou te pi jèn; sonje poukisa ou te vle fè kèk bagay ou te konn fè; sonje kòman ou te vle moun aksepte ou, kòman ou te sansib lè moun te kritike ou, epi kòman li te fasil pou kè ou blese, e kòman gen kèk bagay ki sanble yo mwen enpòtan kounyeya, men yo te enpòtan lè ou te jèn. Se tout sa nou mande paran yo pou yo sonje” (Richard L. Evans, nan Conference Report, avril 1968, p. 87; oubyen *Improvement Era*, jen 1968, p. 89).

2. Li kapab difisil pou yon paran gade yon timoun grandi epi vin endepandan, men ou kapab gen eksitasyon avèk bonè lè ou gen yon relasyon avèk yon lòt sou yon nivo adilt.

Pitit fi:

1. Yon paran gen lapenn lè yo pa trete l avèk respè. "Paran. . .gen kè ki kapab kraze; . . .yo, tankou oumenm, sansib nan kritik lè timoun pa konprann aksyon paran yo. Sonje pa gen anyen, nan jistis, yo pa t ap fè pou ou" (Richard L. Evans. *Improvement Era*, jen 1968, p. 90). Diskite sou fason pou montre paran yo respè pandan tan w ap grandi.
2. Santiman ak emosyon ki negatif yo kapab kontwole e ou pa bezwen fache ni vin mechan avèk manm fanmi ou yo. Paran avèk timoun yo kapab jwenn fason pozitif pou evite santiman ak emosyon negatif yo.

Manman ak pitit fi:

Sigjere fason manman avèk pitit fi yo kapab gen relasyon pou chak lòt sou yon nivo adilt. "Yo se pou oumenm, e ou se pou yomenm, epi oumenm avèk yo ansanm gen okazyon an, dwa a, avèk devwa a pou chita ansanm epi pataje panse ou yo epi konsidere desizyon ou yo avèk yon lòt, pou nou de ansanm kapab koute epi bay respè—epi travay, epi priye epi planifye ansanm pou bonè konplè ki kapab pou toujou e pou letènite" (Richard L. Evans, *Improvement Era*, jen 1968, p. 90).

Fini leson sa a epi eksplike chanjman nan santiman avèk atitud jènfi ak paran yo genyen pandan moman y ap grandi yo nòm. Relasyon fò nan fanmi an kapab ranfòse pandan tan sa a lè youn konprann lòt epi travay ansanm.

Aplike lesan an

Sigjere jènfi yo pou yo itilize nèt pa yo pou diskite santiman pèsone l yo ak bezwen yo avèk pwòp paran pa yo.

Aprann osijè prètriz la

OBJEKTIF

Chak jènfi ap aprann enpòtans soutni dirijan prètriz yo.

PREPARASYON

1. Prepare yon kopi kesyon ki suiv yo chak jènfi:

Eske ou kapab site kiyès nan dirijan Prètriz k ap suiv yo k ap sèvi ou:

Prezidan Legliz la _____

Manm nan Kowòm Douz la _____

Prezidan pye oubyen misyon an _____

Evèk oubyen prezidan branch lan _____

Enstriktè nan fwaye ou yo _____

Kimoun ki dirijan prètriz imedyat ou? (Asire w jènfi yo konprann se papa yo, si li gen prètriz.) _____

2. Pote kreyon pou chak jènfi.

3. Prepare pou chak jènfi yon kopi uit kesyon ki soti nan atik Sè Ardeth Kapp.

4. Chwazi jènfi pou prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon ou vle.

5. Si li disponib nan zòn ou a, montre "Blessings of the Priesthood," nan *Family Home Evening Video Supplement 2* (53277).

DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE

Nou kapab soutni dirijan prètriz yo

Aktivite

Bay chak jènfi yon kreyon avèk yon kopi kesyon yo. Mande yo chak pou nonmen chak moun ki gen prètriz la nan espas apwopriye. Lè yo fini, mande yo di yo soutni dirijan prètriz sa yo.

Diskisyon

• Kisa sa vle di soutni yon moun?

Tablo a

Yon definisyon nan diksyonè pou mo *soutni* an se ranfòse, pwoteje, kenbe, kenbe pou l pa tonbe, pou bay sipò.

Ekri definisyon sa yo sou tablo a.

Anba definisyon yo, ekri mo *Poukisa* avèk *Kòman*. Anba, fè yon lis chak dirijan prètriz sou kopi kesyon yo (evèk, enstriktè nan fwaye, eksetera).

Soutni: pou ranfòse, pwoteje, kenbe, kenbe pou l pa tonbe.

Soutni: "pou bay sipò."

Poukisa

Kòmman

Prezidan Legliz la

Kowòm Douz la

Prezidan pye

Evèk

Enstriktè nan fwaye

Papa

• Ki kèk rezon Senyè a te mande pou nou soutni dirijan nou yo? Ki kèk fason nou kapab fè sa?

Pou chak dirijan prèttriz, mande jènfi yo pou site omwen yon rezon poukisa yo ta dwe soutni li avèk plizyè fason yo kapab fè sa. Ekri repons yo bò kot non dirijan prèttriz la. Ankouraje jènfi yo panse fason espesifik pou soutni chak dirijan. Paegzanp, nan plas "Fè sa evèk la mande," ou kapab ekri "Aksepte apèl pou pale nan reyinyon Sentsèn epi prepare li byen."

Ekriti yo ak sitasyon

Pou ede jènfi yo konprann poukisa yo ta dwe soutni dirijan prèttriz pa yo, kite yo li ekriti ki suiv yo avèk sitasyon an: D&A 1:38; D&A 112:20; 2 Istwa 20:20; epi Amòs 3:7.

Dwa pou soutni prèttriz la se responsablite fi yo ak gason yo. Pa kapab gen anpil enspirasyon ak pwogrè nan kay la ni nan òganizasyon Legliz la si fi yo pa soutni prèttriz la" (Matthew Cowley, *Matthew Cowley Speaks* [Salt Lake City: Deseret Book Co., 1954], p. 194).

Nou kapab bay sipò nou lè nou priye pou dirijan nou yo

Eksplike yon fason enpòtan nou kapab ede dirijan nou yo se lè nou priye pou yo.

Istwa

Envite manm klas la pou pataje istwa k ap suiv la sou fason yon jènfi te enpresyone pa fanmi Eldè Ezra Taft Benson pandan yo te ranfòse l nan wòl prèttriz li:

"Premye fwa mwen te ale nan Tabènak Salt Lake la pou konferans jeneral Legliz la mwen te sezi wè kòmman kay la te gran, men m te plis sezi pa lespri Otorite Jeneral ki te la yo.

"Pandan mwen t ap grandi, anpil nan yo te vizite ti branch nou an Montana. Nou pa t gen yon televizyon, ni nou pa ta kapab resevwa konferans nan radyo. Kidonk nou te renmen lè Otorite Jeneral yo te vizite nou. Sanble yo te gen yon pouvwa avèk fwa ki te plis pase pa lòt moun.

"Epi jou sa a an avril. . . Mwen te dekouvri yon sous fòs ki te soti nan Otorite Jeneral yo.

"Mwen te chita bò kot sis timoun Eldè Ezra Taft Benson yo, youn nan yo te pataje yon chanm avèk mwen lekòl. Mwen te vin pi enteresè lè Prezidan McKay te prezante moun ki te gen pou pale apre a. Mwen te gade avèk respè nan moman Eldè Benson, ke mwen po t ko konnen, te avanse pou pale. Li te yon gwo gason ki te mezire plis pase sis pye. Li te resevwa yon Ph.D. nan lekòl, li te yon gason tout mond lan te rekonèt paske li te sekretè agrikilti pou Etazini Damerik e li te yon temwen espesyal Senyè a, li te yon gason ki te kalm epi plen konfyans, e li te yon moun ki pale devan tout mond lan. Toudenkou yon men te touche bra mwen. Yon tifi te panche bò kote mwen epi li te chichote avèk ijans nan zorèy mwen, 'Priye pou Papi.'

"M te yon ti jan sote e mwen te panse, 'Mesaj sa a dwe pase nan tout ranje a e se mwen k dwe transmèt li. Eske m ta dwe di, 'Priye pou Eldè Benson'? Eske m ta dwe di, 'Ou ta dwe priye pou papa ou?' Paske m te santi nesisite pou aji imedyatman, mwen te panche e mwen te chichote senpleman, 'Priye pou Papi.'

"Mwen t ap gade chichotman sa a ki t ap pase rive bò kote Sè Benson te chita a, li te gen tan encline tèt li.

"Anpil fwa depi jou sa a mwen toujou sonje mesaj sa a—Priye pou Papi, patriyach kay la. Priye pou li pandan l ap sèvi kòm prezidan distrik oubyen enstriktè nan fwaye. Priye pou

li pandan li vin sekretè egzekitif pou yon gwoup sivik, lè bisnis li gen siskè, oubyen lè yo retire nan kòb li. Priye pandan l ap bay konsèy nan sware familyal. Priye pou Papi k ap travay anpil pou Jerold ka ale nan misyon epi pou Diane ka ale nan kolèj. Priye pou li pandan l ap pale nan reyinyon Sentsèn nan oubyen lè l ap bay Manman yon benediksyon pou li kapab geri e santi li byen ankò. Priye pandan l ap batize William oubyen bay yon ti bebe yon non ak yon benediksyon papa. Epi nan aswe, si l ta vini lakay fatige oubyen dekouraje, priye pou li. Priye pou Papi nan tout sa l gen pou l fè—ti bagay yo avèk gwo bagay yo.

“Anpil ane pase, konferans jeneral ale vini, e chak fwa Prezidan Benson kanpe pou l pale, mwen toujou panse, ‘Pitit li yo, ki gaye toupatou sou kontinan sa a, ap ini yo kounyeya nan lapriyè pou papa yo.’

“E mwen te vin kwè ti bout mesaj sa a ki te pase nan tout ranje a. . . anpil ane dese se mesaj ki pi enpòtan yon fanmi ka pataje. Ki pouvwa ekstawòdinè ak lafwa yon moun ka genyen pou simonte defi kotidyen lavi li si yon kote nan mond lan pitit fi oubyen pitit gason li ap chichote, ‘Priye pou Papi’ ” (Elaine S. McKay, “Pray for Dad,” *New Era*, jen 1975, p. 33).

Eksplike soutni epi sipòte prèttriz la plis pase leve men anlè. Sa vle di priye pou yo, pale byen de yo, epi obeyi yo.

Nou kapab bay jèn detantè prèttriz yo fòs

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike responsablite yon jènfi gen pou soutni detantè prèttriz yo pa sèlman pou moun k ap dirije li. Li kapab gen yon gran abilite ranfòse avèk soutni jèn gason ki menm laj avèk limenm.

Istwa

Mande yon jènfi ou te chwazi pou li rakonte istwa k ap suiv la:

Yon jèn èldè ki te resewa yon apèl pou fè yon misyon deyò Etazini Damerik te pale nan pawas li pandan yon reyinyon Sentsèn nan. Anpil jèn moun te asiste, epi anpil jènfi te la tou.

“Lè li t ap fini diskou li, mwen te santi enflyans pwisan zanmi yo te gen sou jèn gason sa ki te gen matirite espiyèl plis pase pou laj li. Apre li te eksprime gratitud li pou fanmi li avèk moun li te renmen, epi anvan l fini temwayaj li, li te mete men li sou chè a epi li te bese tèt li pandan yon ti moman. Epi, li te gade e tout dousman li te di, ‘E mwen di tout zanmi m yo mèsi, espesyalman oumenm jènfi ki la a ki te kenbe prensip levanjil la epi ankouraje m fè menm bagay la.’ Vwa li te vin pi fò epi li te kontinye, ‘Mèsi pou enflyans ki te ede m prepare m pou yon misyon’ ” (Ardeth G. Kapp, “By the Way She Is,” *New Era*, septanm 1976, pp.10–12).

Diskisyon

- Nan ki fason jènfi yo kapab gen yon enflyans sou yon jèn misyonè?
- Ki pati yo kapab jwe nan desizyon pou fè yon misyon?
- Kòman atitud ak konpòtman gen yon enflyans sou desizyon yon jèn gason?

Sitasyon

Eksplike jènfi gen abilite enflyanse pozitivman detantè prèttriz yo nan responsablite pa yo. Li istwa ki suiv la kote Sè Ardeth Kapp te dekri fason pou montre enflyans sa a: “Jènfi Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo, [1] èske jèn gason ki zanmi ou konnen ou gen prensip ekselans ou te lage? [2] Eske yo konnen pa sa ou di e fè ou onore avèk respekte paran ou yo e [3] ou suiv konsèy dirijan Legliz la? [4] Eske yo konnen ou p ap sotì avèk yon gason jiskaske ou gen sèzan paske yon pwofèt Senyè a te ba ou direksyon sa a? [5] Eske yo konnen w ap fè sa ki bon e ou p ap vin fèb dapre aksyon ou yo? [6] Eske yo te depann sou relasyon ou pou konfyans ak respè pou tèt pa yo? [7] Eske langaj, rad ou pote, chwa ou fè pou pase yon bon tan, mizik, liv ak fim yo ede jèn gason ou gen relasyon devlope admirasyon avèk respè pou fi an jeneral? Pandan jèn gason wè kòman mond lan panse apwopo fi yo, [8] èske yo kapab wè kòman li bon epi dous epi ki ankouraje reverans, respè, avèk onè pou apèl sakre sa a?

“Sa dwòl mwen pa t panse a sa anvan, men se pa kòm jènfi ankouraje jèn gason al fè yon misyon moun kapab santi enflyans ki pi fò. Men se atravè aksyon li yo pandan li montre angajman avèk temwayaj levanjil Jezikri e li bay evidans atravè pouvwa ak enflyans kòm li fè epi akonpli sa ki bon” (“By the Way She Is,” p. 13; nimewo ajoute yo).

Aplike leson an

Papye pou distribye

Bay chak manm klas la yon kopi uit kesyon Sè Kapp sigjere. Mande li pou ale lakay li avèk yo epi reflechi epi priyè poukont li ak aksyon li yo. Sigjere jènfi yo mete kopi yo nan jounal yo e yo refere nan lis la pou evalye tèt yo souvan.

Kesyon yo

Eske ou kapab site kiyès nan dirijan Prètriz k ap suiv yo k ap sèvi ou:

Prezidan Legliz la _____

Manm nan Kowòm Douz la _____

Prezidan pieu oubyen misyon an _____

Evèk oubyen prezidan branch lan _____

Enstriktè nan fwaye ou yo _____

Kimoun ki dirijan prètriz imedyat ou? (Asire w jènfi yo konprann se papa yo, si li gen prètriz.) _____

OBJEKTIF

Chak jènfi ap konprann lòd patriyakal nan kay la.

PREPARASYON

1. Pote yon kreyon pou chak jènfi.
2. Itilize keyson anba yo, prepare yon kopi ti egzamen nan lesan an pou chak jènfi. Si ou pa vle itilize ti egzamen an, bay manm klas la kesyon yo. Bay jènfi yo sitasyon ki gen relasyon avèk kesyon pa yo e kite yo fè yon diskisyon.
3. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon ou vle.

Nòt pou enstriktè a

Jènfi nan klas ou yo soti nan sityasyon famiyal diferan. Kèk nan yo gen papa ki se patriyach ki jis nan fanmi pa yo. Gen lòt ki gen papa ki pa ale legliz oubyen ki pa manm Legliz la. Kèk nan yo pa gen papa nan lakay pa yo. Fòk ou sansib a chak sityasyon jènfi yo. Objektif lesan sa a se pou anseye kisa lòd patriyakal ye e kòman yon patriyach kapab beni fanmi li malgre sityasyon ki prezan fanmi an.

DEVLOPMAN POU LESON YO SIGJERE

Yon ti egzamen

Lòd patriyakal se plan Senyè a pou fanmi yo

Bay chak jènfi yon kreyon avèk yon kopi ti egzamen ki suiv la. Ba yo senk minit pou yo reponn kesyon yo. Eksplike okenn moun p ap wè repons yo. Eksplike li posib pou gen plis pase yon bon repons.

Kisa ou konnen konsènan lòd patriyakal la?

Chwazi repons kòrèk pou chak kesyon k ap suiv yo:

1. Lòd patriyakal la se—
 - a. Yon rekòmasyon pou resevwa yon benediksyon patriyakal.
 - b. Yon lòd pou resevwa manje nan mache evèk la.
 - c. Plan diven gouvèman Senyè a.
2. Pi enpòtan òganizasyon Legliz la se—
 - a. Kowòm Douz Apot yo.
 - b. Premye Prezidans lan.
 - c. Fanmi an.
3. Otorite ki dirije fanmi ou se—
 - a. Prezidan Legliz la.
 - b. Evèk la.
 - c. Papa ou (oubyen manman w, si papa ou pa rete nan kay la).
4. Kòm otorite ki dirije fanmi an, kèk nan responsablite papa yo se—
 - a. Dirije afè kay la avèk fanmi li an jistis.
 - b. Bay fanmi li bezwen ki fizik epi espirityèl.
 - c. Chèche Senyè a pou revelasyon pèsònèl konsènan fanmi li.
5. Kèk nan responsablite manman yo se—
 - a. Akouche epi nourri timoun.
 - b. Ede bay bezwen fanmi li ki fizik epi espirityèl.
 - c. Vin yon konpayon, yon konseye, epi yon zanmi pou mari li.
6. Dapre plan Senyè a, kimoun ki gen responsablite renmen epi anseye timoun yo?
 - a. Sèlman papa a.
 - b. Sèlman manman an.
 - c. Papa a avèk manman an.

7. Nan plan Senyè a—
 - a. Genyen egalite total ant gason ak fi.
 - b. Gason an pi enpòtan paske li gen prèttriz.
 - c. Senyè a renmen pitit fi li yo otan li renmen pitit gason l yo.
8. Malgre chak papa dirije fanmi li, pou li kapab dirije tankou chèf patriyakal yon fanmi, li dwe—
 - a. Genyen yon edikasyon inivèsite.
 - b. Genyen yon bon djòb.
 - c. Genyen Prèttriz Mèlkisedèk la.
9. Papa a gen wòl yon patriyach paske—
 - a. Li pi diy epi li gen pi bon talan.
 - b. Se wòl diven li.
 - c. Se lwa avèk lòd la.

Aprè jènfi yo fini ti egzamen an, li kesyon yo fò. Apre ou li chak kesyon, kite jènfi yo bay repons pa yo. Epi li, oubyen kite yon lòt moun li sitasyon ki mache ansanm avèk repons lan.

Chak sitasyon gen yon ti enfòmasyon pou repons ki kòrèk nan kesyon li gen relasyon avèk li a. Mo ki enpòtan pou repons lan an italik. Apre ou li chak sitasyon, idantifye repons kòrèk oubyen repons yo pou kesyon an.

Sityasyon yo
avèk diskisyon

Kesyon 1

“Gouvènman Senyè a patriyakal. Fanmi an. . .se sant lan” (Bruce R. McConkie, *Mormon Doctrine*, dezyèm edisyon [Salt Lake City: Bookcraft, 1966], p. 559; italik yo ajoute).

Kesyon 2

Fanmi an se òganizasyon ki pi enpòtan nan letan ak letènite. Bi nou nan lavi se pou kreye pou tèt pa nou linite fanmi ki etènèl” (Joseph Fielding Smith, nan Conference Report, avril 1972, p. 13; oubyen *Ensign*, jiyè 1972, p. 27).

Kesyon 3

*“Nan kay la otorite ki dirije se papa a, e nan tout afè kay ak fanmi pa gen lòt dirijan: (Joseph F. Smith, *Gospel Doctrine* [Salt Lake City: Deseret Book Co., 1975], p. 27; italik yo ajoute).*

Kesyon 4

Prezidan Ezra Taft Benson te di, *“Bondye te tabli papa yo pou dirije kay la. Papa yo bezwen travay, renmen, anseye epi dirije”* (nan Conference Report, avril 1984, p. 6; oubyen *Ensign*, me 1984, p. 6; italik yo ajoute).

“Vin yon papa se pou dirije, kalite dirije ki pi enpòtan. Li te toujou konsa; l ap toujou konsa. Papa, avèk asistans ak konsèy ak ankourajman konpayon etènèl ou, ou dirije kay la” [*Father, Consider Your Ways*, ti liv, 1973, pp. 4–5]. (Jan li site pa Ezra Taft Benson, *Ensign*, novanm 1987, p. 49.)

Nòt pou enstriktè a

Paske sa se yon prensip enpòtan, ou ka anvi diskite repons yo nan pi gran detay. Eksplike tout twa repons yo nan ti egzamen an se kòrèk. Mande jènfi yo ajoute sigjesyon bagay papa a fè anplis kòm chèf patriyakal kay la. Prezidan Benson te sijere kèk nan sitasyon yo; petèt jènfi yo kapab ajoute repons tankou fè yon egzanp ki jis, pataje temwayaj avèk konviksyon li yo, asire li manm nan fanmi li resevwa ansèyman prensip ki kòrèk.

Kesyon 5

“Nan tan kreyasyon an, responsablite akouchè ak nourit timoun te travay manman an. Wòl primè papa se te pou travay. Pa gen anyen nan ekriti yo ki chanje konpreyansyon fondamantal sa a; e natirèlman, ekriti modèn avèk pwofèt modèn te ranfòse relasyon fondamantal sa a ant papa avèk manman yo” (The Church and the Proposed Equal Rights Amendment” [ti liv], pp. 11–12, *Ensign*, mas 1980; italik yo ajoute).

“Erezman, [yon papa] pa bezwen dirije ni jije epi aji san konsèy, san asistans. [Li gen] yon madanm—yon konpayon, yon konseye, yon patnè, yon moun k ap ede, yon zanmi” (*Father, Consider Your Ways* [ti liv, n.d.], p. 3; italik yo ajoute).

Kesyon 6

“Se vre yon gran responsablite tonbe sou *de moun marye* lè y ap pote timoun nan mond lan. Yo pa sèlman bezwen ba yo manje, rad, ak kote pou yo dòmi men yo bezwen bay *lanmou, disiplin ak jantiyès, ansèyman, ak antreneman*” (Spencer W. Kimball, “Train Up a Child,” *Ensign*, avril 1978, p. 5; italik yo ajoute).

Kesyon 7

“*Nan Legliz la gen yon egalite total ant gason ak fi. Levanjil la . . . te tabli pa Senyè a pou gason avèk fi. . . . Privilej avèk egzijans levanjil la se menm bagay pou gason avèk fi. Senyè a renmen pitit fi L yo otan Li renmen pitit gason L yo*” (John A. Widstoe, *Evidences and Reconciliations* [Salt Lake City: Bookcraft, 1960], p. 30; italik yo ajoute).

Kesyon 8

Menm si chak papa se tèt fanmi li, nan yon sans deja tabli, fanmi Sen Dènnye Jou a pa kapab rele patriyakal sof si *mari a gen Prètriz Mèlkisedèk la* epi madanm nan marye oubyen sele avèk mari a nan tanp, epi timoun yo fèt nan alyans oubyen yo sele avèk paran yo” (*A Light unto the World* [kou etid Prètriz Mèlkisedèk la, 1967–68], p. 55).

Nòt pou enstriktè a

Paske se posib pou gen jènfi nan klas ou ki gen papa ki pa gen Prètriz Mèlkisedèk la, ou ta dwe li epi diskite sitasyon k ap suiv la.

“An referans fraz la, ‘Mari m [oubyen papa] se pa yon manm Legliz la, e li pa respekte li, mwen reponn avèk lanmou avèk konpasyon: ‘Chè Sè, ke l se yon manm oubyen pa yon manm, li toujou papa a epi tèt fanmi an. . . . Soutni li nan aksyon pozitif li yo. Montre li ou kwè epi gen konfyans nan abilte li pou dirije fanmi li. Ankouraje li avèk bon egzanp” (Richard G. Scott, “Father Is Head of the Family,” *Ensign*, fevriye 1977, pp. 84–85).

Kesyon 9

“Lòd patriyakal la se *dwa diven* e l ap kontinye pou letan ak letènite. Epi gen yon rezon sèten pou ke gason, fi ak timoun ta dwe konprann lòd sa a ak otorite sa a nan kay pèp Bondye a. . . . Se pa sèlman yon kesyon kimoun ki gen *pi bon talan*. E se pa yon kesyon kimoun avèk viv yon *lavi ki pi diy*. Se yon kesyon an *gran pati de lwa ak lòd*” (Joseph F. Smith, *Gospel Doctrine*, p. 287; italik yo ajoute).

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike mo *patriyach* la gen relasyon avèk mo *papa*. Men nou sèvi avèk mo sa a nan yon fason espesyal. Mo lòd *patriyakal* la refere liy moun depi Adan jis nan tout jenerasyon ki mache ansanm nan òdonans tanp ki etènèl yo. Moun sa yo ap gen relasyon fanmi yo pou tout etènite. Lè de moun marye nan tanp, mari ak madanm kapab vin yon pati gran fanmi etènèl sa a. Gason an vin pa sèlman papa a, men patriyach fanmi li. Sa vle di li responsab ede fanmi li viv yon fason pou yo ka retounen nan prezans Papa nou ki nan Syèl la ansanm.

Mèlkisedèk, li ka beni fanmi li epi anseye yo yon fason li pa ta kapab fè otreman.

Yon jènfi kapab soutni papa li nan wòl li

Diskisyon avèk tablo. Mande jènfi yo panse sou fason yo kapab soutni papa pa yo. Ekri lide yo sou tablo a. Sigjesyon pa yo kapab gen sa k ap suiv la a:

Fason pou soutni papa

Vin obeyisan
Pase tan ansanm
Pataje enkyetman ak enterè yo
Mande yon benediksyon papa
Chèche konsèy li
Vin konnen li byen
Rete yon bon egzanp pou frè ak sè yo
Ba li lanmou ak apresyasyon
Ankouraje, men pa kritike
Soutni li nan sware famiyal la
Vin kontan epi ede nan kay la

Istwa

Kèk nan jènfi yo kapab santi li tap difisil pou yo eksprime lanmou pou papa yo epi soutni yo. Mande yon jènfi rakonte istwa ki suiv la:

Lè Sè Lois Christensen te jènfi, enstriktè lekòldidimanch li te mande pou chak manm klas la di papa l li renmen l. Lois te santi se te yon devwa enposib pou l fè. Papa li pa t ale Legliz, e limenm ak papa l pa t konn pale souvan. Yo pa t konn eksprime lanmou youn pou lòt avèk pawòl nan fanmi li. Li te rete apre lòt manm klas yo te fin soti pou l te di enstriktè a li pa t ap kapab fè sa. Li te di:

“Sè Innes pa t kwè. Li te gade m epi l te di, ‘Kèlkilanswa sa papa ou fè, li bezwen tande mo sa yo soti nan bouch ou menmjan nenpòt lòt papa bezwen tande yo. Mwen vle ou pwomèt mwen w ap fè devwa sa a.’ ”

“Mwen dakò, e pandan kèk jou, mwen te santi m chagren. Mwen te konnen sa tap soti lè mwen ranpli devwa mwen. Yon nuit, apre lòt moun yo t al dòmi, mwen te tann yon moman favorab pou m te di mo sa yo. Papa m t ap fimen yon sigarèt epi li te leve kanpe pou l jete sann yo nan fatra a. Avèk yon vwa ki t ap tranble tèlman m te sou nè mwen te di, ‘Papa, mwen renmen w.’

“Li te ban m do, e li pa t vire ni di anyen ni fè anyen. Mwen te si li pa t tande mwen. Konsa m te repete byen fèb. ‘Papa, mwen renmen w.’ Epi tou dousman, li te vire gade mwen. Papa m ki pa t sansib epi ki te san emosyon sa a te gen dlo ki t ap koule nan figi li. Li te pase bra l nan kou mwen e li te kenbe m bò kote epi li te bo fwòn mwen. Sete premye fwa nan sizan mwen yo mwen sonje papa m avèk mwen youn te anbrase lòt.

“Jodi a mwen se yon manman avèk pwòp fanmi pa mwen. *Mwen renmen ou* se yon fraz tout moun konnen, ki itilize souvan nan lakay nou. E kisa k pase avèk papa mwen? Jodi a li se yon gran prèt k ap travay avèk dilijans pou bati wayòm Bondye a” (Lois Christensen, “Telling My Father I Loved Him,” *Ensign*, fevriye 1978, p. 51).

Konklizyon

Prezantasyon
pou enstriktè a

Fè jènfi yo sonje devwa diven papa a se tèt patriyakal kay la. Senyè a te ba li responsablite pou byennèt espirityèl ak tanporèl fanmi li, e l ap sou tèt li pou responsablite sa a. Se apèl li pou dirije afè kay la avèk fanmi li nan yon lespri jistis ak lanmou. Chak manm nan fanmi an gen obligasyon soutni papa l nan wòl patriyakal li. Gen anpil bagay yon jènfi kapab fè pou ranpli responsablite sa a limenm epi pou enflyanse lòt manm nan fanmi an soutni papa pa li nan wòl enpòtan li.

Aplike lesan an

Mande chak jènfi pou chwazi nan lis sou tablo a de oubyen twa bagay l ap fè semèn sa a pou soutni papa l nan wòl patriyakal li.

Kisa ou konnen konsènan lòd patriyakal la?

Chwazi repons kòrèk oubyen repons pou chak kesyon ki suiv yo:

1. Lòd patriyakal la se—
 - a. Yon rekòmandasyon pou resevwa benediksyon patriyakal ou.
 - b. Yon lòd pou resevwa manje nan men evèk la.
 - c. Plan diven gouvènman Senyè a.
2. Ki pi enpòtan òganizasyon nan Legliz la se—
 - a. Kowòm Douz Apot yo.
 - b. Premye Prezidans lan.
 - c. Fanmi an.
3. Otorite ki dirije fanmi ou se—
 - a. Prezidan Legliz la.
 - b. Evèk la.
 - c. Papa ou (oubyen manman w si papa ou pa rete nan kay la).
4. Kòm otorite dirijan nan fanmi an, kèk nan responsablite papa yo se—
 - a. Dirije afè kay la avèk fanmi li an jistis.
 - b. Bay fanmi li bezwen ki fizik epi esprityèl.
 - c. Chèche Senyè a pou revelasyon pèsònèl konsènan fanmi li.
5. Kèk nan responsablite manman yo se—
 - a. Akouche epi nourri timoun.
 - b. Ede bay bezwen fanmi li ki fizik epi esprityèl.
 - c. Vin yon konpayon, yon konseye, epi yon zanmi pou mari li.
6. Dapre plan Senyè a, kimoun ki gen responsablite renmen epi anseye timoun yo?
 - a. Sèlman papa a.
 - b. Sèlman manman an.
 - c. Papa a avèk manman an.
7. Nan plan Senyè a—
 - a. Genyen egalite total ant gason ak fi.
 - b. Gason an pi enpòtan paske li gen prèttriz.
 - c. Senyè a renmen pitit fi li yo otan li renmen pitit gason l yo.
8. Malgre chak papa dirije fanmi li, pou li kapab dirije tankou chèf patriyakal yon fanmi, li dwe—
 - a. Genyen yon edikasyon inivèsite.
 - b. Genyen yon bon djòb.
 - c. Genyen Prèttriz Mèlkisedèk la.
9. Papa a gen wòl yon patriyach paske—
 - a. Li pi diy epi li gen pi bon talan.
 - b. Se wòl diven li.
 - c. Se lwa avèk lòd la.

OBJEKTIF Chak jènfi ap konprann devwa ak obligasyon detantè Prètriz Mèlkisedèk la.

- PREPARASYON**
1. Foto 10, Retablisman Prètriz Mèlkisedèk la (62371), ki nan fen manyèl la.
 2. Si li posib, fè yon kopi pou chak manm klas la sou papye ki di, "Ofis ak responsablite Prètriz Mèlkisedèk la," nan fen leson an.
 3. Chwazi jènfi yo prezante nenpòt istwa, ektiti, oubyen sitasyon ou vle.

**DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE**

Entwodiksyon

Sitasyon

"Prètriz la se pouvwa Bondye li bay gason pou aji epi bay benediksyon ak sali pou tout lèzòm. Menmsi pafwa nou refere a detantè prètriz la kòm 'prètriz la,' nou pa dwe janm bliye prètriz la se pa pwopriyete moun ki genyen l lan. Se yon konfyans trè sakre pou li itilize pou benefis gason, fi avèk timoun yo. Eldè John A. Widtsoe te di, 'Gason yo pa gen plis pase fi nan resevwa benediksyon prètriz la paske yo genyen li.' (*Priesthood and Church Government*, Salt Lake City: Deseret Book Co., 1939, p. 83.) Paegzanp jènfi nou yo ta dwe toujou gen otan opòtinite pou benediksyon dirijan prètriz yo pase jèn gason nou yo" (Dallin H. Oaks, nan Conference Report, avril 1992, p. 51; oubyen *Ensign*, me 1992, p. 36).

Prètriz Mèlkisedèk la te retabli

Prezantasyon
pou enstriktè a

Monte foto retablisman Prètriz Mèlkisedèk la. Eksplike Pyè, Javèk ak Jan gen kle Prètriz Mèlkisedèk la. Yo te parèt devan Joseph Smith ak Oliver Cowdery pre tan òganizasyon Legliz la pou retabli pouvwa prètriz la sou latè.

Detantè Prètriz Mèlkisedèk yo gen travay espesifik pa yo

Aktivite avèk tablo

Eksplike Senyè a te òganize prètriz la pou wayòm li kapab koule pami tou mond lan e beni chak manm nan Legliz la. Chak ofis nan Prètriz Mèlkisedèk la gen responsablite espesifik pou bi Senyè yo kapab ankonpli jan li vle a.

Eksplike w ap li anpil ti enfòmasyon sou yon ofis oubyen yon kowòm nan Prètriz Mèlkisedèk la. Lè youn nan jènfi yo panse li konnen ofis oubyen kowòm nan w ap dekri a, li ta dwe leve men li. Li tout ti enfòmasyon yo menm si jènfi yo konnen repons sou premye pati enfòmasyon an. Apre ou li enfòmasyon yo, mande jènfi yo bay repons kòrèk la.

Ekri chak repons kòrèk yo bay sou tablo a.

1. (a) Manm nan kowòm mwen se temwen espesyal pou Jezikri nan tout mond lan. (b) Manm nan kowòm mwen soutni pa manm nan Legliz la toupatou kòm pwofèt, vwayan, ak revelatè yo. (c) Dabitid mwen bay yon diskou nan konferans jeneral. Mwen nan ki kowòm? (Kowòm Douz Apot yo.)
2. (a) Kowòm mwen gen yon responsablite espesyal pou fè travay misyonè pami tout mond lan epi administre levanjil la nan peyi etranje. (b) Kapab gen pa plis pase sèt kowòm Otorite Jeneral nan Legliz la. (c) Lè li òganize nèt, kowòm mwen ap gen swasanndis Otorite Jeneral. Kimoun nou ye? (Youn nan Kowòm Swasanndis yo.)
3. (a) Kapab gen katrevensèz manm nan kowòm mwen. (b) Mwen kapab batize epi bay moun k ap antre Legliz la don Sentespri a. (c) Souvan ou wè mwen avèk konpanyon mwen nan yon misyon. (d) Souvan yo rele m pou m administre moun ki malad. Ki ofis prètriz mwen? (Eldè.)

4. (a) Mwen gen Prètriz Mèlkisedèk la. (b) Dabitid ou wè m nan konferans jeneral. (c) Mwen se gran prèt k ap dirije Legliz la. (d) Sèlman yon moun gen ofis sa a nan Legliz nan yon tan. Kisa apèl mwen ye? (Prezidan Legliz la.)
5. (a) Mwen se yon gran prèt. (b) Mwen gen de konseye avèk douz lòt reprezantan ki sèvi avèk mwen. (c) Mwen responsab tout aktivite prètriz yo nan plizyè pawas Legliz la. (d) Dabitid mwen pale nan konferans pieu a. Ki apèl mwen? (Prezidan Pieu.)
6. (a) Mwen se gran prèt ki dirije pawas la. (b) Mwen se prezidan kowòm prèt yo nan pawas mwen (gade nan D&A 107:87–88). (c) Laplipa travay mwen se avèk jèn moun nan pawas mwen. (d) Youn nan devwa mwen ki pi enpòtan se entèvyou jènfi yo. Kisa apèl mwen ye? (Evèk la.)
7. (a) Pa gen limit nan nimewo manm nan kowòm mwen an. (b) Mwen kapab yon evèk oubyen yon konseye evèk la. (c) Prezidan pieu a se prezidan kowòm mwen an. Kisa ofis prezidan mwen ye? (Gran Prèt.)

Diskisyon

Pou ranfòse konpreyansyon jènfi yo sou devwa ak obligasyon detantè Prètriz Mèlkisedèk la, repase ansanm enfòmasyon ou jwenn nan “Ofis ak responsablite Prètriz Mèlkisedèk la.” Itilize referans ekriti yo lè w bezwen reponn kesyon jènfi yo genyen.

Ofis ak responsablite Prètriz Mèlkisedèk la

Ofis	Konbyen moun nan kowòm	Responsablite yo	Referans ekriti yo
Eldè	96	<ol style="list-style-type: none"> 1. Anseye 2. Preche 3. Batize 4. Konfime 5. Dirije reyinyon yo 6. Administre malad yo 7. Fè pati konsèy disiplin Legliz la 8. Fè devwa Prètriz Aawon yo 9. Odone lòt èldè oubyen prèt, enstriktè oubyen dyak 	D&A 20:39, 41–45; D&A 42:43–44, 80
Gran Prèt	Tout gran prèt nan pieu a—	<ol style="list-style-type: none"> 1. Ranpli tout responsablite yon èldè 2. Yo kapab vin òdone nan ofis yon evèk, prezidan pieu, eksetera 	D&A 20:67 ak 107:10; D&A 84:111 ak 68:19
Patriyach	Pa gen kowòm; patriyach se gran prèt tou.	<ol style="list-style-type: none"> 1. Ranpli responsablite yon èldè avèk gran prèt 2. Bay benediksyon patriyakal 	D&A 107:39–53
Swannsandis	70	<ol style="list-style-type: none"> 1. Se yon Otorite Jeneral 2. Preche tout mond lan 	D&A 107:25, 34, 38, 93–97
Apot	12	<ol style="list-style-type: none"> 1. Ranpli tout responsablite prètriz yo 2. Sèvi kòm temwen espesyal Jezikri nan tout mond lan 3. Kowòm Douz la gen kle wayòm nan sou tè a; kle yo vin aktive lè Prezidan Legliz la mouri 	D&A 18:26–27; D&A 107:23, 33

Se yon gran benediksyon pou vin òdone nan Prètriz Mèlkisedèk la

Prezantasyon pou enstriktè a	<p>Eksplike Prètriz Mèlkisedèk la se youn nan benediksyon ki pi enpòtan Bondye bay pitit li yo. Prètriz Mèlkisedèk la bay gason pouvwa pou fè òdonans chak moun bezwen pou resevwa lavi etènèl ak tout pi gran benediksyon Bondye yo. Odone nan prètriz la se yon pa trè enpòtan nan lavi yon gason paske prètriz ki pi wo a nesèsè pou pwogresyon etènèl.</p> <p>Eksplike chak gason nan Legliz la ta dwe prepare tèt li pou vin òdone nan Prètriz Mèlkisedèk la. L ap fè yon entèvyou avèk evèk li ak prezidan pieu a, epi y ap evalye devouman li pou Senyè a avèk Legliz la. Si yo jwenn li diy, l ap òdone nan Prètriz Mèlkisedèk la. Li resevwa prètriz sa a avèk yon sèmen ak alyans (gade nan D&A 84:33–44), yo te eksplike sa deja.</p>
Sitasyon	<p>Eldè Marion G. Romney te anseye nou responsablite detantè Prètriz Mèlkisedèk la. Li te di:</p> <p>“Senyè a eksplike sa ki rive yon moun ki resevwa prètriz la epi ki kraze alyans lan konsa: . . .nenpòt moun ki kraze alyans sa a apre li fin resevwa li, epi ki vire do ba li, p ap gen padon pou peche li nan mond sa a ni nan mond k ap vini an. [D&A 84:41.]</p> <p>“Petèt yon moun kapab mande tèt li si li vle akspete obligasyon alyans sa a poutèt penalite li kapab resevwa si l kraze li; l ap mande nan tèt li si li vrèman vle fè sa jiskaske li li vèsè ki vini apre penalite yo ankò. Se la li aprann moun ki pa resevwa sèmen ak alyans sa a se pa <i>twò</i> pi byen pase moun ki resevwa li epi yo kraze li. Nan vèsè sa a Senyè a te di nenpòt moun ki vire di yo sou alyans prètriz la papa resevwa padone peche pa yo [D&A 84:42.]</p> <p>“<i>Se sa enpòtans sèmen ak alyans prètriz la</i>” (nan Conference Report, avril 1962, p. 18; oubyen <i>The Improvement Era</i>, jen 1962, p. 416).</p>
Ekriti yo	Revize epi diskite D&A 84:41–42 pou ede jènfi yo konprann gran responsablite gason pran sou tèt yo lè yo vin òdone nan Prètriz Mèlkisedèk la.
Diskisyon	<p>Diskite kesyon k ap suiv yo kòm yon klas pou ede jènfi yo konprann bezwen pa yo pou montre respè pou Prètriz Mèlkisedèk la avèk moun ki genyen li.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Eske pwogresyon etènèl nou t ap posib antanke fi san Prètriz Mèlkisedèk la? • Nan ki fason respè nou pou Prètriz Mèlkisedèk la reflète nan panse, pawòl, ak aksyon nou yo? • Lè nou trete detantè prètriz la avèk respè, kòman n ap onore Prètriz Mèlkisedèk la? • Kisa nou kapab fè si nou vle ankouraje detantè prètriz yo onore prètriz yo?

Konklizyon

Prezantasyon pou enstriktè a	<p>Fini pandan w ap montre kòman li enpòtan pou onore Prètriz Mèlkisedèk la ak detantè li. Detantè Prètriz Mèlkisedèk la pran yon angajman pou obeyi Papa nou ki nan Syèl la epi itilize prètriz li pou beni timoun li yo. Yomenm, menmjan avèk nou, nan pwosesis eseye vin tankou Bondye. Lafwa nou avèk konfyans nan yo ap motive epi enspire yo onore prètriz pa yo a nèt.</p>
------------------------------	---

Ofis ak responsablite Prètriz Mèlkisedèk la

Ofis	Konbyen moun nan kowòm	Responsablite yo	Referans ekriti yo
Eldè	96	<ol style="list-style-type: none"> 1. Anseye 2. Preche 3. Batize 4. Konfime 5. Dirije reyinyon yo 6. Administre malad yo 7. Fè pati konsèy disiplin Legliz la 8. Fè devwa Prètriz Aawon yo 9. Odone lòt èldè oubyen prèt, enstriktè oubyen dyak 	<p>D&A 20:39, 41-45; D&A 42:43-44, 80</p>
Gran Prèt	Tout gran prèt nan pieu a—	<ol style="list-style-type: none"> 1. Ranpli tout responsablite yon èldè 2. Yo kapab vin òdone nan ofis yon evèk, prezidan pieu, eksetera 	<p>D&A 20:67 ak 107:10; D&A 84:111 ak 68:19</p>
Patriyach	Pa gen kowòm; patriyach se gran prèt tou.	<ol style="list-style-type: none"> 1. Ranpli responsablite yon èldè avèk gran prèt 2. Bay benediksyon patriyakal 	<p>D&A 107:39-53</p>
Swansandis	70	<ol style="list-style-type: none"> 1. Se yon Otorite Jeneral 2. Preche tout mond lan 	<p>D&A 107:25, 34, 38, 93-97</p>
Apot	12	<ol style="list-style-type: none"> 1. Ranpli tout responsablite prètriz yo 2. Sèvi kòm temwen espesyal Jezikri nan tout mond lan 3. Kowòm Douz la gen kle wayòm nan sou tè a; kle yo vin aktive lè Prezidan Legliz la mouri 	<p>D&A 18:26-27; D&A 107:23, 33</p>

OBJEKTIF Chak jènfi ap konprann se sèlman yon fi ak mari li ki kapab antre nan pi gwo degre glwa selès ansanm.

PREPARASYON 1. Mete chak mo sou yon papye.
2. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon yo ou vle.

**DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE**

Fi yo gen yon relasyon enpòtan avèk gason epi avèk prètriz la

Diskisyon sou ekriti a Kite jènfi yo li 1 Korint 11:11 avèk D&A 131:1-4.

• Kisa ekriti sa yo di nou ki nesèsè pou nou resevwa pi gwo glwa nan wayòm selès la?

Prezantasyon pou enstriktè a Kite jènfi yo konprann pou akonpli potansyèl diven pa yo, yo dwe antre nan maryaj selès la avèk yon moun jis ki gen prètriz. Yo dwe reyalize pati enpòtan yo jwe nan plan etènèl Bondye a, epi ak gason jis la ki gen prètriz la. Gason nesèsè pou fi, e fi nesèsè pou gason.

Diskisyon avèk ekriti • Kisa Genèse 2:18 di apwopo gason k ap viv san yon fi?

Eksplike yon “moun pou ede li” vle di Senyè a te vle bay Adan yon moun pou mache ansanm avèk li, yon moun ki te diy pou viv avèk li.

Li Moïse 5:1. Eksplike premye gason avèk fi sou latè a te gen yon relasyon enpòtan youn avèk lòt. Lè Adan ak Ev te kite Jaden Eden an, Adan te travay e Ev te travay avèk li.

• Poukisa li enpòtan pou yon mari ak madanm fè bagay ansanm? Ki relasyon ki pi enpòtan yon fi ki marye kapab fè? Kòman yon mari ta dwe trete madanm li?

Sityasyon Li sa Prezidan Spencer W. Kimball te di:

“Kòm siy enpòtans Bondye te bay fi yo, Senyè a te di,

“Se poutèt sa, gason va kite papa l avèk manman li pou l mete tèt li ansanm avèk madanm li, pou tou defè yon sèl (Jenèz 2:24.)

“Eske ou wè sa? Limenm, fi a, okipe premye plas la. Li se siperyè, menm anwo paran ki si chè nan nou tout. Menm timoun yo dwe pran plas pa yo ki siyifikatif” (“The Blessings and Responsibilities of Womanhood,” *Ensign*, mas 1976, p. 72).

Yon jènfi dwe bay sipò nan relasyon li avèk yon detantè prètriz

Kesyon pou panse • Ki atitid pèsònèl ou anfas moun ou travay avèk oubyen asosye avèk yo ki gen prètriz la? Eske ou soutni yo? Poukisa wi oubyen poukisa non?

Mo sou papye yo Montre mo sou papye yo youn apre lòt. Mande jènfi yo deside si mo a di yon aksyon ki soutni oubyen ki pa soutni. Mete mo sou papye a anba kategori kòrèk la.

Fini ilistrasyon sou tablo a

Pa soutni	Bay sipò
Pa bay atansyon	Motive
Vin pi fèb	Ranfòse
Bay vag	Soutni
Neglijje	Gide

Diskisyon	• Ki diferans prensipal ki gen ant mo an de kolòn sa yo? (Yon kolòn reprezante aksyon pozitif; lòt la se negatif, pa pwodwi anyen, aksyon ki detwi.)
Kesyon pou panse	• Kiyès nan mo sa yo ki dekri atitud pèsònèl ou avèk moun ou travay ansanm oubyen ou asosye ki gen prèttriz la?
Diskisyon ak ka pou etidye	Li epi diskite ka k ap suiv yo pou ede jènfi yo konprann yo gen anpil okazyon pou bay detantè prèttriz yo sipò kounyeya.

Ka pou etidye 1

Yo te rele Lynne pou vin prezidan nan klas pou jènfi yo an janvyè. Pou limenm sa te sanble yo te kite laplipa travay pou jènfi yo fè lè yo gen yon aktivite avèk gason yo. Lynne te vin jennen e enpasyon. Li te bezwen fè dirijan jènjan yo sonje preske tout bagay. Li pa t renmen agase moun, men li te pè si li pa t fè sa, anyen pa t ap fèt. Apre yon diskisyon long, konseye li te sigjere li chanje atitud li. Li te sigjere Lynne devlope yon atitud pozitif apwopo responsablite pa li yo avèk relasyon li avèk jèn detantè prèttriz la.

Lynne te aksepte konsèy sa a epi avèk yon kè plen priyè li te al travay pou detèmine kisa responsablite li yo te ye nan chak devwa epi kijan li ta kapab akonpli yo vit epi avèk efikasite. Epi li te tann e te priye pou jènjan yo te akonpli responsablite pa yo vit e avèk efikasite tankou Lynne.

Atitud pozitif ak priyè l yo te travay byen. Jènjan yo te fè vit paske li te trete yo antanke dirijan prèttriz ki responsab. Yo te konnen jènfi yo te depann de yo e yo te soutni epi ankouraje yo. Yo te kòmanse fè pati pa yo nan travay la. Lynne te kòmanse depann de frè nan prèttriz la olye l te agase yo. Li te gen yon santiman mèveye!

- Kòman atitud negatif Lynne te gen relasyon avèk efò li yo pou soutni detantè prèttriz yo?
- Kòman atitud Lynne pou soutni te chanje konpòtman pa li ak konpòtman li avèk moun ki te sèvi avèk li tou?

Ka pou etidye 2

Jennie te trè eksite pandan limenm avèk zanmi li yo t ap pale sou gran plan yo pou vandredi swa. Pandan anpil jou yo t ap planifye yon dine espesyal lakay Julie pou selebre fen lekòl ane sa a. Papa Jennie, ki te prezidan branch lan, avèk frè li David, ki fèk òdone prèt, te vin eksite pou plan vandredi swa a. Yo pa t souvan gen okazyon pou yon Otorite Jeneral vizite yo paske yo te rete nan bouk nan Kenai, Alaska. Vandredi sa a yo te gen plan pou ale Anchorage, yon distans ki se 150 kilomèt pou asiste yon jounen avèk papa ak pitit gason yo nan yon konferans prèttriz avèk youn nan Otorite Jeneral yo. Papa Jennie te trè eksite paske li te gen anpil kesyon antanke yon nouvo dirijan prèttriz.

Nan vandredi, Jennie te soti lekòl anviwon midi e li te antre vit lakay li. Lè l te rive, li te jwenn papa l avèk David te dekouraje. Manman Jennie te tonbe malad e li te twò malad pou pran swen ti frè ak sè l yo. Epi pandan David t ap ranje malèt li yo, li te chire sak pou dòmi li nan yon klou. Materyèl nan sak la te kòmanse soti. Te sanble yo pa t ap kapab ale nan konferans lan.

Mande jènfi yo pou mete tèt yo nan pozisyon Jennie epi fin li istwa a. Mande jènfi yo konsidere ki benedikasyon Jennie ta kapab pote pou fanmi li avèk branch li si li ta deside pa ale nan fèt la epi rete lakay pou ede manman li. Sa kapab pote lespri sakrifis li te resevwa, enspirasyon ak gidans papa li tap resevwa pou ede l akonpli nouvo apèl prèttriz la, eksperyans frè li David kapab jwi, ak apresyasyon David pou limenm.

Itilize nenpòt nan kesyon ki suiv yo pou gen yon pi gwo diskisyon.

- Si Jennie te rete lakay, kòman li tap ede papa li?
- Kòman ou panse frè li David tap santi li pou limenm?
- Ki diferans sa tap fè si li te fè sakrifis sa avèk yon kè kontan epi volontèman e pa avèk yon atitud negatif?
- Ki efè egzant li gen sou timoun ki pi piti yo nan fanmi an?

- Diskisyon avèk tablo
- Kisa ou kapab fè antanke yon jènfi pou soutni yon jèn detantè prèttriz? Ekri lide jènfi yo sou tablo a. Kèk nan repons yo kapab:
 1. Reflechi sou bon karakteristik li yo.
 2. Ba li lide yo.
 3. Trete li tankou ou vle li trete oumenm.
 4. Koute li.
 5. Onèt lè w ap lwanje li.
 6. Soutni li nan pwojè ak apèl li.
 7. Lè li mande vin yon konseye.
 8. Fè sa moun mande ou fè a.
 9. Soutni l nan priyè ou yo.

Sitasyon	<p>Konklizyon</p> <p>Li fraz sa yo:</p> <p>“Pa gen okenn klas, sèks oubyen moun ki gen privilèj nan vrè Legliz Kris la; epi an reyalite pa kapab gen okenn diskriminasyon pami gason avèk fi men se sèlman fason lèzòm fè l oubyen kite l rive. Gason gen travay pa yo pou fè epi pouvwa pou fè byennèt tout manm Legliz la malgre seks oubyen laj.</p> <p>“Se menm bagay avèk fi yo: Don espesyal li yo bezwen fèt pou byennèt e ede lèzòm. Responsablite ki se pataje avèk egalite fè gason avèk fi yo yon ekip pou pwogrè lèzòm. Chak nan yo se yon bon bagay pou lòt la e gason ni fi kapab travay sèl san travay mond lan” (<i>Priesthood and Church Government</i>, comp. John A. Widtsoe [Salt Lake City: Deseret Book Co., 1939], p. 92; italik yo ajoute).</p> <p>Pa janm nan istwa fi yo te gen tan jwi libète panse avèk aksyon tankou fi yo nan Legliz la. Depi jou retablisman an fi yo te resevwa libète pa yo, e nan tanp yo Levanjil ki retabli yon gason pa kapab resevwa pi gran òdonans san madanm li bò kote li. Nan tout bagay nan lavi li gen tout endepandans li.</p> <p>“Sa bay fi yo yon gran responsablite e si li onore epi itilize li, l ap resevwa plis pouvwa sou tèt li; men si li ba li vag oubyen li pa pran li seryezman e li pa magnifye li, li kapab pèdi sa li genyen e l ap pèdi benediksyon l yo nan letènite. Poutèt gran privilij sa a fi yo nan Legliz sa a ta dwe gen gratitud etènèl ak dezi pou itilize relasyon sa a ki san pri epi ki presye. Kote ou resevwa anpil, yo atann anpil nan men ou” (Leah D. Widtsoe, <i>Priesthood and Womanhood</i>, jan li site nan <i>Priesthood and Church Government</i>, comp. John A. Widtsoe, pp. 90–91).</p>
Temwayaj	<p>Kite jènfi yo konnen santiman avèk gratitud ou pou relasyon ou avèk prèttriz la. Ede yo wè ke yo chak kapab beni anpil lavi moun ki gen prèttriz la ki bò kote yo. Lè yo fè sa, y ap resevwa benediksyon prèttriz yo e y ap gen pi gran abilite pou akonpli responsablite pa yo.</p>

Aktivite yo sigjere pou jènfi ki gen plis pase sizan

Envite jènan yo pou fè yon aktivite espesyal avèk jènfi yo. Pratike prensip ki te anseye nan lesan sa a lè w ap òganize epi fini aktivite a. Asire ou tout moun gen yon devwa pou aktivite a kapab yon siksè. Aktivite a kapab youn nan aktivite ki suiv yo:

Genyen yon diskisyon sou fason jènfi yo kapab ede jèn gason yo onore epi magnifye prèttriz pa yo epi prepare pou fè yon misyon.

Fè yon mache lè solèy la ap leve epi gen yon manje maten.

Ede jèn gason yo prepare pou misyon yo epi anseye yo kijan pou fè pen oubyen yon lòt kalite manje.

Chwazi yon pwojè sèvis pou ede yon manm oubyen yon moun ki pa yon manm nan zòn ou avèk èd dirijan prèttriz yo.

*Aprann konsènan istwa
familyal ak travay nan tanp*

OBJEKTIF	Chak jènfi ap konprann kòman fè alyans epi resevwa òdonans ap enflyanse lavi li.
PREPARASYON	<ol style="list-style-type: none"> 1. Foto 11, Batèm (62018); 12, Sentsèn (62021); 13, Tanp. 2. Fè yon echèl ki fèt an papye, oubyen ou kapab ekri youn sou tablo a epi kite espas sou etap la pou ekri. 3. Chwazi jènfi yo pou li referans ekriti ki suiv yo: Enòs 1:15–17; D&A 82:10; senkyèm atik lafwa a; D&A 84:19–22; Moïse 6:58–59; Luc 22:19–20. 4. Prepare yon mòso papye pou chak kesyon diskisyon an ki gen kesyon, ekriti, avèk sitasyon yo ki gen relasyon. 5. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon ou vle.
DEVLOPMAN POU LESON YO SIGJERE	Entwodiksyon
Itilize ekriti yo	Anvan lesan an kòmanse, mande fi yo chèche referans ekriti yo. Mande jènfi yo pou yo vin prepare pou li ekriti sa yo nan lè apwopriye nan lesan an.
Prezantasyon pou enstriktè a	Ede jènfi yo aprann kòman li enpòtan pou konprann nèt alyans nou fè avèk lòt moun. Pou fè sa, mande yo chak imajine yon moun te ofri ou yon travay apre lekòl twa jou pa semèn. Yo peye byen, men chèf la kapab peye ou sèlman lè l kapab.
Diskisyon	<ul style="list-style-type: none"> • Eske ou ta vle antre nan kalite alyans sa a? Poukisa wi oubyen poukisa non? • Kisa ou bezwen konnen anvan ou fè yon alyans avèk yon lòt moun? <p>Eksplike ke nan nenpòt alyans, nou ta dwe gen konfyans nan lòt moun nan. Nou bezwen konnen nou kapab gen konfyans nan lòt moun nan.</p>
	Nou kapab resevwa òdonans prèttriz yo, nou fè alyans sakre yo
Prezantasyon pou enstriktè a	Eksplike gen yon moun nou kapab toujou gen konfyans nan kenbe yon alyans. Lè nou fè alyans avèk moun sa a, nou konnen yo toujou jis e li p ap bliye pati pal yo. Alyans avèk moun sa a rele <i>alyans</i> , e yo kapab pote pou nou benediksyon ki gen yon valè etènèl. Moun sa a se Senyè a.
Diskisyon ak tablo a	<p>Kite jènfi ou te chwazi a li Enòs 1:15–17.</p> <p>Ekri mo <i>alyans</i> sou tablo a. Epi li definisyon ki suiv la:</p> <p>“Yon alyans se yon sèman solanèl, akò, kontra, oubyen pwomès ant Bondye e yon sèl moun oubyen gwoup moun chwazi” (Bruce R. McConkie, <i>Mormon Doctrine</i>, dezyèm edisyon [Salt Lake City: Bookcraft, 1966], p.166; italik yo ajoute).</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kikote nou kapab konprann alyans nou avèk Papa nou ki nan Syèl la? <p>Eksplike ekriti yo gen laplipa alyans sa yo. Epi eksplike kisa Papa nou ki nan Syèl la atann nan men nou e kisa li pwomèt l ap fè.</p> <p>Kite jènfi ou te chwazi a li D&A 82:10. Eksplike resevwa benediksyon depann sou fason nou kenbe pati pa nou nan alyans lan. Nou kapab konnen Papa nou ki nan Syèl la p ap lage nou.</p> <p>Eksplike anpil òdonans pèttriz yo fè nou fè alyans avèk Senyè a lè nou aksepte òdonans la.</p>

Ekri mo *òdonans* sou tablo a.

- Kisa yon *òdonans* ye?

Itilize sitasyon k ap suiv la pou ede jènfi yo konprann kisa yon *òdonans* ye?

“Yon *òdonans* se yon senbòl sou latè ki gen sans yon bagay espiyèl. Dabitid se yon senbòl yon alyans oubyen yon angajman avèk Senyè a” John A. Widtsoe, *Priesthood and Church Government*, edisyon revize [Salt Lake City: Deseret Book Co., 1954] p. 348; italik yo ajoute).

Foto yo

Montre foto batèm, sentsèn, avèk yon tanp. Eksplike batèm, sentsèn nan, epi sele nan tanp se tout *òdonans* yo. Lè nou resevwa chak nan yo, nou montre nou te pran angajman sèten oubyen alyans avèk Papa nou ki nan Syèl la.

Ekriti ak diskisyon

Kite jènfi yo li Moyiz 6:58–59 avèk Lik 22:19–20. Eksplike kòman senbòl *òdonans* batèm avèk sentsèn yo ede nou sonje alyans nou yo.

- Poukisa alyans avèk *òdonans* levanjil yo nesèsè? Poukisa sa pa ase pou eseye vin yon bon moun sèlman?

Kite jènfi ou te chwazi a li D&A 84:19–22.

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike chak alyans avèk chak *òdonans* levanjil la se pou byennèt nou. Kenbe alyans epi pran pa nan *òdonans* yo ede nou prepare nou pou n retounen nan prezans Papa nou ki nan Syèl la. Fè alyans sa yo, resevwa *òdonans* sakre sa yo, epi rete fidèl nan kenbe alyans nou yo se tankou nou monte yon echèl k ap fè nou retounen kote Papa nou ki nan Syèl la.

Sitasyon avèk vizyèl oubyen tablo

Kite yon jènfi li sa ki suiv la. Pandan li fè sa, montre echèl fèt an papye a oubyen ekri yon echèl sou tablo a.

“Lè Jakòb te vwayaje nan Beersheba jis nan Haran, li te fè yon rèv kote li te wè tèt li atè nan pye yon echèl ki te monte rive nan Syèl la kote Senyè a te kanpe anwo li. Li te wè zanj yo desann epi monte sou echèl la, e Jakòb te reyalize alyans li te fè avèk Senyè a sete etap sou echèl la ke li t ap bezwen monte pou li kapab resevwa benediksyon pwomès la—benediksyon ki t ap kite li antren nan Syèl la epi asosye avèk Senyè a” (Marion G. Romney, “Temples—The Gates of Heaven,” *Ensign*, mas 1971, p. 16).

Diskisyon

Diskite ki alyans ki kapab konsidere kòm etap echèl la. Pandan y ap di alyans yo, ekri yo sou etap echèl la. Li kapab bon pou sigiere jènfi yo panse sou alyans ki fèt epi ki relasyon ak *òdonans* prèttriz tankou batèm ak konfimasyon, pran sentsèn nan, jèn gason vin *òdone* nan prèttriz la, dotasyon, ak maryaj selès. (Petèt w ap vle refere nan Mozya 18:8–10; D&A 20:37; 20:75–79; 84:33–34, 39–40; 132:6.)

Diskite kòman lè nou resevwa *òdonans* sa yo epi viv dapre alyans yo ap kite nou “antre nan wayòm nan epi asosye avèk Senyè a.”

Nou responsab pou kenbe alyans nou fè avèk Senyè a

Prezantasyon pou enstriktè a

Ede jènfi yo reyalize lè nou fè alyans avèk Senyè a, nou fè pwomès sakre yo pou “toujou sonje l epi kenbe kòmandman li yo” (D&A 20:77). Lè nou te fè alyans avèk Senyè a, nou responsab sonje pwomès nou yo epi kenbe yo.

Eksperyans pèsònèl

Rakonte eksperyans sa a yon jènfi Samoan te fè.

“Mwen te antre nan tanp lan apre enstriksyon final evèk ak prezidan pieu a te pataje avèk mwen. Se yon bendiksyon mèveye pou antre andedan kay sa a! Je, zorèy avèk kè mwen te ouvri pou aprann ansèyman li yo. Mwen te santi reyalite chak alyans mwen te fè yo avèk chak bagay nan tout zo nan kò mwen. Mwen te santi mwen t ap kanpe devan Senyè chak fwa mwen te fè alyans avèk li. . . . Li te vin reyèl pou mwen ke mwen te vrèman pami mond lan men pa nan li” Sipuao J. Matuauto, “The Glorious Moments,” *Ensign*, out 1974, p. 64).

Eksplike detantè prèttriz la ki administre *òdonans* yo vrèman reprezante Senyè a. Kite jènfi ou te chwazi a li senkyèm atik lafwa a fò.

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike Papa nou ki nan Syèl la konnen alyans nou fè yo. Anpil fwa nou ka santi nou kanpe poukont nou ap eseye kenbe alyans nou yo. Men Senyè a konnen nou e li tou pre nou nan pwoblèm nou yo pou nou rete fidèl.

Sitasyon

Li fraz sa a yon dirijan Legliz la te di sa fè lontan:

“Lè nou te antre nan dlo batèm nan epi nou te fè alyans avèk Papa nou ki nan Syèl la pou sèvi Li epi kenbe kòmandman li yo, Li te fè alyans avèk nou ke Li p ap janm kite nou, li p ap kite nou poukont nou, li p ap bliye nou e l ap pre nou epi l ap soutni nou lè nou gen pwoblèm ak lè tout bagay kont nou. Sa a sete alyans Li e. . .nou kapab mete konfyans nan pwomès Li fè” (George Q. Cannon, *Gospel Truth*, vol. 1, comp. Jerreld L. Newquist [Salt Lake City: Zion’s Book Store, 1957], p. 170).

Diskite kòman lefèt ke nou konnen Papa nou ki nan Syèl la te pwomèt l ap ede nou ap ranfòse kapasite nou pou kenbe alyans nou te fè yo.

Fason nou kenbe alyans nou te fè yo ap enflyanse lavi nou

Istwa fakiltatif

Rakonte istwa ki suiv la pou montre kòman alyans yon jènfi te fè te enflyanse lavi li.

Sa gen anpil ane, yon jènfi te batize nan yon lak bò lakay li. Lè li te chita nan rad li ki te toujou mouye, papa l te eksplike l batèm li sete premye etap li sou chemen ki mennen nan wayòm selès la. Li te anseye l ke li dwe prepare l pou dezyèm etap la nan lavi li, dotasyon ak maryaj nan tanp. Epi li te eksplike lè li te konfime li t ap resevwa don Sentespri a. Don sa a ap ede l kenbe alyans li fè yo.

Lè li te konfime, li te fè yon pwomès an silans bay Senyè a li pa tap janm fè anyen ki tap anpeche l pran pwochèn etap la. Pandan jenès li lè desizyon ak tantasyon l yo te fò, li te sonje pwomès li. Kounyeya, anpil ane apre, kòm manman sis timoun, li sonje kijan pwomès sa a te enpòtan nan ede l rete diy pou resevwa dotasyon ak maryaj selès epi kòmanse yon fanmi etènèl poukont li.

Kesyon ak referans

Panse sou kesyon ki suiv yo kapab ede jènfi yo reyalize kòman lavi yo ap afekte pa fason yo kenbe alyans y ap fè avèk Senyè a. Ou ta kapab mande jènfi yo reponn chak nan twa kesyon yo nan yon diskisyon, oubyen ou ta kapab divize klas la an twa gwoup epi bay chak yon kesyon pou diskite epi bay yon rapò sou li.

Men kesyon yo, ak referans ekriti, sitasyon, avèk lide pou ede panse sou repons yo tou.

1. Kòman kou lavi ou ka afekte si ou pa fè alyans yo? (Gade D&A 58:30; 132:7.) “Pran de gason, yo kapab egal nan kalite ki bon, yo kapab egal nan moralite, nan gen charite, onèt epi jis, men youn batize e lòt la pa batize. Gen yon gwo diferans pami yo, youn se pitit gason Bondye ki sove pa lwa li yo, e lòt la nan fènwa” (Joseph F. Smith, *Gospel Doctrine* [Salt Lake City: Deseret Book Co., 1986], p. 97).
2. Kòman kou lavi ou ka afekte si ou fè alyans men ou pa kenbe yo? (Gade D&A 1:14–15; 58:29; refere a sa Eldè Cannon te di.) Kòman li tap diferan sa benediksyon Eldè Cannon te dekri?
3. Kòman kou lavi ou ka afekte si ou fè alyans epi ou rete fidèl nan yo? (Gade D&A 54:6; Mozya 5:7, 15.) “Bondye. . .nan lanmou li pou nou, desann nan glwa li pou l fè alyans avèk nou, pou nou kapab sove nan echèk, nan chagren, nan regrè, e pou nou kapab monte nan glwa yo pwomèt moun ki fidèl epi ki andire jiskalafen” (ElRay L. Christiansen, nan Conference Report, oktob 1972, p. 46; oubyen nan *Ensign*, janvyè 1973, p. 51).

Aplikasyon leson an

Sigjere chak jènfi pou itilize moman Sentsèn nan pou konsidere alyans li te fè lè l te batize epi planifye kòman li kapab kenbe yo pi byen nan semèn k ap vini an.

Maryaj nan tanp—obligatwa pou lavi kòm yon fanmi etènèl

Leson

18

OBJEKTIF Chak jènfi ap konprann maryaj nan tanp lan nesèsè pou lavi antanke yon fanmi etènèl.

PREPARASYON 1. Foto 8, Yon gason ak yon fi k ap marye, ki nan fen manyèl la.
2. Chwazi jènfi pou prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon ou vle.

DEVLOPMAN POU LESON YO SIGJERE

Entwodiksyon

Diskisyon avèk tablo

Montre jènfi yo yon foto yon gason avèk yon fi k ap marye. Ekri *maryaj* sou tablo a epi mande jènfi yo pou sigjere tout mo ki posib ki kapab dekri kisa foto a avèk mo *maryaj* la vle di pou yo. Ekri mo yo vit sou tablo a. Lis sa a kapab gen mo tankou *wòb maryaj*, *bonè*, *bag*, *rekòmmandasyon pou tanp*, *flè*, *zanmi fi a k ap pote wòb*, *lanmou*, *diy*, *yon ti vakans apre maryaj la*, *kado yo*, *zanmi yo*, *fanmi*, *otorite*, ak *resepsyon*.

Efase mo *maryaj* la sou tablo a epi ekri *maryaj nan tanp* sou tablo a. Eksplike jènfi yo gen yon diferans ant yon maryaj nan tanp ak yon fèt maryaj. Gen anpil fason pou selebre yon maryaj, tankou gen resepsyon epi bay kado. Men maryaj nan tanp se yon seremoni sakre—yon alyans ant fi a, gason an, ak Senyè a. Fi a fè yon alyans avèk gason an epi avèk Senyè a; gason an fè yon alyans avèk fi a epi avèk Senyè a; epi fi a avèk gason an fè yon alyans ansanm avèk Senyè a. Mande jènfi yo idantifye mo sou lis la ki dekri yon maryaj nan tanp e non pa yon fèt maryaj. Fè yon sèk antoure mo sa yo. Mande jènfi yo si yo ta renmen ajoute lòt mo sou lis la.

Foto ak prezantasyon enstriktè a

Chèche foto yon fi avèk gason k ap marye a epi eksplike yon maryaj nan tanp se pa menm bagay avèk kokenn seremoni ou wè nan maryaj nan legliz yo. Li nan yon ti senp, epi bèl chanm sèlman. De moun yo mete ajenou youn devan lòt devan yon lotèl nan prezans fanmi ak bon zanmi yo ki gen yon rekòmmandasyon pou antre nan tanp lan. Yon gason ki gen otortite pou sele yo pou kounyeya epi tout letènite ba yo konsèy. Epi li fè òdonans sakre a.

Diskisyon

Mande jènfi yo sigjere rezon jèn moun yo bay lè yo pa vle marye nan tanp. Men yon lis rezyon jèn moun yo konn bay. Sigjere chak nan yo bay avèk klas la byen vit ak nenpòt lòt sigjesyon fo yo kapab genyen.

1. Gen moun ki pa konprann enpòtans maryaj nan tanp.
2. Gen moun ki marye twò jèn.
3. Gen moun ki pa vle pote vètman yo.
4. Gen moun ki pa diy (yo gen pwoblèm avèk lwa chastete, yo pa respekte Pawòl Sajès, yo pa peye dim, eksetera).
5. Gen moun ki gen paran, manm fanmi yo, zansèt, oubyen zanmi ki pa kapab ale nan maryaj la.
6. Gen moun ki marye avèk yon moun ki pa manm Legliz la.
7. Gen moun ki pa konnen si lanmou yo ase pou yo marye pou tout letènite.

Kounyeya mande jènfi yo pou yo sigjere rezon jènfi yo bay pou yo marye nan tanp. Anba a se yon lis kèk nan sigjesyon jèn moun yo bay. Rapidman konsidere yo ansanm avèk lòt sigjesyon manm klas yo bay.

1. Se yon kòmandman Bondye.
2. Papa nou ki nan Syèl la te pwomèt anpil benediksyon pou moun ki marye nan kay li epi ki viv selon alyans yo fè yo.

3. Se sèl fason pou gen yon mari avèk madanm avèk yon fanmi ansanm apre lavi sa a.
4. Li pèmèt nou rete nan prezans Bondye, nan pi wo degre nan wayòm selès la.
5. Paran yo te anseye epi yo swete yon maryaj nan tanp pou timoun yo.
6. Zanmi yo ap marye nan tanp.
7. Paske de moun yo youn renmen lòt anpil anpil, yo vle rete ansanm pou tout letènite.
8. Chak moun kapab konnen lòt moun nan renmen epi respekte levanjil la.
9. Chak moun kapab gen asirans lòt moun nan pwòp epi gen vèti.

Maryaj nan tanp se yon òdonans etènèl

Istwa

Li sa Eldè Bruce R. McConkie te di:

“Madanm mwen avèk mwen te gen yon diskisyon enpòtan kèk tan pase e nou t ap konte benediksyon nou yo. Nou te site anpil bagay ki te vini nan noumenm, akòz Legliz la, akòz fanmi nou, akòz retablisman mèveye verite etènèl ki te pase nan jou pa nou an; epi li te fini diskisyon an kote li te poze kesyon sa a: ‘pi gran benediksyon ki te janm antre lavi ou?’

“Toudenkou mwen te di, ‘Pi gran bendiksyon ki te antre nan lavi m se te sou trèzyèm jou nan oktòb lane 1937 bò zòn 11:20 nan maten lè mwen te gen privilèj mete ajenou nan Tanp Salt Lake devan lotèl Senyè a epi resevwa ou kòm konpayon etènèl mwen.’

“Li te di, ‘Bon, ou pase egzamen an.’

“Mwen kwè ki ti bagay ki pi enpòtan yon Sen Dènye Jou kapab janm fè nan mond sa a se marye avèk moun kòrèk la, nan kote ki kòrèk la, epi pa otorite ki kòrèk la; epi—lè yo sele pa pouvwa ak otorite Pwofèt Eli te retabli a—bagay pi enpòtan ki rete nenpòt Sen Dènye Jou kapab janm fè se viv kondisyon alyans la pou fè li efèktif epi valid pou kounyeya epi pou tout letènite” (“Agency or Inspiration?” *New Era*, janvye 1975, p. 38).

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike pouvwa ki marye yon gason avèk yon fi ansanm pou letènite se prèttriz la. Lè yon gason avèk yon fi marye nan tanp, yo fè yon alyans, oubyen yon pwomès, pa pouvwa prèttriz la bay Papa nou ki nan Syèl la pou yo viv yon lavi ki jis epi respekte kòmandman li yo. Papa nou ki nan Syèl la fè yon alyans avèk yo, avèk pitit yo, ke y ap ansanm kòm fanmi nan tout letènite. Papa nou ki nan Syèl la pwomèt de moun yo anpil lòt benediksyon tou si yo jis epi respekte kòmandman l yo.

Diskisyon

- Poukisa marye avèk moun kòrèk la, nan kote kòrèk la, pa otorite kòrèk la se bagay ki pi enpòtan yon moun kapab fè nan lavi sa a?
- Nan ki sans maryaj enpòtan?
- Poukisa Papa nou ki nan Syèl la atann pitit gason avèk pitit fi li yo marye nan tanp?
- Eske gen yon lòt pouvwa ki pa prèttriz la ki kapab sele yon gason avèk fi pou tout letènite.
- Kòman yon maryaj nan tanp ede yon gason avèk yon fi pwogrese etènèlman?
- Si de moun marye pa otorite sivil, èske maryaj la se yon alyans ki mare pandan tout letènite? Poukisa wi oubyen poukisa non?

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike Papa nou ki nan Syèl la te kòmande pitit gason ak pitit fi l yo pou yo marye nan tanp. Prezidan Kimball te di, “Se sèlman atravè maryaj selès nou kapab jwenn chemen dwat epi etwat la. Ou pa kapab resevwa lavi etènèl yon lòt fason. Senyè a te trè espesifik nan definisyon li konsènan maryaj” (“Marriage—The Proper Way,” *New Era*, fevriye 1976, p. 6). Pou kontinye tankou gason avèk fi atravè tout letènite, de moun dwe marye pa yon otorite prèttriz la nan kay Senyè a epi viv dapre alyans yo te fè nan tanp lan.

Kounyeya se tan pou prepare nou pou maryaj nan tanp

Sityasyon ak diskisyon Li epi diskite de sitasyon ki suiv yo pa moun ki te Prezidan Legliz la:

“Mwen kwè pa gen okenn gason oubyen fi Sen Dènye Jou ki diy ki pa ta dwe fè tout efò ki rezonab yo pou antre nan yon kay Senyè a pou kòmanse yon lavi ansanm. Alyans maryaj ki fèt nan kote sakre sa yo avèk òdonans sakre yo kise pou letan ak tout letènite se prèy kont anpil tantasyon lavi ki gen tandans kraze fwaye epi detwi bonè.

“Benedikson ak pwomès ki soti nan kòmanse yon lavi ansanm, pou tout tan ak letènite, nan yon tanp Senyè a, pa kapab resevwa nan okenn lòt fason epi jèn gason ak jènfi Sen Dènye Jou ki diy ki kòmanse yon lavi ansanm konsa wè ke relasyon etènèl yo anba alyans etènèl la vin fondasyon kote w ka bati lapè, bonè, vèti, lanmou, ak tout lòt verite etènèl lavi a, isit la ak nan lavi apre a” (Heber J. Grant, “Presidents of the Church Speak on Temple Marriage,” *New Era*, jen 1971, p. 8).

“Kounyeya, grenn yon maryaj ki gen bonè plante nan mitan jèn yo. Bonè pa kòmanse sou lotèl la; li kòmanse peryòd lajènès ak sòti ade. Grenn bonè sa yo plante pa abilte pa ou pou simonte pasyon k ap kondi w yo. Chastete ta dwe vèti prensipal nan mitan jèn yo. Nan Legliz la gen yon sèl senp prensip. Li aplike ni pou gason ni pou fi yo tou. Si ou suiv prensip sa a—se vre, si ou koute enspirasyon pwòp kè ou—w ap aprann ke mèt pwòp tèt ou pandan jenès ou ak soumisyon ou a senp prensip moralite a se sous virilite, kouwòn bèl feminite, fondasyon yon fwaye ki gen kè kontan, epi yon faktè ki fè fòs ak kontinyasyon ras la.

“Lachman lè w jèn se tankou yon dèt pèsònèl ki dwe peye kan mèm yon jou. Ven, trant, karant ane, ou dwe peye li. Metrize ak chastete se grenn tou k ap peye byen nan ane k ap vini yo, e ane sa yo pase vit—o, sitèlman vit” (David O. McKay, “The Choice of an Eternal Companion,” *Improvement Era*, avril 1965, p. 285).

Yon jènfi ap jwenn lajwa nan maryaj nan tanp

Istwa

Li istwa sa a:

“Tout bagay te kòmanse yon premye dimanch mas. Mwen kwè sa pa ta kapab vrèman gen yon kòmasman, paske Karen, Emily, avèk mwen, sete bon zanmi pou letènite. Sete selebre yon anivèsè oubyen koud bous pou Primè a kòm jènfi oubyen mache nan ekip espò a epi double— oubyen randevou twa fwa nan kolèj, sete kòm si pèsònalite nou youn te konpleman lòt, e pandan kenzan nou te pratikman enseparab.

“Poutan, bagay yo te kòmanse chanje nan bèl relasyon nou an apre nou te fin gradye nan kolèj. Karen ak Emily te rete nan inivèsite lakay yo, pandan mwen t ale nan yon ti inivèsite leta ki te lwen de twazèdtan epi nan yon apatman avèk senk etranje. Apre tout sa nou te fè ansanm kòm eksperyans ansanm, nou te panse kèk kilomèt pa ta kapab fè bèl relasyon nou an anyen. Men nou te vin wè byen vit. . . .

“Mwen te reyalize kominikasyon espesyal nou te disparèt, men mwen te sezi yon jou pou ouvri yon lèt e jwenn yon envitasyon maryaj Emily. Sa k te fè m pi sezi sèke pa t gen mo *tanp* nan envitasyon an.

“Mwen te tounen lakay mwen an vitès wikenn sa a e mwen te kouri al kay Emily. Nou te pale— nou te pale nan prèske menm fason nou te konn pale pandan bèl ane ki te pase a. Sa te gen de mwa sèlman depi li te konnen Ted, men sete pi bèl gason, ki pi entèlijan, epi pi popilè ki te nan lekòl la. Yo toulède t ap fini etid nan inivèsite a, epi Ted te gen pou ale aprann dantis. Paran li te deja dakò pou ede l peye etid li, konsa li p ap gen pwoblèm. Emily te blage e li te di tout sa yo tap gen pou fè se chita epi tann lajan yo vin jwenn yo.

“Mwen te kòmanse santi m vin pre Emily ankò men toudenkou mwen te tande m ki t ap mande byen fò poukisa nan envitasyon an yo pa t pale de tanp. Li te di, ‘Nou pa kapab’ men atitid li pa t satisfè sousi mwen te vrèman genyen. ‘Premyèman Ted se Batis, epi nou vle marye nan kay paran l yo nan mòn nan epi kreye pwòp seremoni pa nou. Yon maryaj dwe vrèman pèsònèl epi plen sans, pa sèlman menm mo yo pou tout moun. Ted ap batize nan Legliz la yon jou. Men, menmsi l pa janm batize tou, papa m pa yon manm e li pa t janm anpeche manman m ale legliz. Sa p ap rete m non plis.’

“Pandan Emily t ap jwe ti jwèt byen prepare sa a, pozisyon defi li te bati yon miray nan mitan nou ankò. Kisa m ta ka di? Apre kèk minit pale ki pa t vle di anyen pou n te ka santi nou alèz, mwen te di l babay.”

Rete la epi kite jènfi yo konsidere kesyon sa a:

- Si ou te zanmi Emily, kisa w t ap di li?

Kontinye istwa a:

“Twa semèn apre mwen te ale nan maryaj Ted avèk Emily nan mòn nan. Kontèman a sa m te panse, sete yon trè bèl evenman frapan—ki pa t relijye nan okenn fason. Yo toulède te li powèm youn pou lòt pou seremoni an, pandan yon moun t ap jwe yon flit tout dousman. Apre sa te gen danse, te gen bwason pou Mòmou yo epi chanpay pou lòt moun yo. Paran Ted yo te rich anpil, mwen kapab di sa, e yo te planifye preske tout maryaj la. Yo te kontan anpil anpil avèk nouvo bèlfi yo (epi siman paske yo te bwè twòp chanpay tou). Men mwen te wè manman Emily te gen je l wouj epi yo te gonfle— tankou yon moun ki te kriye anpil. Manman se konsa—espesyalman lè se sèl pitit yo.

“Sa ki te fè m sezi, Emily te toujou aktif nan Legliz. Malgre tout devwa lekòl li ak responsablite l antanke yon fi marye, li te toujou ale nan reyinyon yo epi li te sèvi nan bibliyotèk kòm asistan tou. Limenm avèk Ted te rete nan yon apatman nan pawas nou e mwen te wè l souvan. Li te toujou ban m rapò mèveye sou maryaj li e li te di kòmman Ted te trete l byen. Mwen te toujou panse ‘Ala yon vi.’

“Sis mwa apre Karen te marye avèk yon ansyen misyonè ki te fèk fini doktora li nan edikasyon. Yo te marye nan Tanp Logan, donk, natirèlman mwen pa t kapab ale. Men mwen te ale nan resepsyon an nan legliz nou, e li te bèl anpil. . . .

“Mwen te toujou wè Emily, ki te toujou ap vin legliz avèk eksitasyon pou tout bagay li t a p fè. Li toujou ap di ‘Pa gen pwoblèm ditou. Li reyèlman trè konpreyansif.’ ‘Ale legliz pa ou e m ap ale legliz pa m.’ Sèlman li pa janm ale legliz pa li.’ Men nan tèt mwen mwen t ap repase lè Emily te pi jèn: ki te konn priye pou papa li ki pa t manm te ka vin batize li, li te konn ap mande tèt li si papa li ap mennen l nan fèt pou papa avèk pitit fi nan Primè a, ki t ap eseye fè tankou se pa anyen lè papa l t ale jwe gòlf olye l te vin nan gradyasyon seminè li. Men lè sa a anfans se yon ti pati lavi a. Ki diferans sa reyèlman fè nan lavi?

“Karen ak Emily, ki toujou kontinye ap fè bagay yo menm ansanm, te akouche yon pitit fi youn yon semèn apre lòt la. Mwen te bay ti pitit fi Emily a yon ti rad wòz e mwen te renmen li anpil. Yon jou nan legliz la, manman Karen te di m ke Karen, David, ak ti pitit fi yo a ki te rele Melissa t ap vini nan mwa mas nan legliz la pou prezante tibebe yo a e granpapa li ak twa gran frè l yo Karen te adore, t ap ede beni li.

“Epi premye dimanch mwa Mas te rive. . . .

“Pandan m t ap . . . antre nan chapèl la, mwen te rankontre Emily avèk tibebe a devan chapèl la. Sete premye fwa li te vin legliz depi nesans Julie. Nou te pale pandan kèk minit epi apre nou te antre nan chapèl la. Emily avèk manman li te chita nan ranje devan m nan. . . .

“Atravè ranje devan yo ak zepòl yo mwen te wè, depi kote m te chita nan katriyèm ranje a, mwen te apèsi Karen ak rèz fanmi an ki te fòme pran yon ban annantye.

“Apre chan ak anons yo te fini epi apre nou te fin pran sentsèn nan, Evèk Edwards te kanpe epi li te di, ‘Aprèmidi a nou gen yon bagay espesyal. Mwen konnen anpil nan nou konnen Karen Evans depi li te yon timoun.’ Emily te vire gade m epi li te souri men li te vire tèt li pandan evèk la t ap kontinye. ‘Donk aprèmidi a Karen, ki rele Karen Sanders kounyeya, mennen ti pitit fi li pou resevwa yon non avèk yon benediksyon nan men mari li. Papa l avèk frè l yo ap asiste nan sèk la.’

“Pandan mwen t ap gade David ki te pran ti pitit fi a nan bra Karen epi pote li devan an nan yon fason ki reveran, mwen te wè Emily. Je ble l yo te plen dlo rapidman e dlo t ap koule sou tèt Julie. Zepòl li t ap souke fò pandan li te mete tèt li sou kou Julie. Manman Emily te pase bra li sou zepòl pitit fi li e mwen te kapab wè li t a p kriye tou. Emily t ap gade epi mwen te tande li di tout dousman, ‘O manman! Kimoun ki pral beni tibebe m nan?’

“Mwen te tandè David ki t ap di ‘Melissa, mwen beni ou, avèk yon bon sante nan nan lespri ou ak nan kò ou, epi ke w viv yon lavi ki jis, pou lè moman an rive, ou rankontre yon bon pitit gason Papa nou ki nan Syèl la, ki ap onore prèttriz li e k ap mennen w tanp Senyè a pou n sele ansanm pou letènite.’ Pandan tout benediksyon an epi pandan tout rès reyinyon an, sete twal ki te vlope ti bebe Julie ki t ap bwè dlo kriye yo.

“E kounyeya, malgre si yon ane pase. . .chak fwa. . .mwen wè yon manman avèk yon ti bebe poukont li, kè m fè m mal. Paske m ap toujou wè Emily” (Carol White Zaugg, “I Keep Seeing Emily,” *New Era*, jen 1975, pp. 26–29).

Konklizyon

Sitasyon

Li sa Èldè Boyd K. Packer te di. Petèt w ap vle fè yon kopi pou chak jènfi.

“Mwen wè ou ale nan tanp pou w sele pou tout tan avèk tout letènite. Mwen ta anvi pale avèk ou sou òdonans sakre ki se sele a, men nou pa fè sa deyò mi sakre sa yo. Tout bagay nou resevwa lè nou marye nan lotèl la si mèveye valè li pi fò pase tout rezistans avèk tan ou tann nan. . . .

“Men sa pa akonplisman yon istwa lanmou. Nan liv la, oubyen nan pyès la, rido a desann nan pwèn sa a. Men sa pa pase nan vre lanmou. Sa pa konklizyon an—sèlman kòmman an” (*Eternal Love* [Salt Lake City: Deseret Book Co., 1973], p. 20).

OBJEKTIF Chak jènfi ap reyalize enpòtans kenbe yon rejis pèsònèl.

- PREPARASYON
1. Prepare yon kopi chak nan de pati kesyon ou jwenn nan kòmansman leson an. Ba yo referans pou ekriti yo men pa repons yo.
 2. Prepare pou w pale jènfi yo sou youn nan zansèt ou yo e fason moun sa a te enflyanse lavi ou; oubyen kite yon vizitè, dirijan prèttriz yo te gen tan apwouve, pale ak klas la sou yon zansèt.
 3. Prepare yon papyè sitasyon nan konklizyon leson an epi bay chak manm klas la youn.
 4. Chwazi de oubyen twa jènfi pou pale yon tikras apwopo youn nan granparan oubyen gran granparan pa yo epi sou fason moun sa te afekte lavi pa yo.
 5. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt ekriti, istwa, oubyen sitasyon ou vle.
 6. Gade nan fen leson an pou yon aktivite istwa fanmi ki fakiltatif.

DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE

Ti egzamen

Papa nou ki nan Syèl la kòmande timoun li yo pou yo kenbe rejis pèsònèl yo

Divize klas la an de gwoup. Asire ou chak gwoup gen liv kanonik yo avèk yon kreyon. Bay yon gwoup kesyon avèk referans ekriti yo pou yon pati A ki anba epi bay lòt gwoup la kesyon pou pati B. Bay yon senk minit pou jènfi yo reponn kesyon yo.

Kesyon yo—Pati A

1. Kimoun ki te anrejistre premye enfòmasyon nan liv rapèl la? (Moyiz 6:5–8.)
2. Nonmen de lòt pwofèt nan Ansyen Testaman an ki te kenbe liv rapèl yo. (Moyiz 6:45–46; Malachie 3:17.)
3. Kikote yo kenbe rejis òdonans prèttriz yo tankou batèm ak maryaj nan tanp? (D&A 128:7.)
4. Ki rezon nou genyen pou kenbe yon jounal oubyen istwa pèsònèl? (Nefi 25:23.)
5. Lè Kris la te parèt devan Nefi yo, li te aprann kèk evenman enpòtan pa t ekri nan rejis pa yo. Kisa li te kòmande pèp la fè? (3 Nefi 23:6–13.)

Repons pou pati A

1. Adan
2. Enòch avèk Malachi
3. Sou latè avèk nan Syèl la
4. Pou ede timoun nou yo kwè nan Kris la
5. Pou ekri evenman yo pa t anrejistre yo

Kesyon yo—Pati B

1. Kòman nou fè konnen Jezi se yon desandan David avèk Abraram? (Matthieu 1:1.)
2. Poukisa Nefi avèk frè l yo te retounen lakay Laban? (1 Nefi 3:1–4.)
3. Poukisa Nefi te kenbe yon rejis lavi li lè limenm avèk fanmi papa l te kite Jerizalèm epi vwayaje an Amerik? (1 Nefi 1:1–3.)
4. Kimoun ki te anseye Adan avèk timoun li yo kòman kenbe yon liv souvni? (Moyiz 6:46.)
5. Kòman Abraram te resevwa konesans dwa prèttriz la ak kreyasyon an? (Abraham 1:31.)

Repons pou pati B

1. Enfòmasyon sa a anrejistre nan Bib la.
2. Pou chèche rejis jwif yo avèk jenealoji zansèt pa yo.
3. Paske li te gen yon konesans bonte avèk mistè Bondye yo.
4. Yo te anseye pa men Bondye.
5. Li te ekri nan rejis zansèt li yo.

Diskisyon

Kite chak gwoup bay klas la yon rapò sou repons nan pati pa yo. Apre jènfi yo te bay repons nan ti egzamen an, mande tout klas la reponn sa ki suiv yo:

- Ki kalite enfòmasyon Moyiz, Nefi avèk Abraram te kenbe nan liv rapèl yo? (Non manm fanmi yo, evenman ki te enpòtan, temwayaj pèsònèl yo, pwofesi bagay k ap vini yo, benediksyon yo te resevwa nan men Papa nou ki nan Syèl la, avèk kòmandman yo te resevwa yo.)
- Poukisa li enpòtan pou kenbe yon rejis pèsònèl? (Atravè yon rejis pèsònèl, yon moun kapab pataje avèk zansèt li yo evenman nan lavi li, temwayaj li, panse avèk santiman li, avèk yon rejis benediksyon Papa nou ki nan Syèl la ba li.)
- Kòman ou konnen Papa nou ki nan Syèl la vle ou kenbe yon rejis lavi ou? (Depi kòmasman tan an, li te kòmande timoun li yo pou kenbe rejis pèsònèl lavi pa yo. E pwofèt modèn yo te gen tan ankouraje nou kenbe rejis pèsònèl pandan lavi nou.)

Rejis zansèt yo kapab pote lajwa avèk fòs

Istwa

Li oubyen rakonte istwa fo ki suiv la:

“Gran tonton mwen te mouri sa gen plis pase trantan e kèk nan byen li yo te nan yon malèt ansyen nan grenye kay fanmi an.

“John te di tèt li, ‘M ap mande m poukisa Grandpapa te sere bagay sa yo tout ane sa yo,’ pandan li t ap gade yo avèk manman l ak sè li. Grandpapa te mouri kèk semèn anvan sa e Jennie Lynn, sèl pitit fi k ap viv, avèk de timoun li yo te vini pou pwòpte ansyen kay fanmi an.

“John te mete yon chapo san fòm nan yon gwo barik ki te nan mitan chanm nan. ‘Eske ou janm panse si pyebwa fanmi pa ou gen rasin k ap mouri? Mwen vle di, poukisa nan mond lan yo vle sove tout fatra sa yo? Gade yon ansyen liv ki chire: *Pamela, oubyen vèti rekompansè*. Mwen pa konprann poukisa!’

Sè li te di tou dousman, ‘Sa a se yon kopi premye liv an angle ki te ekri. Mete l nan bwat “sove” a avèk swen silvoulè.’

“ ‘E kisa n ap fè avèk sa a? Yon kanè li te ekri kèk bagay andedan l? Poukisa yon moun entèlijans sove sa a? . . .’

“Jennie te pwoche vin gade liv John te kenbe a. . .

Alice te vin kote manman avèk frè li e te mande, ‘Eske ou kapab li sa li di?’

John te reponn ‘Fasil’ epi li te chita atè a e l te kòmanse li, li t ap pase paj yo youn apre lòt.

“4 me 1888. . .

“ ‘Gade, li sanble yon jounal oubyen kèk bagay konsa!’

“4 me 1888: Manman m te fèmen vyolon m nan nan malèt la ankò. Li di se yon twò gwo tantasyon pou mwen anvan m al tire bèf yo. Li gen rezon. Lòt ti mesye yo te pi dilijan pase m paske nou pa kapab nourri nou uit avèk ti mòso teren nou genyen an. Si papa te toujou anvi nou ta kapab fè pi byen.

“3 septanm 1888: Jodi a, Mesye Carter te di Manman m li fin anseye m tout sa li konnen e mwen bezwen yon enstriktè ki pi fò. Gen yon sè yo rele Sè Kendall nan Coalville ki te jwe yon fwa avèk okès Filadèlfi anvan li te batize nan Legliz la epi deplase al nan lwès. Manman m te pwomèt mwen ta kapab mande l si li tap anseye mwen. Sèl pwoblèm se konbyen l ap mande pou leson yo. Mwen gen tach pou pran swen pou l yo epi kenbe kòb nou resevwa pou vann ze yo pou peye kou mizik mwen. . . .

“8 avril 1892: Jodi a mwen reyalize gen twa bagay mwen renmen plis pase tout lòt bagay: Senyè a, fanmi mwen, avèk mizik mwen. E mwen konnen kounyeya lanmou yon bagay pa nesèsman anpeche lanmou pou yon lòt bagay. Lè yo tout se bon bagay, yo tout mache ansanm.

“Premye desanm 1892: Li ta anpil e men mwen pa kapab dòmi. Mwen t ap ekri mizik tout sware a avèk èd manman m. Yo mande m vwayaje ale Salt Lake pou eseye pran yon plas nan okès teritwa a. . . .

“5 mas 1893: Apre plizyè semèn pratik ak anpil priyè, mwen t ale Salt Lake pou fè odisyon an. Mesye Dean, kondiktè a, te di m mwen te pi bon moun ki jwe vyolon li te konnen nan lwès vil Denver la. Petèt pa gen anpil moun lwès Denver ki te konn tande moun jwe vyolon men Manman m te kontan. Mwen gen pou m ale Denver chak lotòn pou pratike e m ap gen ase lajan pou tèt mwen ak yon ti kras pou manman m avèk lòt moun. M ap jwè yon mizik Mozart mwen te aprann nan odisyon yo nan reyinyon Sentsèn.

“11 mas 1893: Poukisa sa rive kounyeya? Poukisa nan moman sa a nan lavi mwen? Apre reyinyon Sentsèn dimanch lan, Evèk Reynolds te rele m nan biwo li e li te mande m kòman odisyon yo te ye. Mwen te di l yo te chwazi mwen, e li te mande m si m pa ta kapab sispann jwe avèk okès la pandan dezan. Li te eksplike m ke anvan m kòmanse fè lajan gen yon lòt bagay mwen dwe Senyè a. San okenn dout nan tèt li ke se volonte Senyè a, li te mande m pou m aksepte yon apèl pou fè yon misyon. Mwen konnen mwen dwe Bondye m nan tout bagay, e kite vyolon mwen pandan dezan pa ta dwe twòp pou mande m, men mwen panse se bay plis pase sa m ka bay. Mwen te gen dout nan pwòp kè mwen toujou konsa mwen te pwomèt evèk la si gen nenpòt lòt fason pou nou fè yon ti kòb, m ap aksepte apèl la.

“13 mas 1893: Yèswa mwen te pale manman de apèl misyon an. Li te kontan anpil anpil. Li te di papa m te toujou anvi fè yon misyon, men yo te touye l anvan li te gen okazyon fè li. Kounyeya mwen kapab fè yon misyon nan plas li. Lè mwen te mande l kòman nou tap fè lajan li te yon ti jan twouble. Mwen te eksplike l mwen pa tap kite l vann teren an, e mwen te di l pwomès kondisyonèl m te bay evèk la. Li te gade m tout dousman pandan kèk minit epi li te di, ‘Ben, gen yon fason nou kapab fè lajan. Fanmi an gen yon sèl bagay ki gen ase valè pou voye w nan misyon. W ap bezwen vann vyolon w lan.’

“17 mas 1893: Pwomèt se dèt, e gen yon mwayen. Lòt lendi, m prale Salt Lake epi vann vyolon m nan. Si mwen resevwa ase lajan pou misyon m, m prale fè l misyon imedyatman. Mwen pran desizyon m e mwen santi m anpè.

“23 mas 1893: Mwen te leve maten sa a e mwen te pran vyolon m nan kès li. Tout jounen an mwen te jwe mizik mwen te renmen. Nan aswè lè te kòmanse gen mwens limyè mwen pa t kapab jwe ankò, mwen te mete vyolon an nan sak li. Sètase. M prale denmen.

“John te di nan kwè li, ‘Men li. Sa fini la. Pa gen plis. Sa k te pase? Eske l te retounen epi achte yon lòt vyolon? Eske li te fè sa? Eske l ap kapab jwe nan okès la ankò? Manman, eske w konnen sak te pase?’

“Manman l te di tout dousman, ‘Mwen pa konnen, John. Mwen sipoze gen moun ki konnen, men m pa gen pwoblèm si istwa a fini la. Ou deja konnen bagay ki pi enpòtan an apwopo li.’

“John di, ‘Tann! Gade gen yon ti ekriti anplis sou do kanè a.’ Li te gade sa k te ekri a epi li te touse epi li te bay Jennie liv la. Li te di ‘Menm oumenm manman, ou pa vle kwè li avèk plis mo.

“Jennie te pran liv la e l te ale bò fenèt la pou l gen plis limyè epi li te gade paj la. Men ki te ekri mo sa yo pa t ekri byen tankou moun ki te ekri anvan an, men lèt yo te byen fòme. Li te di:

“23 jen 1938: Pi gran desizyon m te janm pran nan lavi mwen sete sakrifye yon bagay mwen te renmen anpil pou Bondye ke mwen te renmen plis. Li pa janm bliye m poutèt sa. Benjamin Landart” (Karen Nolen, “Benjamin: Son of the Right Hand,” *New Era*, me 1974, pp. 35–37).

Diskisyon	<ul style="list-style-type: none"> • Kisa nou kapab aprann apwopo kenbe yon journal dapre eksperyans Alice avèk John? • Kisa Alice avèk John te aprann apwopo gran tonton yo nan journal li? • Kòman ou panse Alice avèk John te santi yo apwopo gran tonton yo apre yo te li journal li? • Kòman journal Benjamin Landart te kapab pote bonè nan lavi pa li? • Kòman yon journal pèsònèl beni lavi timoun avèk gran timoun endividiyèlman? • Eske ou konnen bagay ki enteresan apwopo lavi paran ou yo lè yo te menm laj avèk ou? • Eske ou renmen tandè yo pale apwopo jènès pa yo, kòman yo te marye, ak lè ou te jèn? • Kòman konesans apwopo lavi paran ou yo oubyen nenpòt zansèt ede ou viv pi jis jodi a?
Prezantasyon pou enstriktè a	<p>Eksplike Alice avèk John te aprann apwopo fanmi an enterè pèsònèl Benjamin atravè journal gran tonton yo te li a. Yo te aprann lanmou li pou Papa nou ki nan Syèl la tou. Lanmou yo te grandi pou li pandan yo te aprann apwopo lavi li. Yon journal kapab ede nou sonej evenman nan lavi nou. Yon rejis pèsònèl kapab pote timoun avèk gran timoun gen lajwa.</p> <p>Yon jènfi te ekri, “Se yon tradisyon nan fanmi nou pou kenbe yon journal pèsònèl. . . .Pandan kèk nan sware famiyal nou yo, papa m li pou nou istwa yo apwopo gran granpapa mwen e sa vrèman enspire m kenbe youn. Si zansèt mwen yo resevwa yon demi lajwa mwen te resevwa lè mwen li nan journal gran gran paran yo, l ap valab anpil pou kontinye ekri ladan l” (Laura Call, site nan Kathleen Lubeck, “A Journal Called Lucy,” <i>New Era</i>, novanm 1981, p. 40).</p>
Istwa pèsònèl yo	<p>Pataje avèk jènfi yo yon istwa apwopo youn nan zansèt ou yo e rakonte kòman eksperyans sa a nan lavi yon lòt moun te enflyanse ou, oubyen kite vizitè a pataje yon eksperyans. Epi mande jènfi yo ki te prepare yon istwa apwopo granparan yo oubyen gran granparan yo rakonte manm klas yo istwa sa yo.</p>

Konklizyon

Ba yo yon mòso papye ki gen sa Prezidan Spencer W. Kimball te di e li fò:

“Nou dezi jèn moun nou yo kòmanse depi jodi a pou ekri epi kenbe rejis tout bgay ki enpòtan nan pwòp lavi yo” (“The Angels May Quote From It,” *New Era*, oktòb 1975, p. 4).

“Mwen pwomèt ou si w ap ekri nan journal avèk rejis yo, y ap vrèman yon sou enspirasyon pou fanmi ou, pou timoun ou yo, gran timoun ou yo, ak lòt moun, epi nan anpil jenerasyon. Nou chak enpòtan pou moun k ap viv pre nou e ki chè pou nou epi pandan posterite nou ap li eksperyans lavi nou, yo menm tou, y ap vin konnen nou epi renmen nou. E nan jou gloriye lè fanmi nou ansanm nan etènite a, nou youn ap deja konn lòt” (“President Kimball Speaks Out on Personal Journals,” *New Era*, desanm 1980, p. 26).

JWENN ZANSET
OU YO AVEK
FAMILYSEARCH

Aktivite istwa fanmi ki fakiltatif

OBJEKTIF

Chak manm klas la ap aprann kisa FamilySearch ye, kòman li kapab ede idantifye zansèt pa yo, e kisa yo kapab fè pou fè li pi itil.

DESKRIPSYON

Aktivite sa a ap mennen jènfi yo yon kote kote FamilySearch disponib.

PREPARASYON

An preparasyon, dirijan klas la ap detèmine kote pou gen aktivite sa a. Sa kapab nan sant istwa fanmi an, legliz pieu a, legliz ou, oubyen kay yon manm selon sikonstans nan zòn pa ou. Si l posib, chwazi yon kote ki gen plis pase yon estasyon ki gen FamilySearch (pou plis pase yon jènfi kapab travay avèk li menm tan an.)

Nòt: Si klas la gwo anpil, li kapab saj pou divize yo an pi piti gwoup.

Planifye lòt pati aktivite a. Pandan kèk jènfi ap sèvi avèk FamilySearch, lòt yo kapab aprann apwopo Family Record Extraction epi patisipe nan yon pwojè pou jwenn nenpòt rejis zansèt pa yo. Sa ta dwe gen koòdinasyon avèk koòdonatè pou Family Record Extraction. Lòt aktivite kapab gen enstriksyon apwopo tanp oubyen jwèt ki ede jèn yo pote atansyon a zansèt pa yo.

Jènfi yo ta dwe travay avèk paran yo pou ranpli kat ki gen enfòmasyon pou zansèt yo a anvan yo fè aktivite sa a.

Idantifye travay ki fèt avèk zansèt istwa fanmi nou

Aktivite

Di jènfi yo nou chèche zansèt nou yo pou ba yo menm opòtinite pou sele nan fanmi Bondye a jan nou resevwa l isit nan lavi a. Odonans ki sove nou yo (batèm, òdinasyon prèttriz, dotasyon, sèlman) kite nou antre nan wayòm selès la, si nou diy pou sa.

FamilySearch se yon sistèm òdinatè ki fè moun jwenn enfòmasyon apwopo zansèt yo epi voye non yo nan tanp. Lè yo jwenn yon non zansèt epi tape l nan òdinatè, FamilySearch chèche vit anpil milyon non nan memwa li epi li jwenn non ki gen relasyon avèk li. Li etidye yon moun apre lòt jiskaskè l jwenn enfòmasyon tankou dat yo, kote nesans yo, dat maryaj, avèk dat yon moun te mouri; avèk non paran yo, timoun yo, avèk madanm oubyen mari pa yo.

Enfòmasyon nan FamilySearch soti nan sous tankou jeneloji fanmi yo, rejis legliz yo, avèk rejis gouvènman yo.

FamilySearch gen anpil fichye. Dosye ki kapab pi itil pou jèn yo se Ancestral File. Dosye sa a gen enfòmasyon istwa fanmi yo manm nan Legliz la bay avèk lòt pami tout mond lan depi 1979. Li gen non anpil milyon moun ki gen relasyon nan gwoup fanmi avèk asandans.

Nòt: Dirijan an kapab ilistre pou jènfi yo enpòtans moun ede jwenn istwa fanmi yo lè yo kenbe yon “liv rapèl a” oubyen rejis pèsonel avèk fanmi ki gen asandans avèk rejis fanmi yo kòm yon gwoup. Dirijan an kapab eksplike enfòmasyon nan liv la gen anpil valè, men li itil sèlman pou kèk moun lè li ekri nan fason sa a. Sepandan, lè ou mete enfòmasyon sa a sou yon dosye nan òdinatè a (itilize Personal Ancestral file pwogram òdinatè), li kapab nan Ancestral File, kote anpil lòt moun ap benefisye li.

Dirijan an ta dwe eksplike Ancestral File pa konplè. Li gen anpil enfòmasyon, men gen anpil plis bagay ki ta kapab ajoute—enfòmasyon jènfi yo kapa genyen sou pwòp zansèt pa yo.

Ancestral file gen non avèk adrès moun ki te konn bay enfòmasyon. Nan fason sa a jènfi yo kapab dekouvri kouzen oubyen zansèt yo pa t janm fè konesans.

Pou ede jènfi yo konprann plis enpòtans FamilySearch, dirijan an ta kapab eksplike san òdinatè a yo t ap oblije chèche nan wòl mikrofilm avèk paj liv yo pou jwenn enfòmasyon sou zansèt pa yo. Pou anpil moun ki te fè l, sa te pran anpil tan. Òdinatè a fè li posib pou chèche enfòmasyon menm nan kèk minit.

Kite jènfi yo pratike FamilySearch la pou jwenn enfòmasyon sou zansèt pa yo. Ede yo jwenn non sou asandans lan. Si pa gen anyen sou zansèt pa yo nan Ancestral File la, fè yo sonje yo kapab rann yon gran sèvis e chèche enfòmasyon sou zansèt yo epi bay enfòmasyon sa yo nan dosye a.

Lè jènfi yo itilize FamilySearch, yo ta dwe enprime enfòmasyon yo jwenn yo. Nan Ancestral File la, yo ta kapab enprime yon asandans.

Aprè tout jènfi yo fin gen yon okazyon itilize FamilySearch, revize kisa yo te akonpli. Ba yo tach pou yo kontinye jwenn enfòmasyon sou zansèt pa yo epi bay Ancestral File enfòmasyon sa a.

Aprè aktivite a

Kapab gen manm nan pawas la ki gen yon gwo koleksyon enfòmasyon sou istwa fanmi ki nan liv ki enprime (liv rapèl yo). Jènfi yo ta kapab fè yon bon sèvis epi mete enfòmasyon sa a epi ede manm yo mete enfòmasyon sa a nan Ancestral File la. Pou travay sa a, w ap bezwen plizyè òdinatè ki disponib epi ki gen Personal Ancestral File. Konseye pou istwa fanmi nan pawas la kapab ede dirijan jènfi yo òganize yon pwojè sèvis konsa.

Fè travay misyonè

OBJEKTIF Chak jènfi ap fè zanmi avèk jènfi ki gen menm laj avèk yo epi ankouraje yo pou pran pa nan aktivite ak reyinyon Legliz yo.

PREPARASYON Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt ekriti, istwa, oubyen sitasyon ou vle.

**DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE**

Ka pou etidye yo

Entwodiksyon: Jwenn relasyon an

Li sitiasyon k ap suiv yo pou jènfi yo. Kite yo eseye jwenn yon bagay ki make nan chak sitiasyon. (Yon zanmi—yon moun ki gen sousi)

1. Moun k ap pase bay yon gason ki atè vag; moun te kale li e te volè byen li.
 2. Yon jènfi ki mete rad ki blaze e ki twò gwo pou li paske li mèt ap mache al lekòl chak jou
 3. Yon jèn gason rete lakay li chak dimanch paske li santi okenn moun nan kowòm prètriz li pa sou bò li.
-

Ti istwa

Nou kapab fè zanmi avèk anpil kalite moun

De chyen t ap jwe bò lari a yon jou pandan yon chat t ap pase. Chat la te mande, "Eske mwen kapab jwen avèk nou?"

Yon chyen te di, "Non!" epi chat la te kontinye mache nan lari a.

Lòt chyen an te di, "Poukisa ou fè sa a?"

"Chyen pa jwe avèk kalite bèt sa a. Chat yo diferan de noumenm. Yo fè bwi etranj, yo vle monte pyebwa tout tan. Mwen vle jwe avèk yon moun ki plis menmjan avèk mwen."

Kèk minit apre yon tòti ki te poukont li te pase tou dousman. Li te rete tou epi li te mande chyen yo si li ta kapab jwe avèk yo. Chyen an te di non ankò, epi tòti a te kontinye mache.

Zanmi li te mande, "E poukisa li pa ta kapab jwe?"

"Eske ou te wè kòmand li te gade? Li pa sanble nou e li twò dous tou. Petèt li pa ta kapab kouri vit tankou nou oubyen chase nan fason nou fè a. Mwen vle yon moun ki tankou mwen."

Zanmi li te di, "Oh."

Minit yo te pase epi yon lapen gri te pase pandan li t ap sote. Li te wè chyen yo ki t ap jwe epi li te rete pou wè si li ta kapab jwe. Yo te rejte li tou. Sepandan limenm te vle konnen poukisa li pa t kapab jwe.

Chyen an ki te rejte li te sispann jwe epi li te gade lapen an.

"Ou diferan de mwen. Ou pa menm koulè a. Ou pa gade menm jan. Ou pa fè menm bagay yo. Ou pa pale menm jan. Mwen vle yon moun ki tankou mwen."

Lapen an te mande, "Kisa ou renmen fè?"

Li te reponn, "Mwen renmen kouri epi sote."

Lapen an te di, "Ebyen."

Diskisyon

Rete la epi mande jènfi yo pou sigjere kòman istwa a te fini.

Istwa

Fini istwa a:

Lapen an te mande chyen yo pou yo fè yon kous nan bwa ki te pre a. Nan fen kous la lapen an te byen lwen chyen yo. Li te vire epi li te tann chyen yo rive kote li.

Lapen an te di, "Mwen sote epi m kouri tou."

Dezyèm chyen an te di, "Ou sanble diferan epi ou pale diferan de nou, men noumenm nan lòt fason yo." "Sèlman nou pa t konnen."

Diskisyon

Kòman ou ta kapab aplike istwa sa a nan lavi ou?

- Poukisa premye chyen an pa t vle jwe avèk nenpòt lòt bèt yo?
- Poukisa chyen yo te kòmanse jwe avèk lapen an?
- Kòman ou ta kapab aplike lide sa yo nan lavi pa ou?
- Eske ou kapab panse a nenpòt jènfi nan zòn ou ki bezwen moun pou vin zanmi?
- Kòman ou kapab konnen si yo gen enterè ki menm?

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike pafwa nou bay vag sou lòt moun e nou pa kite yo vin zanmi avèk nou poutèt koulè, rad oubyen abitud ki diferan. Nou bezwen pran tan kounyeya pou fè konesans yo pi byen epi dekouvri kalite pa yo ki bon avèk enterè ki menm avèk nou.

Nou kapab gen sousi pou lòt moun

Diskisyon ak ekriti

Eksplike Jezi te gen anpil enkyetid pou moun ki te pèdi. Nan yon istwa li rakonte apwopo yon pyès ki te pèdi. Kite klas yo chèche Luc 15:8-10 nan Bib pa yo. Mande youn nan jènfi yo li istwa a.

Eksplike pyès ki te pèdi nan istwa sa a se tankou yon moun ki sèl oubyen pèdi. Fi a se tankou yon moun ki sonje oubyen ki chèche moun sa. Li istwa sa a ankò epi diskite apre chak vèsè kòman li ta kapab aplike pou jènfi ki pa gen anpil zanmi oubyen vini Legliz chak dimanch. Kite jènfi yo eksplike kòman Senyè a konnen lè nou vrèman gen enkyetid pou yon lòt moun.

Rasanble lide yo

Mande jènfi yo diskite kisa yo kapab fè pou ede yon manm klas la vin patisipe kòm yon manm nan Legliz la. Eksplike santi avèk montre enkyetid vrèman enpòtan.

Ka pou etidye

Prezante sityasyon k ap suiv pou jènfi yo epi kite yo rezoud pwoblèm nan:


1. Ou rankontre yon manm klas la ki mwens aktif nan ti mache a. Ou vle montre l ou gen enterè nan limenm. Kisa ou ta kapab fè?
2. Ou envite yon zanmi ki mwens aktif nan klas la. Li tann yon ti kras anvan li bay yon repons epi li di petèt l ap vini yon lè. Kisa ou ta kapab fè?
3. Ou envite yon zanmi ki mwens aktif nan klas jènfi a. Li di li pa vle ale e gen moun gade li poutèt l ap vini Legliz. Kisa ou ta dwe fè epi di?
4. Ou ankouraje yon manm ki mwens aktif pou ale nan klas, epi li di li pa renmen reyinyon yo. Kisa ou t ap fè?
5. Ou mande yon manm ki mwens aktif pou ale nan klas epi li di non. Kisa ou ta kapab fè?

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike yo gen yon sèl repons kòrèk pou anpil nan sityasyon jènfi yo ap genyen lè yo eseye fè yon manm ki mwens aktif ale legliz. Li enpòtan pou n montre enkyetid avèk enterè pou moun nan nan chak sityasyon. Yon atitud ki plen swen kapab simonte anpil pwoblèm e li kapab afekte yon moun pli spase nenpòt lòt bagay.

Diskisyon avèk tablo a

Mete twa bouji sou tablo a jan yo montre l anba a:



Lonje dwèt ou sou premye bouji a ki gen yon flanm tou limen. Di jènfi yo bouji sa a kapab reprezante yo menm. Ekri mo *oumenm* anba premye bouji a. Eksplike jènfi yo dezyèm bouji a reprezante yon manm ki mwens aktif—bouji ki te gen yon flanm men ki pa limen kounyeya. Atravè pouvwa yon bouji ki limen yon dezyèm bouji kapab limen. Lè dezyèm bouji a vin limen sa kapab reprezante moun nan ki ale legliz ankò. Mete yon flanm sou dezyèm bouji a.

• Kimoun ou santi twazyèm bouji a reprezante? (Yon moun ki pa manm legliz la.)

Diskisyon ak ekriti

Twazyèm bouji a pa t janm limen, men li yon lòt bouji ki limen touche l, li kapab klere tankou lòt de bouji yo. Eksplike bouji yo se tankou tout pati ki nesèsè pou boule, men yo bezwen yon sous ki deyò pou kòmanse flanm nan. Moun se menm jan tou, men si Sentepri a touche yo, yo kapab vin yon limyè pou bay mond lan, tankou bouji a. Kite manm klas yo chèche D&A 103:9 epi li kisa Senyè a te di apwopo Sen yo.

• Ki kèk fason nou se yon limyè pou yon lòt moun? (Mete repons yo sou tablo a bò bouji yo. Repons yo kapab fè yon misyon, vin yon limyè atravè egzanp ou, zanmitay, aktive manm ki mwens aktif yo, ak sèvis.)

Mete yon flanm sou twazyèm bouji a.

Istwa

Pataje istwa k ap suiv la kote yon moun ki te sous pou limen yon lòt bouji nan levanjil la:

“Se te pi bon zanmi mwen, zanmi m te grandi ansanm avèk li epi ki te konnen m depi m te nan preparatwa. Depi lè sa a nou te pataje tout bagay tankou pope, bonbon, klas yo nan lekòl avèk ale lakay yon zanmi e fete epi dòmi. Te gen yon gran diferans ant nou menm. Ou wè li poko konnen verite mwen te konnen an.

“Sa te pran mwen douzan pou m reyalize ke levanjil la se pa sèlman pou mwenmenm men pou limenm tou eke sete atravè mwen menm li ta kapab jwenn li.

“Mwen te pale avèk misyonè yo sou pwoblèm sa a e mwen te panse mwen ta pral ba yo travay sa a men mwen te gen tò.

“Yo te di, ‘Ou mande sa e n ap anseye li.’

“Anseye li te sanble li pa t yon pwoblèm. Mwen te gen travay ki pi difisil pase tout lòt bagay.

“Mwen te rele l nan telefòn.

“Mwen te di, ‘Eske ou ta renmen vin lakay mwen pou gade yon fim aswè a?’ Se yon nouvo misyonè nan pawas nou k ap pase li.’

“Li te vini. Li te gade fim nan epi li te ale san di anpil bagay.

“Yon semèn apre misyonè yo te pase. Yo te di, ‘Eske ou prepare yon moman kote nou kapab anseye li levanjil?’

“ ‘Li pa t vrèman di anpil bagay sou fim nan. Mwen pa konnen si mwen ta dwe mande li ankò.’

“Youn te di, ‘Rele l epi mande li.’ Se te misyonè a ki pa t anvi pèdi tan. Mwen pa t kapab goumen avèk yon misyonè, konsa mwen te pran telefòn mwen epi mwen te rele li pandan m t ap tranble. Mwen toujou ap panse poukisa bagay sa yo di konsa.

“Mwen te di, ‘Alo Cheryl. Mwen t ap panse. . . misyonè yo isit la kounyeya e. . . mwen t ap panse èske ou pa ta renmen vini a. . . aprann plis apwopo Legliz la?’

“Te gen yon moman san pale.

“ ‘Mwen kwè m kapab.’

“Mwen te santi m pi byen lè sa a. ‘Kilè ou kapab vini?’

“ ‘Nenpòt lè ou vle.’

“ ‘Demen swa?’

“ ‘Wi, sa bon.’

“Mwen te vire kote misyonè yo. ‘Eske denmen swa bon?’

“Yo te vire tèt yo epi yo te di wi avèk bonè. . .

“Mwen te di pou fini, ‘Mèsi, Cheryl.’

“Li te di, ‘Tann yon minit Patti.’ Mwen vle ou konnen mwen p ap dakò avèk sa y ap di yo.’

“ ‘Oke, sa bon. Jis vini!’

“ ‘Men m ap nan goumen avèk yo, e mwen pa ta vle fè sa.’

“ ‘Si ou pa dakò avèk yo sa pa fè anyen.’

“Mwen te pran dezyèm etap la.

“Nan fen katyèm vizit la li pa t goumen yon sèl fwa. Li te dakò avèk tout bagay misyonè yo te di li. Jou swa sa a sete misyonè jinyò a ki t ap pale, epi li te fini epi li te gade l epi li te di, ‘Nou ta renmen batize ou samdi sa. Kisa w panse?’

“ ‘Misyonè senyò a te sezi. Li pa t atann sa t ap vini lè sa a. Kè m te bat pi vit, e mwen pa t kapab respire. Te gen silans pandan yon moman.

“Cheryl te souke tèt li epi li te di, ‘Wi.’

“Mwen pa t bouje, men mwen te kòmanse tranble lè yo te mande li priye.

“Li te fè yon bèl priyè trè senp.

“Tèt m te toujou bese. Mwen pa t kapab gade. Misyonè yo te soti an silans.

“Epi mwen te santi bra li nan kou mwen, e nou te kriye ansanm.

“Li te di pandan li t ap souri ak tout dlo kriye nan je li, ‘Patti, mèsi.’

“Li t ap remèsye *mwen* pou yon bagay li ta kapab bay tèt li, li te remèsye m, kote li te ban m pi gran don mwen te kapab janm resevwa—akseptans byen ki pi presye mwen, levanjil Jezikri a” (Patti Wiltbank, “The First Step Was the Hardest,” *New Era*, janvyè, 1976, pp.18–19).

Konklizyon

Prezantasyon
pou enstriktè a

Lonje dwèt ou nan direksyon bouji sou tablo a. Eksplike Senyè a te di nou pa ta dwe kache limyè nou anba yon raje (Matthieu 5:15–16). Nou ta dwe pataje li avèk lòt moun. Limyè yon jènfi vrèman fè yon diferans.

Temwayaj

Rann temwayaj ou pou jènfi yo ke si yo eseye fè zanmi avèk lòt moun, Senyè a ap beni yo pou efò yo. Ankouraje yo pataje limyè pa yo avèk lòt moun.

Aplike lesan an

Envite jènfi yo chwazi yon moun yo kapab, antanke ke klas, vle ede vin yon manm ki pi aktif oubyen konvèti yon moun nan levanjil la. Kite yo devlope yon plan pou fè sa. Kite youn nan jènfi yo pran nòt ide y ap diskite yo. Chwazi yon bagay nan lis lide yo klas la kapab kòmanse travay sou li kounyeya.

Yon egzanp ki jis enfliyanse lòt moun

OBJEKTIF

Chak jènfi ap yon egzanp ki jis pou lòt moun.

PREPARASYON

1. Prepare yon kopi ekriti k ap suiv la sou yon papye pou chak ekriti: Jan 13:15, 1 Timote 4:12; 1 Pyè 2:21; Matthieu 5:16.
 2. Konnen fraz avèk istwa yo nan leson an.
 3. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt ekriti, istwa, oubyen sitasyon ou vle.
-

**DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE**
Istwa
Yon egzanp ki jis kapab enflyanse lòt moun

Li fraz ki suiv la kote Sè Ardeth G. Kapp te di:

“Lè ou respekte kòmandman yo epi suiv egzanp Sovè a, se kòm si ou kenbe yon limye. Bon egzanp pa ou ede lòt moun jwenn chemen pa yo nan yon mond ki nan fènwa. Sa mande kouraj pou fè sa ou konnen pou vin jis menm lè li difisil anpil anpil. Men ou p ap janm pè kouraj ou sèlman lè ou chwazi pèdi li” (Stand for Truth and Righteousness, *Ensign*, novanm 1988, p. 94).

Rakonte istwa sa a ki te pase:

“Mwen gen disètan e mwen manm Legliz la depi mwen te gen uitan. Sa pa t janm yon pwoblèm pou m te viv levanjil la jiska lòt jou, kote mwen te fè yon eksperyans avèk yon gason ki te rele Craig ke mwen p ap janm bliye.

“...Yon jou nan klas matematik [yon sèten gwoup gason yo] te deside joure Craig, ki te chita bò kote mwen. Craig pa t pale anpil, li pa t twò entelijan donk gason sa yo te renmen joure li. Yon jou yo te deside di tout moun nan klas la vag sou Craig. Dabitid mwen konn ede l avèk pwoblèm li pa konprann, donk lè mwen te tande plan yo, mwen pa t konnen sa pou m te fè.

“...Kèk minit anvan klas la te fini, Craig te mande m kòman pou l fè yon sèten pwoblèm matematik. Chak moun nan klas la te gade m pou wè si m t ap ede li. Kè m te fè m mal, e men mwen te mouye. Mwen te vle fè aksyon ki janti e reponn li, men mwen pa t ap kapab santi sityasyon an vin pi rèd pandan tout manm klas la t ap tann pou m ba li vag.

“Mwen te santi figi m vin cho e mwen te konnen li te wouj lè mwen te vire gade Craig epi m te eksplike kòman pou l fè pwoblèm nan. Lè klas la te fini, gason yo te kòmanse joure mwen anpil. Mwen te panse zanmi mwen yo te ase gran pou konnen kisa k te bon pou fè men mwen te santi yo t ap aji tankou moun ki nan klas preparatwa ki pa t konnen anyen e mwen te anvi kriye. Men fon andedan kè mwen mwen te konnen mwen te fè sa ki te pi bon an.

“Nan demen mwen pa t vle retounen nan klas matematik la. Men lè m te rive, menm gason yo te wè m e yo t edi m yo te vle ba l vag ankò e yo te vle m ba l vag tou. Lè sa a, mwen te konnen sa m te fè a te bon e mwen te deside mwen pa tap fè sa yo te vle a.

“Lè m te di yo sa, mwen te byen sezi sa ki te pase. Pi bon zanmi m, ki te chita bò kote mwen, te di yo li pa tap ba li vag tou. Plizyè lòt moun te fè menm bagay la epi preske tout moun nan klas la te deside plan pa yo a sete bagay timoun e li te sòt. Anvan fen klas la tout moun t ap pale avèk Craig; menm gason ki te kòmanse joure li t ap diskite kèk nan pwoblèm matematik yo avèk li.

“Nan tout bagay sa yo, sa mwen te aprann sèke vin yon bon egzanp pa fasil jan l parèt la, men yon sèl moun kapab fè yon gwo diferans. Si ou gen ase kouraj avèk ase lafwa, ou

kapab enflyanse yon gwoup lè ou santi fòs pa yo” (Stephanie Christensen, “When the Pressure Is On.” *New Era*, janvyè 1988, pp.8–9).

Diskisyon

Poze kesyon sa yo. Kite tan pou plizyè jènfi reponn chak kesyon.

- Poukisa nou ta dwe toujou eseye fè yon bon egzanzp, menmsi li difisil?
- Ki èd ki disponib lè w ap fè yon bon egzanzp?
- Kòman ou kapab enflyanse zanmi ou yo pou fè sa ki bon?

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike manm Legliz Jezikri Sen Dènnye Jou yo gen yon gran responsablite gen sousi epi bay bon egzanzp. Nou konnen sa ki byen ak sa ki mal epi nou gen asirans Papa nou ki nan Syèl la ap toujou avèk nou lè nou fè sa ki bon. Li pi bon pou nou pre Papa nou ki nan Syèl la e kenbe kòmandman li yo pase nou vin popilè avèk lòt moun epi pa obeyi kòmandman yo.

Diskisyon

Envite jènfi yo pataje yon lè yo te enflyanse pa yon bon fason yon lòt moun oubyen lè yo te enflyanse yon lòt moun fè sa ki bon. Petèt w ap vle pataje kèk nan eksperyans ou yo.

Anpil jènfi si yo pataje sityasyon yo ta kapab fè yon bon egzanzp men yo pa fè sa a. Kite yo di kòman yo te santi yo apre.

Diskisyon avèk tablo a

Ekri yon gwo mwens (-) sou tablo a. Mande kisa sa vle di lè nou di yon moun gen enflyans ki negatif sou lòt moun.

Ekri yon gwo plis (+) sou tablo a. Mande kisa sa vle di lè nou di yon moun gen yon enflyans pozitif sou lòt moun.

Diskite kèk nan fason nou kapab gen yon enflyans pozitif sou lòt moun.

Ekriti yo pale apwopo enpòtans egzanzp

Diskisyon ak ekriti

Eksplike lè Sovè a te montre nou kòman pou n vin yon bon egzanzp. Li te toujou fidèl a sa li te konnen ki te bon. Bay kat jènfi yo kopi ekriti k ap suiv la pou yo li fò:

1. “Mwen ba nou yon egzanzp pou nou kapab fè menm bagay mwen te fè pou nou an” (Jan 13:15).
2. “Pa kite pèsonn pase ou nan betiz paske ou twò jèn. Men, se pou ou tounen yon egzanzp pou moun ki kwè yo, nan jan ou pale, nan jan ou mennen tèt ou, nan jan ou gen renmen, nan jan ou gen konfyans, nan jan w ap mennen yon lavi ki dakò avèk volonte Bondye” (1 Timote 4:12).
3. “Se pou sa menm Bondye te rele nou, paske Kris la te soufri pou nou” (1 Pyè 2:21).
4. Konsa tou, se pou limyè nou klere devan tout moun, pou lè yo wè tout byen n ap fè yo, y ap fè lwanj Papa nou ki nan Syèl la.

Diskite kòman ekriti sa yo aplike nan lavi yon jènfi. Poze kesyon sa a:

- Kòman kite limyè ou klere (oubyen bay bon egzanzp) se rann Papa nou ki nan Syèl la glwa?
- Kòman ou kapab vin yon egzanzp pozitif pou zanmi ou yo nan pawòl ou? nan charite? nan lafwa? nan bagay ki pi?

Yon bon egzanzp kapab pote lajwa pou anpil moun

Istwa

“Li temwayaj ki suiv la Sè Shirley Casper, madanm moun koni Billy Casper ki jwe gòlf, te bay. Mande jènfi yo koute kijan diferan egzanzp yo jwe pati enpòtan nan istwa a.

“Mwen te di plizyè fwa mwen te prepare pou m vin yon manm nan Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo plizyè ane anvan Billy te prepare. Mwen te konprann plis apwopo Mòmmon yo pase Bill te konn tande. Lè mwen te yon jènfi, kèk nan zanmi manman m ki te soud te Mòmmon. Lè mwen te grandi epi lè men te marye, mwen te gen zanmi nan peyi a ki te Mòmmon.

“Lè Bill te genyen tounwa U.S. Open nan an 1959 e lè nou te kapab pase plis tan nan Salt Lake City, Utah, mwen te konprann relijyon byen pou wè bagay ki te enteresè a. Se te lè pou aprann plis apwopo Mòmmon yo. Mwen te vle konnen apwopo li, e plis mwen te aprann, plis mwen te vle kontinye aprann.

“Mòmmon te toujou di sa yo te panse epi yo te janti—pa nan yon move fason men nan yon fason chak manm ki gen konfyans nan li t ap fè apwopo relijyon se te sa li te vle fè.

“Yo te sanble yo te viv pi byen pase lòt moun, yo te pwospere plis—mwen pa vle di yo te gen plis lajan. Yo te gen bon sante, kontan, epi yo te okipe nèt. Yo te pase anpil tan avèk fanmi yo. Si ou te fè konesans avèk yon Mòmmon, dabitid ou te fè konesans avèk fanmi li.

“Mwen te renmen pwogram Legliz la pou jèn yo. Mwen te renmen Koral Tabènak Mòmmon an e mwen te toujou vle chante nan li. Okenn moun pa t fòse relijyon sou nou. Nou te jwi zanmi Mòmmon yo jan yo te ye.

“Mwen sonje kèk nan premye fèt nan Utah yo. Te gen mwens moun k ap bwè avèk fimèn. Apre ou chita nan chanm ki plen fimèn lannuit apre lannuit, jou apre jou, ou jwi lè ki pwòp.

“Pou repete. Mwen te renmen fason Mòmmon yo t ap viv. Mwen te vin kirye plis pase anvan. . . .

“Mwen te anvi ale avèk Bill nan tanp anpil tan anvan nou te ale la, men li pa t prepare pou sa. Senyè a, Sovè nou te bon pou nou nan fason sa a—li pa ba nou plis nan lwa li yo ke nou kapab konprann epi suiv. Nou tout te bezwen pwogrè kapasite sa a anvan nou ta kapab resevwa sa nou gen kounyeya.

“Lè Bill te di li tap batize, mwen te konnen li te vle di li. . . .

“Anpil bagay nouvo ki ouvri pou nou. Mwen te gen okasyon wè sè misyonè yo nan Hong Kong—jis pou aprann apwopo pwogram misyonè a.

“Avèk jwèt gòlf nou te ale anpil kote nan mond lan, epi nou jwenn Sen yo menm moun ki janti e gen lanmou nenpòt kote nou ale. Yo pa sèlman renmen gòlf e renmen Billy jwe. Yo se frè avèk sè nou nan levanjil la—menm frè avèk sè nou te gen nan mond lespri yo antanke pitit gason ak pitit fi Papa nou ki nan Syèl la. . . .

“Noumenm te jwenn si nou kite moun konnen nou se Mòmmon, avèk jantiyès, n ap pi byen. Moun respekte nou pou sa nou kwè. Petèt yo p ap dakò avèk nou, men y ap respekte nou, tankou nou respekte yo avèk sa yo kwè. . . . Moun respekte nou pou prensip nou yo. Moun renmen nou—si nou merite sa.

“E mwen te aprann egzanp yo vle di anpil nan chak sityasyon. Mwen te vin yon manm nan Legliz la akòz egzanp Mòmmon mwen te konnen yo. Mwen te fè otan bagay pou lòt moun yo te fè pou mwen” (Hack Miller, *The New Billy Casper* [Salt Lake City: Bookcraft Co., 1970], pp. 132–35).

Diskisyon

Kite jènfi yo diksite fason egzanp lòt moun te ankouraje Sè Casper. Eksplike eksperyans Sè Casper yo te fè li vle ede lòt moun nan vin yon bon egzanp pou yo.

Aplike leson an

Ankouraje jènfi yo reyalize bon egzanp moun ki bò kote yo epi eseye vin bon egzanp pou tout moun yo konnen oubyen ki bò kote yo.

Ogmante nan espiritualite

OBJEKTIF Chak jènfi ap konprann prensip repantans lan.

PREPARASYON

1. Prepare pou mete nèf fraz sou yon papye pou chak: "Etap pou repantans: "Rekonèt ou te fè mal," "Pwomèt pou pa fè menm peche a," "Pwomèt tèt ou fè byen ankò," "Rezolve restitasyon," "Santi ou chagren," "Bay tèt ou tan," "Padone tèt ou avèk lòt moun," al "Resevwa padon nan men Senyè a."
2. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt ekriti, istwa, oubyen sitasyon ou vle.

DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE

Repantans nesesè pou resevwa padon

Kesyon pou panse

• Kòman ou santi ou *anvan* avèk *apre* repantans?

Ekriti

Alma te dekri santiman li yo apre sensè repantans li. Kite jènfi yo li Mozya 27:29.

Sitasyon an diskisyon

Li sitasyon k ap suiv la sou fason youn nan dirijan Legliz nou yo konpare repantans avèk yon gòm:

"Bondye. . .gen yon kreyon avèk yon gòm sou li e li te pwomèt nou l ap sèvi avèk li si n ap repanti epi chanje fason nou yo. . . . Li te di si nou kite peche mechan nou e goumen kont li, li tap lave li soti tèt li e bliye peche a. Natirèlman, li atann l ap lave li soti tèt nou yo tou" (Sterling W. Sill, *Making the Most of Yourself* [Salt Lake City: Bookcraft, 1971], p. 93).

• Poukisa repantans se yon prensip mèveye avèk yon gran benediksyon nan lavi nou?

Etap repantans

Sitasyon, fraz sou papye yo, avèk diskisyon

• Kòman ou repanti?

Pou reponn kesyon sa a, diskite etap repantans yo jan li ye nan sitasyon ki suiv la pa Eldè Robert D. Hales. Mete papye apwopriye a pandan ou entwodwi chak etap. Diskite sa chak etap vle di avèk jènfi yo. Kite manm klas yo li ekriti ki di nan etap 2 jiska 8 yo.

Kòmanse avèk papye "Etap repantans"

"1. Rekonèt nou te fè mal.

"2. Fè alyans avèk Senyè a nou p ap fè menm peche nou te fè a e nou vin padone. Pa sa w ap konnen si yon moun repanti pou peche li yo—l ap konfese yo epi bliye yo. (D&A 58:43).

"3. Pwomèt tèt ou viv yon lavi pi byen nan tout pati levanjil la.

"4. Fè restitasyon bagay nou te fè ki mal—

"a. Repanti atravè priyè avèk Senyè a.

"b. Konfese bay evèk nou. . .[si peche a se yon gwo peche].

"c. Pale avèk moun nou te fè mal la.

"5. Repantans nou dwe otan fon ak peche nou te fè a. Pa gen yon fason ki fasil. Li blese, men li pwòpte tou.

"6. Tan se pwochèn eleman repantans avèk restitasyon.

"a. Kite tan pou anbeli tèt nou, pou Senyè a, pou lèzòm nou te fè alyans avèk tèt nou yon nouvo lavi.

"b. Tan pou etidye ekriti yo epi dedye lavi nou pou viv kòmandman nou aprann nou dwe viv yo pou nou kontan epi gen lajwa.

"7. Padone tèt pa nou epi padone san nenpòt santiman retribisyon pou moun ki te fè nou mal.

"8. Finalman, pi gran nan tout bendiksyon: padon Senyè a. Nou pa gade sou peche nou avèk depresyon avèk blesi, men nou ta dwe gade nan fiti a avèk espwa avèk lajwa epi lanmou pou Bondye, ak tout lèzòm" (nan Conference Report, oktòb 1976, p. 34; oubyen *Ensign*, novanm 1976, p. 26).

Repantans se yon pwosesis ki kontinye

Sitasyon avèk diskisyon

Eksplike repantans se yon don mèveye ki kapab ede nou pwogrese nan lavi sa a. Nou ta dwe itilize don sa a avèk sajès. Li sitasyon ki suiv la:

"Dezyèm gran prensip levanjil la se repantans. . . .

"Nou tout nou fè erè. Si repantans nou sensè, nou gen dwa pale avèk [Papa nou ki nan Syèl la] pou l padone nou, men sonje nou pa gen dwa fè otan erè nou vle. Li *toujou* pi bon si nou pa fè yo. Nou pa ta dwe repete menm fot yo tout tan. Nou ta dwe aprann leson nou yo. Li pa ase pou vin otan bon jodi a ke nou te ye yè. Nou ta dwe pi bon. . . . Men youn nan doktrin ki mekan nenpòt moun ta kapab di se pou di poutèt yon moun te fè yon fot, se pa ta fè yon diferans si li te fè plis oubyen anpil plis. Pi bon tan pou repanti se kounyeya, anvan tan pwochèn nan" (Richard L. Evans, nan Conference Report, oktòb 1969, p. 68; oubyen nan *Improvement Era*, desanm 1969, pp. 74, 76).

Ede jènfi yo reyalize repantans se pa sèlman pou moun ki fè gwo peche, *men se yon pwosesis vin yon pi bon moun*. Nou ta dwe itilize prensip repantans sa a chak jou nan lavi nou.

Sitasyon k ap suiv la ede eksplike pwosesis repantans ki kontinye:

"Repantans nesèsè pandan n ap grandi nan lavi sa a, depi tout bagay ki grandi ap toujou ajiste, e devlope kalite nouvo e kite lòt. Nou pa kapab ranplase yon move lavi avèk yon bon lavi ni avèk nenpòt mo oubyen zèv; bezwen gen yon pwosesis ki kontinye e ranplase fòt avèk verite e fè bagay ki bon; ale mal jistan bon oubyen nan bon jistan pi byen. . . .

"Lè nou di nou toujou bezwen kontinye repanti, pa mal konprann li vle di nou kontinye peche epi repanti epi peche ankò. Sa pa yon repantans konplè. Nou dwe wè sa ki bon e suiv li, nou rekonèt bagay ki mal epi nou bliye li avèk chagren si n ap resevwa benediksyon repantans konplèt" (Hugh B. Brown, *Eternal Quest*, konpile pa Charles Manley Brown [Salt Lake City: Bookcraft, 1956], pp. 99, 102).

Prezantasyon pou enstriktè a avèk diskisyon

Eksplike lè nou grandi espiyèlman, nou rekonèt bagay ki te sanble mache byen yon lè anvan yo te mal. Grandi espiyèlman ede yon moun simonte feblès nou fèk rekonèt yo. Sa se pwogrè. Chak jou lè nou aprann bagay nou ta dwe evite, konesans nou ogmante e nou avanse nan yon nouvo etap pou n grandi. Eksplike *repantans se yon pwosesis ki kontinye pou anbeli tèt ou nan panse avèk aksyon ou yo* lè ou rekonèt feblès ou yo. Pwosesis kontinye nan laj yon adilt.

- Eske ou kapab panse kèk "ti" bagay nan lavi ou ou bezwen repanti pou yo?
- Kòman lavi ou avèk santiman pou tèt ou anbeli si ou travay pou kite youn nan bagay sa yo chak semèn?

Sitasyon

Prezidan Spencer W. Kimball te di: "Paskè nou tout konn fè gwo oubyen ti peche, nou tout nan bezwen konstan repantans, leve tèt nou avèk pèfòmans pa nou. Okenn moun pa kapab fè oubyen suiv kòmandman Senyè yo nan yon sèl jou, yon semèn, yon mwa oubyen yon ane. Sa se yon efò ou bezwen kontinye fè pandan lavi" (*Miracle of Forgiveness* [Salt Lake City: Bookcraft, 1969], p. 202).

Repantans pote lapè

Istwa

Mande jènfi yo koute istwa k ap suiv la pou wè kòman li kapab konpare avèk prensip repantans lan.

Jane te jwi ale deyò, e li te depanse anpil tan poukont li mache nan mòn yo. Yon jou li te dekouvri yon kav. Menm si yon santiman ki pa t alèz te di l pa antre, li te kirye gade andedan. Li te kontinye mache fon nan kav la, e li te wè anpil fòmasyon devan li. Fènwa kav la te vin nèt e li te reyalize li te pèdi.

Li te pè, epi li te vin fache avèk tèt li akòz pwoblèm li. E lè li pa t kapab jwenn antre a li te vin trouble. Kisa li ta kapab fè kounyeya? Li te pèdi sans direksyon e li pa t kapab jwenn vrè chemen an. Nan pwèn sa a li te deside priye pou èd. Li te mande Senyè a direksyon pou ede l jwenn antre a epi ede l padone erè li te fè paske li te antre kav la. Avèk men li sou mi yo, li te vire kò li e nan distans la li ta kapab wè yon ti kolòn limyè. Li te mache pi vit nan direksyon limyè a jiskaske li te soti nan kav la.

Kesyon pou panse yo

- Eske Jane te vle pèdi nan kav la?
- Kòman ou panse Jane te santi li lè li te soti nan kav la?
- Eske ou janm santi ou pèdi e ou pa kapab jwenn chemen ou ki retounen bò kot Papa ou ki nan Syèl la?

Eksplike repantans se tankou santiman Jane te genyen lè li te rekonèt fòt li, li te chagren, li te priye pou l jwenn padon avèk direksyon, e li te retounen nan limyè a. Se youn nan santiman ki pi dous epi plen lapè yon moun kapab resevwa.

Diskisyon avèk ekriti

Eksplike nou tout fè erè chak jou nan lavi nou. Sèlman atravè repantans pwop epi konplè nou kapab resevwa yon santiman lapè nan kè nou.

Alma, yon pwofèt nan Liv Mòmòn an, te pèsikite Legliz la lè li te yon jèn gason. Yon zanj te parèt devan li e te di l rete konpòtman mechan li. Alma te santi anpil chagren lè li te kòmanse repanti pou peche l yo. Kite yon jènfi li Alma 36:12–12, 15–16.

- Kòman Alma te santi li lè li te finalman rekonèt peche li yo?

Kite yon lòt jènfi li Alma 36:17–21.

- Kòman Alma te dekri santiman li yo lè li te sonje sakrifis ekspyatwa Jezikri a epi lè li te konnen li t ap jwenn padon?
- Kòman lanmou avèk apresyasyon pou Sovè a grandi lè nou repanti sensèman epi nou chèche jwenn padon?

Konklizyon

Temwayaj

Rann temwayaj ou sou reyalite lanmou Jezi avèk sakrifis ekspyatwa li. Temwaye ki jistis se sèl fason pou resevwa bonè e lè nou fè peche, nou kapab resevwa repantans konplè atravè lafwa nan Jezikri avèk vrè repantans.

OBJEKTIF	Chak jènfi ap aprann enpòtans padone lòt moun.
PREPARASYON	<ol style="list-style-type: none"> 1. Pote yon kreyon avèk yon mòso papye pou chak manm klas la. 2. Prepare yon afich. 3. Ekri sou yon mòso papye sa Prezidan Spencer W. Kimball te jwenn nan dezyèm seksyon leson an. Bay youn nan jènfi yo li anvan klas la kòmanse e mande li etidye l pou l kapab li l byen pandan klas la. 4. Chwazi jènfi pou prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon ou vle.
DEVLOPMAN POU LESON YO SIGJERE	Entwodiksyon
Ka pou etidye yo	<p>Bay chak jènfi yon kreyon avèk yon mòso papye. Di klas la w ap dekri de sityasyon. Nan fen chak, yo bezwen ekri kisa yo tap fè si yo te nan menm sityasyon an.</p> <p><i>Ka pou etidye 1</i></p> <p>Maryann te di zanmi li Kathy yon bagay ki te yon sekre e li te mete konfyans nan li pou pa di pèsounn. Pita, Maryann te tande Kathy di yon lòt moun. Anplis, Kathy te ajoute plis bagay nan istwa a e li te di kèk bagay ki pa t vre. Maryann te blese anpil paske zanmi li te kraze alyans yo. Li te trè fache—li te si tèlman fache ke li te panse li pa tap janm pale avèk li ankò.</p> <p>Mande chak jènfi ekri kisa li tap fè si l te nan plas Maryann.</p> <p><i>Ka pou etidye 2</i></p> <p>Pandan kòmansman reyinyon Jènfi yo, Karen te mete bous li sou chèz la. Li te kite li la lè yo te ale nan yon lòt klas. Lè li te retounen chèche bous li, li pa t la. Nan demen, Susan, yon jènfi ki fèk bwote vin rete bò lakay yo, te vini kay Karen. Susan te di se li ki te pran bous la. Li te vin remèt li epi li te di li dezole e li te mande Karen pou l padone li. Karen te di, “Natirèlman, mwen deja bliye sa.” Kèk jou pita lè Karen t ap pale avèk kèk nan zanmi li yo, youn nan jènfi yo te mande si okenn moun pa konnen Susan.</p> <p>Bay jènfi yo tan pou ekri kisa yo t ap fè si yo te nan plas Karen. Di yo sere papye yo a pou referans pita nan leson an.</p>
Diskisyon avèk ekriti	<p>Sovè a te anseye padon pa pawòl ak egzanp</p> <p>Eksplike Jezikri te anseye moun kisa yo ta dwe fè lè yon moun ofanse yo. Mande jènfi yo koute yon ekriti epi note enstriksyon Jezi te bay yo. Mande yon jènfi pou li Matthieu 5:43–44.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kòman ou ta dwe trete moun ki ofanse ou? <p>Jezi te anseye moun ki te suiv li yo li ba yo kòmmandman pou padone tout moun. Yo ta dwe renmen lenmi yo epi beni moun ki pase yo nan betiz. Epi li te menm eksplike si yon moun pa padone, li fè pi gwo peche pase moun ki ofanse l la. Mande jènfi yo li D&A 64:9–10.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kòman grav li ye si nou pa padone lòt moun? • Kimoun nou gen kòmmandman padone?

Sitasyon avèk diskisyon	<p>Jezi te bay egzanz siprèm nan padone moun ki te ofanse epi blese li. Youn nan dirijan Legliz nou yo te eksplike: “Istwa nan Bib la di nou okenn moun pa gen imilite, lapenn, soufrans Sovè mond lan te genyen nan dènye moman li yo sou latè.</p> <p>“Youn nan pi bon zanmi li te vann li apre plizyè fo akizasyon. Yo te fè yon pwosè, si ou ka konsidere sa kòm yon pwosè, e nan pwosè sa a li te resevwa lanmò dapre politik ak santiman piblik la olye pa jistis.”</p> <p>Rete li sitasyon an epi mande:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kòman ou tap santi ou si yon zanmi w ta vann ou? • Kòman ou tap trete yon moun ki di ou fè yon krim epi se pa vre? <p>Eksplike soufrans Jezi pa t fini apre yon akizasyon fo ak yon zanmi ki te vann li. Kontinye li:</p> <p>“Epi youn apre lòt ki te pran anpil lapenn: li te mache jisnan Kalvè a pandan li t ap pote kwa lou a; moun te joure li epi krache sou li pandan li t ap mache; moun te ofri li vinèg, yo te mete pikèt sou li, e finalman, li te kwoke, kò li te kase avèk senyen, lenmi an te toujou joure li; e nan tout sa Jezi te plede tout dousman, avèk anpil reverans, ‘Papa, padone yo paske yo pa konnen sa y ap fè. . . .’ (Lik 23:34.)” (Robert L. Simpson, nan Conference Report, oktòb 1966, p. 128; oubyen <i>Improvement Era</i>, desanm 1966, p. 1148).</p>
Nou dwe aprann padone lòt moun pou Bondye padone nou	
Sitasyon avèk diskisyon	<p>Eksplike lè yon jènfi padone, li kite Senyè a padone li. Eldè Marion D. Hanks te poze kesyon sa a: “Eske li sanble gwo sotiz pou mande Bondye padone ou lè nou pa padone?— nan piblik? nan ‘nan kè nou yo?’” (nan Conference Report, oktòb 1973, p. 15; oubyen <i>Ensign</i>, janvyè 1974, p. 20).</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kòman ou padone yon moun nan piblik e nan kè ou? • Kòman santiman ki mal, ki fè ou fache, oubyen revanj pou moun ki te ofanse ou kapab vin simonte pou ou kapab vrèman padone? • Kòman priyè ede ou paran padone? • Kòman konprann epi vin konnen Sovè a ede ou plis pou padone lòt moun? <p>Eksplike Papa nou ki nan Syèl la te di, ki anrejistre nan ekriti yo, lè yon moun repanti, l ap padone peche pa yo e “pa sonje yo ankò” (gade nan D&A 58:42). Lè yon jènfi padone yon moun, li ta dwe di moun nan an piblik epi bliye sa li te fè a e pa pale apwopo li ankò.</p>
Sitasyon	<p>Kite jènfi ou te chwazi a li sa Prezidan Spencer W. Kimball te di.</p> <p>“Eske mwen dwe padone menm si moun ki te ofanse m toujou ap joure m epi mechan avèk mwen? Se klè mwen dwe.</p> <p>“Yon erè kouran se lide ke yon moun ki te peche dwe vin dezole epi imilye tèt li jiskaske li gen mwens valè pase pousyè a anvan li kapab jwenn padon. Natirèlman, moun ki fè fòt dwe fè sa li kapab fè men moun ki te blese, limenm dwe padone moun ki te ofanse li malgre atitid moun nan” (<i>The Miracle of Forgiveness</i> [Salt Lake City: Bookcraft, 1969], p. 282).</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kòman ou ta dwe trete yon moun ki te blese w oubyen ofanse w si li pa mande w padon? Men si li regrèt? • Kòman ou ta dwe reponn yon moun ki kontinye fè menm bagay ki ofanse ou yo? (Gade nan Matthieu 18:21–22).
Afich	<p>Montre afich ou te fè avèk ekriti a, “Okontrè, se pou nou aji byen youn avèk lòt, se pou nou gen bon kè youn pou yon lòt, pou youn padone lòt, menm jan Bondye te padone nou nan Kris la” (Efezyen 4:32).</p>
Diskisyon avèk ka pou etidye	<p>Refere a ka etid ou te prezante nan kòmansman peryòd klas la. Mande jènfi yo reflechi sou repons yo te ekri yo. Si yo vle, jènfi yo kapab chanje sa yo te ekri a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Si ou te Maryann, kòman ou tap trete Kathy lè ou wè li ankò? • Kòman Maryann avèk Karen tap santi yo nan kè yo si yo te vrèman padone? • Li te di, “Mwen deja blye sa” lè Karen te padone Susan. Kòman Karen ta dwe aji si li vremen padone Susan?

Padon pote lanmou avèk benediksyon

Istwa avèk diskisyon

“Se te nan yon legliz nan Munich mwen te wè li—yon gason tèt kale ki te gra e ki te mete yon palto gri, yon mòso rad ki te mawon te nan men li. Moun t ap soti nan chanm nan sousòl kote mwen fèk pale a, e yo t ap soti atravè ranje chèz yo ki fèt an bwa pou soti pòt nan dèyè a. Sete ane 1947 e mwen te fèk sòt Olann pou ale Almay ki te pèdi lagè a pou ba yo yon mesaj Bondye padone.

“Se te verite a yo te bezwen tandè nan peyi ki te detwi, e mwen te ba yo foto mantal favori mwen an. Petèt paske lanmè a pajanm lwen tèt moun nan Olann, mwen renmen panse kote peche ki padone yo ale. Mwen te di, ‘Lè nou konfese peche nou yo, Bondye jete yo nan fon lanmè, yo ale nèt pou tout tan. . . .’

“Figi san emosyon te gade m kòm si yo pa t kapab kwè. Pa t gen kesyon apre diskou m nan an 1947 nan Almay. Moun te kanpe an silans, yo te chèche palto yo e toujou an silans, e yo te kite chanm nan an silans.

“E se la mwen te wè li, li t ap avanse kote mwen. Yon moman mwen te wè palto avèk chapo mawon li; epi mwen te wè yon inifòm ble avèk yon chapo ki te gen yon zo tèt avèk zo bra yo te ki fè yon iks. Epi toudenkou mwen te panse sa ki te rive m pandan lagè a: Gran chanm nan avèk limyè fò yo; rad avèk soulye nan mitan chanm nan; chagren yon moun k ap mache ki toutouni. Mwen ta kapab wè kò fèb sè mwen devan mwen, ki montre kot anba chè li. *Betsie ou te trè mèg!*

[Yo te arete Betsie avèk mwen paske nou te ede kache Jwif yo nan kay nou pandan okipasyon Nazi an Olann; mesye sa a te yon gadyen nan kan konsentrasyon Ravensbruck kote nou te ye a.]

“Kounyeya li te devan mwen e li lonje bra li nan direksyon mwen: ‘Yon bon mesaj, Madmwazèl! Sa bon pou konnen jan ou di tout peche nou yo nan fon lanmè a!’

“E mwenmenm ki te pale apwopo padon te gen men mwen yo nan pòch mwen. Natirèlman li pa tap sonje mwen—kòman li ta kapab sonje yon prizonè pami plizyè milyon fi?

“Men mwen te sonje li. Mwen te devan yon moun ki te kenbe m prizonè e sen mwen te kòmanse vin frèt.

“Li te di ‘Ou te pale apwopo Ravenbruch nan diskou ou,’ ‘Mwen te yon gadyen la.’ Non, li pa t sonje mwen.

“Epi li te kontinye, ‘Men depi lè sa a mwen te vin yon kretyen. Mwen konnen Bondye padone mwen pou bagay mechan mwen te fè la, men mwen ta renmen ou di ou padone mwen.’ Men li te lonje nan direksyon m ankò e l te di, ‘Madmwarzèl, w ap padone mwen?’

“E mwen te kanpe la—Peche mwen yo te vin padone—e mwen pa t kapab padone. Betsie te mouri kote sa a—èske mwen ta kapab bliye lanmò terib li paske yon moun mande m pou padone l?

“Li pa ta kapab andire plis pase plizyè segonn li te konn kanpe la yo—men li lonje—men pou mwen menm li te sanble plizyè è mwen te reflechi sou bagay ki pi difisil mwen te janm fè nan lavi mwen.

“Mwen te bezwen fè li—Mwen te konnen sa. Mesaj Bondye padone gen yon kondisyon ki egziste; nou padone moun ki te blese nou. Jezi di, ‘Si ou pa padone moun ki blese ou, Papa ou ki nan Syèl la p ap padone ou.’

“Mwen te konnen li pa sèlman yon kòmandman Bondye, men kòm yon eksperyans kotidyen. Depi fen lagè a mwen te gen yon kay nan Olann pou moun ki te blese pa Nazi yo. Moun ki te kapab padone lenmi pa yo te kapab retounen nan mond lan e rebati lavi pa yo, malgre tout mak fizik yo te resevwa. Moun ki te pran swen amè yo ki fèb e san fòs. Li te senp e orib tankou sa.

“E mwen te kanpe la toujou avèk yon kè frèt. Men pou padone se pa yon emosyon—mwen te konnen sa tou. Pou padone se avèk volonte, e volonte a kapab travay malgre tanperati kè a. . . . Ede m!’ mwen te priye an silans. ‘Mwen kapab leve tèt mwen. Mwen kapab omwen fè sa. Ou bay santiman an.’

“E mekanikman mwen te mete men mwen yo nan men li ki te lonje. Lè mwen te fè sa, yon bagay enkwayab te rive. Kouran an te kòmanse nan zepòl mwen, e te ale nan bra mwen, epi te ale nan men wmen yo. Epi yon santiman geri te doule tout kote nan kò mwen, e mwen te kòmanse kriye.

“Mwen te di, ‘Mwen padone ou, frè! Avèk tout kè mwen.’

“Pandan yon moman nou youn te kenbe men lòt, gadyen an avèk prizonye a. Mwen pa janm konnen lanmou Bondye si fò jan mwen te santi l lè sa a” (pati ki soti “I’m Still Learning to Forgive” pa Corrie ten Boom. Emprime ankò pa pèmisyon nan *Guideposts Magazine*, Dwa otè © 1972 pa Guideposts Associates, Inc., Carmel, Nouyòk 10512).

Konklizyon

Ekriti ak temwayaj

Fini leson an epi li D&A 64:8–10 avèk jènfi yo epi ilistre ansèyman li yo pa yon egzanp pèsònèl oubyen yon eksperyans reyèl yon lòt moun te genyen. Bay temwayaj ou apwopo nesite viv prensip sa a si nou vle resevwa benediksyon Senyè a pwomèt nou yo.

Ekriti

Li Ephésians 4:32 ki sou afich la ankò epi ankouraje jènfi yo vin janti e gen bon kè pou lòt moun epi aprann padone epi suiv egzanp Sovè a.

OBJEKTIF Chak jènfi ap reyalize gran valè priyè avèk meditasyon kotidyen nan lavi li.

- PREPARASYON
1. Foto 14, Jezi ap priye nan Jetsemane (62175).
 2. Prepare yon afich sa Prezidan Harold B. Lee te di, "Lavi a di, konsa nou ta dwe viv li avèk priyè."
 3. Prepare yon kopi envitasyon ki suiv la pou chak jènfi nan klas la:

ENVITASYON	
KIMOUN:	D&A 104:79
POUKISA:	D&A 19:28
	1 Tesalonik 5:18
	Jak 1:5
	Alma 34:27
KÒMAN:	3 Nefi 19:6
	1 Timote 4:15
KIKOTE:	Matthieu 6:6
	Alma 34:26
KILÈ:	Alma 34:21
	1 Tesalonik 5:17
PWOMÈS:	Alma 37:37
REPON	
ENVITASYON AN:	

4. Chwazi manm klas la pou prepare epi li bagay ki suiv yo nan leson an:
 - a. Powèm "Yon priyè enfòmèl"
 - b. Fraz Eldè H. Burke Peterson te di sou fason pou priye
 - c. Fraz Prezidan David O. McKay te di sou meditasyon
5. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt ekriti, istwa, oubyen sitasyon ou vle.

DEVLOPMAN POU LESON YO SIGJERE

Papye pou distribye

Entwodiksyon: Bayo yon envitasyon

Bay manm klas la envitasyon yo. Pandan devlopman leson an, w ap di jènfi yo li kèk referans ekriti pou yo kapab dekouvri mesaj envitasyon an.

Diskite avèk klas la kimoun ki resevwa envitasyon an. Kite klas la chèche D&A 104:79; epi li l fò ansanm. Sa idantifye chak nan jènfi yo ki resevwa envitasyon an.

	<p>Ekriti yo anseye nou apwopo priyè</p>
Diskisyon	<p>Kite jènfi yo sigjere rezon ki fè Senyè a envite nou priye. Apre yo fin bay sigjesyon pa yo, kite yo chèche kat ekriti sou envitasyon an. Li chak ekriti, epi idantifye rezon Senyè a bay pou priyè.</p> <p>D&A 19:28 (se yon kòmandman); 1 Tesalonik 5:18 (bay mèsè nan tout bagay, se volonte Bondye a); Jak 1:5 (si ou manke sajès); avèk Alma 34:27 (priye pou byennèt tèt ou ak lòt moun).</p>
Powèm	<p>Eksplike jènfi yo gen plizyè lòt rezon pou priye e kat ekriti sa yo sèlman bay kèk repons.</p> <p>Pou kòmanse diskisyon kòman priye a, kite manm klas la ou te chwazi a li powèm k ap suiv la:</p> <p>Yon priyè enfòmèl</p> <p>Dyak Lemuel Keyes te di, “Bon fason pou yon moun priye,” “E sèl atitud ki bon Se mete l ajenou.”</p> <p>Reveran Doktè Wise, “Fason ki pa bon pou priye,” “Se kanpe dwat avèk bra ou yo lonje avèk je plen emosyon ap gade nan syèl la.” “Oh, non, non, non,” Eldè Snow te di; “Yon pozisyon konsa gen twòp fyète.</p> <p>Yon moun ta dwe priye avèk je femen Epi tèt bese.” “Pou mwen men li yo ta dwe kwaze byen ansanm devan.</p> <p>Reveran Doktè Hunt te di. “Avèk de pous yo nan direksyon atè a,”</p> <p>Cyrus Brown te di, “Ane dènye mwen te tonbe nan pi Hodgkin an Tèt mwen te tonbe an premye” “Avèk talon mwen alè, Tèt mwen te nan direksyon atè; E mwen te fè yon priyè lè sa a e la; Pi bon priyè mwen te janm di; Pi reveran priyè mwen te janm priye; Kanpe sou tèt mwen.”</p> <p>(Sam Walter Foss, “The Prayer of Cyrus Brown,” nan <i>Stars to Steer By</i>, revize pa Louis Untermeyer [Nouyòk: Harcourt, Brace and Co., 1941], pp. 301–02.)</p>
Ekriti	<p>Kite jènfi yo chèche 3 Nefi 19:6 jan li di sou envitasyon yo a. Eksplike lè Sovè a te parèt sou kontinan Amerik la, li te anseye disip li yo kòman pou yo priye, epi yomenm te anseye pèp la. Li ekriti a, epi mande jènfi yo di kòman Nefit yo te aprann priye.</p>
Sitasyon	<p>Eksplike pou ede nou nan efò nou yo pou vin pi pre li, Papa nou ki nan Syèl la te ba nou anpil konsèy atravè dirijan modèn yo sou fason pou nou priye. Kite manm klas la ou te chwazi a pou li epi diskite sigjesyon Evèk H. Burke Peterson:</p> <p>“Lè ou santi ou bezwen pale avèk Senyè a oubyen anbeli kalite vizit ou yo avèk li—oubyen priye, kite m sigjere yon pwosesis pou suiv: ale yon kote ou kapab sèl, ale kote ou kapab panse, ale kote ou kapab mete ajenou, ale kote ou kapab pale fò avèk li. Chanm nan, twalèt la, oubyen yon pandri ap bon. Kounyeya, imajine li nan tèt ou. Panse avèk moun w ap pale a, kontwole panse ou yo—pa kite yo ale nan yon lòt sans—pa ti fraz ki pa vle di anyen, men gen yon konvèsasyon sensè avèk li. Di li dezi ou yo, mande li pou padone ou, plede avèk li, jwi prezans li, remèsye li, ekprime lanmou pou li, epi koute repons li yo—Repons ki soti nan Senyè a vini dousman—trè dousman. Aktyèlman,</p>

sèlman kèk moun tande repons li yo fò avèk zorèy pa yo. Nou dwe koute byen san sa nou p ap janm rekonèt yo. Nou kapab santi laplipa repons Senyè nan kè nou tankou yon ekspresyon konfòtab, oubyen yo kapab vini kòm panse nan tèt nou. Yo vini nan moun ki prepare epi ki gen pasyans” (Nan Conference Report, oktòb 1973, p. 13; oubyen *Ensign*, janvyè 1974, p. 19).

Diskisyon ak foto Montre foto Sovè a k ap priye nan Jetsemene, epi mande jènfi yo sigjere kèk bagay nou aprann apwopo priyè nan etidye foto sa a. Ede yo rekonèt bagay tankou imilite, lapè, fwa, mete ajenou, konsentrasyon, avèk meditasyon.

Meditasyon se yon pati priyè

Diskisyon ak ekriti Mande jènfi yo chèche epi li 1 Timote 4:15 ki anba “Kòman” sou envitasyon yo a. Mande yo di kisa yo konprann mo *Medite* a ye.

Sitasyon Apre klas la fin bay repons pa yo sou kesyon anwo yo, di manm klas la ou te chwazi a pou l li fraz ki suiv la Prezidan David O. McKay te di:
 “Mwen panse nou pa fè anpil atansyon nan valè meditasyon, yon prensip devosyon. . . . Meditasyon se langaj nanm. Sa vle di ‘yon fòm devosyon prive oubyen yon eksèsis espirityèl, ki gen yon refleksyon fon ki kontinye sou yon bagay oubyen prensip relijye.’ Meditasyon se yon pati priyè. . . .

“Meditasyon se youn nan pòt ki pi sekrè epi sakre nou pase pou ale nan prezans Senyè a” (David O. McKay, *Man May Know for Himself*, konpile pa Claire Middlemiss [Salt Lake City: Deseret Book Co., 1969], pp. 22–23).

Ankò diskite kote Evèk Peterson te sigjere nou ale pou nou kapab sèl. Epi mande jènfi yo panse apwopo kote yo ta prale pou medite.

Diskisyon ak ekriti Eksplike kòman avèk kote nou priye avèk medite gen yon relasyon. Kite manm klas la refere envitasyon pa yo e chèche ekriti yo anba “Kikote.” Li yo ansanm epi diskite kote Senyè a sigjere nou ale:

Matthieu 6:6 (Priye nan pandri oubyen kote ki sekrè yo.)

Alma 34:26 (Priye nan pandri, yon kote ki sekrè, e nan dezè nou.)

Lè sa a mande jènfi yo konsidere kote pwòp “dezè” pèsònèl yo ta kapab ye. Ede yo nan detèmine kèk zòn kote yo kapap ale sèl pou medite.

Diskisyon ak ekriti Eksplike Papa nou ki nan Syèl la te di nou kilè pou n priye. Mande yo gade envitasyon pa yo a pou aprann tan apwopriye pou priye dapre ekriti yo:

Alma 34:21 (Priye nan maten, apremidi, avèk aswè.)

1 Tesalonik 5:17 (Toujou priye.)

Di jènfi yo Papa nou ki nan Syèl la toujou disponib e li vle yo pale avèk li. Yon lavi ki jis gen priyè remèsye pou Senyè a ki pa janm fini an.

Lavi a di—Viv li avèk priyè

Afich Montre afich: “Lavi rès, donk nou ta dwe viv li avèk priyè” (site pa Harold B. Lee, nan Conference Report, Konferans zòn Meksik ak Amerik Santral 1972, p. 48).

Tablo a Mande jènfi yo ki pwoblèm, desizyon, avèk tantasyon yo nan lavi pa yo ki ta kapab rezoud pi efikas avèk meditasyon avèk priyè. Anrejistre repons yo sou tablo a:

Meditasyon avèk priyè ap ede nan—

1. Bati yon temwayaj.
2. Simonte atitid negatif yo.
3. Jene avèk yon bi.
4. Simonte presyon moun ki gen menm laj yo.
5. Kenbe prensip Legliz yo.
6. Simonte pwoblèm nan lekòl yo.

7. Abeli imaj tèt ou.
8. Obeyi Pawòl Sajès la.
9. Devlope bon abitud.
10. Simonte feblès yo.

Sitasyon

• Kòman meditasyon fè priyè ou yo apwopo pwoblèm yo ki sou tablo a pi efikas?

Aprè yo fin repon kesyon an, li fraz k ap suiv a Eldè Boyd K. Packer te di ki ede klarifye kesyon anwo a:

“Lè ou gen yon pwoblèm, eseye rezoud li nan tèt ou premyèman. Reflechi sou li epi analize li epi medite sou li. Li ekriti yo. Priye apwopo li. . . .

“Panse sou bagay yon ti kras chak jou e pa toujou fè desizyon ki gwo vit. . . .

“Mwen te aprann pi bon tan pou panse apwopo gwo pwoblèm se nan maten. . . . Panse nan tèt ou efase aprè ou fin byen dòmi. Pwoblèm nan jou a avèk lòt bagay ki agase ou pa la ankò. Kò ou pran repo tou. Sa se lè pou panse apwopo yon bagay avèk swen e pou resevwa revelasyon pèsònèl” (Self-reliance, “*Ensign*, out 1975, p. 88).

Konklizyon

Eksplike anpil envitasyon gen pou moun reponn envitasyon an ki vle di yon moun ki te resevwa li dwe deside si l ap aksepte envitasyon an epi li dwe bay yon repons. Mande jènfi yo refere nan envitasyon yo epi li pwomès la; anvan yo pran desizyon pou aksepte oubyen rejte envitasyon pou medite avèk priyè a. Kite yo li Alma 37:37 pou dekouvri pwomès Senyè a ofri yo (l ap dirije yo pou yo fè sa ki bon, l ap gade sou yo, e l ap leve yo nan dènye jou a).

Mande yo konsidere pwòp repons pa yo nan envitasyon an. Eksplike yo si yo aksepte envitasyon an pou priyè avèk medite, yo ta dwe fè alyans pou fè li chak jou.

Li afich “Lavi a di, donk nou ta dwe viv li avèk priyè. a ankò”

Temwayaj


Sigjere jènfi yo viv lavi yo avèk priyè, e bay temwayaj apwopo valè priyè avèk meditasyon nan pwòp lavi ou. Pataje pwòp eksperyans avèk priyè, e envite jènfi yo pataje eksperyans pa yo tou.

Chan

OBJEKTIF Chak jènfi ap chèche kenbe jou Saba a sen.

- PREPARASYON**
1. Pote yon kreyon avèk papye pou chak jènfi.
 2. Prepare yon papye pou chak jènfi ki sanble yon règ pou mezire. Li kapab konsa:

Pou mezire aktivite yo sou Saba a



Eske l ap pwodui bon bagay? Eske li ede ou espiyèlman? Eske Jezi tap fè li?

Bi mwen: Kenbe tèt mwen pa fè move bagay nan mond lan.

3. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon ou vle.

**DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE**

Aktivite y ap ekri

Preparasyon pou Saba a ogmante benediksyon jou sa a

Bay chak jènfi yon kreyon avèk yon mòso papye. Di klas la pliye papye a an de kolòn vètikal epi rele tit premye kolòn nan "Bagay mwen te fè dimanch dènye." Aktivite sa a ta dwe pran plis pase senk minit. Kite yo kenbe papye a pou yo kapab sèvi avèk li pi devan nan lesan an.

Istwa

Li istwa sa a:

"Mwen sonje m konn di, Sa m genyen? Mwen pa t renmen jou dimanch. Mwen gen konfizyon. Tèt mwen fè m mal. Mwen kriye. Mwen goumen avèk paran mwen. Menmsi mwen toujou ale Legliz, mwen pa akonpli anyen. Kote benediksyon yo pwomèt nou yo? Mwen eseye kenbe jou saba a sen. Mwen pa ale gade film ni ale achte. Mwen ale nan reyinyon m yo. Sa m genyen?" Mwen te dekouvri sa mwen te genyen.

"Mwen te konnen nan kè mwen lè mwen fè devwa lekòl yo, gade televizyon, oubyen koud, oubyen lè m vizite zanmi m yo epi pale avèk yo sou tout bagay fi konn pale, mwen pa tap kenbe jou Saba a sen. Dimanch sete preske tankou nenpòt lòt jou.

"Aprè yon lesan sou jou Saba a, mwen te deside fè bagay yo diferan. Mwen te deside mwen tap gade byen sa m t ap fè. Lè mwen te pran desizyon an, mwen te plen enspirasyon sou fason mwen tap kapab fè li yon jou pi espesyal. Lesan nou an te di nou ta dwe fè yon lis bagay nou ta kapab fè alavans pou prepare Jou Saba a. Lè mwen te fè lis sa a, bagay yo te antre nan lòd."

**Rasanble lide
antanke gwoup**

Kite jènfi yo refere nan lis yo te fè nan kòmansman klas la. Mande yo ki bagay nan lis yo a yo ta kapab fè nan samdi pou fè dimanch yo yon jou pi espesyal. Eksplike dimanch se yon jou sen e nou ta dwe fè preparasyon espesyal pou li. Divize jènfi yo an gwoup. Kite chak gwoup chwazi yon moun pou ekri. Bay chak gwoup youn nan kesyon k ap suiv yo epi kite yo rasanble lide yo pandan pa plis pase senk minit. Lis aktivite jou dimanch yo kapab ede nan peryòd y ap rasanble lide yo.

1. Ki preparasyon yo ta dwe fè jou samdi pou fè dimanch yon jou pi espesyal?
2. Kisa ou ta dwe kite nan aktivite nan jou Saba a pou fè dimanch yon jou pi espiyèl?
3. Ki preparasyon ou ta kapab fè pou fè tan oubyen aktivite pou pataje antanke yon fanmi jou dimanch?

Kite jènfi k ap ekri nan chak gwoup la di lide avèk konklizyon pou gwoup pa li.

Diskisyon avèk tablo a	<ul style="list-style-type: none"> • Ki benediksyon nou kapab resevwa lè nou prepare alavans pou jou Saba a? (Yon santiman bonè; antisipasyon jou Saba a; tan pou panse, reflechi, priye, epi li ekriti yo; yon relasyon pi pre avèk manm fanmi an epi avèk Papa nou ki nan Syèl la.) Ekri repons yo sou tablo a.
Ekriti	Eksplike lè nou kenbe jou Saba a sen nou resevwa benediksyon poutèt nou obeyi kòmandman Papa nou ki nan Syèl la. Kite yon jènfi li Egzòd 20:8–11.

Adore se eksprime nan pawòl, panse, chan, avèk zèv

Diskisyon avèk ekriti	<p>Nan D&A 59:9–10 yo di nou ki kote nou ta dwe ale jou Saba a. Kite yon jènfi li vèsè sa yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ki kote nou gen kòmandman pou ale jou Saba a? • Ki atitid nou ta dwe genyen lè n ap asiste reyinyon Sentsèn? • Kòman asiste reyinyon an fanmi ranfòse relasyon nou yo?
Sitasyon avèk diskisyon	<p>Li sitasyon k ap suiv la:</p> <p>“Twò souvan nou vini pou adore epi nou bay ofrann nou yo san eseye prepare nanm nou nan menm degre pèfèksyon nou resevwa lè nou abiye pou nou ka bèl” (Robert L. Simpson, nan Conference Report, oktòb 1966, p. 129; oubyen <i>Improvement Era</i>, desanm 1966, p. 1148).</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kòman nou kapab prepare “nanm” nou pou jou Saba a?
Ka pou etidye yo	<p>Prezante ka pou etidye k ap suiv yo pou jènfi yo pou yo analize epi diskite: (Ede yo konprann gen anpil fason pou kenbe jou Saba a sen oubyen pa fè li sen.)</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Helen avèk Shirley te chita nan dènnye ranje a lè evèk la te anonse priyè pou kòmanse reyinyon an. Yo kontinye pale piti pandan sèvis adorasyon an epi yo ekri nòt avèk yon lòt. <ul style="list-style-type: none"> • Kòman aktivite Helen avèk Shirley enflyanse adorasyon moun ki atoure yo? 2. Pandan chan sentsèn nan, Emily pa t chita dwat nan chèz li, li te fèmen je li, epi li te kenbe yon liv chan ki fèmen san chante. <ul style="list-style-type: none"> • Kòman pawòl avèk mizik chan yo ajoute nan lespri reyinyon an? 3. Sue te chita bò kot Mary nan sèvis adorasyon an. Pandan yo t ap beni epi pase sentsèn nan bay manm yo, Sue t ap panse apwopo film li te wè nan ayè. Li te sezi lè Mary te touche l pou li pran sentsèn nan. <ul style="list-style-type: none"> • Kòman ou ta konpare reverans Sue avèk santiman li nan nanm li? • Kisa chak jènfi dwe fè pandan sentsèn nan pou adore avèk plis reverans? 4. Terry t ap koute byen yon diskou evèk la t ap bay. Li t ap aple apwopo repantans, e pi li te santi yon santiman lapè epi li te panse se te vrèman yon bèl pati levanjil la. <ul style="list-style-type: none"> • Kòman Tery te montre yon atitid adorasyon? • Ki benediksyon nou kapab resevwa lè nou gen atitid adorasyon? 5. Elaine te gen envitasyon vizite kay Karen epi koute yon nouvo mizik ki popilè. Li te tandè Ann, yon lòt zanmi, te malad. Li deside l ap pran kèk bonbon epi vizite Ann paske li sonje li te ede manman l fè bonbon jou sou samdi. <ul style="list-style-type: none"> • Kòman aksyon Elaine te montre li te gen yon atitid adorasyon? • Kòman li ta kapab pèdi santiman adorasyon li si li te ale kay Karen? <p>Rezime epi di nou kapab adore atravè pawòl, bon panse, mizik ki espartyèl, epi bon zèv. Di adore se viv avèk fè—obeyi Papa nou ki nan Syèl la.</p>
Sitasyon	<p>Li fraz sa a Prezidan Benson te di:</p> <p>“Bi jou Saba a se pou nou grandi espartyèlman, pou renouvle alyans nou yo, pou adore, pou pran repo, pou lapriyè. Bi li se pou nourri lespri a, pou nou kapab kite tèt nou pwòp nan mond lan lè nou obeyi kòmandman Bondye yo” (Ezra Taft Benson, <i>God, Family, Country: Our Three Great Loyalties</i> [Salt Lake City: Deseret Book Co., 1974], pp. 10–14).</p>

Nou ta dwe evalye aktivite nou yo nan jou Saba a

Diskisyon

- Kòman nou kapab konnen kisa pou n fè ak sa pou n pa fè nan jou Saba a?
- Eske ou ta renmen yon lis bagay pou w fè avèk bagay pou pa fè nan jou Saba a?

Eksplike lontan jwif yo pa t suiv direksyon yo te resevwa pou kenbe jou Saba a sen. Pou ede yo konnen bagay espesifik yo ta kapab fè ak bagay yo pa t kapab fè, pastè jwif yo te devlope règ strik pou yo. Men kèk nan règ yo:

1. “Gen kèk ne ou pa kapab mare epi demare. Ou gen dwa demare yon ne ou kapab demare avèk yon sèl men.
2. “Ou pa kapab fè dife ni etern dife.
3. “Ou pa kapab vwayaje plis pase yon kilomèt. Distans sa a, ki te vini koni tankou ‘jounen jou Saba a,’ te deside lè yo te mezire distans nan tabènak la rive nan tant ki te pi lwen an epi retounen nan lòt direksyon an jis nan tabènak la ankò nan tan Moyiz la. Si yon moun te vwayaje plis pase distans sa a, se te travay epi se te yon peche” (“Is It Lawful to Do Good on the Sabbath,” *New Testament Daily Teacher Manual* [manyèl pou seminè, 1980–81], p. 97).
4. Gen yon kesyon tou apwopo si yon moun ta dwe manje yon ze yon kòk te fè sou jou saba a ki pa t konnen lwa a. Yon ministè jwif te di wi, yon lòt ministè te di non. (Gade Albert E. Bailey, *Daily Life in Bible Times* [Nouyòk: Charles Scribner’s Sons, 1943], p. 255).

Sitasyon

Eksplike nou te gen tan resevwa enstriksyon nan dènye jou yo konsènan jou Saba a nan plas règ strik yo.

“Nan jou pa nou yo, Senyè a te pale anpil apwopo jou Saba a. . . .

“Paske nou rete nan yon sosyete ki kraze jou Saba a, nou dwe. . . .viv nan mond lan men pa fè sa mond lan fè. . . .

“Fòk nou pa achte bagay jou Saba a. P ap gen moun k ap achte bagay nan vil Siyon jou Saba a.

“Fòk nou pa ale evenman pou mize, ni fè lachas oubyen peche sou jou saba a.

“Si nou detèmine tout bon. . . , n ap viv enstriksyon Senyè a ba nou pou jou Saba a nan. . . . D&A” (Marion G. Romney, nan Conference Report, avril 1974, pp. 116–17; oubyen *Ensign*, me 1974, p. 80).

• Dapre D&A 59:9, ki youn nan bi prensipal jou Saba a? (Pou kite tèt nou pwòp nan mond lan.)

• Kòman nou kapab jije si yon aktivite ap kite nou pwòp nan mond lan?

Evalyasyon pèsònèl

Ekri kesyon k ap suiv yo sou tablo a epi kite jènfi yo ekri yo nan kolòn dwat sou papye pa yo:

1. Eske l ap pwodui bon bagay?
2. Eske li ede ou espiritiyèlman?
3. Eske Jezi tap fè li?

Ede chak jènfi reponn twa kesyon sa yo pou evalye aktivite li konn fè jou dimanch.

Prezantasyon pou enstriktè a

Gid sa yo ede nou deside si yon aktivite apwopriye pou jou Saba a. Fason sa a mande matirite paske gen yon règ pou chak sitiyasyon. Si nou sonje bi jou Saba a ak bi nou pou nou rete pwòp nan mond lan, n ap kapab kontwòle pi efektivman pwòp aktivite nou yo nan jou Saba a.

Sitasyon

Aprè jènfi yo te diskite twa lide sa yo, li fraz k ap suiv la youn nan dirijan Legliz yo te di:

“Keseswa lakay oubyen nan legliz, panse ou yo avèk konpòtman w dwe toujou an amoni avèk lespri ak bi jou Saba a. Kote pou amizman ak rekreyasyon yo, pandan y ap sèvi yon sèten moman, pa kondi nan pwogresyon espiritiyèl epi kote sa yo pap kenbe ou ‘pwòp

nan mond lan' men olye sa y ap nye 'plenitid latè' yo pwomèt moun ki koube yo a lwa Saba a. Oumenm ki pran abitud ap kraze jou Saba a, paske ou febli nan 'kenbe li sen' w ap pèdi yon nanm nanm plen lajwa poutèt yon ti mezi plezi. Ou bay dezi fizik ou yo twòp atansyon san sousi pou sante esprityèl ou". (Harold B. Lee, *Decisions for Successful Living* [Salt Lake City: Deseret Book Co., 1973], pp. 147-48).

Papye pou distribye

Bay chak jènfi yon règ epi ankouraje yo chak kenbe jou Saba a plis lè yo evalye aktivite yo avèk twa gid sa yo. Rann temwayaj ou sou enpòtans avèk benediksyon kenbe jou Saba a sen.

OBJEKTIF Chak jènfi ap konnen kòman pou l resevwa, ranfòse, epi pataje temwayaj li.

PREPARASYON

1. Pote grenn avèk yon plant.
2. Fè yon afich ki gen definisyon k ap suiv la:
Yon temwayaj se yon konesans ou resevwa nan men Sentespri a—
 - a. Jezi se Pitit Gason Bondye epi Sovè mond lan.
 - b. Joseph Smith se yon pwofèt Bondye ki te retabli levanjil la.
 - c. Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo se vrè Legliz la epi li dirije pa yon pwofèt jodi a.
3. Ekri chak referans ekriti yo k ap suiv yo sou yon mòso papye: Alma 32:27; D&A 11:22; Mowoni 10:4; Jan 7:17; Alma 5:46.
4. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt istwa, ekriti, sitasyon ou vle.

**DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE**

Entwodiksyon

Utilize yon objè avèk yon diskisyon ak ekriti

Montre klas la grenn yo avèk palnt la.

- Ki relasyon de bagay sa yo genyen?
- Pou grenn yo grandi tounen plant, kisa k bezwen fèt?

Eksplike nan Liv Mòmmon an, Alma te konpare yon grenn avèk yon lòt bagay. Mande jènfi yo li Alma 32:27–28 pou dekouvri ki relasyon li te ye. (Pawòl Bondye a.)

- Kisa nou rele yon konesans verite levanjil la? (Yon temwayaj.)

Afich ak diskisyon

Montre yon afich ki gen definisyon yon temwayaj (gade “Preparasyon”) epi kite youn nan jènfi yo li l fò. Eksplike temwayaj nou pa konplèt san youn nan eleman ki pi enpòtan yon temwayaj. Montre afich la pandan tout leson an. (Gade Bruce R. McConkie, nan Conference Report Konferans zòn nan La Paz, Bolivia 1977, p. 7.)

Chak jènfi kapab resevwa yon temwayaj pèsònèl

Ekriti

Eksplike menm Alma sa a, ki te konpare yon temwayaj avèk yon grenn k ap grandi, te gen pwòp temwayaj fò pa li. Malgre antanke yon jèn gason Alma te wè yon zanj (Mozya 27:8–15), li te vin konnen pou tèt pa li levanjil la se verite.

Kite youn nan jènfi yo li Alma 5:45–46 fò.

- Kòman Alma te vin konnen pou tèt pa li?

Eksplike pa gen okenn moun ki fèt avèk yon temwayaj e pou anpil moun, resevwa yon temwayaj kòmansè seriyezman nan laj jènfi yo ki nan klas ou a.

Kesyon pou panse

- Eske ou gen yon temwayaj jan li eksplike sou afich la?
- Eske ou kapab vrèman di, tankou Alma te di, “Mwen konnen pou tèt pa mwen”?
- Si ou poko gen yon temwayaj, èske ou janm panse kòman ou kapab resevwa youn?

Sitasyon ak diskisyon

Prezidan Spencer W. Kimball te di tout moun kapab resevwa yon temwayaj:

“Nou kapab gen sètitud sou reyalite yon Bondye pèsònèl; sou lavi aktif Kris la k ap kontinye. . . ; sou divinite retablisman an atravè Joseph Smith. . . Nenpòt moun ki reponsab ka konnen sa tou osi siman ke konesans ke solèy la klere. Pa resevwa konesans

sa a se admèt moun sa a pa peye pri a" (*Faith Precedes the Miracle* [Salt Lake City: Deseret Book Co., 1972], pp. 13–14).

• Kisa yon moun dwe fè pou "peye pri a" jan Prezidan Kimball sigjere l la? (Resevwa yon konesans—yon temwayaj—Bondye, Kris la, avèk Joseph Smith ak retablisman an.)

Nan ekriti yo nou jwenn kisa lòt pwofèt yo te di nou dwe fè pou peye pri pou resevwa yon temwayaj la.

Aktivite avèk ekriti ak diskisyon

Distribye mòso papye yo ak referans ekriti yo nan Alma 32:27; D&A 11:22; Mowoni 10:4; Jan 7:17, ak Alma 5:46. Si klas la ase gwo, divize jènfi yo an kat oubyen senk gwoup. Si ou gen yon klas ki pi piti kite yo travay an gwoup de jènfi. Apre yo fin di ekriti yo, poze chak gwoup kesyon sa yo:

• Dapre ekriti ou te li a, kisa ki nan pri pou resevwa yon temwayaj la?

Pandan y ap bay repons yo, ekri yo avèk referans ekriti yo sou tablo a epi diskite kòman yo chak kapab ede nan resevwa yon temwayaj.

Gen *dezi* pou kwè (Alma 32:27).
Etidye ekriti yo avèk pawòl pwofèt modèn yo (D&A 11:22).
Priye avèk kè sensè (Mowoni 10:4).
Viv prensip levanjil yo (Jan 7:17).
Jene epi priye (Alma 5:46).

Nòt: Kite lis sa a sou tablo a; w ap fè referans ak li pita nan leson an.

• Apre ou fin peye pri anvi, etidye, priye, viv avèk jistis, epi jene a, kisa w dwe resevwa pou fini pwosesis resevwa yon temwayaj?

Si jènfi yo pa kapab reponn kesyon sa a byen, kite yo li Mowoni 10:4.

Ke yo vini toudenkou oubyen dousman, tout temwayaj vini atravè pouvwa Sentespri a. Yon temwayaj vini nan moun nan fason diferan men dabitid li tankou yon santiman ki boule nan kè nou oubyen yon lide nan tè nou (gade nan D&A 8:2–3, 9:8; Lik 24:32).

Sitasyon

"Yon temwen ak je pa ase. Menm temwayaj premye Apot yo te gen rasin yo nan temwayaj Sentespri a. Yon pwofèt te di nou temwayaj Sentespri a fè yon empresyon sou nanm nou ki pi siyifikatif pase 'vizit yon zanj' " (Dallin H. Oaks, nan Conference Report, oktòb 1990, p. 36; oubyen *Ensign*, novanm 1990, p. 30).

Yon temwayaj pèsònèl pote anpil benediksyon

Istwa ak diskisyon

Lè yon jènfi resevwa yon temwayaj, li pote lòt benediksyon nan lavi li. Pandan ou li istwa yon jènfi ki gen menm laj avèk yo, mande yo idantifye benediksyon ki te vini akòz temwayaj li sou levanjil la.

"An me 1972 Julie Wang t ap mache nan lari a nan vil Kaohsiung, Taiwan, lè li te wè de jèn etranjè ki t ap bay moun ki t ap pase ti mòso papye. Li te pran youn epi li te dekouvri sete yon ti mesaj retablisman levanjil Jezikri a. . . Julie te resevwa ansèyman levanjil yo, epi Lespri a te touche l pou aprann apwopo retablisman sa a. Li te retounen lakay li epi èldè yo te vizite li. Li te konnen levanjil la te verite nan moman li te tande l, epi li te vle batize.

"Papa Julie [ki te yon pastè kongregsyon pa yo] pa t kapab konprann batèm li. . . . Men lè Julie te di l plis apwopo Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, li te aksepte mesaj retablman an tou.

"Nan dimanch, premye avril lane 1973, Julie te ale nan chapèl Kaohsiung avèk papa l ak manman l epi avèk 62 lòt manm Legliz la nan K'e Liao. Jou sa a Julie te kanpe avèk dlo

nan je li pandan li t ap gade papa l ak manman li ki t ap batize. . . . Li te ranpli ak lajwa lè li te wè 48 lòt moun li te renmen tou nan lavi li vin batize tou.

“ . . .Atravè fòs, kouraj, ak temwayaj yon jènfi kenzan, yon kongregasyon te vin manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo” (Malan R. Jackson, “Julie Wang,” *New Era*, jen 1973, p. 7).

- Ki benediksyon temwayaj Julie te pote nan lavi pa li avèk lavi lòt moun?

Istwa ak diskisyon

Eksplike lòt efè yon temwayaj ki pi prive revele pa eksperyans nan lavi yon jèn moun ki te konvèti. Koute eksperyans yon temwayaj te pote nan lavi li.

“Mwen te fèk batize lè m te dekoukri mwen gen pou m opere. Lè yon zanmi ki pa t yon manm legliz la te vizite m nan lopital la, mwen te di l mwen fèk batize nan Legliz la. Li te di m mwen te lopital paske m te batize nan legliz la e mwen pa t kwè nan Kris la. Mwen te sezi wè konesans li konsènan Legliz la e li te rete nan mitan manm yo pandan plizyè ane.

“Mwen pa t janm bay temwayaj mwen anvan, men m te santi m te bezwen fè l lè sa a. Mwen te di l nou adore Jezikri, e li se Pitit Gason Bondye, Joseph Smith se te yon pwofèt Bondye e Legliz la kontinye resevwa revelasyon jodi a.

“Mwen pa t di zanmi m nan pou l batize nan Legliz la, men nan eksperyans sa a, m te santi m gen yon fòs andedan kò mwen. Fòs sa a te ede m nan jou apre operasyon yo kote li te yon gwo sous rekonfò depi lè sa a.”

- Kòman rann temwayaj ou ede ou?

- Poukisa rann temwayaj ou pote fòs avèk konfò andedan kò ou?

Temwayaj enstriktè a

Di klas la chak jènfi ki vle peye pri pou resevwa pwòp temwayaj li kapab resevwa yon temwayaj avèk benediksyon ki vini avèk li.

Yon temwayaj ta dwe toujou ranfòse epi pataje

Itilize yon objè avèk diskisyon

- Lè yon jènfi resevwa yon temwayaj levanjil la, èske li kapab gen yon garanti temwayaj li ap toujou avèk li?

Montre jènfi yo plant lan.

- Kòman ou kapab konpare plant sa a avèk temwayaj yon jènfi? (Ou bezwen nourri yo tou de.)

- Kisa k ap rive yon temwayaj si ou pa pran swen li?

- Kisa ki kapab fè yon jènfi pèdi yon temwayaj? (Repons posib: pa kenbe jou Saba a sen, pa priye, etidye levanjil la, mete bagay nan mond lan an premye anvan bagay ki espirityèl yo, pa suiv Pawòl Sajès la.)

- Kisa k ap rive si ou kontinye bay plant sa a dlo epi pran swen li?

Menm bagay la se verite pou yon temwayaj.

- Kòman nou kapab kenbe yon temwayaj ki fò?

Pandan pati sa a nan lesan an, refere tablo a epi ede jènfi yo konprann kontinye fè menm bagay ki te ba yo yon temwayaj la ap ede yo ranfòse l tou.

Sitasyon avèk diskisyon

Eksplike yon fason pou ranfòse temwayaj pa ou se pou bay li.

Eldè Gordon B. Hinckley te di nou, “Lè ou resevwa temwayaj sa a, se yon *obligasyon* pou pataje li avèk lòt moun” (nan Conference Report, Konferans zòn nan Seoul Korea 1975, p. 12; italik yo ajoute).

- Poukisa se yon “obligasyon” pou pataje temwayaj nou? (Gade D&A 88:81.)

- Youn nan chak kat reyinyon sentsèn yo nan Legliz la se yon reyinyon temwayaj. Poukisa ou panse li konsa?

- Kòman ou santi w lè yon moun bay yon fo temwayaj de levanjil la?

- Kòman li afekte temwayaj pa ou?

Eksplike temwayaj nou vin pi fò lè nou bay li epi lè nou tande temwayaj lòt moun.

Yon jènfi te fè eksperyans sa a lè li te bay temwayaj li:

Istwa

“Sa dwòl kòman yon temwayaj grandi anpil lè ou pataje li. Mwen te fèt epi grandi nan Legliz la e mwen te toujou eseye obeyi ansèyman yo. Mwen te kwè mwen te gen yon temwayaj ki fò tankou nenpòt lòt moun, men mwen pa t pataje li. Zanmi ki pi pre m te konnen konviksyon mwen, men se te tout.

“Epi yon jou mwen t ap chita nan seminè, yon moun te rele mwen menm avèk de lòt moun pou pataje temwayaj nou. Mwen te sezi e mwen te pè anpil. Lè tou pa m te rive mwen te kanpe san konnen sa pou m di epi pawòl te kòmanse vini. Mwen te di sa k te nan kè mwen. Mwen te bay yon temwayaj ke Jezi se Kris la, Legliz la vre e Joseph Smith sete yon pwofèt Bondye menmjan ak Prezidan Legliz la jodi a.

“Lè m te fini mwen te gen yon santiman cho ki te espyal andendan kò mwen. Temwayaj mwen te grandi; mwen te kapab santi sa. Se te kòm si m t ap gade yon flè ki t ap grandi vit nan yon film.”

Refere w nan afich la epi eksplike temwayaj jènfi sa a te gen tout bagay Eldè Bruce R. McConkie te di yo.

Kesyon pou panse

- Kòman temwayaj ou ye?
- Kisa w ap fè pou fè li vin pi fò?
- Ki dènye fwa ou te pataje temwayaj pa w?

Temwayaj enstriktè a

Ou kapab pataje temwayaj pa w avèk jènfi yo si ou anvi pataje li. Ekspriye konfyans ou chak jènfi kapab konnen pou tèt pa li Jezi se Kris la, Joseph Smith se yon pwofèt, Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo se sèl vre legliz jodi a, epi gen yon pwofèt k ap viv k ap gide nou jodi a. Ankouraje jènfi yo pataje temwayaj pa yo nan kat semèn k ap vini yo.

OBJEKTIF Chak jènfi ap gen yon pi gwo dezi pou etidye ekriti yo chak jou.

- PREPARASYON**
1. Pote yon kreyon avèk papye pou chak jènfi.
 2. Prepare youn oubyen plis nan bagay ki nan Entwodiksyon an.
 3. Ekri chak referans ekriti ki suiv yo sou yon kat endeks oubyen yon mòso papye epi mete kat yo nan yon boutèy. Fè ase kopi pou chak jènfi kapab gen omwen yon kat.
 Matthieu 18:15
 2 Nefi 32:9
 D&A 121:7–8
 Jak 1:5–6
 4. Fè yon mak ki fèt an papye pou chak jènfi ki ilistre nan fen leson an. (Si li posib, sèvi avèk papye ki lou.)
 5. Yon semèn alavans, mande de oubyen twa manm klas la pou vini nan klas la prepare pou pataje ekriti yo pi renmen epi eksplike poukisa li espesyal pou yo.
 6. Fakiltatif: Chwazi yon jènfi pou prezante “Reflechi se pa foli.”

**DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE**

Entwodiksyon

Montre youn oubyen plis nan bagay ki suiv yo: yon bwat pou manje ki pa gen yon mak, yon boutèy yon bagay san yon mak, twal pou fè yon rad san enstriksyon yo, oubyen yon resèt ki pa gen enstriksyon yo. Eksplike mak nan chak bagay.

- Ki valè bagay sa yo genyen nan kondisyon prezan yo?
- Eske ou t ap konnen kòman pou w sèvi avèk yo?
- Ki valè enstriksyon yo genyen? (Yo bay direksyon epi yo ede nou sou fason pou n sèvi avèk bagay yo oubyen akonpli kèk bagay.)
- Kilè nou bezwen enstriksyon nan lavi nou?
- Kikote ou kapab jwenn enstriksyon ki ekri pou lavi? (Kenbe yon kopi ekriti yo.)

Ekriti

Ekri mo ekriti 2 Nefi 33:4–5 sou tablo a.

Kite jènfi yo li ekriti a epi reponn avèk rezon Nefi te bay poukisa nou ta dwe etidye ekriti yo.

Petèt w ap vle mete repons yo sou tablo a.

Anpil sakrifis te fèt pou nou te kapab gen ekriti yo jodi a

**Prezantasyon
pou enstriktè a**

Nan tout istwa pwofèt yo te resevwa enstriksyon pou kenbe rejis sa yo te aprann nan men Senyè a. Pwofèt yo avèk moun ki kenbe rejis yo te fè anpil gwo sakrifis pou nou kapab gen ekriti yo.

Aktivite avèk papye

Bay jènfi yo papye avèk kreyon yo. Bay chak jènfi yon liv ekriti epi di l kòmanse kopi liv ekriti li genyen an. Kite jènfi yo kòmanse avèk premye vèsè nan premye liv oubyen seksyon an. Kite yo kopye pandan de oubyen twa minit epi rete yo.

- Konbyen tan sa t ap pran pou kopye tout liv la avèk vitès sa a?

Ede yo reyalize kòman li difisil pou kopye yon bagay alamen ak ki kantite tan ak konsantrasyon sa mande. Eksplike kijan li dwe te difisil pou pwofèt yo grave ekriti sou

metal oubyen ekri sou papye. Apre yo te anrejistre ekriti yo, sa te pran plizyè mwa avèk asistans dirèk Senyè a pou tradwi plak yo depi nan langaj orijinal jiska lòt langaj yo.

• Ki lòt efò oubyen sakrifis ki te fèt pou nou kapab gen ekriti yo anplis tan avèk efò pou tradwi oubyen kopye yo?

Repons yo kapab—

1. Efò Nefi avèk frè li yo pou resevwa plak kwiv yo (1 Nefi 3–4).
2. Travay di Mowoni pou abreje pi gwo plak Nefi yo pou kreye plak Mòmmon nan sa Joseph Smith te tradwi Liv Mòmmon an (Pawòl Mòmmon 1:1–5 ak Mòmmon 1:1–5, 5:8–9, 6:6).
3. Lit Mowoni pou fini epi antere plak lò yo (Mòmmon 8:1–5; Mowoni 1:1–4).
4. Soufrans, pèsekisyon, avèk mati Joseph Smith poutèt li te tradwi Liv Mòmmon an epi li te ede retabli Legliz Jezikri a sou latè a (Joseph Smith—Istwa 1:30–67; D&A 135:1–3).

(Referans ekriti yo se pou enstriktè a, ou pa bezwen li yo nan klas.) Eksplike moun sa yo te resevwa travay ki te sanble enposib pou akonpli, men efò pa yo te fè pawòl Bondye a disponib sou latè jodi a nan yon liv.

Nou kapab aprann renmen ekriti yo

Manm klas la bay rapò avèk diskisyon avèk ekriti

Kite jènfi ou te chwazi yo pou pataje ekriti yo pi renmen, epi eksplike poukisa li enpòtan pou yo.

• Ki atitud Nefi te genyen konsènan ekriti yo? (Pou ede reponn kesyon sa a, li 2 Nefi 4:15.)

• Kisa sa vle di pou nanm nou renmen ekriti yo? (Pou jwi, rejwi, epi apresye ekriti yo.)

Eksplike lè nou aprann jwenn repons pwoblèm nou yo nan ekriti yo, apresyasyon nou pou renmen ekriti yo ap ogmante.

Sitasyon

Eksplike Parley P. Pratt, yon dirijan Legliz la, te rakonte eksperyans li te fè lè l te li Liv Mòmmon an:

“Mwen te ouvri li avèk eksitasyon epi mwen te li tit paj la. Epi mwen te li temwayaj plizyè temwen yo sou fason Joseph te jwenn ni epi te tradwi li. Apre sa mwen te kòmanse li nan kòmansman an. Mwen te li tout jounen an; mwen pa t vle manje, mwen pa t gen anvi manje; mwen pa t anvi dòmi e lè lannuit te rive, mwen te prefere li olye m te dòmi.

“Pandan mwen te li, Lespri Senyè a te sou mwen, e mwen te konnen epi konprann liv la te vre, avèk klète e san erè, jan yon moun konprann epi konnen li egziste. Lajwa mwen te anpil kounyeya, e mwen te rejwi plis pase tout chagren, sakrifis avèk lapenn ki te nan levi m yo” (*Autobiography of Parley P. Pratt* [Salt Lake City; Deseret Book Co., 1938], p. 37).

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike ekriti yo se revelasyon pèsònèl pwofèt yo te resevwa e lè nou li yo yo kapab vin revelasyon pèsònèl pou nou. Lè sa rive nou kapab santi nanm nou renmen ekriti yo.

Solisyon nan ekriti yo

Kite chak jènfi pran youn oubyen plis nan kat ekriti ki nan boutèy la. Montre yo kijan pou yo jwenn ekriti ki sou kat la epi li l dousman. Mande chak jènfi koute pandan w ap li sityasyon k ap suiv la epi deside si ekriti a bay yon solisyon nan pwoblèm nan. Jènfi a oubyen jènfi yo ki gen ekriti a avèk solisyon kòrèk la ap li ekriti a fò.

Jodi te trè popilè nan lekòl li. Susan se zanmi Jodi, men li gen jalouzi pou Jodi. Susan te kòmanse fè yon tripòtaj nan lekòl la ki te vèni repitasyon Jodi. Kisa Jodi ta dwe fè? (Gade nan Matthieu 18:15).

Mary gen enkyetid konsènan pèfòmans nan lekòl li. Li vle fè pi bon travay li kapab. Li santi li bezwen èd, men li pa konnen kimoun pou l mande ni ki kote li kapab jwenn èd li bezwen an. Kisa l ta dwe fè? (Gade nan 2 Nefi 32:9.)

Becky te gen yon manm nan fanmi li ki te mouri. Sa te vini toudenkou e li gen anpil chagren. Ki kote li kapab jwenn konsolasyon? (Gade nan D&A 121:7–8.)

De misyonè te rete devan kay Tanja e yo envite yo antre. Pandan diskisyon an, Tanja te gen yon gwo dezi konnen si sa yo t ap di a se verite. Kisa li kapab fè? (Gade nan Jak 1:5–6).

• Eske nenpòt nan nou te janm gen yon eksperyans kote nou te jwenn gidans pou yon pwoblèm nan ekriti yo?

Bay tan pou jènfi yo kapab rakonte eksperyans pa yo epi eksplike kòman ekriti yo te ede yo. Si ou gen yon egzanz nan pwòp lavi ou, pataje l avèk klas la.

Sa enstriktè a eksplike
Prezantasyon
pou enstriktè a
Sityasyon

Sigjere jènfi yo memorize vèsè ki gen yon enpòtans espesyal pou yo yo.

Eksplike nou kapab li epi etidye ekriti yo nan fason ki bon pou nou. Yon jènfi ki te kòmanse yon pwogram regilye etid ekriti te di plezi avèk konesans li te resevwa nan etid li.

Kite jènfi ou te chwazi a li sa ki suiv la: “Reflechi se pa foli.”

“Mwen te aprann yon ti kras kòman *tout* gason sen Bondye aprann *konnen* Bondye avèk levanjil la. Se *pa* yon kado pou kèk moun, men se yon benediksyon dapre lwa obeyisans, anpil lè, avèk etid.

“Lè m te etidye ekriti yo. . . , mwen te aprann kèk nan prensip fondamantal reflechi avèk chèche.

“1. *Toujou priye anvan w kòmanse li ekriti yo.* Mete w alèz epi retire nan panse w bagay ki nan mond lan. Priye pandan w ap li—prensip sèten levanjil la kapab limen nanm ou oubyen lè ou gen pwoblèm tou. Priye pou èd Papa ou.

“2. *Kenbe yon mòso papye avèk kreyon pre w* pandan w ap li. Sa se yon aktivite ki ba ou ide, ak bi, ide eksitan, oubyen panse orijinal k ap antre nan tèt ou.

“3. *Ale dousman!* Etid sa pa yon kous. Ou pa bezwen fini tèl chapit anvan w al dòmi. Pase plizyè jou sou yon chapit oubyen yon vèsè. Memorize ekriti yo e y ap ranpli avèk mesaj ki kache yo pa t rekonèt anvan, avèk bagay ki enpòtan nan lavi ou jodi a.

“4. *Poze kesyon pandan w ap li ekriti yo.* . . . Poze kesyon epi mande Senyè a. Pandan mwen te poze kesyon yo, pòt kè mwen te ouvri e te bay espas pou Sentespri a rete nan mwen.

“5. *Rete plizyè fwa pandan jounen an epi reflechi sou panse ou te fè yon gwo etid.* Pa egzanz, konsidere verite ‘renmen vwazen ou tankou tèt ou’ a. Repete ekriti a, poze kesyon nan chak aksyon ou, epi kenbe panse a avèk ou ekri sou yon ti kat.

“Ou kapab fè tout sa si ou planifye yon moman pou fè yo; se yon renouvèlman chak jou. W ap jwenn pandan l ap rafrech fason ou wè bagay yo. Ap vin gen yon nouvo direksyon nan lavi ou e menm revelasyon chak jou.

“Tout pwosesis reflechi mennen nou nan yon konpreyansyon fon epi vre de levanjil la, misyon nou, avèk glwa Bondye. Anpil fwa lè ou reflechi ou prepare fason pou lapè dous Sentespri a antre nan kè ou epi klerè tèt ou avèk verite. . . .

“[Prezidan] Joseph Fielding Smith te di, ‘Tout lavi mwen mwen te etidye epi *reflechi* sou prensip levanjil la epi chèche viv lwa Senyè yo. Kòm rezilta yon gran lanmou te antre nan kè m pou li avèk travay li pou tout moun ki chèche ede bi li yo sou latè’ (Conference Report, oktòb 1971, p. 6; italik yo ajoute).

“*Pran tan pou medite.* Se kle pou yon jwa ki enkwayab ak konsesans isit la nan mòtalite.

“[Sovè a te di,] ‘Mwen kite tout bagay sa yo pou nou pou nou ka medite yo nan kè nou, avèk kòmandman sa a m ap ba nou, ke moun ki rele mwen pandan m tou pre—

“Ap vin pi pre mwen e m ap vin pi pre l tou (D&A 88:62–63.)” (Susan Hill, “Pondering Isn’t Preposterous,” *New Era* me 1976, pp. 49–50).

Rezime

Eksplike reflechi sou ekriti yo kapab ogmante lajwa nou epi fè nou renmen yo epi mennen nou pi pre Sovè a.

Konklizyon: Kle pou bonè

Sityasyon yo

Li sityasyon k ap suiv la pou eksplike ekriti yo gen enpòtans yo nan lavi nou: “Nou chak nan yon moman nan lavi nou, dwe dekouvri ekriti yo pou tèt pa nou—e pa sèlman dekouvri yo yon fwa, men dekouvri yo ankò epi ankò” (Spencer W. Kimball, “How Rare a Possession—the Scriptures!” *Ensign* septanm 1976, p.4).


Yon pwofèt Bondye te di nou nou dwe li Liv Mòmmon an chak jou.

Prezidan Ezra Taft Benson te di, “Gen yon liv nou dwe etidye chak jou, kòm endivi epi kòm fanmi, se Liv Mòmmon an” (nan Conference Report, avril 1986, pp. 99–100; oubyen *Ensign* me 1986, p. 78).

“Nou dwe li paj li yo chak jou epi l ap ede nou vin pi pre Bondye lè nou suiv prensip li yo, plis pase nenpòt lòt liv’ (*History of the Church*, 4:461)” (nan Conference Report, oktòb 1988, p. 3; oubyen *Ensign* novanm 1988, p. 4).

Papye pou distribye

Bay chak jènfi yon mak ki fèt an papye. (Gade egzanp lan anba a.) Mande chak jènfi pou ekri sou do li tan li fè ap li ekriti yo chak jou. Menm si l li kèk vèsè chak jou, l ap resevwa anpil èd avèk benediksyon. Ankouraje li itilize mak la kòm yon mak pandan l ap li ekriti yo pou fè l sonje alyans pou l etidye yo chak jou. Sa ta dwe fè l sonje etidye epi reflechi sou ekriti yo se kle pou sali pou bonè li.



OBJEKTIF Chak jènfi ap rekonèt li dwe ranfòse tèt li pou simonte tantasyon yo.

PREPARASYON

1. Foto 15, amòs, pyèj, avèk desepsyon, ki nan fen manyèl la. (Si li posib ou kapab pote amòs oubyen pyèj ki reyèl.)
2. Pote kreyon avèk papyè pou chak jènfi.
3. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon ou vle.

Avètisman: Pa pale anpil sou doktrin Satan yo. Pa diskite eksperyans moun te fè avèk Satan.

**DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE**

Endis **Aprann kimoun Satan ye e ki bi ak pouvwa li kapab ede jènfi yo simonte tantasyon**
 Bay chak jènfi yon kreyon avèk yon mòso papyè epi di klas la nimewo papyè yo rive jiska dis. Lè ou li lis endis yo, kite yo ekri non moun yo panse gen relasyon avèk endis sa a dapre nimewo endis la. Okenn moun pa dwe di nenpòt bagay fò jiskaske ou li tout dis endis yo.

Endis yo:

1. Mwen se yon pitit lespri Papa nou ki nan Syèl la.
2. Mwen se frè lespri ou.
3. Mwen te prezan nan Konsèy nan syèl la.
4. Mwen te yon zanj Bondye.
5. Mwen te pale avèk otorite nan prezans Bondye.
6. Moun yo rele m "Fils du Matin."
7. Mwen te rebele epi rejte plan Papa nou ki nan Syèl la.
8. Anpil nan lespri frè ak sè m yo te suiv mwen.
9. Mwen gen sèlman yon kò lespri.
10. Mwen te dirije yon twazyèm moun nan syèl la lwen nan prezans Bondye.

(Repons: Satan oubyen Lisifè.)

Konpare repons yo pou wè kimoun ki te idantifye Satan oubyen Lisifè an premye.

Diskisyon

- Kòman kèk nan deskripsyon Satan yo te ba ou konfizyon?
- Ki lòt non Satan? (Djab, zanj lanmò, mechan, Pèdisyon, Prens Djab yo, Dragon, Sèpan, Tantatè, papa tout manti yo, ak lòt.)

Ekriti

- Ki kèk nan bi Satan sou latè? (Pou reponn kesyon sa a, kite jènfi yo li Moyiz 4:3–4.) (Satan te eseye detwi lib chwa lòm, pou resevwa pouvwa Bondye sou yo, pou twonpe epi fè moun pa wè klè, e pou mennen yo vin anba kontwòl li.)

Eksplike gen yon lòt rezon Satan tante nou. Kite manm klas yo li 2 Nefi 2:27; "[Li] chèche pou tout moun vin malere menm jan avèk li."

- Eske Satan kapab gen pouvwa sou nou?

**Sitasyon avèk
Diskisyon** Apre jènfi yo te reponn, li sitasyon k ap suiv la:

"Satan pa gen pouvwa sou nou sof si nou ba li l. . . . Bondye pa janm fòse nou fè sa ki byen, e Satan pa gen pouvwa fòse nou fè bagay ki mal" (Sterling W. Sill, nan Conference Report, avril 1970, pp. 29–30; oubyen *Improvement Era*, jen 1970, p. 45).

• Poukisa li enpòtan pou n konnen kimoun Satan ye e ki bi ak pouvwa li? (Pou rekonèt kòman li travay epi konnen enfluyans li pou nou kapab kenbe fèm nan levanjil la epi reziste anba li.)

“[Prezidan] Spencer W. Kimball, ki t ap pale avèk jèn yo, te asire yo lè yo konnen egzistans, pouvwa, avèk plan Satan—ansanm avèk yon temwayaj fò Bondye avèk levanjil la epi plan papa nou. . . —kapab ede yo akonpli anpil bagay, ki kapab afekte lavi yo pou tout letènite” (ElRay L. Christiansen, nan Conference Report, oktòb 1974, p. 30; oubyen *Ensign*, novanm 1974, p. 24).

Tantasyon yo vini nan anpil fason

Foto avèk diskisyon	<p>Montre foto bagay pou trape pwason, amòs, pyèj, desepsyon yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ki bi bagay pou trape pwason, amòs, pyèj, desepsyon yo? (Pou atrape pwason oubyen bèt yo.) • Kòman desepsyon sa yo kache pou ka fè yo bèl oubyen sanble bon? <p>Eksplike Satan itilize anpil amòs avèk desepsyon ki malonèt pou eseye atrape nou. Kite jènfi yo li Alma 12:5–6.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Dapre ekriti a, ki bi pyèj Satan yo? • Ki kèk pyèj Satan itilize efektivman sou jèn moun yo? • Kòman nou kapab evite pyèj sa yo? <p>Mande jènfi yo kòman yo ta renmen eseye mache nan yon charm fè nwa kote gen plizyè pyèj.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kòman fè nwa desann oubyen rete pwogrè ou? (Nou pa kapab wè, travay, ni fè lòt bagay.)
Ekriti	<p>Kite jènfi yo li D&A 50:23–25 pou jwenn poukisa li enpòtan pou gen limyè Bondye.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kisa limyè a reprezante? (Bondye, verite li, avèk travay li yo.) • Kòman limyè sa a ede ou chase fè nwa oubyen chase Satan nan lavi ou?
Sitasyon	<p>Paske li entelijan [Satan] konnen kote epi kòman pou l atake nou. Se nan pami jèn yo nou wè viktim li yo pa gen pwoteksyon. . . .Djab la sèvi avèk anpil zouti” (Ezra Taft Benson, <i>God, Family, Country: Our Three Great Loyalties</i> [Salt Lake City: Deseret Book Co., 1974], p. 247).</p>
Prezantasyon pou enstriktè a	<p>Yon ansyen istwa grèk pale sou yon jèn gason ki te gen yon sèl kote sou kò li ki pa t pwoteje. Mande yon manm klas la pou li istwa Achilles.</p>
Istwa	<p>Achilles sete youn nan pi gran ewo nan istwa grèk yo. Apre nesans li, manman li, Thetis, te mete l nan Rivyè Styx, ki dapre sa moun kwè t ap pwoteje kò li. Sepandan, dlo a pa t touche talon li paske manman l te kenbe l nan zòn sa a. Pandan dizyèm ane nan Lagè Twojan an, Paris te voye yon flèch nan talon Achille ki pa t pwoteje. Achille te mouri paske flèch la te antre nan talon li.</p>
Diskisyon	<ul style="list-style-type: none"> • Kisa sa vle di gen yon talon Achille? (Gen yon feblès ki pa pwoteje.) • Kijan Satan fè konnen feblès nou yo? (Li konnen nou depi nan lavi premòtèl.) • Kòman nou kapab simonte feblès nou yo?
Sitasyon	<p>Apre diskisyon an, li sitasyon k ap suiv la: “Satan konnen tout bagay k ap twonpe moun. Li konnen kote nou pa gen pwoteksyon nan tantasyon yo epi kijan pou l tante nou fè bagay ki mechan. Limenm avèk mesaje l yo sigjere bagay ki mechan, yo fè nou panse peche yo pa grav, e yo fè nou wè bagay ki mechan yo bèl” (ElRay L. Christiansen, “Q and A,” <i>New Era</i>, jiyè 1975, p. 49).</p>
Sitasyon	<p>Chwazi yon manm klas la pou mete chak tantasyon ki nan sitasyon k ap suiv la sou tablo a apre li fin li l.</p> <p>“Kounyeya, djab la konnen yon ti peche pap rete yon ti peche, epi li vle tout moun antre nan wayòm li lè li eseye fè nou fè yon manti, epi li ede nou eseye jisifye tèt nou pou fè</p>

manti oubyen triche oubyen vòlè. Kèk moun santi yo pa onore jou saba a jiskaske li vin yon abitud pou yo. Kèk moun kòmanse sèvi avèk bwason ki gen alkòl pou mete tèt yo alèz. Abize dwòg, di bagay ki mechan, pa obeyi paran, oubyen twonpe konpayon pa ou—se fason li fè pou fè nou kite chemen ki dwat la. Li konnen trè byen si nou kontinye fè sa n ap gen chagren, epi pèdi tout bagay, paske yo mennen nou nan pi gran peche yo.

“San okenn dout youn nan pyèj ki pi konni djab la se pa gen chastete” (ElRay L. Christiansen, nan Conference Report, oktòb 1974, p. 29; oubyen *Ensign*, novanm 1974, p. 24).

Tablo a

Mande ki nenpòt lòt tantasyon yon jènfi kapab genyen. Mete sa yo sou tablo a

Tantasyon yo	
manti	bwè alkòl
triche	vòlè bagay nan mache
fè betiz	pran dwòg
vòlè	pa obeyi paran yo
fè bagay dènye minit	desepsyon
pa onore jou Saba a	pa gen chastete
dekourajman	di bagay ki mechan
	nenpòt lòt tantasyon

Aktivite gwoup

Divize klas la an gwoup twa oubyen kat jènfi. Mande chak gwoup diskite de oubyen twa nan tantasyon ki sou tablo a. Yo ta dwe detèmine fason pou goumen epi simonte tantasyon sa yo. Apre diskisyon, kite chak gwoup bay klas la yon rapò. Pandan y ap bay sigjesyon pa yo, efase tantasyon yo sou tablo a epi ranplase yo avèk fason pozitif pou simonte tantasyon.

Repons posib:

1. Pran bon dezisyon anvan sitiyasyon an vini.
2. Evite bagay ki parèt mechan.
3. Gen yon lòt chwa nan tèt ou.
4. Chanje sijè.
5. Prepare yon defans.
6. Priye pou èd.
7. Chèche konsèy paran yo.
8. Chwazi bon zanmi.
9. Fè bon bagay avèk tan ou.
10. Evite sitiyasyon kote ka gen tantasyon.

Sitasyon

Papa nou ki nan Syèl la ap ede chak jènfi pandan l ap eseye simonte tantasyon yo

Sitasyon k ap suiv la eksplike kòman nou kapab resevwa pouvwa konplè pou reziste anba tantasyon:

“Nan tout bagay mechan li fè, djab la pa kapab antre kay yon moun plis pase moun nan kite li antre, e nou kapab resevwa pouvwa konplè pou reziste anba mechanste Satan atravè obeyisans nan prensip levanjil Jezikri a. Manm Legliz yo kapab gen benediksyon Sentespri a, ki nou, e kòm yon konpanyon, e lè Sentespri a vrèman andedan nou, Satan ap rete deyò. Etidye ekriti yo, priye, viv kòmandman Bondye yo avèk fidèlite, akonpli apèl ak obligasyon nan legliz. . .kapab yon baz pou gen Sentespri a kòm yon konpanyon konstan epi ki ap pwoteje nou” (ElRay L. Christiansen, nan Conference Report, oktòb 1974, p. 30; oubyen *Ensign* novanm 1974, p. 24).

Si li pa deja sou tablo a ajoute fraz *Chèche konpayi Sentespri a.*”

Diskisyon avèk ekriti Sovè a te bay yon fason trè enpòtan pou simonte tantasyon. Kite jènfi yo li 3 Nefi 18:15, 18–19. Ajoute fraz “Priye pou èd” si li pa deja sou tablo a.

Eksplike yo te gen tan di nou yon fason espesifik pou mande èd se lè nou priye. Li Mòmou 9:28 .

- Kòman vèsè sa a sigjere nou priye pou simonte tantasyon? (Mande “avèk yon kè fèm epi sensè pou ou pa tonbe nan tantasyon.”) Ajoute *Detèminasyon pou reziste* sou tablo a.
- Ki pwomès nou genyen?

Papa nou ki nan Syèl la te pwomèt l ap ede nou nan yon lòt fason. Li 1 Korentyen 10:13.

Ede jènfi yo konprann si yo dilijan nan efò pa yo pou evite epi simonte tantasyon yo, Papa nou ki nan Syèl la ap soutni yo.

Aplike leson an

Sigjere jènfi yo suiv sigjesyon yo mete sou tablo a epi toujou sonje pwomès ki nan 1 Korentyen 10:13.

OBJEKTIF Chak jènfi ap rekonèt reponsablite jenerasyon li an genyen pou prepare pou dezyèm vini an.

PREPARASYON

1. Foto 16, Dezyèm Vini an (62562), ki nan fen manyèl la.
2. Pote plizyè liv chan.
3. Fakiltatif: Fè yon gwo afich D&A 87:8.
4. Fè yon ti kat ki bèl pou chak jènfi pou li kenbe pawòl ki nan D&A 87:8, oubyen yon ti fraz brèf ou chwazi pou nenpòt sitasyon nan leson an.
5. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt ekriti, istwa, oubyen sitasyon ou vle.

**DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE**

Entwodiksyon

Kòmanse epi di nan istwa mond lan, wa avèk rèn te konn dirije anpil moun sou latè. Kèk nan wa avèk rèn sa yo te dirije avèk jistis e yo te trete pèp pa yo avèk jistis. Te gen lòt ki te dirije avèk mechansete ki te itilize pouvwa yo pou abize pèp yo t ap gouvène a. Moun sa yo pa t diy loyote pèp yo.

Foto Di jènfi yo moun fidèl toupatou te tann rèy yon wa ki te si jis e ki te si plen lanmou ke li diy pou rele "Wa tout Wa."

Montre foto Sovè a. Eksplike jenerasyon jènfi se yon pati te gen tan rele yon "jenerasyon wayal" poutèt moun ki diy pami yo ap ede prepare mond lan pou dezyèm vini Sovè a.

Diskisyon avèk tablo Mande jènfi yo site kalite ki fè ke yon moun kapab dekri lajènès la kòm yon jenerasyon wayal, e Jezikri se wa yo. Ekri mo yo sou tablo a epi diskite yo yon ti kras:

chwa	pwòp
jistis	kontan
plen lajwa	gen kouraj
diy	gran
pì	gen lanmou
fidèl	vre
gen favè Bondye	fò

Sitasyon

Kite yon manm klas la li fraz k ap suiv la ki se pou lajènès nan Legliz la:

"Chè zanmi mwen yo, ou se yon jenerasyon wayal. Yo te presève ou pou vini sou latè nan tan sa a pou yon bi espesyal. Pa jis kèk nan oumenm sèlman, men tout. Gen bagay nou chak gen pou fè okenn lòt moun pa kapab fè byen pase ou. . . Si ou pèmèt li, mwen temwaye ou Papa nou ki nan Syèl la ap mache avèk ou nan jounen lavi w yo epi l ap enspire ou pou konnen bi espesyal ou la a" (H. Burke Peterson, "Your Life Has a Purpose," *New Era* me 1979, p. 5).

Tè a dwe prepare pou Sovè a retounen

Prezantasyon pou enstriktè a	Eksplike moun ki jis yo ka gade demen avèk gwo jwa pou dezyèm vini Senyè a. Se yon benediksyon pou vin pami moun k ap ede prepare tè a pou li retounen ankò. Eksplike gen anpil siy avèk evenman ki dwe rive anvan Senyè a vini an glwa. Gen evenman ki deja rive, kèk nan yo ap rive kounyeya, e lòt ap rive epi akonpli jan pwofèt ansyen yo ak modèn yo te pwofetize sa.
Diskisyon	<ul style="list-style-type: none">• Kisa k dwe rive sou tè a anvan Sovè a retounen? Kèk nan anpil siy avèk evenman k ap vini se: apèl Pwofèt Joseph Smith, Liv Mòmou an parèt, retablisman prètriz avèk Legliz la, retablisman òdonans prètriz yo avèk tanp yo, preche levanjil la nan tout mond lan, moun mechan ap detwi, e moun ki jis ap sove, (Nòt: pa pèdi tan ap diskite tout siy avèk evenman ki dwe rive anvan Senyè a retounen. Yo diskite yo nan pi gran detay nan lòt leson yo.)
Prezantasyon pou enstriktè a	Eksplike sa yo avèk lòt evenman k ap rive anvan dezyèm vini an mande e l ap kontinye bezwen yon jenerasyon ki nòb pou yo kapab rive. (Nòt: Si mo jenerasyon an te defini sèlman nan yon fason odinè —ki vle di yon ti kout tan, petèt trant oubyen karant ane— jènfi yo dwe devine enkòrèkteman ke nou konnen apeprè kilè Sovè a ap retounen. Eksplike mo jenerasyon an gen plizyè siyifikasyon, ladan yo yon ti kout tan. [Gade Bruce R. McKonkie, <i>Mormon Doctrine</i> , dezyèm edisyon (Salt Lake City: Bookcraft, 1966), p. 310.]) Se responsablite tout manm Legliz la pou ede prepare tè a pou Senyè a retounen atravè jistis epi atravè sèvi fidèlman epi avèk dilijans. Dwe gen Sen ki devwe yo pou resevwa epi pote ale enstriksyon avèk bi Senyè yo, yon jenerasyon ki gen manm fò pou kontinye bati wayòm Bondye a sou tè a.
Sitasyon	Li fraz ki suiv la: "Lè li vini kote nou l ap vini tankou yon wa ki soti nan syèl la epi ranpli avèk glwa. . . . ". . . Bi pèp li se pou bati wayòm li. . . . Se responsablite bati Siyon—pa Siyon Senyè a men yon lòd relijye, sosyal, ak ekonomik ki dwe rive kòm yon nòm pou tout nasyon. (D&A 64:42). Nou dwe prepare yon jenerasyon sen ki prepare pou resevwa Wa pa yo. "Donk, kanpe nan kote ki sen, e pa bouje, jiskaskè jou Senyè a rive" (Courtney Lassetter, "When He Comes Again," <i>Ensign</i> , jen 1976, pp. 68–70; italik yo ajoute).
Diskisyon avèk ekriti	Montre afich D&A 87:8 <ul style="list-style-type: none">• Kisa sa vle di "kanpe. . . nan kote ki sen yo, e pa bouje"? Aprè jènfi yo fin eksprime lide pa yo, kite yo make vèsè a nan ekriti yo.

Jenerasyon sa a te chwazi pou prepare dezyèm vini Sovè a

Prezantasyon pou enstriktè a	Di jènfi yo se yon gran privilej pou yon moun nan Dispansayon plenitud tan yo. Pwofèt ansyen yo t ap tann avèk anpil jwa jou sa a kote levanjil la t ap retabli epi preche pami tout nasyon epi kote preparasyon final yo ap fèt pou dezyèm vini Sovè a.
Diskisyon	<ul style="list-style-type: none">• Kòman nou kapab fè si nou pami moun ki fidèl ki ap ede prepare pou Sovè a retounen?• Poukisa epi kòman nou dwe prepare pou n goumen epi simonte kondisyon mond lan ki antoure nou an?
Sitasyon	Itilize nenpòt oubyen tout sitasyon k ap suiv yo pou rezime wòl "jenerasyon k ap grandi" a. Ou ta kapab mande manm klas la pou li fò fraz ki dekri tach ak responsablite tan pa nou yo epi eksprime sa Senyè a atann nan men lajènès Legliz la. 1. " Sa a se yon jenerasyon trè diferan pase nenpòt lòt yo. Se yon jenerasyon pouki Senyè a te di— e menm anvan mond lan te kreye—nan dènye jou yo Bondye syèl la ap tabli yon wayòm ki pap janm detwi ni ale nan men lòt moun" (Wilford Woodruff, <i>Discourses of Wilford Woodruff</i> , seleksyon yo fèt pa G. Homer Durham [Salt Lake City: Bookcraft, 1946], p. 145). "Senyè a te chwazi yon ti kantite lespri chwazi. . . pou vini nan dènye jou yo. . . pou òganize Wayòm Bondye a sou latè a, pou bati li epi defann li" (Wilford Woodruff, ki site nan <i>Our Lineage</i> [kou etid pou klas jenealòjik yo, 1933], pati 1, p. 4).

2. Ou pa nenpòt gason avèk fi odinè. Ou se lespri ki jis, anpil nan ou te prezève pandan preske 6,000 ane pou vini nan jou sa yo, tan sa a kote tantasyon, responsablite, avèk opòtinite yo pi gran. . . .

“ . . . Nou priye pou w prepare w pou responsablite pou w dirije. . . .

“ . . . Mwen priye ou—jenerasyon jèn e k ap grandi—ap kenbe kò avèk tèt ou pwòp, vin lib nan tout bagay nan mond lan ki fè ou sal, w ap bon zouti pou soutni wayòm Bondye a epi prepare avèk siksè dezyèm aparasyon Sovè nou an” (Ezra Taft Benson, nan Conference Report, oktòb 1977, pp. 43, 46–47; oubyen *Ensign*, novanm 1977, pp. 30, 32).

3. “Senyè a te voye kounyeya yon jenerasyon lajènès ki mèveye ki p ap detwi. . . .

“Sonje, jèn zanmi m yo, nou dwe rete fò. Nou dwe prepare pou batay la. Nou dwe mete karaktè, bonte avèk prensip verite yo kòm limyè k ap gide pou jou fè nwa k ap rive yo. . . .

“Gran benediksyon nan jou k ap vini yo. . . tann mou ki pi e ki vre nan ansèyman avèk egzanp Mèt la” (Vaughn J. Featherstone, “These Are Not Men To Be Conquered,” *New Era*, avril 1980, p. 5).

4. “Sè yo, ou pa fèt nan tan sa a ni kote sa a pa chans. Nou isit paske sa a se kote Senyè a vle nou ye. . . .

“ . . . Bezwen gen fi ki fò, fi k ap kenbe chasete lèt tout moun bò kote yo p ap fè sa, fi k ap etabli kay yo tankou yon ti kwen syèl la epi kote fanmi an prezève e kote manman bay timoun yo swen, lanmou avèk atansyon, fi ki rejte pònografi—pa sèlman fi pi gran men jènfi tou, k ap respekte otorite kay la avèk prèttriz la. Lè Legliz la grandi, ap gen yon gwo bezwen pou plis fi dirijan, plis fi ki gen kouraj pwoklame temwayaj pa yo konsènan Jezikri, fi k ap priye epi etidye pou chèche konnen kisa Senyè a vle nan menm yo e fi k ap fè chwa ki bon e mete tèt yo nan men Senyè a” (Harold B. Lee, *Happiness through Faith in Jesus Christ* [manyèl sware familyal, 1977–78], pp. 34, 39).

5. “Oumenm, lajènès nou jodi a, ou pami pi gran espri ki nan mòtalite a pase nenpòt lòt epòk nan mond lan. . . . Prepare pou n vin dirijan nan jou milenyòm ki gen glwa yo lè Kris limenm ap reye kòm Wa tout Wa” (Harold B. Lee, *Happiness through Faith in Jesus Christ* [manyèl sware familyal, 1977–78], pp. 34, 39.)

Papye pou distribye

Bay chak jènfi yon kat ou te prepare pou l kenbe mo ou te chwazi pou fè l sonje wòl wayal li. Mande l kenbe l kote li kapab refere a li souvan.

OBJEKTIF	Chak jènfi ap jwenn lajwa nan sèvi.
PREPARASYON	<ol style="list-style-type: none"> 1. Pote de oubyen twa zouti, foto zouti, tankou yon mato, si, rato, pèl, oubyen yon tonavis. 2. Ekri "Atravè lanmou youn sèvi lòt" (Galat 5:13) sou yon mòso pape pou leson an. 3. Anvan leson an, diskite avèk prezidans klas la kisa sèvis vle di e ki fason manm klas la kapab sèvi, endividyèlman epi an gwoup. Nan fen peryòd klas la, jènfi yo kapab chwazi yon pwojè sèvis endividyèl oubyen kòm gwoup. 4. Mande kat jènfi prepare pou prezante egzanzp sèvis nan lavi kat pwofèt (ki nan dezyèm seksyon leson sa a). 5. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon ou vle.
DEVLOPMAN POU LESON YO SIGJERE	Entwodiksyon: Zouti Senyè yo
Montre	<p>Montre zouti yo oubyen yon foto kèk zouti.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kisa k fè zouti yo travay?
Sitasyon avèk diskisyon	<p>Eksplike zouti yo kapab sèlman travay nan men lèzòm malgre kalite bi zouti sa yo.</p> <p>Eldè Marion D. Hanks te pale apwopo kalite zouti Papa nou ki nan Syèl la bezwen itilize.</p> <p>"Senyè a te di, pandan li t ap pale avèk sèvitè l yo, 'Bra yo ap bra mwen.' [D&A 35:14] Eske ou te janm panse sou sa? Pou mwenmenm se youn nan apèl ki pi sakre epi siyifikatif ak pèsònèl mwen kapab li apwopo rejis sen yo oubyen nan lòt kote. Senyè a di bra mwen se bra Li. Tèt sa a, lang sa a, men sa yo, pye sa yo, bouch sa a—se sèl zouti Li kapab itilize dapre mwen menm. . . . Pou oumenm, bra ou, resous ou, entelijans ou, lang ou, enèji ou, se sèl zouti Senyè a genyen pou itilize" (<i>Service</i>, Brigham Young University Speeches of the Year [Provo, 15 oktòb 1958], p. 3).</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kisa fraz sa a vle di pou oumenm?
Prezantasyon pou enstriktè a	<p>Pwofèt nou yo te anseye pa egzanzp kòman sèvi lòt moun san egoyis</p> <p>Pwofèt Papa nou ki nan Syèl la te rele yo pou dirije Legliz la epi anseye pèp la, te montre pa egzanzp kòman pou sèvi san egoyis kòm zouti Senyè a. Jènfi ou te chwazi yo ta dwe kounyeya pataje istwa k ap suiv la avèk manm klas yo.</p>
Istwa avèk diskisyon	<p><i>Joseph Smith</i></p> <p>Mercy R. Thompson, yon jènfi ki te konnen Pwofèt Joseph Smith te ekri, "Mwen pa kapab janm bliye konpasyon dous avèk jantiyès li te toujou montre mwenmenm ak pitit mwen an ki pa t gen papa. Lè mwen t ap kondi avèk li avèk madanm li Emma nan charèt yo li te konn desann epi rasanble flè nan teren an pou ti pitit fi m nan" ("Recollections of the Prophet Joseph Smith," <i>Juvenile Instructor</i>, 1 jiyè 1892, p. 399).</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ki atitid Joseph Smith te montre lè li te fè sèvis sa a? <p><i>George Albert Smith</i></p> <p>"Nan yon tren ant Salt Lake City e San Francisco, Prezidan [George Albert] Smith te rankontre yon gason ki te soti Napa, Kalifòni." De gason sa yo te jwi yon bon konvèsasyon epi apre yo te pati youn te ekri lòt.</p> <p>"Kèk tan apre Prezidan Smith te reyalize li pa t tande nouvèl zanmi li, John Delaney." Prezidan Smith te aprann Mesye Delaney te lopital. "Prezidan Smith te voye yon mesaj</p>

pou ankouraje l epi fè li pi kontan e li te sigjere. . . Mesye Delaney pou l koute Koral Tabènak la chak dimanch maten.” Mesye Delaney te koute, epi li te vin pi kontan. Li te ekri pou remèsye Prezidan Smith epi li te di “li espere yon fwa li ta kapab tande koral la chante chan li pi renmen an, ‘Priye Senyè a.’ . . . Li te tande koral la chante l nan pwochèn dimanch maten an e sa te fè l sezi epi kontan. Imajine kòman Mesye Delaney te kontan lè li te tande gran òg Tabènak la k ap jwe entwodiksyon yon chan zanmi li te pran tan pou mande pou li. (Gade Edith Smith Elliott, “The Joy of Serving Humanity,” *Instructor*, novanm 1866, p. 427.)

- Kisa ou kapab aprann apwopo sèvi lòt moun nan egzant Prezidan Smith la?

Joseph Fielding Smith

Lè Joseph Fielding Smith te gen tranukatran, yo te rele l manm Kolèj Douz Apot yo. Nan travay sa a, li te vwayaje nan tout mond lan e li te konni pa manm yo toupatou. Men madanm li te montre pèspektif pèsònèl gran gason sa a:

“Mesye mwen konnen an se yon gason janti, yon mari epi yon papa ki gen lanmou e pi gran bi nan lavi li se pou fè fanmi li kontan, li bliye tèt li nan efò li pou fè sa. Li se gason ki ede timoun yo dòmi lè yo gen enkyetid, li rakonte timoun yo istwa anvan yo dòmi, li pa janm twò fatige ni twò okipe pase lannuit oubyen leve bonè nan maten pou ede pi gran timoun yo avèk devwa lekòl yo. Lè yon moun tonbe malad gason an mwen konnen an pran swen li” (Ethel Smith, site nan Bryant Hinckley, “Joseph Fielding Smith,” *Improvement Era*, jen 1932, p. 459).

- Kisa Prezidan Joseph Fielding Smith te fè pou montre lanmou li pou fanmi li?
- Kisa ou kapab aprann nan egzant Prezidan Smith apwopo sèvi pwòp fanmi pa ou?

Spencer W. Kimball

Eldè Boyd K. Packer rakonte istwa k ap suiv la apwopo Prezidan Spencer W. Kimball:

“Fanmi an, zanmi Prezidan Kimball avèk moun li gen relasyon avèk yo konnen li pa janm chita. Li te toujou gen yon dezi pou l fè epi fini bagay yo. . . .

“Mwen te depase [Prezidan avèk Sè Kimball] sou gran wout la yon fwa bò fontyè Idaho a. Yo t ap ale nan nò pou yon konferans. Sè Kimball t ap kondi, e Frè Kimball te nan chèz dèyè a e li t ap tape, papye te toulède bò kote li, paske se te yon chans pou l travay, pou l fè lis pou ede lòt moun” (“President Spencer W. Kimball: No Ordinary Man,” *Ensign*, mas 1974, p. 6).

- Kòman Prezidan Kimball te montre li te renmen manm nan Legliz la?
- Nan ki fason Sè Kimball te rann sèvis?
- Kòman travay Prezidan Legliz la beni lavi pa w kounyeya?
- Kisa ou kapab aprann apwopo sèvis nan Legliz nan eksperyans Prezidan Kimball la?

Sitasyon avèk diskisyon

Nou kapab suiv egzant pwofèt yo te fè nan sèvi lòt moun. Prezidan Spencer W. Kimball te di: “Bondye konnen nou la, epi li veye sou nou. Men se dabitid atravè yon lòt moun nou resevwa bezwen nou yo. Donk, li enpòtan pou nou sèvi lòt. . . . Nan D&A nou li apwopo kòman li enpòtan pou ede moun ki fèb, edifye men ki pa ka leve, epi ranfòse jenou ki fèb yo. (D&A 81:5.) Souvan sèvis nou fè se ankouraje oubyen bay èd nan travay òdinè yo—men aksyon mèveye kapab rive nan travay òdinè ak nan ti bezwen yo” (“There Is Purpose in Life,” *New Era*, septanm 1974, p. 5).

Eksplike òdinè refere nan travay ki fèt chak jou epi ki senp. Prezidan Kimball te anseye, lavi pwofèt yo ilistre kòman sèvis kotidyen beni lavi moun yo. Atravè sèvis, moun aji kòm zouti pou Papa nou ki nan Syèl la.

Atitud yon moun k ap sèvi genyen enpòtan menmjan avèk sèvis l ap bay la

Papye

Montre papye avèk mo “Atravè lanmou sèvi yon lòt.”

Istwa

Istwa k ap suiv la montre kòman yon gwoup jènfi te vin zouti efikas sèvis:

Karen te fèt avèk pwoblèm nan sèvo li, men li te gen bon chans pou l viv yon bon lavi, akòz èd plizyè jènfi. Pandan kèk premye mwa lavi li, Karen te sanble avèk tout ti bebe. Epi, lantman, paran li yo te kòmanse reyalize li pa t ap fè menm pwogrè pi gran frè avèk

sè li yo te fè lè yo te tibebe. Lè paran Karen te aprann li te gen pwoblèm nan sèvo li, kè yo te brize. Sepandan, doktè yo te ankouraje yo. Karen ta kapab aprann fè anpil bagay si kèk moun t ap pran tan pou travay avèk li.

Paran Karen yo te eseye ba li lanmou avèk atansyon li te bezwen, men lòt timoun nan fanmi an te bezwen tan avèk paran yo tou. Lè jènfi yo nan pawas la te aprann pwoblèm Karen, yo te ofri èd yo. Pandan ete a, jènfi yo te fè yon orè pou ba li inèdtan chak maten ak chak apremidi. Lè jènfi yo te kòmanse ede l, Karen pa t ka soutni kò li. Manman an te eksplike, "Jènfi yo te ede bati mis li genyen kounyeya. Li te kòmanse rale yon ti kras; lè yo te travay avèk li pandan plis tan, li te kòmanse rale plis. Li te bezwen ankourajman avèk estimilasyon konstan.

"Doktè yo te sijere li pase dezè chak jou nan yon balansin pou bati mis janm li yo. Pandan tan sa a, yo te oblije jwe avèk li pou fè li kontan pou li te kapab pase inè chak maten ak apremidi nan balansin nan. Jènfi yo te jwe avèk li e yo te ede li kontinye bouje."

Lè lekòl te kòmanse nan otòn, senk nan jènfi yo, yon Laureyòl ak kat Labèy, te kontinye vizite Karen. Yo chak te chwazi yon jou chak semèn apre lekòl pou pase inèdtan avèk Karen. Karen te aprann fè bagay li te ka pa janm aprann oubyen li tap pran anpil tan pou li aprann grasa sèvis yo te ba li.

Manman Karen te di, "Jènfi yo te devwe. Yo te mache avèk li, yo te li liv avèk li, yo te jwe nan fèy e yo te vin bon zanmi. Karen te renmen wè yo vini chak jou. Li te mache lè li te gen dez an edmi egzakteman yon ane apre jènfi yo te kòmanse pwòje sèvis pou ede li."

Manman Karen santi tou apre tout atansyon jènfi yo te bay Karen lè yo te jwe avèk li, pale avèk li, kenbe li, fè ekzèsis avèk li, bagay ki te pi enpòtan sete lanmou avèk swen yo te gen pou li. (Gade "Young Women's Loving Service," *Church News*, 27 novanm 1976, pp. 8, 13).

Diskisyon

Refere nan papye ou te montre a epi mande:

- Kisa ou panse Apot Pòl te vle di lè li te di, "Atravè lanmou sèvi yon lòt"?
- Kòman jènfi yo te montre yo te renmen Karen avèk paran l yo?
- Ki kalite sakrifis jènfi yo te bezwen fè pou bay Karen sèvis ki ranpli avèk lanmou?
- Ki atitud nou ta dwe genyen lè n ap rann sèvis?

Ekriti

Chwazi yon jènfi pou li 2 Korint 9:7 pou reponn kesyon sa a.

Chak jènfi kapab gen lajwa nan chak sèvis li fè chak jou

Sitasyon avèk diskisyon

Mande manm klas la pou koute sa jènfi ki te travay avèk Karen yo te di ki montre santiman yo pou sèvis yo te rann:

"Sa fè m santi m byen pou konnen mwen ede yon moun. . . . Mwen pa t panse Karen t ap janm kapab mache lè nou fèk kòmanse. Mwen te konn mete tèt mwen nan plas li epi eseye imajine kisa sa vle di pou limenm. Mwen panse sa te fè m pi detèmine ede l paran kòman mache."

"Youn nan [yon lòt jènfi] pi gran benediksyon se pou wè Karen vin eksite apwopo aprann yon bagay ki nouvo. Mwen panse tan an mwen te depanse se te pou yon bon bagay" ("Young Women's Loving Service," p. 13).

Si nenpòt nan jènfi yo gen yon eksperyans yo ta renmen pataje, ankouraje yo fè li.

- Ki benediksyon nou jwenn nan rann sèvis?
- Si ou rann yon moun sèvis epi li pa di w mèsi, si l pa sanble li gen apresyasyon pou jantiyès ou, oubyen li pa konnen ou te fè sèvis sa a, kòman ou ta dwe panse oubyen reponn? (Ede jènfi yo konprann ou pa dwe rann sèvis nan bi resevwa lwanj oubyen apresyasyon.)

Prezantasyon pou enstriktè a

Fè jènfi yo sonje fraz Prezidan Spencer W. Kimball la, "Souvan sèvis nou fè se ankourajman oubyen bay èd nan travay òdinè yo—men aksyon mèveye kapab rive nan travay òdinè ak nan ti bezwen yo."

Diskisyon

- Kòman ou ta kapab sèvi kòm yon “zouti” pou Papa nou ki nan Syèl la nan lavi ou?
- Ki kalite sèvis chak jou ki ranpli avèk lamou ou kapab bay fanmi ou, zammi ou yo, avèk lòt moun ou rankontre?
- Nan ki fason rann sèvis pote lajwa?

Bay jènfi yo kèk tan pou panse sou kesyon sa a anvan yo reponn. Epi, kite yo diskite lide pa yo. Ou kapab sigjere kèk kalite sèvis tankou li pou yon frè oubyen yon sè ki pi jèn, souri oubyen di yon bagay avèk vwazen ou, fè yon komisyon pou yon manm nan fanmi ou oubyen yon vwazen.

Aplike leson an

Ankouraje jènfi yo fikse bi nan zòn sèvis ak konpasyon si yo pa deja fè sa.

Prezantasyon pou prezidan klas la

Kite prezidan klas la pale avèk manm klas la apwopo yon pwojè sèvis. Kite yo chwazi yon bi epi mete li sou almanak klas la.

Viv yon lavi ki moral

ENTWODIKSYON

Nòt pou enstriktè a

Senyè a te anseye nòm li motalite nan chak dispensasyon atravè ektiti yo avèk pwofèt li yo. Nòm ki tonbe nan mond lan e ki toupatou nou te kreye yon gran distans ant sa mond lan aksepte e kisa Senyè a aksepte. Nou dwe konnen nòm Senyè motalite a pou nou kapab viv li.

Ou ta dwe gen atansyon ou anseye jènfi yo nòm Senyè a nan yon fason apwopriye avèk sensitif ki bon pou devlopman avèk preparasyon laj pa yo lè ou prezante leson nan linite sa a.

Nan leson sa yo, ou ta dwe reyalize bezwen pou direksyon Espri a nan sa ou anseye, kòman ou anseye, e kilè ou anseye. Ou ta dwe gen diskisyon nan zòn pwofèt yo te anseye e nan materyèl leson yo.

OBJEKTIF	Chak jènfi avèk aprann aktivite ki bon tankou yon gwoup ki kapab ede pou devlope zanmitay an gason avèk fi yo.
PREPARASYON	<ol style="list-style-type: none"> 1. Pote papyè avèk kreyon pou chak manm klas la. 2. Si li posib, fè kopi sitasyon yo nan dezyèm seksyon leson an ou li fò pou manm klas la. Petèt w ap vle divize long sitasyon Prezidan Spencer W. Kimball te di nan twa sitasyon ki kout yo.
Nòt pou enstriktè a	Avèk atansyon li materyèl ki fakiltatif oubyen aktivite nan fen leson sa a. Si ou deside itilize diskisyon nan yon gwoup, fè devwa alavans.
DEVLOPMAN POU LESON YO SIGJERE	Aktivite nan yon gwoup kapab devlope enterè nouvo, konfyans nan tèt, ak talan sosyal
Sitasyon	<p>Li sitasyon sa a Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot te di:</p> <p>“Jènfi nan Labèy yo avèk enstriktè nan Prètriz Aawon yo. . . gen anpil aktivite sosyal dirijan yo planifye pou yo, nan lekòl yo ak nan pwogram Legliz yo, e yo ta dwe jwi nan gwoup yo. Yo ta dwe evite soti avèk gason oubyen yon relasyon konsa’ ” (“Policies and Procedures,” <i>New Era</i>, jen 1971, p. 30).</p>
Sitasyon	<p>Prezidan Spencer W. Kimball te bay jèn nan Legliz yo konsèy sa a:</p> <p>“Chè jèn moun mwen yo, ou ta dwe serye. Lavi se pa pou sèlman pase yon bon tan oubyen jwe. Se yon bisnis serye. W ap grandi tankou timoun, e w ap asosye avèk fi ak gason premye anse sa yo. Lè ou gen douzan, asosyasyon sosyal ta dwe toujou yon asosyasyon jeneral avèk fi e avèk gason yo. Ou pa ta dwe soti avèk yon gason oubyen yon ti gwoup kote gen de fi avèk de gason jis lè ou gen sèzan e menm lè sa a ta dwe gen anpil jijman nan chwazi yon gason.</p> <p>“Jèn moun ta dwe toujou limite nan relasyon pandan plizyè ane, depi gason an ap prale nan misyon lè li gen diznevan. Ta dwe gen kontak limite e natirelman pa ta dwe gen okenn relasyon kote k gen sèks. Pa ta dwe gen okenn sèks ditou anvan ou marye” (“Marriage—The Proper Way,” <i>New Era</i>, fevriye 1976, p. 5).</p> <p>Mande jènfi yo pou revize etap relasyon apwopriye pou fi ak gason jan Prezidan Kimball te di li. Petèt w ap vle mete etap sa yo sou tablo a lè yo reponn.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Poukisa ou panse Prezidan Kimball te sigjere pou pa soti avèk yon gason jis lè ou gen omwen sèzan oubyen plis laj? • Poukisa li enpòtan pou suiv konsèy sa a?
Kontinye sitasyon an	<p>“Chak gason ta dwe gen tan sere lajan pou misyon li epi vin lib tout avèk nenpòt relasyon serye pou l kapab diy. Lè li retounen soti nan misyon li. . . li ta dwe santi l lib pou kòmanse fè konesans avèk jènfi epi soti avèk yo. Lè li jwenn jènfi ki bon pou li, li ta dwe fè yon maryaj nan tanp. Yon moun kapab gen tout benediksyon si li gen kontwòl epi si li gen eksperyans nan vre lòd la: premyèman kontak sosyal ki limite, epi misyon li, epi li soti avèk fi, epi li marye nan tanp, e lekòl avèk fanmi li, epi travay li. Nan nenpòt lòt lòd li kapab gen pwoblèm” (Spencer W. Kimball, “Marriage—The Proper Way,” p. 5).</p> <p>Sitasyon sa a pale de gason yo. Mande jènfi yo eksplike kòman li aplike pou fi yo tou.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kisa ou kapab fè <i>kounyeya pou prepare tèt ou pou w soti avèk yon gason</i> apre ou gen sèzan? (Repons yo ta dwe fè zanmi avèk gason yo, devlope enterè nouvo, pratike epi aprann talan sosyal yo.)

• Poukisa li enpòtan pou gen zanmi nan lòt sèks la san se pa yon relasyon womantik?

• Ki benediksyon jèn gason avèk jènfi yo kapab resevwa lè yo patisipe nan aktivite antanke yon gwoup?

Petèt w ap vle mete repons yo sou tablo a. Asire w ou di pwenn k ap suiv yo: Yo akèri konfyans nan tèt ou. Yo jwenn nouvo aktivite avèk enterè yo. Yo aprann apwopo enterè lòt moun. Yo aprann kòman pale avèk yon lòt. Yo aprann talan sosyal yo. Yo vin moun ki pi enteresan atravè asosyasyon gwoup yo.

Aktivite nan yon gwoup fè yon bon fondasyon pou soti

Eksplike dirijan nan Legliz yo konseye jènfi yo itilize ane anvan yo soti avèk yon gason pou prepare, yon tan pou devlope.

Sitasyon

“Mwen wè ane anvan ou soti avèk gason kòm yon tan kote yon moun devlope rive moun li vle ye a. Jènfi yo ta dwe gen menm satisfaksyon nan pwosesis pou yo rive nan bi sa a. . . [Ane anvan ou soti avèk gason se yon tan] kote jènfi a prepare pou aktivite nan gwoup yo, pase yon bon tan, pou grandi an matirite, pou devlope. . . .

“Tann pa fè anyen. . . . Gen anpil bagay jènfi yo ka fè pou tann [pou vin sèten pou yo soti avèk gason]. Jènfi yo kapab pran opòtinite nouvo pou devlope, yo kapab rekonèt kote yo ye kounyeya epi jwi jodi a pou tann sa k ap pase’ ” (Ruth H. Funk, site pa Gerry Avant, “Pre-dating Years: A Vital Season,” *Church News*, 3 desanm 1977, p. 9).

Sitasyon

“Gen anpil bagay mèveye yon jènfi kapab fè olye tann pou yon gason vini soti avèk li, tankou aprann jwi moun epi devlope zanmi yo, ki kapab eksitan si jènfi a kite l konsa.

“Yon jènfi ki gen anpil zanmi sanble se li ki kapte atansyon gason yo plis. Pandan l ap agrandi sèk zanmi li, lòt ap antre. Malgre li gen dwa p ap soti avèk gason, l ap pataje eksperyans, l ap bati bon souvni e l ap pase yon bon tan.

“Si yon jènfi gen sousi, oubyen pa gen pasyans pou l tann pou l soti avèk yon gason, li ta dwe sonje pale avèk Papa nou ki nan Syèl la apwopo sityasyon an.’

“. . .Ou pa ta dwe fini ane yo anvan ou soti twò bonè paske yo byen enpòtan. Yon jènfi ta dwe pran swen tan nan lavi li byen, li ta dwe tann bon moman an pou lè asosyasyon li yo tounen an soti avèk gason an li prepare pou l rekonèt kalite moun li vle suiv la. . . .

“Ane anvan pou soti avèk gason yo kapab bay yon jènfi eksperyans k ap ede l devlope karakteristik k ap kite l vin gen yon enflyans ki pi pwisan epi pozitif avèk lòt moun si l itilize tan sa a byen.

“. . .San tan pou prepare asosyasyon yo yon jènfi genyen kapab pa fon. San tan pou prepare a yon jènfi p ap byen pare pou responsablite ki mache ansanm avèk soti avèk gason epi nan ranfòse lòt moun avèk tèt li” (Ardeth G. Kapp, site pa Avant, *Church News*, 3 desanm 1977, pp. 9, 14).

Sitasyon

Se nòmal pou jèn moun yo bezwen aktivite an gwoup, lè yo pa gen anvi nan lòt fason ki fè yo pa gen matirite, e aktivite spòtif epi sosyal nan yon gwoup kapab bon kote moun pase yon bon tan. Ou gen plis sekirite fizikman epi moralman lè oumenm ak anpil nan zanmi ou yo. Aktivite gwoup la fè poukont yo kapab bon epi efikas tou.”

Sispann li sitasyon Prezidan Kimball la, epi mande jènfi yo koute byen pou lide pou aktivite antanke gwoup Prezidan Kimball te sijere.

Si ou te kòmanse yon lis bagay pozitif konsènan aktivite nan yon gwoup sou tablo a, chwazi yon lòt manm klas la pou ajoute lis sa a pandan w ap li sitasyon Prezidan Kimball la. Si ou pa fè sa, kite jènfi yo anrejistre tèt yo endividyèlman epi revize bagay pozitif yo apre ou fin li.

Kontinye sitasyon an

“Chita tande yo kapab kreye zanmitay, epi enspire lespri epi antrene tèt la. Piknik an gwoup kapab ede disipline jèn yo nan konpòtman epi fratèliz epi etann gwoup bon zanmi yo.

“Espò yo kapab devlope fòs ak andirans. Yo kapab antrene lespri a simonte pwoblèm, lè ou pèdi, e lè ou gen siksè; li kapab anseye pa vin egoyis epi konpreyansyon, epi devlope bon konpòtman avèk tolerans lè w ap jwe epi lè w ap gade. Dram kapab devlope talan,

anseye pasyans, anvite fratènize avèk jantiyès. Aktivite nan yon gwoup kote gen mizik kapab gen menm efè yo, epi li kapab ede lespri a e satisfye bezwen kilti yo. . . .

“Dans ki gen lòd, se bon kote epi moun kapab pase yon bon tan se yon bon opòtinite pou rankontre moun nouvo epi pou fè plis zanmi. Yo kapab yon opòtinite pou bonè. Yon moun kapab fè konsesans avèk anpil jèn moun ki kontan, chak nan yo ki gen bon konpòtman e kapab pi bon pase nenpòt lòt moun nan kèk kalite li genyen an nan yon sware danse avèk konvèsasyon. Se isit kote patnè yo kòmanse lwanje epi evalye, gade kalite, akonplisman, avèk lòt bagay yon lòt moun genyen pou konpare avèk tèt ou. Zanmitay ki bon epi saj kapab yon baz pou soti avèk gason ki saj, avèk selektif pou moun ki gen laj plis pase sèzan avèk matirite, e pita soti avèk yon sèl gason ap rive epi w ap gen yon maryaj ki kontan e ki p ap fini an” (Spencer W. Kimball, *The Miracle of Forgiveness* [Salt Lake City: Bookcraft, 1969], pp. 221–22).

Rasanble lide yo

Fè yon peryòd tan kote ou rasanble lide nouvo yo pou aktivite kòm yon gwoup. Eksplike gid yo k ap suiv pou rasanble lide yo.

1. Genyen yon tèt kreyatif. Pa jete okenn lide.
2. Panse kòman kèk aktivite gason souvan fè kapab gen fi yo fè yo tou, epi aktivite fi yo konn fè kote gason kapab patisipe tou.
3. Konsidere aktivite ki kapab amizman e kapab devlope konfyans avèk talan sosyal (tankou aprann pale alèz avèk yon lòt, aprann bon konpòtman, eksetera).

Lide k ap suiv yo kapab ede fè yon diskisyon.

Konpetisyon

Nan ekip jènfi avèk gason, fè yon konpetisyon nenpòt kalite espò, maraton, oubyen tounwa. Si ou chwazi yon bagay ki nouvo pou kèk moun, ba yo enstriksyon anvan ou kòmanse. Aktivite posib yo se yon tounwa echèk, yon match volebòl, oubyen yon konpetisyon kote ou pase fè yon chemiz kote ou dwe pase fè li nan yon tan espesifik.

Fè pwòp fim pa ou

Pran yon kodak, kostim, avèk lòt bagay ale nan yon kote ki enteresan. Kreye yon fim. (W ap bezwen pale men ou kapab fè ekspresyon avèk figi ou.) Reyini nan pita pou gade fim ou fè a.

Ekri pwòp liv pa w

Avèk sizo, papye, ak lakòl, ekri istwa pou timoun epi itilize ilustrasyon ki nan magazin yo oubyen foto atis yo nan gwoup la. Bay lopital yo liv yo.

Fè yon pyès

Chèche senaryo, oubyen yon pyès ki rizib oubyen ekri pyès pa w. Kolekte koutim avèk mizik. Kite chak moun chwazi yon pati epi li pyès la san pratike. Petèt w ap vle anrejistre li sou yon kasèt epi koute l pita lè w ap manje.

Amize jou fèt yo

Chèche jou fèt yo fete nan lòt peyi ki pa peyi pa w yo. Selebre jou fèt la menmjan peyi a fè l avèk manje apwopriye, dekorasyon, ak amizman.

Yon aktivite sèvis

Mennen yon gwoup timoun nan zoo, pak, oubyen nan lakou rekreyasyon an. Pote manje pou yo. Oubyen, fè yon pwogram espesyal pou moun nan lopital oubyen moun kokobye oubyen ansyen ki pa kapab soti lakay yo.

Yon dine fòmèl

Planifye pou manje yon manje fòmèl avèk pla ki fèt an ajan oubyen ki coti chinwa avèk lòt bagay ki apwopriye. Anvan dine a, chèche yon moun pou anseye etikèt sosyal (ki fouchèt ou itilize, kòman manje manje sèten, bon konpòtman, eksetera).

Diskisyon

Si ou gen tan, mande jènfi yo kòman aktivite yo sigjere a kapab ede nou vin pi bon zanmi avèk fi ak gason.

- Kòman yo kapab prepare nou pou vin moun ki soti avèk lòt sèks la pi enteresan?

Aplike leson an

Sigjere jènfi yo suiv konsèy Prezidan Kimball la. Paran yo pa bezwen enkyetid sou pitit fi yo ki te fè yon alyans pou suiv konsèy sa a. Yon jènfi montre anpil matirite lè li aprann yon prensip kòrèk epi li gouvène tèt li dapre prensip sa a.

Sitasyon

Li dènye fraz Prezidan Spencer W. Kimball la ankò: “Yon moun kapab gen tout benediksyon si li an kontwòl e si li gen eksperyans nan vre lòd la: premyèman kontak sosyal ki limite, epi misyon li, epi li soti avèk fi, epi li marye nan tanp lan, e lekòl avèk fanmi li, epi travay li. Nan nenpòt lòt lòd li ta kapab gen pwoblèm” (Marriage—The Proper Way” *New Era*, fevriye 1976, p. 5).

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike benediksyon l ap pale a se gwo benediksyon bon zanmitay. Ane ou gen douz jiska dizevan se ane pou pratike eksperyans nan lavi pou fè zanmi espesyal epi prepare pou soti avèk gason nan lavni.

Leson adisyonèl oubyen yon aktivite yo sigjere

Nòt pou enstriktè a

Petèt ou ka vle kontinye sijè sa a yon dezyèm semèn oubyen fè yon chita tandè oswa yon aktivite nan mitan semèn nan avèk twa oubyen kat jèn gason nan pawas oubyen branch ou oubyen yon pawas bò kote ou epi patisipe nan yon diskisyon antanke gwoup sou “Aktivite Gwoup yo: Yon baz pou soti ade avèk sajès.”

Si ou deside fè sa, envite jèn gason nan kolèj Prètriz Aawon yo alavans. Fè sèten prezidan jènfi a kite evèk oubyen prezidan branch lan apwouve gason ki te envite yo. Kite jènfi nan klas ou yo ba w kesyon de sèmen alavans pou ou kapab konpile yon lis kesyon ki apwopriye pou jèn gason yo konsidere.

Men yon egzanzp kèk kesyon:

1. Kòman gason yo renmen fi yo abiye?
2. De kisa gason yo renmen fi yo pale?
3. Eske gason yo prefere fi yo rete dousman oubyen pale anpil?
4. Eske gason yo renmen fi yo rele yo nan telefòn?
5. Kòman gason yo santi yo konsènan fi k ap di k ap di betiz oubyen itilize langaj ki mal?

Se posib jèn gason yo ap bay repons ki vle di yon bagay si yo resevwa kesyon anvan diskisyon an. Petèt w ap vle bay moun yo resous avèk gid ki apwopriye, tankou objektif leson sa avèk sitasyon ou santi ki apwopriye pou yo konnen (tankou fraz Prezidan Kimball yo).

Fè si jèn gason yo konprann diskisyon nan gwoup la se pou ede jèn moun wè valè devlope bon zanmitay nan yon gwoup, e itilize aktivite gwoup yo kòm yon baz pou soti ade avèk sajès.

Ou ta dwe kontwole diskisyon an. Fè si tout repons yo apwopriye. Korije nenpòt repons ki pa kòrèk oubyen ki pa apwopriye. Kòm moun k ap dirije, w ap etabli lespri pou prezantasyon an epi w ap di moun yo sijè k ap diskite a. Entwodui moun k ap patisipe nan diskisyon an pou kòmanse. Poze kesyon yo sou lis ou te konpile a, men konte bon repons yo e ou kapab poze nenpòt lòt kesyon ou santi ou bezwen pou fè yon pwèn oubyen pou fè klè yon repons. Planifye plis kesyon si diskisyon an p ap ale dousman. Fè si tout moun nan diskisyon an pale.

Nan fen diskisyon an, rezime prezantasyon an epi remèsye moun ou te envite avèk patisipe yo.

OBJEKTIF	Chak jènfi ap konprann kòman disipline tèt li ap ede li viv yon lavi ki moral.
PREPARASYON	1. Ekri mo yo sou yon papye itilize yo chak apre istwa Ann nan. 2. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt istwa, ekriti oubyen sitasyon ou vle.
DEVLOPMAN LESON YO SIGJERE	Nou kapab aprann disipline tèt nou
Istwa	Yon aplodisman fò te ranpli kay la. Youn nan pi gwo moun ki jwe vyolon nan mond lan te fèk fini seleksyon final nan pwogram sware a. Youn fi te mache avanse sou sèn nan pou l eksprime admirasyon pou gran atis sa a. Li te rive devan li finalman. Li te ba l men li epi li te di avèk eksitasyon, "Oh, mwen t ap fè nenpòt bagay pou m ka jwe menmjan avèk ou!" Li te di, "Madanm, mwen te fè sa!"
Diskisyon	<ul style="list-style-type: none"> • Kisa ou panse moun ki te jwe vyolon an te fè pou l kapab jwe vyolon byen. (Disipline tèt li pou pratike, kite bagay li ta kapab fè ki pi fasil, gen yon dezi, gen yon enstriktè ekselan, fè yon bi pou vin yon gran atis.) <p>Eksplike abilite pou disipline tèt nou yo detèmine anpil sa nou fè oubyen pa fè.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ki kèk bagay ou bezwen fè chak jou w wè ki difisil pou fè tèt ou fè? (Kite jènfi yo reponn.) • Kòman ou sispann fè bagay ou konnen ou pa ta dwe fè? <p>Mande jènfi yo mete tèt yo nan sitiyasyon k ap suiv la:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Frè w ap agase w. Li fèk di yon bagay ki fè w santi ou vle di yon lòt oubyen menm frape li. Eske ou kapab rete tèt ou fè sa a? 2. Se dimanch jèn epi ou grangou anpil, men se poko lè pou fèmen jèn ou. Eske ou kapab anpeche w manje?
Prezantasyon pou enstriktè a	<ul style="list-style-type: none"> • Eske w santi yon ti lit andedan tèt ou pandan n ap pale sou sitiyasyon sa yo? <p>Eksplike yon pati nou menm vle "lage" epi eksprime emosyon oubyen dezi nou yo; yon lòt pati vle kontwole emosyon oubyen dezi nou yo. Enflians ki kontwole se lespri nou.</p>
Sitasyon	"Youn nan konesans ki fo nan sosyete nou an di ke nou viktim dezi ak pasyon nou yo. Men verite a se lespri a ki kontwole kò a" (Terrance D. Olson, "Teaching Morality to Your Children," <i>Ensign</i> mas 1981, p. 14).
Tablo a	Ekri sou tablo a: "Lespri nou kontwole kò nou." Kèk bagay nan kò nou fasil pou kontwole e lòt yo pi difisil.
Prezantasyon pou enstriktè a	Eksplike nou gen bon kontwòl sou kèk pati nan kò nou—paegzanp dwèt nou. Si nou di youn nan dwèt nou yo pliye, l ap pliye. Si nou di l pa pliye, li p ap pliye. Si nou bay pye nou yo yon lòd, y ap obeyi imedyatman. Sigjere nou kapab aprann chwazi ki panse nou panse tou, epi nou aprann kontwole panse nou yo nan yon direksyon ki pozitif epi ki bon.
Aktivite	<p>Eksplike jènfi yo w ap eseye yon eksperyans nan disipline tèt ou. Mande yo bouje men dwat yo nan yon sèk, kounyeya bouje pye goch yo, epi bouje tèt yo. Kounyeya mande yo chita tou dousman epi panse yon bagay sou nenpòt bagay <i>sof</i> sa w ap dekri yo. Epi dekri an detay yon manje oubyen yon desè ki gou anpil.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kisa k pi di, di men w oubyen pye w sa pou fè, oubyen di panse w avèk emosyon w yo sa pou w fè?

Eksplike anpil moun pa kwè yo kapab kontwole panse yo ni disipline tèt yo. Men nou kapab panse sou yon sèl bagay alafwa. Nou kapab kontwole panse nou yo lè nou chwazi panse yon lòt bagay. Kèk moun santi ke kalite disiplin sa a pa nesèsè, ni twò difisil, oubyen pa merite efò.

Sitasyon

“Kèk yon esklav abitud yo pa kapab kontwole oubyen yo gen aksyon oubyen dezi ki pa bon, e y ap diskite ke se abitud yo ki kontwole yo—ke y ap goumen; tantasyon an pi fò pase volonte yo pou reziste. . . . Men nou *kapab* chwazi. . . .nou ka kraze move abitud yo; nou *kapab* vin pran *bon* abitud; nou *kapab* chwazi sa nou *panse* atravè detèminasyon nou pou fè sa” (Richard L. Evans, “Self- Control,” *Improvement Era*, desanm 1963, p. 1113).

Prezantasyon pou enstriktè a

Di *li* difisil pou kontwole tèt nou, men se yon bagay nou kapab aprann fè. Papa nou ki nan Syèl la te gen tan di nou kenbe panse, dezi, avèk emosyon nou yo nan limit li te kreye. Antanke papa nou, li pa tap mande nou fè yon bagay nou pa kapab fè. Nou se pitit li. Nou gen kapasite vin tankou li.

Istwa

Koute byen eksperyans yon jènfi ki te rele Ann te fè. Gade si w ka dekouvri kèk bagay Ann te aprann pou disipline tèt li.

“Tou lòt moun ap fè l, donk poukisa mwen pa ka fè l? Kòmandman yo sèlman di nou pa dwe pran non Senyè a anven. Mwen t ap eseye jistifye tèt mwen pou di betiz, men sa pa t ap ede m. Mwen te konnen se yon bagay mal pou di betiz, menm si tout zanmi m yo t ap fè li. Sa te toujou agase m, e finalman mwen te deside mwen bezwen fè yon bagay konsènan pwoblèm mwen an. Mwen te santi m ‘sal’ epi pa diy pou pale avèk Senyè a nan priyè. Men mwen te konnen si m pa t repanti, sa t ap fè bagay yo vin pi mal.

“Mwen te kòmanse kontwole tèt mwen pandan jis yon sèl jou. Mwen te konnen di betiz se te yon abitud mwen te genyen. Mwen ap tandè plizyè ekspresyon mal tout jounen an nan lekòl e sa te sanble natirèl pou di betiz tou. Mwen te deside mwen t ap eseye viv yon jou san di betiz.

“Premye jou a mwen te eseye, e sa pa t twò mal jis nan dejene a. Epi tout moun vin eksite epi y ap fè bri e anvan mwen te reyalize sa, mwen te kòmanse ap di betiz. Mwen pa t vrèman reyalize lè m te di l; men lè m te rekonèt sa, mwen te santi m chagren e mwen pa t kontan.

“Jou swa sa a mwen te priye e mwen te mande fòs. Nan demen mwen te gen kouraj pou m di de pi bon zanmi m yo nan lekòl la ke mwen pa t santi m byen apwopo langaj nou e mwen t ap eseye sispann. Mwen te eseye ankò jou sa a pou m pa di betiz.

“Mwen pa t gen okenn lide sa tap rès konsa. Mwen te toujou panse viv levanjil la tap toujou fasil. Sa te pran kat jou pou m te ka rive pase yon jou san di yon betiz. Mwen te kontan anpil men mwen te konnen mwen tap bezwen fè atansyon. Se t ap fasil pou m kòmanse di betiz ankò.

“Mwen te kontinye priye pandan tan sa a pou m jwenn fòs. Mwen te pwogrese epi m te sispann di betiz, men m pa t santi m Bondye te padone m. Epi nou te gen yon reyinyon temwayaj nan reyinyon jènfi nou. Mwen te mande zanmi m yo padone m pou move egzanp mwen te ye pou yo. Mwen te santi Espri a byen fò, mwen pa t kapab ekspri dezi m pou rann temwayaj mwen. Mwen te ekspri lanmou m pou Papa mwen ki nan Syèl la e pou Pitit Gason li avèk levanjil la. Lè m te fini, sete kòm si yon gwo pwa te soti sou zepòl mwen. Mwen te konnen m te vin jwenn padon.”

Diskisyon

Diskite eksperyans Ann avèk jènfi yo, epi itilize mo sou papye yo kòm yon gid. Apre w fin diskite chak kesyon, mete mo apwopriye ki di yon konklizyon apwopo disipline tèt ou ou kapab aplike nan diskisyon an.

1. Kòman Ann te eseye jistifye konpòtman li? Poukisa nou eseye jistifye konpòtman nou nan menm fason an? Poukisa nou ta dwe evite sa? (Mete mo sou papye a: “Lè nou jistifye kraze kòmandman yo, nou vin pi fèb nan abilite pou nou kontwole tèt nou.”)
2. Kisa k te fè Ann chanje konpòtman li? Kòman li te santi l? Sa k rive lè nou kraze yon kòmandman? (Mete mo sou papye a: “Lè nou kraze yon kòmandman, nou pèdi Lespri Senyè a.”)
3. Ki kèk bagay li te fè pou disipline tèt li? Kijan paske l di zanmi li yo sa ede l nan desizyon li? Nan ki fason fè yon etap alafwa ede nou aprann disipline tèt nou? (Mete mo sou papye a: “Nou aprann disipline tèt nou lè nou pran yon etap alafwa.”)

4. Kisa k te pi gwo sous fòs Ann lè li t ap aprann disipline tèt li? (Metè mo sou papye a: "Papa nou ki nan Syèl la ap ranfòse nou si nou priye pou èd li.")
5. Kòman Ann te santi l apre li te simonte pwoblèm li? Kòman lè li te rann temwayaj li te pote lapè pou li? (Metè mo sou papye: "Disipline tèt ou mennen nou an amoni avèk Papa nou ki nan Syèl la ak tèt pa nou.")
- Mandè jènfi yo pou pataje yon eksperyans yo te fè kote yo te disipline tèt yo, e di kisa ki te ede yo.

Nou kapab viv yon lavi ki gen vèti lè nou disipline tèt nou

Prezantasyon pou enstriktè a	Eksplike si n ap aprann jwe yon enstriman mizik, eseye kontwòle konpòtman, oubyen lè nou fè tèt nou leve pase dòmi plis, efò nou yo pou disipline tèt nou nan nenpòt pati lavi nou kapab ede nou nan efò nou pou viv yon lavi ki gen vèti.
Istwa	Rakonte istwa sa a: "Yon misyonè k ap sèvi nan lès nan Etazini Damerik te konfwonte yon etidyan nan inivèsite ki pa t enterese ni nan mesaj [levanjil] la nie nan kòd moral misyonè yo. Etidyan an te mande misyonè a pandan li t ap souri kòman li te kontwòle dezi li yo lè gen anpil bèl fi toutotou li konsa e li te vle di misyonè a gen lè pa nòm. Eldè a te eksplike: 'Se pa ke mwen pa nòm; sèke mwen konnen mwen responsab pou kontwòle tèt mwen avèk kò mwen. Ou panse ou pa kapab kontwòle dezi ou yo. Ou panse ou se viktim yo. Mwen te montre tèt mwen mwen se mèt santiman sa yo'" (Terrance D. Olson, 'Teaching Morality to Your Children,' p. 14).
Diskisyon	• Kisa k te diferan nan fason etidyan an avèk èldè a te panse? Kisa èldè a te aprann fè apwopo santiman avèk emosyon li yo?
Prezantasyon pou enstriktè a	Eksplike ou bezwen kontwòle dezi fizik ou yo epi kontwòle tèt ou pou w vin pwòp nan moralite avèk vèti. Ede jènfi yo konprann lè nou disipline tèt nou, nou ranfòse kontwòl lespri nou sou kò nou. Kapasite nou pou kontwòle tèt nou ogmante chak fwa nou fè yon chwa pou sa.
Ka pou etidye	Chwazi nan sitiyasyon k ap suiv yo kisa ki t ap pi bon pou klas ou. Apre chak sitiyasyon, poze kesyon sa yo: (1) Kijan yon moun kapab itilize disiplin nan sitiyasyon sa a? (2) Kisa k ta kapab rive si moun nan pa t fè sa? (3) Kisa moun nan ta kapab fè pou evite sitiyasyon an? (4) Kòman disipline tèt ou enpòtan nan sitiyasyon sa yo? Apre jènfi yo fin reponn kesyon sa yo, li konklizyon ka pou etidye yo.
Sityasyon ak diskisyon	1. Kèk nan zanmi m yo nan lekòl la te envite m nan yon fèt. Mwen te eksite ale paske youn nan gason mwen te renmen yo te di m li t ap la e li te anvi m ale. Mwen te anvi ansanm avèk li. Lè zanmi m yo te rive, nou te reyalize paran yo pa t la e pa t gen ase granmoun pou veye fèt la. Pa t gen anpil limyè. Kèk nan moun yo t ap danse e lòt yo te a de, yo t ap bo, bo anpil, avèk emosyon. Gason m te renmen an te wè lè m antre.
Konklizyon	Mwen te konnen mwen ta dwe kite fèt la, men mwen te vrèman renmen gason sa a. Mwen te gen enkyetid kisa li t ap panse si m te ale. Li te fè nwa deyò a. Mwen pa t vle mache al lakay mwen tou sèl. Finalman, mwen te kontwòle santiman m yo. Mwen te rele paran mwen e m te mande yo vin chèche m.
Sityasyon ak diskisyon	2. Mwen te konnen nou pa sipoze soti avèk lòt sèks la jiskaske nou gen sèzan men mwen te konn amize m nan lekòl la ap pale epi flannen avèk ti mesye yo. Youn nan yo sete Brad, yon bèl gason ki te sanble li te renmen mwen. Youn jou nou t ap manje li te mande m rankontre li nan mache a epi ale gade yon fim avèk li. Te gen yon aktivite jènfi nan menm tan an. Li tap fasil pou m di paran m yo mwen ta prale nan aktivite a epi pran bis pou m ale nan mache a. Mwen tap tounen nan menm tan aktivite a t ap fini an. Mwen te di, "Wi." Men, lè moman an te rive pou m soti nan kay la, mwen te gen enkyetid. Manman m te rele m pou wè si m te mete chanday m epi li te di, "Pase yon bon moman!" Epi li te antre nan kay la.
Konklizyon	Mwen te ale nan direksyon kote bis la t ap rete a. Mwen ta dwe kontan. Mwen ta pral gade yon fim avèk yon gason ki te renmen mwen. Poukisa mwen te santi m malalèz? Demi mwenmenm te vle kouri nan direksyon bis la; lòt la te anvi retounen lakay. Mwen te rete sou twotwa a. Mwen te panse tout bagay mwen t ap bezwen kreye lè

m retounen lakay, manti m t ap oblije bay pandan anpil jou. Epi mwen te sonje yon fraz papa m te anseye nou: "Vle se kapab." Mwen te santi m pi byen e mwen te kòmanse panse pi klè. Mwen te di tèt mwen retounen lakay, rele Brad, epi di l mwen pa kapab ale e poukisa, epi mwen t ap prepare pou ale nan aktivite a. E mwen te fè sa mwen te di tèt mwen an.

Fini pati leson sa a epi diskite kijan disipline tèt ou nan sitiyasyon tankou sa nou sot pale yo la a ap ede jènfi yo kontwole tèt yo nan viv yon lavi ki gen vèti.

Konklizyon

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike jènfi nan chak nan eksperyans sa yo nan leson sa a te mennen lit pou disipline tèt yo, men chak moun kapab fè li. Chak fwa nou disipline tèt nou, nou ranfòse kapasite viv yon lavi ki gen vèti. Fini leson an avèk fraz Prezidan Brigham Young te di ki ranfòse lide ke nou kapab kontwole tèt nou. Mande jènfi yo kote pwomès nou resevwa si nou kontwole tèt nou.

"Lè ou fè yon fot oubyen ou fè yon bagay san panse byen sou li; lè ou plen dezi ki mechan, e ou vle kite li, rete epi kite lespri a, Bondye te mete nan kò ou la gide ou. Si ou fè sa, mwen pwomèt w ap simonte tout bagay ki pa bon epi resevwa lavi etènèl" (nan *Journal of Discourses*, 2:256; italik yo ajoute).

OBJEKTIF	Chak jènfi ap rekonèt epi evite mal medya nan lavi li.
PREPARASYON	<ol style="list-style-type: none"> 1. Fakiltatif: Pote yon ze bouyi, ki tou kale epi blan si l posib; yon boutèy ki gen ase dlo pou kouvri ze a; avèk yon kiyè avèk koulè ki chanje koulè manje a pou yon demostrasyon. Ou kapab sèvi avèk yon moso twal blan nan plas ze a. 2. Fè yon kat sou tablo a oubyen yon afich. Sou yon kolòn mete zouti Satan Prezidan Spencer W. Kimball te idantifye nan premye seksyon nan lesan an. Nan dezyèm kolòn nan, ekri nòm jijman ki nan dezyèm seksyon lesan Prezidan Ezra Taft Benson te fè a. Nan twazyèm kolòn nan mete lis Evèk H. Burke Peterson te di pou evite medya ki mal yo. Kouvri chak kolòn pou ou kapab montre yo de separeman nan tan apwopriye a. 3. Prepare yon papye pou chak jènfi "Gid pou evalye medya." 4. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon ou vle.
DEVLOPMAN POU LESON YO SIGJERE	Medya ki mal se youn nan zouti pi puisan Satan genyen
Diskisyon	Mande jènfi yo pou di kèk sibstans ki gen efè ki ede epi ki blese. Pale de ensektisid, spre, pwodi chimik, pwodi pou netwaye. Efè bagay sa yo kapab bon oubyen mal e sa depann sou fason ou itilize yo.
Prezantasyon pou enstriktè a	Eksplike tèt zo avèk zo ki fè yon iks se yon senbòl inivèsèl ki bay avètisman pou yon sibstans ki gen pwazon. Moun toupatou nan mond lan rekonèt li kòm yon avètisman klè sou sa ki kapab rive yo si yo pran sibstans nan kò yo. Pwofèt dènye jou yo te avèti nou sou yon lòt kalite bagay ki kapab blese nou epi ki pa kapab touye kò nou yo men ki kapab detwi lespri avèk tèt nou. Medya yo—televizyon, fim, magazin, avèk jounal—pale avèk moun menm tan an. Medya sa yo kapab ede nan travay Senyè a sou latè, pou edike, epi pou amize. Men yo kapa detwi tou. Yo se yon zouti prensip djab la, ki chèche kraze konpòtan moral nan nou tout.
Diskisyon	Eksplike menmsi anpil moun di nou pa afekte pa sèks, betiz, bagay ki sal, avèk vyolans nou kapab nan medya yo ke se pa vre. Diskite avèk jènfi yo kòman sèks, betiz, bagay ki ofanse nou, avèk vyolans kapab blese nou?
Sitasyon	Prezidan Spencer W. Kimball te avèti nou kèk nan efè ki danjere ki soti nan medya yo ki mal: "Natirèlman. . .trajedi. . .souvan kòmanse avèk yon vizit nan yon teyat pou gade fim ki pa apwopriye oubyen gade nan yon magazin ki ofanse nou. Chemen peche fònikasyon ki grav, adiltè, avèk omoseksyalite kapab kòmanse. . .avèk gade pwogram ki gen sèks avèk vyolans ki nan televizyon an" (nan Conference Report, oktòb 1976, p. 6; oubyen <i>Ensign</i> novanm 1976, p. 6).
Sitasyon	Prezidan Kimball te avèti nou tou apwopo pònografi ki nan chak kalite medya: "Genyen yon relasyon ant pònografi ak. . .pèvèsyon. . . "Se initil pou di pònografi pa gen okenn efè. Gen yon relasyon avèk krim. Touye, vòlè, vyole, pwostitisyon ak peche ki nan piblisite nan jounal, magazin, televizyon, radyo avèk film yo montre imoralite sa a. Rechèch sou krim ki gen sèks ladan yo montre yon relasyon ant krim avèk pònografi" (nan Conference Report, oktòb 1974; oubyen <i>Ensign</i> , novanm 1974, p. 7).
Diskisyon	Mande jènfi yo pou bay egzamp yon pwogram nan televizyon oubyen piblisite, eksetera, yo konn wè chak jou epi di kòman bagay sa yo enflyanse chwa yo fè apwopo rad, bagay

yo achte, amizman, ak lòt fason yo depanse tan avèk lajan. Diskite fason negatif medya enflyanse yo.

Prezantasyon pou enstriktè a	Eksplike nou p ap kapab wè efè enflyans ki mal la tout suit. Nou kapab kite tèt nou vin pi fò esprityèlman piti piti, jou pa jou, semèn pa semèn, jiskaske nou avèg an reyalye, e nou pa santi Espri Senyè a nan nou, epi nou sou enflyans mechan ki mennen nou nan peche.
Afich	Montre premye kolòn afich la oubyen montre kolòn ki sou tablo a.
Sitasyon	Prezidan Spencer W. Kimball te dekri kòman feblès esprityèl sa a rive: "Lisifè nan plan mechan li twonpe moun ki pa fè atansyon epi li itilize chak zouti li genyen. . . . L ap itilize [1] lojik pou l twouble ak [2] jistikasyon pou l detwi. L ap [3] chanje siyifikasyon, [4] li ouvri pòt yo tou piti, e [5] l ap dirije moun soti nan pite ale nan tout kalite bagay ki sal" ("President Kimball Speaks Out on Morality," <i>Ensign</i> , novanm 1980, p. 94; nimewo yo ajoute).
Demonstrasyon (fakiltatif)	Montre egzanp k ap suiv yo pou montre kòman zouti oubyen metòd Satan yo kapab enflyanse piti piti: Mete ze bouyi a (oubyen yon mòso twal) yon fwa nan dlo ki gen koulè a. Montre jènfi yo kòman ze a pran koulè vit. Petèt ou pa kapab wè l lè w gade l vit. Epi mete ze a nan dlo ki gen koulè a, epi mete dlo sou li anpil fwa avèk yon kiyè. Montre jènfi yo koki ze a vin pi nwa chak fwa ou kouvri l avèk koulè.
Diskisyon	<ul style="list-style-type: none">• Kòman eksperyans sa a gen relasyon avèk enflyans medya yo? Kòman gade yon sèl fim oubyen pwogram nan televizyon afekte ou? Ki kote enflyans sa a mennen ou?
Prezantasyon pou enstriktè a	Eksplike pafwa nou santi medya ki mal pa afekte nou endividyèlman tankou li afekte moun toutotou nou. Aktyèlman, nou p ap kapab konnen efè negatif li jiskaske nou pa kapab retire yo.
Sitasyon	"Gran pwofèt Mòmou ki te gade pèp li a k ap mouri, te ekri piti gason li Mowoni apwopo yon istwa kote li te di akoz mechansete pèp li pa t gen santiman ankò. (Gade nan Mowoni 9:20). Sa trajik pou rive kote Lespri a dwe kite ou, e lè sa a ou pa kapab konnen sa ki bon ni sa ki mal" (Marvin J. Ashton, nan (Conference Report, oktòb 1977, p. 109; oubyen <i>Ensign</i> novanm 1977, p. 72).
Diskisyon	<ul style="list-style-type: none">• Kisa sa vle di pa gen santiman an relasyon avèk medya ki pa bon? Kòman nou kapab vin tèlman abitye gen enflyans sa yo toutotou nou ke nou pèdi jijman pa nou sou sa ki mal ak sa ki pa mal? Nan ki sans li enpòtan pou gen nòm jis nan jije sa nou ta dwe gade, tandè epi li?

Yon jènfi kapab jije medya yo epi evite sa ki mal

Prezantasyon pou enstriktè a	Eksplike nou ta dwe konnen enfòmasyon sou medya n ap chwazi gade, tandè oubyen li a. Yo avèti nou pou nou chwazi avèk swen opinyon moun nou baze desizyon nou sou yo yo. Li posib lòt moun pa sèvi avèk nòm ki akseptab pou jije medya yo. Moun ki se pwofesyonèl ki gade, tandè epi li epi ki evalye medya kapab ankouraje tout moun jwi yon sèten bon fim, pwogram televizyon, yon rejis, oubyen yon liv malgre gen materyèl nan li. Prezidan Ezra Taft Benson te ba nou kèk nòm pou itilize kòm gid pou jije medya. Malgre li refere avèk liv yo, ou kapab aplike menm nòm yo avèk lòt medya.
Afich	Montre dezyèm kolòn afich la oubyen montre lis senk nòm ki deja sou tablo a.
Sitasyon	"Jodi a avèk tout kalite liv ki disponib yo, yon moun ki vrèman edike konnen sa pou l pa li. . . . Kòm manman John Wesley te konseye: 'Evite [1] nenpòt bagay ki ka fè rezon ou pi fèb, [2] sa ki detwi konnesans ou ant sa ki byen ak sa ki mal, [3] retire santiman ou pou Bondye, [4] retire dezi pou bagay ki esprityèl, . . . [5] ogmante kontwòl kò a sou tèt la.' "Paske yon liv ansyen sa pa vle di li gen valè. Paske yon otè te ekri yon bon liv sa pa vle di tout liv li yo bon pou li. Pa fè tèt ou vin yon depo kote lòt moun vin jete fatra. Li pi di pou pwòpte lespri nou soti nan bagay mal n ap li yo pase pou pwòpte, kò ki fè bagay ki mal la, e sa gen plis domaj pou nanm nan" ("In His Steps," nan <i>Speeches of the Year</i> , 1979 [Provo: Brigham Young University Press, 1980], p. 61).
Diskisyon	Diskite chak nan senk nòm yo. Ede jènfi yo konprann enflyans medya ki mal yo kapab fè Lespri a kite nou, e l ap kite nou san pwoteksyon Sentespri a. Mande jènfi yo kòman yo kapab itilize senk nòm sa yo pou detèmine ki medya y ap chwazi.

Prezantasyon pou enstriktè a	Eksplike li pi difisil pou separe tèt nou anba enflyans medya ki mal ki sanble k antoure nou yo. Sepandan, gen bagay nou kapab fè pou evite sa depi nan kòmansman an avèk kèk aksyon si nou nan yon sityasyon nou pa kapab kontwòle.
Sityasyon	Evèk H. Burke Peterson te konseye nou “pa ta dwe gen okenn fim ki pa rekòmandab n ap dakò patispe ni gade ni pale sou yo. Pa ta dwe gen okenn magazin, foto, oubyen istwa pònografik. . . . Eske ou gen kouraj pou soti kite yon film ki endesan—oubyen èske ou gade epi koute l, e di tèt ou, ‘pati sa a pral fini,’ oubyen ‘Tout moun ap fè li; petèt se yon bon amizman’? Eske ou gen kouraj pa kite kèk pwogram televizyon ki ranpli avèk langaj sou bagay ki seksyèl—menm eksperyans yo antre lakay ou? Eske ou janm panse ki fason pi devan pwogram sa yo afekte menm espri ki pi fò yo? . . . Nou pa dwe nourri tèt nou avèk yon rejim fatra!” (nan Conference Report, oktòb 1980, pp. 56–57; oubyen <i>Ensign</i> , novanm 1980, pp. 38–39; italik yo ajoute).
Diskisyon avèk tablo a	Montre twazyèm kolòn sou afich la oubyen sou tablo a. Mande jènfi yo pou idantifye fason ki sigjere pou evite medya ki mal yo. Mande manm klas la pou diskite sigjesyon kòm yon gid oubyen solisyon posib nan ka etid k ap suiv sou afich oubyen tablo a.
Ka pou etidye yo avèk diskisyon	<ol style="list-style-type: none"> 1. Diane te resevwa yon envitasyon pou ale nan yon fèt avèk zanmi l yo kote yo t ap gade yon fim. Li te konprann fim nan pa t twò bon e li te kapab di moun ki te envite l yo pou chaje li. Men nan yon lòt okazyon, Diane te twouve l nan yon sityasyon kote li pa t konnen alavans kisa amizman an t ap ye. Sete yon film jounal yo te lwanje anpil e laplipa zanmi l yo te deja wè li. Yo tout te di l li te mèveye. Diane te tandè li te gen langaj, ide avèk sèn li te konnen li pa tap renmen wè ni tandè. <ul style="list-style-type: none"> • Ki lòt bagay Diane ta kapab fè? Kisa ou t ap fè nan sityasyon sa a? 2. Youn nan pi bon zanmi Sara te toujou ap koute estasyon radyo li te pi renmen an. Yon jou yo te pale sou kalite mizik yon estasyon te toujou jwe. Sara te mande Mary poukisa li te koute l lè mo nan laplipa mizik yo te sigjere imoralite nan anpil kalite fason. Mary te di li te renmen rit la avèk son mizik la epi li pa t fè atansyon a mo yo. <ul style="list-style-type: none"> • Ki efè mo yo kapab gen sou limenm si l pa koute yo? Kisa Sara ta kapab di Mary? 3. Yon jèn gason te nan yon gwo vil pou yon konpetisyon lekòl. Moun ki te pran swen epi pwoteje l la te tonbe malad, e li pa t konnen okenn moun. Sware a te lib pou li, donk li te rete nan chanm lotèl la e li te gade liv ki gen tout pwogram televizyon yo. Avèk tristès li te aprann ke sèlman yon estasyon ki pase film te disponib e se pa t yon bon film. Li te pase tout sware a ap goumenm avèk tèt li si li ta dwe gade l oubyen pa gade li. Sa te vin yon batay reyèl pou disiplin tèt li epi eseye simonte tantasyon gade lè okenn moun pa t ap konnen. (Gade Jack Weyland, “The Quiet War,” <i>New Era</i>, oktòb. 1981, pp. 12–19). 4. Yon papa nan yon fanmi te rele teyat la kote yo t ap montre yon fim fanmi li te vle gade. Chèf la te di se te yon amizman pou yon famni gade. Lè yo te rive, premye sèn nan sete yon sèn nan chanm ki pa t bon menm. Tout fanmi an te soti kite teyat la. <ul style="list-style-type: none"> • Kisa papa sa a te anseye timoun li yo? Si papa a te chwazi rete, ki zouti Lisifè t ap itilize si timoun yo te kontinye suiv egzanp li nan lòt okazyon? 5. Dan avèk Martha t ap eseye deside sa pou yo fè yon jou swa. Dan te sigjere yon fim. Martha te di, “Sa bon pou mwenmenm, men m ba ou yon avètisman m ap soti si se yon fim ki kontrè a prensip mwen yo.” Li evidan Martha te gen prensip li pa t vle kraze. Kisa yon gason tap panse si yon jènfi gen yon prensip, men li pa kenbe yo lè li soti avèk yon gason e li kapab ofann li?
Sityasyon	Prezidan Ezra Taft Benson te di, “Kèk nan pi gwo batay w ap rankontre se ap goumen poukont ou avèk pwòp namn pa ou” (“In His Steps,” p. 60). Eksplike pafwa nou se sèl moun ki gase yon pwogram sou televizyon an oubyen gade yon magazin nan mache a. Mande jènfi yo pou sonje ki pwogram sou televizyon an yo te gade lè okenn moun te nan kay la. Ki nan zouti Lisifè yo fi yo tap itilize si yo te gade yon pwogram ki pa t bon nan sityasyon sa yo?

Konklizyon

Eksplike plizyè milyon moun santi enflyans medya yo. Men nou kapab fè anpil antanke endividi pou evite move efè li gen sou nou. N ap bezwe chèche epi tann yon bon pwogram, fim, avèk liv. N ap bezwen konnen oubyen aprann kòman pou n chwazi sa n ap li, gade epi koute, epi montre disiplin nan chwa nou fè chak jou yo.

Aplikasyon leson an

Bay jènfi yo yon kopi, "Gid pou evalye medya." Sigjere yo itilize gid sa yo pou evite medya ki mal nan lavi pa yo. Mande yo mete kopi sa a nan journal pa yo.

Yon gid pou evalye medya

Peché se yon konpòtman bèt
Yon moun ap rayi lè l byen gade l;
Men si yon moun wè l souvan, l ap vin abitye avèk kòman peché a gade,
Premyèman nou gade, epi chagren, epi anbarase.
(Alexander Pope, "An Essay on Man," Epit 2 liy 217–21.)

Zouti Satan yo

Itilize logik pou met konfizyon
Itilize rasyonalizyon pou detwi
L ap kache sa l vle di
Ouvri pòt tou piti piti
Mennen nou soti nan pite rive nan tout kalite bagay ki pa sal.
(Gade Spencer W. Kimball, "President Kimball Speaks Out on Morality," *Ensign*, novanm 1980, p. 94.)

Nòm pou jije medya a

Nenpòt bagay ki febli rezon ou
Nenpòt bagay ki detwi konfesans ou ant sa ki byen ak sa ki mal
Retire santiman ou yo pou Bondye
Retire dezi pou bagay ki espiyèl
Nenpòt bagay ki ogmante kontwòl kò a sou tèt la
(Gade Ezra Taft Benson, "In His Steps," *Speeches of the Year*, 1979 [Provo: Brigham Young University Press, 1980], p. 61.)

Kòman evite enflyans ki mal yo

Pa gade ni pale apwopo film ki gen objeksyon
Pa gade magazin, foto, oubyen istwa ki pònografik
Gen kouraje soti kite yon film ki endesan
Pa kite pwogram televizyon ki gen langaj ki mal avèk bagay ki seksyèl antre lakay ou.
(Gade H. Burke Peterson, nan Conference Report, oktòb 1980, pp. 56–57; oubyen *Ensign* novanm 1980, pp. 38–39.)

OBJEKTIF Chak jènfi ap konprann panse ki diy mennen nan yon lavi ki moral.

PREPARASYON

1. Kèk jou anvan ou anseye lesan sa a li sèn ki nan seksyon "Aktivite ki sigjere" ki nan lesan an kòm baz pou diskisyon an.
2. Prepare yon afich ki gen ekriti sa a: Toujou gen panse ki moral (D&A 121:45).
3. Prepare yon papye ekriti ki anwo a pou chak jènfi. Gade sigjesyon nan fen lesan an.
4. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt ekriti, istwa oubyen sitasyon ou vle.

**DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE**

Nou resevwa fòs pou viv yon lavi ki gen vèti lè nou aprann kontwòle panse nou yo

**Prezantasyon pou
enstriktè a**

Eksplike kèk jènfi nan klas pa ou la kapab konnen yon moun ki te kraze lwa chastete a epi sensèman limenm swete li pa t fè fòt grav sa a. Lesan sa a ap bay chak jènfi yon fason enpòtan pou viv yon lavi ki gen vèti.

Sitasyon

Mande jènfi yo pou koute fraz k ap suiv la kote Eldè Boyd K. Packer te di kijan sa enpòtan: "Panse nou yo se kontwòl pou gouvènè aksyon nou yo" (*Let Virtue Garnish Thy Thoughts*, Brigham Young University Speeches of the Year [Provo, 26 septanm 1967], p. 4).

**Diskisyon avèk
afich la**

Montre afich ki gen ekriti D&A 121:45 lan

- Poukisa ou panse Senyè a di nou pou nou toujou gen vèti nan panse nou yo?

Diskisyon

Eldè Packer eksplike kòman vèti kapab kontwòle panse nou yo e lè nou aprann kontwòle panse nou yo nou kapab gen yon lavi ki gen vèti. Mande jènfi yo fason espesifik yo kapab devlope abilite kontwòle panse pa yo.

Itilize sèn nan kòm yon baz pou yon diskisyon. Diskite kòman jènfi yo kapab devlope abilite kontwòle panse yo.

Diskisyon

Kesyon yo k ap suiv yo fakiltatif pou diskisyon an:


1. Kisa Eldè Packer di ki petèt bagay ki pi difisil w ap wè nan vi mòtèl la? (Aprann kontwòle panse ou yo.)
2. Ki kèk benediksyon ou gen paske ou kapab kontwòle panse ou yo? (Simonte abitud yo, resevwa kouraj, simonte pè, gen yon lavi ki kontan.)
3. Kimoun ki ka deside sa panse ou yo ye? (Se oumenm.)
4. Eske ou ka panse nan ki fason panse ki pa diy yo parèt inosan epi san danje?
5. Kisa ou kapab fè pou jete panse ki mal yo nan tèt ou?
6. Kisa Eldè Packer sigjere n itilize pou ede nou kontwòle panse nou yo? (Mizik ki bon.)
7. Ki danjè ki gen nan mizik ki pa bon yo? (Li envite panse ki mal, e souvan li sigjere imoralite, adiksyon oubyen fè bagay ki fou.)
8. Ki kalite mizik nou ta dwe koute? (Mizik ki enspire, ki ede nou espiritiyèlman, ki bay reverans, bonè, avèk bote.)
9. Ki youn nan benediksyon nou kapab jwenn si nou kenbe tèt nou yo ranpli avèk bon bagay, bagay ki bèl, avèk bagay ki enspire yo? (gidans konstan avèk enspirasyon Sentespri a.)
10. Kisa Eldè Packer te di nou fè pou ede nou kontwòle panse nou yo? (Chwazi yon chan, aprann li, epi itilize li pou dirije panse nou yo.)

Aplike leson an

Sigjere chak jènfi pou chwazi yon chan li kapab itilize jan Eldè Packer sigjere a. Ankouraje yo aprann mo chan an pa kè epi itilize li pou dirije panse yo.

Papye pou distribye

Bay chak jènfi yon yon papye ki gen ekriti "Toujou gen panse ki gen vèti" a ekri sou li. Epi yo kapab ekri non chan yo te chwazi a sou do papye a. Chwazi yon jènfi pou li D&A 121:45 ankò.



Aktivite ki sigjere

Kite manm klas la evalye rejis avèk kasèt yo gen lakay yo epi jete sa ki p ap ede yo gen bon panse yo.

Mizik ki bon, panse ki bon

Eldè Boyd K. Packer te di

"Lè m te yon ti gason, nou te rete nan yon kay ki te antoure avèk pyebwa. Te sanble pa t janm gen ase dlo pou pyebwa yo. Kanal yo te pwòp nan prentan, men yo te plen ak move zèb. Yon jou, mwen te gen responsablite pwòpte kanal la, mwen te gen yon pwoblèm. Dlo t ap koule nan chak direksyon pandan l t ap ranpli kanal la pou touye move zèb yo. Mwen te kanpe nan dlo a kote mwen t ap eseye ranfòse bò kanal la. Si m rete pou l pa koule nan yon seksyon, ap gen yon lòt kote l ap koule. Yon vwazen te vin nan pyebwa yo. Li te gade pandan yon ti moman epi li te fè kanal la avèk pèl li e li te kite dlo a koule nan kanal li te fè a. Li te di, 'Si w vle dlo a rete nan wout li, w ap bezwen fè yon kote pou l ale.'

"Mwen te vin ke panse nou yo tankou dlo. Y ap rete sou wout yo si nou fè yon kote pou yo ale. Oubyen yo prale kote k pi fasil la e y ap chèche nivo ki pi ba a. *Petèt pi gran defi avèk bagay ki pi difisil w ap genyen nan vi mòtèl sa a se aprann kontwole panse ou yo. Yon moun ki kontwole panse li yo genyen oubyen simonte tèt li.*

"Lè ou aprann kontwole kò ou, ou kapab simonte abitud yo, menm mani pèsònèl yo. Ou kapab resevwa kouraj, simonte laperèz, epi gen yon lavi ki kontan. Moun di m anpil anpil fwa pandan m t ap grandi ke nou dwe kontwole panse yo, men okenn moun pa t janm di m kòman fè sa. Mwen te panse sou sa pandan anpil ane e mwen te deside tèt la se tankou yon sèn teyat. W ap toujou kapab wè sèn nan. Toujou gen yon panse nan tèt ou. Li kapab yon bagay ki rizib, yon trajedi, yon bagay ki enteresan oubyen pa enteresan, bon oubyen mal; men toujou gen yon panse nan tèt ou.

“Eske ou wè panse ki pa pwòp yo kapab antre bò sèn nan epi pran atansyon ou nan mitan nenpòt bagay w ap panse san ou pa sou bò yo? Panse sa yo ki ofansan ap eseye blese tout moun. Si ou kite yo kontinye rete nan tèt ou, tout nenpòt panse ki gen vèti ap kite tèt ou. Si ou pa rete yo y ap fè panse nenpòt bagay san limit. Yo kapab panse amè, jalouzi, oubyen rayi yon moun. Yo kapab salòp, imoral. Lè yo nan tèt ou, y ap eseye di pou rete nan tèt ou. Se vre yo kapab fè panse ou enteresan, menm fè ou kwè yo inosans, paske yo se sèlman panse yo. Kisa ou fè nan yon tan konsa, lè djab yo kontwole tèt ou e fè ou panse bagay ki mal, si yo se panse ki sanble yo inosans oubyen panse ki sal e ou konnen sa a? Si ou kapab ranpli tèt ou avèk panse ki bon e ki ede ou, p ap gen okenn espas pou mal panse yo e y ap soti.

“Mwen reyalize nan mond lan jodi a li souvan difisil pou kite tèt ou ranpli avèk panse ki bon. Sa mande kontwòl. Sepandan, sa kapab fèt lè ou fè yon bon kote pou panse ou yo ale. Mwen te jwenn yon fason pou fè yon kote panse m yo kapab ale, e mwen ta renmen pataje li avèk ou. Li gen relasyon avèk mizik—mizik ki bon. Yon moun saj te di yon fwa, ‘Mizik se enstriman ki pi fò pou gouvènè tèt la.’ Si li gouvènè nan yon fason pozitif oubyen negatif, mizik la bon. Si li ede fè w pi kontan li bon pou ou. Men si li vle ou aji fè bagay ki mechan oubyen ou gen dezi ki pa jis, ou ta dwe evite mizik sa a. Li pa bon menm.

“Te toujou gen moun ki pran bagay ki bèl yo epi fè yo lèd. Sa pase avèk lanati; sa pase avèk literati, teyat; e sa vrèman pase avèk mizik. Pandan plizyè syèk sa evidan lè mo ki mal mache ansanm avèk mziik ki bèl, chan yo kapab mennen moun lwen vre chemen an. E mizik menm, nan fason yo jwe li, avèk rit li, epi entansite, kapab fè nou pa santi byen bagay ki esprityèl.

“N ap viv nan yon tan kote sosyete a ap chanje tou piti. L ap vin pi alèz nan sa yo akseptè. Kòm rezilta, anpil nan mizik moun ap jwe jodi a sanble yo agase moun olye yo fè moun alèz, yo eksite moun olye yo fè yo kalm. Kèk mizisyen sanble yo soutni aksyon ki pa jis.

“Jèn moun, ou pa kapab ranpli tèt ou avèk mizik ki pa bon nan jou pa nou yo. Y ap blese ou. Y ap envite nan tèt ou panse ki mal e y ap fè w aji yon fason ki pa akseptab. Ou pini tèt ou lè w gen relasyon avèk bagay sa yo ki pa bon nan mizik—lach, san reverans, imoralite avèk adiksyon. Mizik sa yo pa bon pou ou.

“Chwazi byen sa w ap koute. Li von yon pati oumenm. Li kontwole panse ou e li enflyanse lòt moun tou. Mwen sigiere ou gade mizik ou epi jete tout sa ki fè ou panse bagay ki mal. Mizik sa a pa ta dwe rete avèk jèn moun k ap grandi esprityèlman.

“Mwen pa vle di tout mizik jodi a ba nou panse ki mal. Gen mizik ki bati konpreyansyon nan moun; gen mizik ki enspire kouraj; gen mizik ki ban nou santiman esprityalite, reverans, bonè, avèk bote.

“Senyè a te di, Nanm mwen renmen chan ki soti nan kè, chan yon moun ki jis se tankou yon priyè pou mwen, e m ap reponn li avèk yon benediksyon pou yo (D&A 25:12). Premye Prezidans Legliz lan te pale sou enflyans mizik genyen nan lavi nou:

“Atravè mizik, ablite pou moun eksprime tèt li ale pi lwen pase limit langaj ki pale e nan ablite ekprime emosyon avèk pouvwa. Donk li enpòtan kòm Sèn Dènnye Jou nou toujou aplike prensip levanjil yo epi chèche gidans Espri a nan chwazi mizik n ap koute” (*Priesthood Bulletin*, desanm 1970, p. 10).

“Nou gen anpil konfyans nan ou, jèn nan Legliz pa nou. Nou rann posib pwogram kote dezi avèk bagay ou vle kapab rive nan aktivite nou yo. Sa mete yon gran responsablite sou oumenm, espesyalman ou ki gen apèl pou dirije. Kite m di jèn dirijan yo sa a, fè atansyon mizik ou gen nan aktivite ou yo. Konseye avèk konsèy ou yo lè ou chwazi mizik. Ou bezwen sajès pa yo, pou yo yon avoka avèk Legliz la avèk mond lan, avèk mizik la ki pi gwo nan jou pa nou pase anvan.

“Prezidan J. Reuben Clark, youn nan gran dirijan Legliz nou yo, te eksplike sa nan fason sa a:

“ ‘Nou pa kapab poutèt responsablite nou kite nenpòt bagay ki amizman ki mal poutèt nou panse si nou pa gen amizman ki mal sa a pou lajenès la y ap jwenn li nan yon lòt kote. Nou pa kapab gen yon tab nan legliz la pou nou je aza epi di si nou pa gen sa lajenès yo tap ale yon lòt kote poujwe aza. Nou pa kapab kite lajenès nou nan bagay sa yo.’

“Ni li bon pou jwe mizik ki fè lajenès yon pati mond lan. Ou dwe kenbe fèm e pa konpwomi avèk sa nou konnen bon avèk verite; ou dwe gen kouraj bay plis limyè avèk bese mizik la lè yo pa gen bay panse ki bon; e ou dwe gen bon nòm abitye avèk pèfòmans nan moun ki asisite epi fè aktivite a. M ap fè ou sonje se pa privilej nou, ni privilej nenpòt nan dirijè yo, si ou se nan lajenès ou oubyen adilt, pou bouje Legliz la, pou tèt ou espere mete sou chemen lajenès sanble y ap deja vwayaje a. Legliz la fikse e fèm, li fikse sou verite a, e tout moun ap an sekirite nan li. Travay nou se pou chwazi moun ki dirije k ap kreye yon bon chemen pou lajenès la suiv, yon chemen k ap ede yo leve nòm pa yo pou kite yo an sekirite lwen nan enflyans mond yo. Mwen konseye ou pou devlope talan ou yo, e si ou gen talan avèk mizik, panse sou sa a: Genyen anpil mizik k ap kreye an fiit a. Ou kapab kreye mizik k ap ede, k ap ede levanjil la, touche kè moun yo, bay konfò e ranfòse moun ki gen pwoblèm yo.

“Genyen anpil egzanp, ansyen avèk modèn, ki montre enflyans mizik ki jis. Dekouraje te disparèt e tèt yo ranpli avèk lapè lè mo ‘Vini, Vini Sen yo’ te bay piyone kouraj pou simonte flo pa yo. Menm chan sa a te yon enspirasyon pou anpil moun depi lè sa a. Yon fwa mwen te pale avèk yon moun ki vole avyon ki fèk retounen yon vwayaj ki te danjere. Nou te pale apwopo kouraj avèk pè e mwen te mande kòman li te rete kalm nan eksperyans li te genyen. Li te di, ‘Mwen te yon chan mwen pi renmen an, e lè te gen yon ti kras espwa nou t ap retounen, mwen te kite nan tèt mwen e li te tankou enjin avyon an tap chante avèk mwen.’

“Venez, venez, sans craindre le devoir
travailler au progrès
Si le chemin à vous yeux paraît noir
Le secours est tout près

“Nan sa li te kenbe lafwa li, yon prensip enpòtan pou kouraj.

“Senyè limenm te prepare pou pi gran egzamen atravè enflyans mizik, e ekrit a di: ‘Aprè yo [te] fini chante chante fèt la, yo [te] soti, yo ale sou montay Olivye a.’ (Mak 14:26).

“Sonje jèn moun yo, mwen vle nou chak sonje sa a se Legliz pa ou, e se Senyè a, Sovè ou ki se tèt Legliz la. Gidans konstan avèk enspirasyon li disponib lè ou kite tèt ou ranpli avèk bagay ki bon, bagay ki bèl, e bagay ki enspire. E sa se yon fason pou fè sa. Chwazi yon chan ou pi renmen, tankou zanmi m ki vole avyon an te fè, youn ki gen mo ki fè ou kontan, avèk mizik ki reveran, youn ki fè ou santi ou tankou ou gen enspirasyon. Gen anpil bèl chan ou kapab chwazi. Chèche gidans Espri a lè ou chwazi yon chan. Repete l nan tèt ou. Aprann li pa kè. Menm si ou gen talan nan mizik, ou kapab panse yon chan ki senp. Kounyeya itilize sa kòm chemen pou panse ou yo suiv. Fè li yon kanal lè ou gen yon ijans.

“Nenpòt lè ou jwenn panse ki mal antre nan tèt ou, sonje sa mwen te di ou. L ap chanje fason ou aji.

“Paske mizik edifye avèk pwòpte, panse ki mal ap soti. Vèti pa asosye avèk bagay ki sal, mechansete pa kapab gen tolerans ak limyè. Nan tan w ap jwenn tèt ou chante chan pou jete panse ki mal. Lè ou fè bagay ki jis avèk bon, kite tèt ou yo ranpli avèk panse ki bon, jèn moun yo, paske sa yon moun panse se sa li ye e w ap gen abilte a avèkonpli bagay sa yo k ap pote ou bonè nan lavi pa ou yo.

“Ou se pitit gason ak pitit fi Bondye Toupuisan an. Mwen rann ou temwayaj Bondye se Papa nou, nou se pitit li, li renmen nou e li ba nou bagay ki gran epi ki gen glwa nan lavi sa a. Mwen konnen sa, e mwen remèsye li pou enflyans bon mizik nan lavi mwen ki te enflyanse panse mwen yo epi edifye nanm mwen.”

OBJEKTIF Chak jènfi kapab aprann viv avèk jistis malgre tantasyon yo.

PREPARASYON

1. Foto 17, Danyèl (62096), ki nan fen manyèl la.
2. Pote liv chan avèk kreyon pou manm klas yo.
3. Prepare yon kopi papye "Viv avèk jistis malgre tantasyon yo" pou chak jènfi.
4. Fakiltatif: Prepare yon mòso papye pou distribye: ("M ap simonte tantasyon nan mond lan jodi a pou m kapab reye nan glwa selès nan etènite yo." Gade konklizyon an.)
5. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt istwa, ekriti oubyen sitayson ou vle.

DEVLOPMAN POU LESON YO SIGJERE

Entwodiksyon

Evan Stephens, ki te yon kondiktè pou Koral Tabènak la, te fèk fin dirije koral la nan yon sesyon konferans jeneral. Li te chita epi li te avanse chèz li yon ti kras paske l t ap tann Prezidan Joseph F. Smith delivre mesaj li. Li te kontan diskou pwofèt la ki te sou sijè lajènès, presyon nan mond lan, ak enpòtans suiv ansèyman levanjil yo. Nan fen reyinyon an, Pwofesè Stephens te ale sèl nan yon kanyon bò Salt Lake, kote li t ap reflechi sou pawòl Prezidan Smith la. Li te chita "sou yon wòch ki te kanpe fèm anba fòs dlo k ap koule a." Wòch la te sanble li te senbolik sa li te tande maten sa a. Toudenkou pawòl avèk mizik la te antre tèt li e chan sa a vin youn nan chan jèn yo pi renmen. Pandan li te chita sou wòch la, li te ekri mo yo e li te fè mizik "Vas-tu faiblir, ô jeunesse" la. Limenm, menmjan ak pwofèt la, te renmen jèn yo e chan sa a "sete konsèy esprityèl li pou yo." (Adapte nan J. Spencer Cornwall, *Stories of Our Mormon Hymns* [Salt Lake City: Deseret Book Co., 1963], pp. 174–74.)

Diskisyon

- Ki mesaj kondiktè a t ap eseye eksprime?

Nou kapab viv avèk jistis nan yon mond ki pa jis

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike depi kòmansman tan an, gason avèk fi te montre anpil kouraj pou chwazi pa tonbe men pou viv avèk jistis malgre tantasyon nan yon mond toutotou yo. Yon egzanp konni nan ekriti yo se te Danyèl nan Ansyen Testaman an.

- Kòman Danyèl montre li posib pou viv avèk jistis nan yon mond ki pa jis?

Kite jènfi yo jwenn liv Danyèl la nan Ansyen Testaman an.

Papye pou distribye

Bay chak jènfi yon papye ki gen kesyon avèk referans yo. Fè yo sonje detay k ap suiv la, epi ba yo tan pou chèche repons kesyon yo lè yo wè l nan ekriti a.

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike "Yo te mennen Danyèl nan yon peyi etranje kòm yon jèn gason—yon peyi avèk koutim, langaj, enwiwòmman, ak relijyon ki te etranje. . . . Premye egzamen li. . . te vini lè wa a te kòmande [moun yo te mennen an Babilyon] bezwen bwè diven epi manje manje rich li. Danyèl te konprann dapre kòmmandman paran l te anseye l yo, kòmmandman Senyè yo, bagay sa yo pa t bon pou kò li. . . . Danyèl avèk zanmi l yo te aprann respekte kòmmandman Bondye yo. . . . Danyèl te mande limenm avèk zanmi li yo suiv règ pou bon sante yo te resevwa." Li te sigjere yon egzamen ki dire dis jou pou wè ki rejim ki t ap pi bon. (Komantè adapte pa L. Tom Perry, "In This World," *Speeches of the Year*, 1981 [Provo: Brigham Young University Press, 1981], pp. 2–7.)

Papye pou distribye

1. Ki rezilta rejim Danyèl la avèk vyann wa a? (Danyèl 1:15)
2. Kòman Bondye te beni Danyèl avèk zanmi l yo paske yo te fidèl epi yo te obeyi lwa bon sante l la?

Dezyèm defi Danyèl te genyen te rive lè Wa Nebikadneza te fè yon rèv e li te vle yon moun entèprete li. Okenn majisyen ni moun ki te konn li zetwal yo nan wayòm nan pa t kapab di wa a kisa rèv li a te vle di. Sa te fè wa a si fache ke li te kòmande touye tout moun saj yo nan Babilyon, menm Danyèl.

3. Kisa Danyèl te fè lè li te tandè sa wa a t ap planifye fè? (Danyèl 2:16)
4. Kòman Danyèl te resevwa repons li te bezwen pou reponn rèv wa a? (Danyèl 2:18–20)
5. Kòman wa a te reponn e kisa Danyèl te merite apre Danyèl te bay entèpretasyon rèv wa a? (Danyèl 2 47–48)

Danyèl te gen yon twazyèm egzamen. Yo te mete li nan yon pozisyon anba twa wa epi li te chèf tout prens yo. Prens yo te fè jalouzi pou Danyèl. . . . Yo te eseye jwenn yon bagay ki te mal li te fè pou yo ta kapab prezante bay wa a. Lè yo wè yo pa t jwenn anyen, yo te fè yon lòt plan. Prens mechan yo te prezante wa a yon nouvo lwa ki te di pandan trant jou okenn moun nan wayòm nan pa dwe priye men bay wa a lwanj sèlman. Wa a te panse se te yon bon lide. . . . Lè Danyèl te tandè nouvo lwa sa a, li te gen chagren, paske priyè ak kominikasyon avèk Bondye li te trè enpòtan pou li.” (Gade Perry, “In the World,” p. 6.)

6. Ki pinisyon yo te bay lè yon moun pa t obeyi lwa sa a? (Danyèl 6:7)
7. Kisa Danyèl te fè, malgre li te konnen kòman pinisyon an te grav? (Danyèl 6;10)
“Moun ki pa t renmen Danyèl yo te ale lakay li kòm espyon e lè yo te wè l ap priye, [yo t al pale di wa a]. Wa a te renmen Danyèl e li te reyalize prens mechan yo te twonpe li. Li te eseye chanje lwa a pou sove Danyèl, men prens yo te fè l sonje li pa kapab chanje okenn lwa li te deja fè” (Perry, “In the World,” p. 6).
8. Kisa wa a te di Danyèl lè yo te jete l nan kav lyon yo? (Danyèl 6:16)
“Paske Danyèl te bay wa a yon gwo egzans, wa a te gen konfyans nan Bondye Danyèl la pou l delivre Danyèl nan kav lyon yo. Wa a te pase tout nuit la ap jwe pou Danyèl. Nan maten li te fè vit ale bò kav lyon yo epi li te rele Danyèl” (Perry, “In the World,” p. 6).
9. Kisa wa a te mande Danyèl? (Danyèl 6:20) Kòman Danyèl te reponn? (Danyèl 6:22).
10. Ki lwa wa a te fè apre li te wè mirak sa a e kòman Danyèl te obeyi Bondye li? (Danyèl 6:26– 27)

(Komantè adapte nan L. Tom Perry, “In the World,” *Speeches of the Year, 1981*, pp. 2–7.)

Diskisyon

Mande jènfi yo konpare nan tèt yo alyans ak kwayans pa yo avèk alyans ak kwayans Danyèl yo.

• Eske ou tap gen kouraj pou fè jan Danyèl te fè a?

Eksplike Danyèl te gen apnil enflyans sou yon wayòm paske li te chwazi viv avèk jistis.

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike defi nou yo jodi a ap diferan pase defi Danyèl yo. Men defi nou yo ap vini, e y ap sanble yo ase difisil jan Danyèl te panse a. E pinisyon desizyon nou pran yo ap grav tou.

Istwa

Rakonte istwa sa a konsènan yon jènfi ki te refize depase nòm li yo:

“Li te sèl manm Legliz la nan klas li nan lekòl la. Li te popilè avèk gason yo, e li te gen apil opòtinite soti avèk gason yo. Gason nan klas li yo pa t gen menm nòm li te aprann nan Legliz nou. Li te pran desizyon pou l di chak gason ki te mande l soti avèk li ki nòm li viv. Si pou l soti avèk yo, yo dwe aji dapre nòm li yo. Avan li soti avèk yo y ap bezwen aksepte nòm li yo. Yon jou yon gason ki jwe foutbòl amerikan e ki te popilè anpil te vini kote mwen anvan dans pi espesyal nan tout ane a e te di, ‘Ou konnen, mwen t ap mande ou danse si ou t ap kite nòm ou yo yon ti kras pou yon ti tan.’ Touswit li te di, [‘Mwen dezole, men si m bezwen lesan nòm m yo pou soti avèk ou, mwen pa kapab ale avèk ou. Mwen te fè yon alyans pou viv yo malgre moun k ap mande m soti’]” L. Tom Perry, nan Conference Report, okt. 1979, p. 51; oubyen *Ensign*, nov. 1979, p. 36).

Diskisyon

• Poukisa ou panse jènfi sa a te gen kouraj pou reponn jan li te fè a?

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike Danyèl pa t sèl lè li te chwazi viv avèk jistis e nou pa sèl tou. Senyè a renmen tout pitit li yo, li vle yo gen siksè, e li pa kite nou fè bagay poukont nou. Sepandan, li vle nou aprann nan eksperyans nou tou pou nou kapab gen konesans avèk kouraj pou aji avèk jistis pi souvan.

Sitasyon	Li sitasyon sa a:
	<p>“Li se yon Papa ki renmen nou epi ki vle nou gen bonè ki soti non pa atravè inosans nou men atravè jistis nou montre. Donk, pafwa l ap fè nou aprann nan eksperyans n ap genyen menm si yo kapab di—menm si l pa ede nou simonte yo” (Neal A. Maxwell, “Talk of the Month,” <i>New Era</i>, me 1971, p. 30; italik yo ajoute).</p>
Diskisyon avèk tablo a	<ul style="list-style-type: none"> • Ki lòt sous Papa nou ki nan Syèl la ki disponib pou nou viv avèk jistis? <p>Ekri repons jènfi yo sou tablo a. Kèk nan repons yo kapab: paran avèk lòt manm nan fanmi yo, Sentespri a, ekriti yo, dirijan prèttriz yo ak Legliz yo, bon zanmi yo. Mande pa egzanp kòman nou kapab itilize sous sa yo nan anpil sitiyasyon diferan pou ede nou viv avèk jistis. Mande jènfi yo pataje kèk eksperyans yo te fè pandan yo t ap eseye viv avèk jistis nan tantasyon mond yo.</p>
<hr/>	
Prezantasyon pou enstriktè a	<p>Lajwa avèk benediksyon ki vini pou moun ki chwazi jistis</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ki benediksyon k te vini kòm rezilta konviksyon fò Danyèl la?
	<p>Eksplike Danyèl te konnen li pa ta kapab santi li byen avèk tèt li si l te nye Bondye. Pou limenm, sa tap pi mal pase lanmò. Kòman li ta kapab gen yon vre lajwa nan kè li avèk lapè si li pa t fè sa li te konnen ki te verite oubyen si l te refize di sa li te kwè? Epi li te chwazi viv avèk jistis malgre tout tantasyon nan mond lan avèk eksperyans ki difisil yo. Papa nou ki nan Syèl la te beni li avèk wa a paske li te fè sa. Nou tout ap beni lè nou chwazi viv yon lavi ki jis epi ki gen vèti. N ap teste e petèt nou p ap rich ni konni nan sa mond lan di ki bon, men n ap rich nan bagay ki pi enpòtan nan lavi nou yo. Eldè James E. Faust te di:</p> <p>“Paske mond lan inyore vèti avèk lafwa twò souvan, kèk moun kapab santi yo ka viv avèk nenpòt nòm yo vle. Nan yon sosyete ki gen valè lib—moral ak nòm ki lib yo—anpil moun viv san santiman enpòtan, respè oubyen diyite pou tèt yo. Twòp jèn moun avèk moun ki pi gran pa reyalize tou, kòm nòm yon vil nan Nottingham, Angletè di: <i>Vivete post funera virtus</i> (‘vèti kontinye viv apre lanmò’)” (Nan Conference Report, avril 1981, p. 9; oubyen <i>Ensign</i>, me 1981, p. 9).</p>
Diskisyon	<ul style="list-style-type: none"> • Ki kèk lajwa ak benediksyon li di ki vini pou moun ki viv avèk jistis ak vèti? Poukisa sa yo pi enpòtan pase resevwa onè avèk glwa mond lan?

Konklizyon

Gen anpil jou modèn Danyèl yo pami nou malgre tout sa mond lan di. Noumenm tou nou kapab tankou Danyèl e viv avèk jistis nan tantasyon ki antoure nou epi konnen Papa nou ki nan Syèl la ap toujou la pou soutni epi beni nou. Nou kapab kenbe kwayans nou epi pa tonbe.

Papye pou distribye ki fakiltatif

“M ap simonte tantasyon nan mond lan jodi a pou m reye nan glwa selès nan etènite yo.”

Viv avèk Jistis malgre tantasyon yo

1. Ki rezilta rejim Danyèl avèk vyann wa a? (Danyèl 1:15)
2. Kòman Bondye te beni Danyèl avèk zanmi li yo paske yo te fidèl epi yo te obeyi lwa bon sante l la? (Danyèl 1:17)
3. Kisa Danyèl te fè lè l te tandè sa wa a t ap planifye pou l fè? (Danyèl 2:16)
4. Kòman Danyèl te resevwa repons li te bezwen pou reponn rèv wa a? (Danyèl 2:18–20)
5. Kòman wa a te reponn e kisa Danyèl te merite apre Danyèl te bay entèpretasyon rèv wa a? (Danyèl 2:47–48)
6. Ki pinisyon yo te bay lè yon moun pa obeyi lwa sa a? (Danyèl 6:7)
7. Kisa Danyèl te fè malgre li te konnen kòman pinisyon an t ap grav? (Danyèl 6:10)
8. Kisa wa a te di Danyèl lè yo te jete li nan kav lyon yo? (Danyèl 6:16)
9. Kisa wa a te mande Danyèl? (Danyèl 6:20) Kòman Danyèl te reponn? (Danyèl 6:22)
10. Ki lwa wa a te fè apre li te wè mirak sa a epi kòman Danyèl te obeyi Bondye li? (Danyèl 6:26–27)

OBJEKTIF	Chak jènfi ap konprann enpòtans verite viv yon lavi ki gen vèti.
PREPARASYON	<ol style="list-style-type: none">1. Prepare pou w ekri mo yo sou yon papye pou chak ki nan premye seksyon leson an.2. Prepare yon kat ki sou tablo a yo sigjere nan dezyèm seksyon leson an.3. Fakiltatif: Prepare yon papye ki nan "Aplike leson an."4. Chwazi jènfi yo prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon ou vle.
DEVLOPMAN POU LESON YO SIGJERE	Nou kapab konnen verite tout bagay
Ekriti	Ekri sou tablo a 'Verite se konsesans bagay yo jan yo ye, jan yo te ye, e jan y ap vini an.' Mande jènfi yo chèche D&A 93:24 epi li l fò.
Prezantasyon pou enstriktè a	Refere nan ekriti a, ede jènfi konprann verite etènèl yo pa chanje. Verite Bondye te revele nou isit sou latè se menm ki te anseye nan lavi premòtèl nou, e l ap menm nan etènite yo. Li pa chanje.
Mo ki ekri sou papye	Mete papye: "Verite pa chanje."
Diskisyon avèk ekriti	<ul style="list-style-type: none">• Kòman nou jwenn verite a? <p>Mande jènfi yo chèche epi li Jak 1:5 avèk Jakòb 4:13. Eksplike Bondye se sous tout verite. Nou kapab priye Papa nou ki nan Syèl la e mande l pou n konnen verite li. Nou kapab apran verite sa a atravè Espri li.</p>
Sitasyon	Prezidan Kimball te ba nou gidans sa a pandan n ap chèche verite a: <i>"Ou kapab konnen. Ou pa bezwen gen dout. . . . Modèl senp la se: etidye, panse, priye, epi fè. . . . Senyè a te pwomèt plizyè fwa l ap ba ou yon konnesans bagay ki epsirityèl yo lè tèt ou lib epi lè ou pare pou resevwa konnesans lan. . . . 'E pa pouvwa Sentespri a w ap konnen verite tout bagay sa yo.' (Mowoni 10:5)." (Spencer W. Kimball, "Absolute Truth," <i>Ensign</i>, septanm 1978, pp. 7–8; italik yo ajoute).</i>
Diskisyon	<ul style="list-style-type: none">• Ki kat etap Prezidan Kimball te sigjere k ap mennen nou nan verite a? <p>Pandan jènfi yo ap reponn, mete papye avèk mo ki apwopriye: "Nou kapab konnen verite a si nou:" "Etidye," "Panse," "Priye," "Fè." "Itilize ekriti k ap suiv yo pou ede jènfi yo konnen kòman aplike etap yo.</p> <ol style="list-style-type: none">1. Etidye. (Jean 5:39)2. Panse. (3 Nefi 17:2–3; Mowoni 10:3; D&A 88:62–63)3. Priye. (Jeremi 29: 12–13; Alma 5:45–46; Mowoni 10:4)4. Fè. (Jean 7:16–17)
Istwa	Eldè Richard G. Scott rakonte istwa k ap suiv la: <i>"Senyè a ba nou verite a lè nou viv avèk jistis. Pafwa li vini an repons yon priyè ki sensè epi ki enpòtan pou ed lè nou bezwen gidans. Mwen sonje yon nuit nan misyon mwen. . . . Mwen te gen yon enpresyon fò youn nan misyonè yo te gen pwoblèm. Mwen te eseye wè kimoun li ta kapab ye men mwen pa t konnen. Mwen. . .te monte sou tèt kay la. Tout lannuit mwen te travay, ap repase nan tèt mwen chak konpanyon m te genyen, tout bagay mwen te konnen apwopo chak misyonè, e mwen te plede avèk Senyè a ke li kapab kite m konnen kote misyonè ki bezwen ed la ye. Finalman, lè solèy la te kòmanse leve, mwen te gen enpresyon m konnen nan ki pati misyon an li te rete. . . . Mwen te ale la e apre mwen te fè entèvyou mwen te jwenn epi ede moun sa a Senyè a te vle ede a. Wi,</i>

Bondye reponn priyè epi li ba nou verite a lè nou obeyisan epi pratike lafwa nou bezwen genyen" ("Truth," nan *Speeches of the Year*, 1978 [Provo: Brigham Young University Press, 1979], p. 101).

Diskisyon

Eksplike kòman prezidan misyon an te aplike kat etap ki sou papyè ki gen mo yo. Eksplike Senyè a te sèvi avèk yon enpresyon pou bay èd la epi prezidan misyon an te bezwen panse, revize enfòmasyon an nan tèt li, epi plede avèk Senyè a anvan li te kapab konnen sa pou l fè.

Istwa

Rakonte eksperyans k ap suiv la Prezidan Joseph F. Smith te fè:

"Kòm jèn gason. . . , souvan mwen t ap ale epi mande Senyè a pou montre m yon bagay mèveye, pou m kapab resevwa yon temwayaj. Men Senyè a pa t montre m bagay ki mèveye, li te montre m verite a, liy pa liy, prensip pa prensip, yon ti kras isit, epi yon ti kras la, jiskaske li te fè m konnen verite a tout bon vre epi jiskaske dout avèk laperèz te soti nèt. . . li te ban mwen temwayaj mwen atravè ti wa Espri Bondye a ki vivan an. L ap bay tout moun yon konesans vertite a, jan Bondye konnen li, e pou fè volonte Papa a kòm Kris la fè li atravè prensip avèk pouvwa sa a" (Joseph F. Smith, *Gospel Doctrine*, senkyèm edisyon [Salt Lake City: Deseret Book Co., 1939], p. 7).

Rezime

Byen vit, rezime pati leson sa a epi refere a mo sou papyè yo e li yo ankò.

Nou kapab bati lavi ki gen vèti sou fondasyon verite


Diskisyon avèk ekriti

Li epi make ekriti yo ki anba a. Itilize yo kòm yon baz yon diskisyon, ede jènfi yo konprann pwen yo ki suiv yo.

1. Moyiz 5:58; Moyiz 5:12. Adan ak Ev te aprann verite levanjil la epi yo te anseye pitit yo li.
2. Mozyi 5:13. Ede jènfi yo konprann pwen sa yo:

Kay oubyen prezantasyon sou tablo a

Eksplike youn nan bagay nou gen pou aprann isit se kijan pou n rekonèt verite a pou nou chwazi sa ki bon sou mal la. Nou bezwen reyalize Satan ap fè tout sa ki nan pouvwa li pou twonpe nou epi dirije nou vin tankou djab, suiv dezi mond sa a avèk bagay ki seksyèl yo. (Prepare sa k ap suiv yo kòm yon kat oubyen ekri li sou tablo a.)



Diskisyon

Refere ak kat la epi poze jènfi yo kesyon sa yo:

- Ki kondisyon nou lè nou antre sou latè sa a kòm yon tibebe?
- Nan ki de chemen Satan mennen nou lè nou grandi epi kòmanse gen relasyon avèk lòt moun?
- Ki konpòtman k ap mennen nou nan chemen verite Bondye a?
- Ki chemen ki reprezante kisa lavi vrèman ye etènèlman?
- Ki chemen ki se yon manti?

Ekriti yo

Eksplike Papa nou ki nan Syèl la te ba nou yon kle pou konnen sa ki bon ak sa ki mal epi pou n rekonèt verite a. Kite jènfi yo li epi make Mowoni 7:15–17. Lè nou bezwen fè yon

chwa oubyen nou vle konnen si yon bagay bon oubyen mal, nou kapab mande tèt nou, “Eske sa ap fè m fè bon bagay? Eske l ap ranfòse lafwa mwen nan Kris la?”

Istwa Mande jènfi yo chèche epi li ansanm Jean 8:32. Epi kite yo koute istwa yo k ap suiv la. (Sa ap ede yo konprann enpòtans verite a, kòman pou yo rekonèt li, e kòman pou yo aji avèk li.)

Ann te gen yon pwoblèm difisil nan yon relasyon avèk yon gason. Li te gen anpil enterè nan yon jèn gason ki pa t yon manm Legliz la. “Mwen sonje m t ap priye pou konnen kisa k te bon pou mwen, e lè mwen te resevwa repons mwen, mwen pa t vle koute. Mwen te santi si m te tèmine relasyon avèk gason an p ap gen lòt gason mwen tap gen relasyon ankò. Mwen te goumen avèk santiman mwen te resevwa nan lapriyè m yo, men mwen te rekonèt sa tap mennen m lwen sa mwen ta dwe fè a. Mwen te lite avèk sa epi finalman mwen te gen kouraj pou suiv enspirasyon mwen te resevwa nan priyè m yo. Mwen konnen Papa nou ki nan Syèl la renmen nou e li gen lapenn lè nou fè chwa ki pa bon.”

Diskisyon

- Kòman Ann te aprann verite relasyon li avèk jèn gason an?
- Kisa k ta kapab rive si Ann pa t suiv verite a epi kontinye kwè relasyon sa a te bon pou li?
- Kòman Ann te lib lè li te aprann verite a epi li te suiv li?
- Kiyès nan de chemen yo sou kat la Ann ap suiv?

Istwa Evèk la t ap fè entèvyou avèk Jennifer. Li te gen yon kesyon apwopo yon kòmandman espesifik. Jennifer te reyalize li te fè yon bagay ki mal lè li te dekri konpòtman ki asosye nan kenbe kòmandman an. Kè li te kòmanse bat pi fò e men li yo te mouye. Li ta kapab di “Wi,” e li te kite bagay la pase pou l poze yon lòt kesyon—oubyen li ta kapab di li gen yon pwoblèm.

Diskisyon Diskite ki chwa ki pa t ap bon e ki t ap mande disiplin.

- Kisa k kapab rive si Jennifer inyore enspirasyon an epi chwazi pou bay manti?


Sitasyon Li deskripsyon pinisyon k ap suiv lè ou evite verite a. “Okenn moun k ap viv yon vi manti p ap janm lib nèt. Sèlman yon moun ki gen yon chay grav kapab apresye sa m ap di la. Nou ta dwe sonje se yon bagay ki mal pa jis poutèt anpil moun ap fè li. Yon bagay ki mal pa jis poutèt lòt moun pa kapab wè li pa bon” (Marvin J. Ashton, nan Conference Report, avril 1982, p. 14; oubyen *Ensign*, me 1982, p. 11).

Eksplike Satan eseye twonpe nou. Si nou vle evite li, nou dwe gen kouraj pou fè sa nou santi ki bon.

Konklizyon Eksplike n ap bati lavi nou sou yon bon fondasyon verite levanjil la si nou etidye, panse, priye, epi dilijan. N ap konprann prensip levanjil yo, e lè nou eseye obeyi yo, Senyè a ap soutni nou nan flo aflikasyon e nan chwa difisil nou yo. Si nou obeyi n ap lib nan koupablite, chagren, avèk peche. N ap lib pou viv yon lavi ki gen vèti e n ap gen lajwa pou tout letènite, pou verite dire pou tout letènite (D&A 1:39).

Aplike lesan an

Bay jènfi yo papye ou te prepare a. Mande yo itilize yo pou jije sa ki bon ak sa ki mal, verite avèk erè, e wè si konpòtman ou ap mennen w nan direksyon Senyè a.




Kenbe bon sante fizik

OBJEKTIF

Chak jènfi ap aprann apresye kò fizik li e kenbe li nan kondisyon ki pi bon.

PREPARASYON

1. Pote foto k ap suiv nan fen manyèl la: nimewo 13, yon tanp (oubyen chwazi yon foto yon tanp nan bibliyotèk legliz la); avèk nimewo 18, jènfi yo k ap fè ekzèsis.
2. Pote yon kreyon avèk yon mòso papye pou chak jènfi.
3. Pote bagay ou fè pou abiye epi prepare tèt ou (tankou savon, dlo, dezodoran, peny, bwòs, chanpou, bwòs dan, avèk yon lim).
4. Ekri yon kò yon jènfi sou yon mòso papye epi koupe l an senk mòso pou fè gade yon jwèt pasyans. Mete mo yo kote yo ta dwe ale. Prepare li sou yon gwo afich.



5. Si ou vle, prepare yon kat pou evalye Fòs avèk Endirans.
6. Si ou vle chwazi jènfi yo pou prezante ekriti yo.

Nòt pou enstriktè a

Anvan lesan an, fè yon aktivite pandan semèn nan kote jènfi yo kapab pran yon egzamen fòs avèk endirans. (Kite omwen twa kòd disponib, chak ki uitedmi long.) Oubyen chaje chak jènfi pou wè konbyen fwa li kapab sote kòd la san fè fòt. Epi kite chak jènfi di konbyen yo te fè anvan lesan an. Si sa se yon aktivite endividyèl, tchecke avèk chak jènfi pandan semèn nan pou wè si li te fini devwa a.

Egzamen fòs ak endirans

Kite de oubyen twa jènfi pran yon mòso kòd epi eseye sote san make senkant fwa san rete e san kòd la pa touche pye oubyen tèt yo. Ou kapab pratike yon fwa anvan yo fè egzamen an. Chak jènfi ta dwe anrejistre sou yon mòso papye konbyen fwa yo te sote.

Atansyon: Nenpòt jènfi ki gen limit fizik oubyen pwoblèm grav avèk sante li pa ta dwe pran egzamen sa a, men li kapab ede lòt jènfi yo konte epi anrejistre mak pa yo.

DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE

Foto, diskisyon,
avèk ekriti

Yon jènfi ki apresye kò li epi ki vle atraktif pran swen tèt li

Montre jènfi yo tanp lan epi li 1 Korint 3:16–17. Eksplike se yon kòmandman pou nou pran swen kò nou.

Jwèt pasyans lan
avèk diskisyon

Montre tèt jèt pasyans lan epi mete li sou afich la oubyen tablo a.

- Kikote nan ekriti yo nou kapab jwenn enfòmasyon apwopo kòman pran swen kò nou? (D&A 89, Pawòl Sajès la).
- Ki bagay nou pa ta dwe mete nan kò nou dapre Pawòl Sajès la? (Diven oubyen bwason ki fò, tabak, oubyen bwason ki cho, espesyalman, kafe avèk te.)

Ekriti

Anplis liv Pawòl Sajès la jènfi yo kapab fè anpil lòt bagay pou fè kò yo atraktif, pwòp, epi pi. Mande yo li D&A 88:124 poukont yo.

- Kisa ekriti sa a di nou apwopo pran swen tèt nou?

Mande yon jènfi pou li fò dènye pati ekriti a ki kòmanse avèk *dòmi*.

Jwèt pasyans ak
diskisyon avèk
tablo a

Jwèt pasyans ak diskisyon avèk tablo a

Mete mòso jwèt pasyans lan “reste” sou afich la oubyen tablo a.

- Poukisa ou panse Senyè a konseye nou dòmi bonè epi leve bonè?
- Ki benediksyon nou resevwa lè nou dòmi ase chak lannuit? (Mete repons yo sou tablo a: travay pi byen lekòl, vin pi kontan, santi ou pi byen, gen plis enèji, sanble pi byen.)
- Kòman si ou dòmi twòp kapab blese ou?

Ekriti avèk jwèt
pasyans

Mande jènfi yo chèche D&A 42:21 pou dekouvri yon lòt fason yo kapab fè tèt yo pi atraktif. Eksplike fizik avèk kenbe tèt ou pwòp moralman enpòtan tou. Ajoute seksyon “abiye” nan jwèt pasyans lan.

Leson objè avèk
diskisyon

Montre bagay ou te pote ki gen relasyon avèk abiye tèt ou. Eksplike tout moun pi bèl avèk dan, po avèk cheve ki pwòp. Eksplike yon pafen ki fre atraktif, men lè ou swe epi ou santi fò ou kapab ofanse lòt moun. Mande jènfi yo konsidere cheve, zong, avèk dan epi decide kòman yo kapab anbeli fason yo abiye tèt yo. Sigjere yo chwazi yon sèl abitud ki bon pou anbeli pandan semèn k ap vini an.

Jwèt pasyans lan
avèk diskisyon

Mete jwèt pasyans la ki di “nitrisyon” sou afich la oubyen tablo a. Bay manm klas la yon mòso papyè avèk yon kreyon epi mande yo ekri tout fwi avèk legim yo konnen nan de oubyen twa minit. Epi mande sa ki gen plis legim avèk fwi nan klas la pou li li. Kite lòt jènfi yo ajoute nenpòt lòt fwi oubyen legim li poko di a, epi kite tout moun ajoute sou lis yo sa yo pa t ekri yo. Asire w lis la gen fwi sitris ak legim ki vèt epi jòn yo.

- Ki lòt kalite manje apre fwi ak legim nou bezwen chak jou? (Pen avèk grenn; vyann, ze, poul, oubyen pwason, lèt avèk lòt bagay ki gen lèt andedan yo.)

Di pou yo manje anpil kalite manje. Souvan yon rejim pou yon jènfi pa ase paske li manje sèlman manje li renmen. Refere avèk lis fwi avèk legim yo epi kite yo oubyen ankouraje yo eseye manje manje ki nouvo pou yo.

Mande jènfi yo pou vire papyè yo pandan youn oubyen de minit epi fè yon lis manje yo panse ki pa bon pou yo.

- Kisa manje sa yo fè pou aparans avèk sante ou? (Fè si yo di ogmantasyon nan pèz ou.)

Eksplike pou yo pi bon yo, yo dwe limite oubyen jete kèk nan manje sa yo. Ekri sou tablo a: “Kite yon bagay ki bon pou yon bagay ki pi bon.”

- Kisa se yon bagay ki “pi bon” nou resevwa lè nou pa manje manje ki mal pou nou? (Fè si ou di lè ou manje byen sa kapab anbeli pa, cheve, je, dan ou.)

- Nou konnen nou kapab pèdi pèz nou lè nou pa manje manje ki pa nesèsè e lè nou fè ekzèsis, men kòman nou kapab ogmante pèz nou san nou manje anpil bagay ki pa bon pou noumenm?

Nou kapab ogmante nan pèz lè nou gen bon sans e lè nou manje *plis* bon manje ki gen anpil kalori yo.

Prezantasyon pou enstriktè a	Nou te diskite abiye, nitrisyon, Pawòl Sajès la, e dòmi ase; men fi nou yo (gade pizèl la) toujou bezwen yon bagay pou fè fizik li konplè.
Diskisyon avèk jwèt pasyans lan	Diskisyon avèk jwèt pasyans lan Mete dènye seksyon ki di “ekzèsis” la sou afich la oubyen tablo a. Mete kat ki gen evalyasyon pou fòs ak endirans lan sou tablo a oubyen ekri sou tablo a. Evalasyon pou fòs ak endirans 10 jiska 24 sote konsèkitif—pa twò mal 25 jiska 44 sote konsèkitif—bon 45 jiska 50 sote konsèkitif—ekselan Diskite kisa jènfi yo te dekouvri apwopo fòs avèk endirans yo.
Foto avèk diskisyon	Montre foto yon jènfi k ap fè ekzèsis epi diskite enpòtans patisipe nan espò, kouri, mache, avèk lòt aktivite fizik yo. <ul style="list-style-type: none"> • Poukisa nou bezwen ekzèsè? • Ki kèk fason ki amizan pou fè si ou gen ase ekzèsis? Souvan ekzèsis ki fòmèl kapab fè mis nou yo pi fèm oubyen ranfòse yon pati espesifik nan kò a anplis fè anpil aktivite ki fizik. Eksplike fizik gen relasyon ka kòman nou efektiman nan lavi pa nou?

Diskisyon	<p>Bon swen kò nou pte anpil benediksyon</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ki benediksyon ki kapab vini lè nou fè tout bagay nou fè k pale la yo? (Repons posib: pi bon sante, pi bon imaj tèt ou, plis enèji, pi bèl, yon santiman kontan.) Ankouraje chak jènfi nonmen omen yon bagay. • Eske bagay sa yo gen valè pou sakrifye? <p>Nou gen tan mete ansanm yon plan ki pi bon pou pran swen kò fizik nou. Nou dwe travay avèk plan sa a tout tan jiskaske bon abitud yo vin otomatik. (Retire yon seksyon jwèt pasyans lan.) Kò nou pa kapab travay pi byen ni sanble pi byen sof si nou suiv chak pati nan plan an. (Retounen mòso jwèt pasyans lan.)</p> <p>Eldè Delbert L. Stapley te di: “Gen yon relasyon ki pre ant sante fizik avèk devlopman esprityèl. . . . Lè sante fizik yon moun pa travay byen paske yo pa obeyi lwa etènèl Bondye yo, devlopman esprityèl yo ap souffri tou” (nan Conference Report, oktòb 1867, p. 74; oubyen <i>Improvement Era</i>, desanm 1967, p.77).</p>
-----------	--

Temwayaj enstriktè a	<p>Aplike leson an</p> <p>Temwaye enpòtans pran swen kò fizik nou byen epi ankouraje chak jènfi pou fè yon bagay semèn sa a pou anbeli pran swen kò li.</p>
----------------------	--

OBJEKTIF Chak jènfi ap konprann epi anvi pratike prensip baz bon nitrisyon ki nan Pawòl Sajès la.

PREPARASYON

1. Vlope plizyè manje ki bon, tankou fwi, legim, manje ki gen grenn, yon ze bouyi, oubyen fwomaj. Fè menm bagay avèk manje ki pa gen kalori tankou fridodoy, soda, chip pòm detè, oubyen bonbon yo. Mete tout sa yo nan yon gwo sak pou chak jènfi nan klas la kapab chwazi youn.
2. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon ou vle.

**DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE**

Entwodiksyon

Leson avèk yon objè Montre klas la gwo sak ki gen manje andedan nan. Kite chak jènfi chwazi yon kado nan sak la epi kite yo ouvri yo.

Mande yo eksplike ki kado ki pi bon pou yo. Epi yo konsidere kòman nou resevwa benefis lè nou manje manje ki gen nitrisyon.

Sigjere jènfi yo ke yo gen libète chwa yo menm lè yo chwazi sa pou yo manje, e si y ap chwazi manje ki bon, y ap gen bon sante.

Gen rezon espirityèl pou devlope bon sante fizik

Istwa

Li istwa k ap suiv la apwopo Danyèl avèk Wa Nebikaneza

Lè Wa Nebikaneza t ap reye nan Babilyon pèp nan Wayòm Jida a te prizonye. Danyèl sete yon jèn prens ki te bezwen ale nan palè a pou aprann langaj kaldeyen yo avèk lòt jèn gason entelijan. Lè yo te ofri li manje Senyè a te kòmande jwif yo pa manje, li te mande chèf nan palas la pou l bay limenm avèk zanmi l yo manje yo te gen dwa manje. Chèf la te panse wa a tap pini l si l te fè sa a. Men Danyèl te konvenk li kite l manje manje pa yo pandan dis jou.

Danyèl avèk zanmi l yo te sanble pi bon nan sante pase moun ki te manje manje kaldeyen yo pandan dis jou. Chèf la te ba yo manje pa yo pou twa ane pwochen yo. Wa a te teste yo nan fen twazan sa yo. Yo te pi saj pase tout majisyen avèk moun ki li zetwal wa yo. (Gade nan Danyèl 1.)

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike okenn lwa pa sèlman fizik oubyen tanporèl. Chak lwa gen relasyon espirityèl yo. Kò nou se yon don ki soti nan Bondye. Li konnen nou, e li konnen sa nou bezwen. Li te ba nou gid pou bagay k ap ranfòse kò nou, e n ap gen benediksyon espirityèl yo lè nou kontwole tèt nou epi obeyi gid sa yo.

Diskisyon

- Kijan nou rele gid sa yo Senyè a te fè pou nou pran swen kò nou yo? (Pawòl Sajès la.)
- Poukisa li enpòtan pou nou suiv lwa sa a?

Li ekriti a avèk diskisyon yo

Kite jènfi yo li fò 1 Korint 3:16–17 avèk 1 Korint 6:19–20. Diskite de ekriti sa yo avèk klas la. Mande yo poukisa Pòl rele kò mòtèl nou yon tanp. Kite yo diskite poukisa li enpòtan pou pwoteje kò mòtèl nou e kòman nou kapab fè sa.

Diskisyon

Mande manm klas yo pou rakonte ki gwoup manje yon pwofesyonèl ki otorite sou rejim avèk manje santi yo bezwen pou yon rejim ki byen balanse chak jou.

Divize tablo a an kat pati, epi mete repons jènfi yo nan mitan kote goch tablo a anba tit “Rejim ki byen balanse.”

W ap sèvi avèk repons sa yo pita nan leson an pou konpare manje nou ta dwe manje nan Pawòl Sajès la. Fè si repons yo gen sa ki anba tit la. (Gade egzanp yon tablo ki nan fen leson an.)

Ka pou etidye yo

Mande jènfi yo di sa ki mal avèk rejim jènfi yo k ap suiv la a:

1. Tina santi ti dejne a pa nesèsè e manje a gen twòp grès. Lè dejne a vini li pa kontan menm e li pa kapab fè devwa li.
2. Sue te santi li te twò gwo e li te deside fè yon rejim k ap pran yon ti tan. Li ta manje fridòdòy sèlman pou ba li enèji. Li te vin malad apre twa jou.
3. Chris te deside manje sèlman sereyal avèk pen ki te gen grenn poutèt li te tande li te trè bon pou kò a.
4. Diane te vle antre nan yon gwoup; donk li te manje fridodoy, krèm avèk lòt bonbon avèk zanmi li yo malgre li te fè sik e li pa kapab manje manje ki gen sik.

Diskisyon

Diskite avèk jènfi yo konbyen valè bon sante pa yo genyen an.

- Kòman ou ta santi ou si ou te malad e ou te bezwen rete nan kabann ou pou yon lontan?
- Poukisa li pa posib pou di valè bon sante?
- Eske sa tap fè yon bagay konbyen lajan ou genyen si ou pa t gen bon sante?
- Eske ou kapab konpare bon sante ou avèk nenpòt benediksyon materyèl, tankou yon gwo kay, yon machin ki chè, yon bèl vakans, bèl rad yo?
- Kòman sante fizik ou afekte sante esprityèl ou?

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike kò nou se yon don ki soti kot Bondye e yon kay pou espri ki soti syèl la. Kò fizik nou afekte lespri nou. Sante fizik nou pa gen pri e li si tèlman presye ke nou ta dwe pran swen li e pwoteje li byen pou nou kapab reyalize gran potansyèl nou yo antanke pitit fi Bondye.

Pawòl Sajès la se gid pou bon sante fizik ak esprityèl

Ekriti

Mande chak jènfi chèche seksyon 89 nan D&A la epi li premye fraz la. Diskite kòman nou te resevwa seksyon sa a ak bi seksyon sa a.

Mande yon jènfi li D&A 89:1–2. Konsidere ansanm pou kimoun e nan ki fason Pawòl Sajès la konsène noumenm. Kite jènfi yo diskite poukisa yo santi yo Senyè a gen enkyetid pou sali tanporèl Sen yo.

Sitasyon

Li sa ki suiv la pou fè jènfi yo konnen Pawòl Sajès la se yon kòmandman pou nou jodi a:

“San dout rezon ki fè nou te resevwa Pawòl Sajès la—pa kòm yon ‘kòmandman ni pou mare moun’ paske si li te yon kòmandman lè sa a tout moun t ap anba kondanasyon paske yo gen adiksyon; donk Senyè a gen mizerikòd e li ba yo yon chans pou simonte anvan li te ba yo lwa a. Pita Prezidan Brigham Young te anonse kounyeya Pawòl Sajès la se yon revelasyon epi Senyè a te kòmande sa. Mwen vle di poutèt mwen pa vle ou panse ou pa bezwen suiv Pawòl Sajès la. Nou pa vle anba kondanasyon” (Joseph F. Smith, nan Conference Report, oktòb 1913, p. 14).

Diskisyon avèk ekriti yo

Mande jènfi yo li D&A 89:3. Diskite fraz “Adapte pou moun ki fèb epi Sen yo ki pi fèb.” Fraz sa a se pou kimoun?

Kite yon lòt jènfi li D&A 89:4.

Di jènfi yo Senyè a, paske li gen enkyetid pou nou, ba nou avètisman moun ap eseye benefisyè nan feblès nou.

Mande yo sigjere ki “bagay mechan avèk plan. . . egziste nan kè moun ki fè sa.”

Kite yo konsidere kòman piblisite nan magazin, televizyon, avèk lòt medya yo trete fimèn avèk bwè alkòl.

Di jènfi yo senk vèsè pwochen yo se avètisman nan Pawòl Sajès la. Mande yo kote bagay ki pa bon pou kò a lè yo li vèsè sa yo.

Ekriti avèk
Diskisyon avèk
tablo a

Ekri *Pa pou kò a anwo* sou seksyon goch la sou tablo a.

Kite yon jènfi li D&A 89:5–9.

Ekri bagay nou pa ta dwe mete nan kò nou yo avèk èd jènfi yo. (Gade egzanp tablo a nan fen leson an.)

Li sa Pwofèt Joseph Smith te di an jiyè 1833, senk mwa apre li te resevwa revelasyon an, si jènfi yo di “bwason ki cho.” Sa a ap ede yo rekonèt te avèk kafe kòm bwason cho ki nan Pawòl Sajès la.

“konprann kèk moun di te avèk kafe oke, paske Senyè a te sèlman di “bwason cho” nan revelasyon Pawòl Sajès la. . . .

“ [Te avèk kafe] se sa Senyè a vle di lè Li te di “bwason cho” ’ (Joseph Smith, jan li site pa Joel H. Johnson, *A Voice from the Mountains* [Salt Lake City: Juvenile Instructor Office, 1881], p. 12).

Mande jènfi yo konsidere kisa syans avèk medisin te montre apwopo fimèn, bwè alkòl, te avèk kafe. Mande yo di otan fason espesifik bagay sa yo montre yo kapab blese sante nou. Repons yo ta dwe gen pi gwo chans pou kansè; fè sik, maladi nan kè, poumon avèk fwa; avèk blese yon tibebe ki poko fèt.

Ekriti avèk
diskisyon avèk
tablo a

Mande jènfi yo koute byen uit vèsè pwochen yo pou bagay ki bon pou noumenm.

Ekri *Sèvi avèk yo* anwo sou tablo a nan twazyèm seksyon an.

Mande jènfi yo li D&A 89:10–17.

Ekri anba tèt bon manje Senyè a vle nou manje avèk èd jènfi yo. Li ekriti yo ankò si li nesèsè. (Gade egzanp tablo a nan fen leson an.)

Di jènfi yo gade rejim ki balanse ki te sou tablo a epi konpare li avèk manje ou bezwen sèvi avèk yo nan Pawòl Sajès la. Montre lis yo se menm.

Eksplike kòman manje nan Pawòl Sajès la se nòm jodi a pou bon nitrisyon. (Yo se menm.)

Diskite sa mo yo vle di nan vèsè 11 lan: “nan sezon an; itilize tout bagay sa yo avèk avètisman e avèk remèsiman.

Ekri anwo sou tablo a nan seksyon dwat la *Pwomès yo si nou obeyisan*. Mande yon lòt jènfi pou li D&A 89:18–21. Mete benediksyon pou obeyi Pawòl Sajès la sou tablo a avèk èd jènfi yo. Li ekriti yo ankò si li nesèsè. (Gade egzanp tablo a nan fen leson an.)

- Ki benediksyon espirityèl nou kapab genyen si nou viv lwa sa a?
- Kisa Senyè a vle di *trezò kache* konesans?
- Kòman ou ta kapab sèvi Senyè a pi byen avèk lwa sa a?
- Kòman viv lwa sa a ede ou jodi a vin pi pre Papa nou ki nan Syèl la?

Di jènfi yo Papa nou ki nan Syèl la se yon papa ki janti epi ki gen pasyans. Li renmen nou anpil, men lè nou pa viv kòmandman li yo, li pa kapab ba nou pwomès, e benediksyon nou ta kapab resevwa yo vin pèdi.

Konklizyon

Ekriti

Kite yon jènfi li D&A 29:34–35.

Prezantasyon pou
enstriktè a

Nou resevwa kòmandman Bondye yo pou yon bi espesifik pou anbeli esprityalite nou malgre anpil nan kòmandman yo afekte lavi tanporèl nou. Nou kapab resevwa bonè tanporèl avèk benediksyon esprityèl lè nou obeyi kòmandman li yo.

Aplike leson an

Mande jènfi yo konsidere nati etènèl lespri a ki rete andedan kò nou an. Ankouraje yo fè fi lespri pa yo gen kay ki konfòtab epi ki gen sante pou kapab devlope epi pwogrèse nan kapasite pa yo e reyalize gran pwomès tout bagay la—lavi selès.

PA POU KÒ A	REJIM KI BYEN BALANSE	POU SÈVI AVÈK	PWOMÈS YO SI NOU OBEYI
<ol style="list-style-type: none">1. Tabak2. Bwason ki gen alkòl3. Bwason cho (kafe avèk te)	<ol style="list-style-type: none">1. Manje ki gen pwoteyin tankou vyann, pwason, poul, ze2. Fwi avèk legim3. Lèt avèk manje ki gen lèt4. Manje ki gen grenn tankou pen avèk sereyal	<ol style="list-style-type: none">1. Zèb (plant avèk legim yo)2. Fwi yo3. Vyann avèk poul (pa manje twòp)4. Tout grenn, espeyalman ble	<ol style="list-style-type: none">1. Bon sante2. Sajès3. Trezò konesans—trezò kache yo4. Fòs5. Pwoteksyon devan zanj destriktè a

OBJEKTIF Chak jènfi ap rekonèt efè abize dwòg sou kò a avèk lespri a.

- PREPARASYON**
1. Pote yon kreyon pou chak jènfi.
 2. Fakiltatif: Prepare yon kopi lis nan Entwodiksyon an pou chak jènfi.
 3. Fakiltatif: Prepare yon afich ki gen definisyon abize dwòg yo ki nan Entwodiksyon an.
 4. Fakiltatif: Prepare yon afich avèk mo sa yo ki soti nan 1 Korint 3:17: "Paske tanp Bondye se yon bagay ki apa pou li. Se noumenm ki tanp Bondye a."
 5. Chwazi manm klas la pou diskite rezon ki fè moun pa ta dwe pran dwòg, epi itilize materyèl nan leson an oubyen lide pa yo (gade nan dezyèm seksyon nan leson an).
 6. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt ekriti, istwa, oubyen sitasyon ou vle.

**DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE**

Entwodiksyon

Bay chak jènfi yon kreyon e fè kopi lis ki anba a. Mande yo idantifye sibstans sa yo avèk yon mak bò kote sa ki se dwòg oubyen ki gen dwòg.

Lis

- ___ mariwana
- ___ tabak
- ___ kafeyin
- ___ LSD
- ___ kokayin
- ___ Krak-kokayin ki pi epi ki pi adiktif
- ___ alkòl
- ___ ewoyin
- ___ barbitirik yo
- ___ amfetimin yo
- ___ konprime pou rejim

Diskisyon Diskite bagay sou lis la epi pale sou lòt bagay ou vle apre yon oubyen de minit. Di jènfi yo tout sibstans sa yo, anpil anpil ki pa sou lis la se dwòg oubyen gen dwòg andedan yo. Eksplike dwòg sa yo diferan de chak lòt nan plizyè fason. Kèk nan yo se depresan (yo desann fason kò a travay), kèk nan yo se stimilan (yo stimile sa kò ou fè) e kèk nan yo blese w plis pase lòt yo. Men yo tout kapab yon abitud oubyen yon depandans sou dwòg.

Sitasyon, afich ki fakiltatif, avèk diskisyon

Mande jènfi yo pou di kisa abize dwòg vle di. Di laplipa dwòg yo itil pou medikaman avèk tretman pou maladi. Men abize dwòg se lè "ou sèvi avèk yo twòp nan yon fason ki pa pou rezon medikal pou fè tèt ou chanje emosyon, panse oubyen konpòtman" (Ira W. Hillyard, "Drug Abuse: It Starts in the Medicine Cabinet," *Ensign* avril 1977, p. 42). Montre afich la epi diskite sou definisyon abize dwòg la. Di abize dwòg se lè ou pa sèvi byen avèk medikaman doktè ba ou oubyen medikaman yo vann yo. Mande jènfi yo kenbe definisyon sa a nan tèt yo pandan leson an.

Ou pa kapab jistifye abize dwòg

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike malgre laplipa moun konprann kòman dwòg danjere, pwoblèm nan toutpatou. Jèn avèk gran moun gen plis presyon pou fè sa zanmi yo ap fè epi pran dwòg. Nou bezwen konprann poukisa sa rive epi chèche fason pou goumenm kont sa paske se yon pwoblèm serye e l ap ogmante.

Diskisyon avèk tablo a

Eldè Marvin J. Ashton te mande, "Kisa k fè yon jèn moun ki fò, ki renmen, ki gen eksitman kite tèt li yon kemikal kontwole konpòtman pa li?" (Nan Conference Report, avril 1971, p. 13; oubyen *Ensign* jen 1971, p. 30). Mande manm klas la pou bay rezon poukisa jèn moun pran dwòg. Ekri sa yo di yo sou tablo a epi diskite yo e di yo pou eksplike lide pa yo. Pa diskite poukisa rezon sa yo pou pran dwòg pa gen valè nan pwen nan leson sa a. Diskisyon sa a ap vini pita nan leson an. Kèk nan rezon yo kapab presyon ki soti nan zanmi yo, pou chape, pa gen matirite, li disponib, avètisman montre li bon.

N ap diskite lide sa yo an pi gran detay. Mande manm klas la pou li yo epi ajoute si yo vle.

1. *Presyon ki soti nan zanmi*. Li enpòtan pou zanmi ou yo aksepte ou. Zanmi ki bay moun presyon pou pran dwòg kapab fè moun nan pran yo pou yo kapab aksepte oubyen pou vin popliè.
2. *Chape*. Kèk moun kapab santi yo pa kapab simonte pwoblèm avèk fòs pa yo. Y ap chèche chape atravè dwòg epi desann kòman kò a travay oubyen stimile yo pou kreye yon bon santiman tanporèl.
3. *Pa gen matirite*. Moun ki pran dwòg bay eksiz tankou yo razè, yo anvi wè, oubyen y ap rebele. Petèt y ap chèche aksyon, eksitasyon oubyen yo vle fè pati nan yon bagay. Jèn moun kapab santi yo parèt pi gran lè yo fè bagay yo panse k ap montre yo se adilt.
4. *Disponib*. Sibstans ki blese ou ap vin pi disponib poutèt nouvo dwòg ap vin devlope e trafik dwòg ilegal k pa antre nan peyi a.
5. *Piblisite montre li bon*. Piblisite ki montre moun ki bèl, gen konfyans, ki rich ki sanble yo gen bon sante kapab fè sa y ap eseye varn nan parèt bon. Pafwa teknik pou fè piblisite montre bagay sa yo akseptab.

Diskisyon

Refere a lis ki sou tablo a epi mande jènfi yo pouki rezon lis la pa gen valè e pa jistifye abize dwòg apre ou fin diskite poukisa moun abize dwòg.

Prezantasyon yon manm klas la ki fakiltatif

Si ou te mande nenpòt nan jènfi yo alavans pou diskite pouki rezon abize dwòg pa gen valè, ki baze sou materyèl nan leson an oubyen sou lòt lide yo, kite yo prezante lide pa yo lè sa a. Si ou pa t chwazi yon jènfi, mande manm klas la pou li fraz k ap suiv yo:

1. *Presyon ki soti nan zanmi yo*. Nou bezwe devlope konviksyon pèsònèl apwopo bagay ki bon oubyen ki mal bonè nan lavi nou. Gen zanmi ki pa fè bagay ki bon e gen egzanp nou kapab suiv e gen zanmi ki eseye fè nou fè bagay ki mal. Nou ta dwe gen zanmi ki gen chemen jis pa yo e ki ap ankouraje moun suiv yo, olye nou gen zanmi k ap ba nou presyon pou fè sa ki mal. Nou kapab ede moun ki abize dwòg yo lè nou "bay yon egzanp ki fò, an sante e ki sanble k ap viv tankou yon kreyen." Nou kapab montre benediksyon nou resevwa chak jou paske nou viv avèk jistis tankou bon sante, bonè, lapè, ak akonplisman nou" (Victor L. Brown Jr., "Q and A," *New Era*, me 1971, p. 33).
2. *Chape*. Flo avèk defi lavi yo reyèl. Chak moun bezwen fè tèt yo alèz men nan fason ki akseptab. Nou kapab fè tèt nou alèz lè nou pale avèk fanmi nou, zanmi dirijan ak enstriktè nan Legliz yo oubyen konseye yo ki pwofesyonèl nan pwoblèm nou yo. Nou kapab fè tèt nou alèz nan bagay tankou—espò ak aktivite kilitrèl, yon travay ou renmen pou pase tan an, vakans, dòmi, epi sèvi lòt moun. Aktivite sa yo lage presyon yo e yo ede nou reyalize valè tèt nou. Nou ta dwe evite abize dwòg avèk alkòl kòm fason pou chape nan responsablite pou n aji pou tèt nou.
3. *Pa gen matirite*. Pwosesis grandi avèk aprann se yon bagay nou tout fè. Nou kapab fè fòt nan pwosesis natirèl sa a. Sepandan, nou kapab gen bon jijman avèk kontwòl tèt nou tout tan pandan n ap grandi epi aprann. Sa tris ke kèk jèn moun ki aji san panse. . .yo pa chèche bagay k pa eksite yo fè ane sa yo pou yo grandi an matirite yo gen plis eksitasyon. Kèk nan moun sa yo pran dwòg san vrèman konnen ni konprann danjè dwòg sof eksitasyon ou kapab santi lè ou pran yo. . . . Yo pran yo nan yon bi oubyen se te yon aksidan avèk dwòg ki detwi yo" (Hillyard, "Drug Abuse," p. 41).

4. *Disponib.* Sa pa vle di li bon si yon bagay disponib oubyen nou bezwen pran li. Nou dwe devlope fòs pèsònèl pou pwoteje tèt nou nan bagay sosyete a mete ki disponib yo. Dwòg ki disponib ap ogmante an kalite paske gen plis nouvo dwòg ki pi fò. Dwòg sa yo vin twò disponib pou moun pran chak jou e yo sèvi avèk yo pou ede simonte ti pwoblèm ki vini chak jou (Hillyard, "Drug Abuse," p. 42.)

5. *Piblisite montre sa bon.* Piblisite ba nou enfòmasyon men souvan li ba nou yon ti kras enfòmasyon, li kache sa yon bagay vle di e bay manipilasyon. Nou bezwen konnen ase pou nou kapab jije avèk sajès lè nou evalye avètisman yo. Si nou p ap gade byen, nou kapab vin twonpe e panse dwòg yo nòmal oubyen yon gerizon pou nenpòt pwoblèm nou genyen oubyen fè nou pa kontan" (Hillyard, "Drug Abuse," p. 42).

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike nou bezwen mete ansanm konesans avèk sajès pou ranfòse tèt nou kont feblès avèk desepsyon olye nou twonpe pa rezon ki sanble jistifye abi dwòg yo.

Sitasyon

"Dwòg avèk alkòl kapab sanble yo bon pou jenerasyon nou an, malgre moun t ap sèvi avèk yo nan fòm diferan e pou rezon diferan depi kòmansman tan an. Yo toujou bay moun pwomès y ap libere yo. Yo toujou bay manti" (E. Brent Frazier, "Drugs: Why Do Kids Start? How Can You Help?" *Ensign*, out 1975, p. 67).

Nou ta dwe konprann konsekans abize dwòg

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike dwòg ki legal oubyen dwòg yon doktè ba ou souvan nesèsè pou bon sante. Sepandan, lè w pa suiv direksyon doktè a oubyen san direksyon doktè a yo kapab blese ou. Lòt dwòg yo avèk dwòg ou kapab achte nan mache a kapab blese kò avèk lespri ou si ou pran yon pou rezon ki pa bon.

Diskisyon

- Ki kèk konsekans fizik ak epsirityèl lè ou abize dwòg?

Eksplike moun ki pran dwòg konnen sa y ap fè a e yo jistifye yo gen dwa pran sa yo vle, e yo jistifye tèt yo pou rezon lòt moun konprann oubyen pa konprann, sibstans kapab blese, e souvan konsekans pa grav. Sa yo avèk lòt jistifikasyon kapab fè moun abize dwòg. Yon desizyon konsa--menm kòmansman pran li--mal pou endividi a avèk lòt moun ki toutotou li. Lè yon moun pran dwòg se pa yon pwoblèm pèsònèl oubyen prive men li afekte anpil lavi lòt moun ki inosan, e li bay moun chagren. Abize dwòg se yon evitasyon danjere pou pwoblèm ki pi fon e ki bay plis chagren e menm destriksiyon.

Ka pou etidye k ap suiv yo se istwa jèn moun ki vre ki te abize dwòg. Mande manm klas la pou li yo fò. Epi diskite kèk nan detay yo nan chak ka pou ede jènfi yo konprann konsekans lè ou abize dwòg.

Ka pou etidye

Jim te yon prèt aktif Sen Dènnye Jou. Li te nan ekip foutbòl ameriken an nan lekòl li tou. Kèk manm ekip la t ap rasanble nan wikenn pou bwè alkòl epi fimèn mariwana e Jim te deside mize avèk yo. Li te panse li pa t ap bwè ni fimèn; li t ap sèlman jwi konpayi zanmi l yo. Li te konnen paran li pa tap apwouve si yo te konnen li ta prale. Nan kèk tan anba presyon zanmi l yo li te kòmansman bwè alkòl epi fimèn mariwana avèk yo. Chak fwa li te fè sa li te retounen avèk anpil chagren paske li te konnen sa li te fè a te mal. Li te kòmansman bay eskiz pou l pa patisipe nan aktivite Legliz yo epi kòmansman vin pi lwen fanmi li paske li te konn peche.

Diskisyon

- Ki konsekans imedyat Jim te genyen lè li te abize dwòg yo?
- Ki konsekans sa kapab genyen nan lavni?
- Kòmman abize dwòg ka afekte Jim fizikman ak epsirityèlman?

Ka pou etidye

"Barbara te fimèn mariwana pandan dezan epi li te kòmansman abize ewoyin lè li te gen douzan. Yo te vin yon bouzen e li te vòle paske li te abize ewoyin. Anplis abize ewoyin, li te sèvi avèk anpil alkòl ak barbitirik. De mwa apre li te gen dizuitan, li te pran yon gwo kantite LSD ansanm avèk tout lòt bagay li te pran, yo te detwi li" (Hillyard, "Drug Abuse," p. 41).

Diskisyon

- Kòmman istwa sa a fè ou santi w?

Diskite kòmman Barbara te pran anpil kalite dwòg.

- Ki efè eksperyans Barbara tap fè si li te sè w oubyen yon bon zanmi w? Ki efè li tap genyen sou fanmi an?

Ka pou etidye	<ul style="list-style-type: none"> • Nan tout ane Barbara te gen pwoblèm kòman sa te afekte li fizikman ak esprityèlman? Janet avèk zanmi l yo te deside yo tout ta renmen pèdi pwa pandan yo t ap soti lekòl pou rive lakay yo. Yo te rete nan yon mache e yo chak te achte yon pakè konprime pou fè yon rejim yo te wè nan yon piblisite kòm yon fason senp pou pèdi pwa. Nan yon ti bout tan anpil nan yo te pèdi liv yo te vle yo epi yo te sispann pran konprime yo. Sepandan, Janet te wè lè li te pran konprime yo li te gen plis enèji konsa li te kontinye pran yo malgre li te pèdi tout liv li te vle yo. Sete kòm si konprime yo te fè li fè plis bagay chak jou. Li pa t anyen te mal nan sa paske konprime yo te legal e li te achte yo nan yon famasi. Li pa t reyalize li te vin plis depandan de yo jiskaske li te deside sispann sèvi avèk yo. • Poukisa sa pa t yon bon fason pou pèdi pwa? Ki danje sa genyen pou depann de konprime pou kontwole grangou yo? • Ki konsekans—fizik, emosyonal, ak esprityèl—sa kapab genyen pou Janet k ap abize dwòg yo? • Ki konsekans dwòg Janet te pran an genyen sou demen li?
Ka pou etidye	<p>Diskite sou danje adiksyon avèk inosans oubyen depandan sou dwòg ou kapab achte nan mache.</p> <p>“Sa gen ennan. . . . Mwen te yon kote. . . mwen pa ta kapab panse byen paske yon dwòg te pran mwen nèt. Mwen t ap rete lwen kay mwen nan yon lavi fo yon moun ki abize dwòg ki ranpli avèk desepsyon. Mwen pa t ap chèche sa ki te toutotou m. . . .</p> <p>“Mwen te panse poukisa mwen te bezwen travay di pou konvenk tèt mwen kòm mwen t ap di tèt mwen, ‘Ou kontan.’ Mwen te vin pi depandan sou dwòg yo. Lè mwen te pran plis dwòg yo mwen te soti ak zanmi m yo.</p> <p>“Kikote mwen ye? Kisa mwen ye? Kimoun mwen te? Kesyon sa yo te agase m chak jou avèk nuit e chak jou mwen te ale pi lwen repons yo.</p> <p>“Mwen te dekouvri yon bagay yon lannuit lè mwen te mache nan ri yo anba enflyans yon dwòg sèl moun ki te vann mwen. Nan libète mwen an sèl bagay mwen t ap fè se te touye tèt mwen. Mwen te kanpe sèl, mouri nan solitud mwen” (Charleen Hurson, “Start the World; I Want to Get On,” <i>New Era</i>, avril 1972, p. 12).</p>
Diskisyon	<ul style="list-style-type: none"> • Ki kèk konsekans fizik ak esprityèl pou kalite eksperyans sa a? • Kòman jènfi sa a ka simonte pwoblèm li yo epi chanje lavi li?
Sitasyon	<p>Mande yon manm klas la pou li fraz sa a:</p> <p>“Gen entelijans. Pa sèvi avèk alkòl, tabak ni dwòg. Se vremen pa entèlijan pou fè sa. Sa stipid, si w ap padone mo grav sa a, sèvi avèk kokayin, mariwana, oubyen nenpòt lòt dwòg ki pran ou pou kontwole tèt ou. Chak fwa ou pran yon dwòg ki ba ou yon santiman tanporèl gen yon konsekans ki mal. Poukisa ou ta dwe depanse lajan sou sa k ap blese ou? Poukisa nou ta dwe vin esklav yon abitud k ap kite nou pwogrese oubyen fè fiti nou an pi kout?” (Gordon B. Hinckley, nan Conference Report, oktòb 1981, p. 57; oubyen <i>Ensign</i> novanm 1981, pp. 40–41).</p>
Afich fakiltatif oubyen ekriti	<p>Montre afich nan mesaj nan 1 Korint 3:17 la. Li epi diskite vèsè a epi kite jènfi yo make li nan ekriti pa yo. Eksplike avètisman avèk pwomès Pawòl Sajès yo (D&A 89) aplike pou sèvi epi abize dwòg. Sa kont konsèy avèk kòmandman Senyè yo pou itilize sibstans ki pa bon pou kò ou.</p>

Konklizyon

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike sèl desizyon ki saj konsènan dwòg ki blese ou se pou pa janm pran nenpòt nan yo, menm yon ti kras yo menm. Li fraz k ap suiv la:

“Anpil moun di, ‘Yon sigarèt, yon tas te oubyen kafe, yon soufle yon mariwana p ap touye, e yon bwason alkòl pa kapab blese yon moun.’

“Mwen vle di si ou pa janm fè yon bagay yon premye fwa, ou p ap janm fè li. Ou p ap janm abize alkòl ni vin yon alkolik” (N. Eldon Tanner, nan Conference Report, avril 1975, p. 114; oubyen *Ensign* me 1975, p. 77).

Aplike leson an

Mande jènfi yo pou yo fè yon alyans pèsònèl pou yo pa janm abize dwòg ni gen relasyon avèk zanmi ki fè sa. Sigjere yo eseye ede lòt moun konprann danje ak lapenn abize dwòg kapab pote nan lavi pa yo ak nan lavi moun ki toutotou yo tou.

OBJEKTIF	Chak jènfi ap rekonèt valè ak benediksyon ki genyen nan bon sante nan fwaye.
PREPARASYON	<ol style="list-style-type: none"> 1. Prepare papye a "Egzamen vre oubyen fo" pou chak jènfi. 2. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt istwa, ekriti oubyen sitasyon ou vle.
DEVLOPMAN POU LESON YO SIGJERE	Entwodiksyon
Diskisyon	Mande jènfi yo pou bay eksperyans pèsònèl kote yo te pran swen yon moun ki te malad nan kay pa yo. Ki bagay yo te aprann nan eksperyans sa a? Kisa yo te swete yo te konnen lè yo t ap ede pran swen moun sa a?
Prezantasyon pou enstriktè a	<p>Nou gen anpil okazyon pou pran swen moun nan kay nou</p> <p>Kenbe bon sante epi evite aksidan se de bagay enpòtan lè ou pran swen moun nan fwaye a. Sepandan, menm si ou fè atansyon, aksidan avèk maladi rive nan chak fanmi. Li saj pou gen konesans premye swen avèk pran swen moun. Istwa k ap suiv la montre plizyè kalite talan nenpòt moun kapab aprann pou pran swen yon granmoun nan kay la.</p>
Istwa	<p>Ann te gen douzan lè granmè Olsen te tonbe nan lakou li epi li te kase ranch dwat li. Doktè yo te mete yon klou nan zo ki te kase a pou ranfòse li epe ede l geri.</p> <p>Li te kapab kite lopital apre senk jou men doktè yo te sigjere li rete nan yon kay kote yon enfimiyè kapab ba l swen oubyen yon kote li kapab resevwa swen pandan zo li t ap geri. Manman Ann te mande fanmi an si yo te vle pataje responsablite pran swe granmè yo si li ta vin rete avèk yo. Yo t ap gen plis travay tankou lave rad li avèk dra kabann li yo, prepare manje li, mete losyon sou do ak janm li, ede l fè eksèsis, pouse li nan chèz woulan, e pale avèk li pou l kapab kontan.</p> <p>Ann, Ben (frè li ki te gen sizan), Frances avèk Margret (ki te pi gran jimo Ann) te dakò pou ede pran swen li. Granmè te bezwen rete nan kabann li pou kèk tan. Pi gran fi yo te chanje dra l yo. Youn te vire li sou bò li pandan lòt la te chanje yon demi dra epi yo te vire granmè a lòt bò a pou chanje lòt demi dra a. Ann avèk jimo yo te prepare manje pou granmè yo. Ben te pote yon twal mouye pou l kapab lave men li avèk figi li. Jou dimanch yo, Ann te pran yon wòz nan jaden an epi li te mete l nan yon vè sou plato ki gen manje a. Sa te toujou pote yon souri sou figi granmè.</p> <p>Ben te mete losyon sou bra avèk men granmè li yo. Li te di Ben istwa apwopo granpè Olsen ki te mouri ane anvan Ben te fèt. Yon sware papa Ann te ba li yon benediksyon lè granmè Olsen te dekouraje apwopo kòman dous li t ap geri.</p> <p>Lè sè Ann yo te aprann mizik fò yo te fè granmè yo enève yo te bese li. Manman te lwe yon chèz woulan nan yon mezon medikal. Granmè te gen plis fòs lè li te chita nan chak jou pou Ben avèk Ann te ede l fè l eksèsis doktè yo te ba li yo tou. Timoun yo te jwi pouse li nan kay la epi nan vwazinaj la lè te gen solèy. Papa te ede l kanpe avèk yon beki ki fèt an metal lè li te pare pou kanpe epi aprann sèvi avèk janm li yo ankò. Li te pouse li lè janm li yo te vin pi fò. Finalman li mache sèlman avèk yon beki pou ede l soutni tèt li.</p> <p>Tout moun te kontan lè granmè pa t bezwen mache avèk beki a ankò. Sepandan, fanmi an te yon ti kras tris paske yo te konnen li te pare retounen lakay li. Granmè Olsen te endepandan e malgre li te gen gratitud pou èd fanmi li li te kontan retounen nan pwòp kay pa li avèk anpil zanmi nan pwòp vwazinaj pa li.</p>
Diskisyon avèk tablo a	Ekri sou tablo a kèk nan leson ki gen valè fanmi Ann te aprann lè yo te pran swen granmè yo.

(Ou kapab gen sa k ap suiv la a: koperasyon, kòman pran swen yon moun, valè benediksyon prètiz yo, sèvis konpatisan, disipline tèt ou, pa egoyis, montre ou gen swen, kòman adapte nouvo bagay nan kay la.)

- Kòman eksperyans sa a ede prepare yo pou pran swen pwòp fanmi pa yo demen?

Diskisyon

Ki lòt sikonstans ki mande talan pou pren swen yon moun kapab rive nan kay la? (Lè yon tibebe fèt, yon aksidan, yon maladi ki vini toudenkou, fèk gen yon operasyon, yon manm nan fanmi an ki kokobe, yon maladi ki kontinye.)

Nou kapab paran talan pou pran swen moun ki senp

Ekriti

Mande manm klas yo pou li epi make dènye fraz nan D&A 38:30. " Si ou prepare ou p ap pè."

Prezantasyon pou enstriktè a

Preparasyon plis pase gen founiti pou yon maladi oubyen yon ijans. Nou bezwen gen talan avèk enfòmasyon enpòtan k ap ede nou pran swen tèt nou byen. Pafwa lè ou fè yon fòt nan yon ijans li pi danjere pase pa fè anyen. Aksyon imedyat ki bon kapab sove lavi moun yo nan lòt sitiyasyon yo. Lè nou aprann kèk nan talan sa yo, sa ap ba nou konfyans avèk abilite pou fè sa ki bon si nou bezwen ede.

- Kòman preparasyon nou ede yon moun ki blese oubyen pran swen yon moun afekte konpòtman nou avèk abilite nou pou ede moun ki blese oubyen malad?

Diskisyon

Diskite lide k ap suiv yo nan diskisyon pa ou. Si ou gen twòp eksitasyon, moun ki blese a oubyen malad la ap gen enkyetid e l ap enève. Ou dwe aji avèk kalm. Si ou pè ou kapab di yon priyè nan kè ou. Papa nou ki nan Syèl la ap ede w kenbe kalm ou epi la p enspire ou fè bagay kòrèk yo. Li enpòtan pou chèche èd moun ki konnen sa pou fè espesyalman nan yon ijans. Sa a ap ede ou kenbe kalm ou tou.

Se yon talan enpòtan pou pran swen yon tibebe. Jènfi yo ta dwe gen enfòmasyon disponib paske laplipa nan yo ap pran swen timoun nan pwòp fanmi pa yo avèk lòt fanmi.

- Ki enfòmasyon ou bezwen lè w pran swen timoun yo? (Adrès kote w ap pran swen an, nimewo telefòn oubyen adrès kote paran yo ap ye, non avèk nimewo telefòn doktè a, nimewo ponpye ak lakwawouj, nimewo telefòn sant pou pwazon, non avèk nimewo telefòn yon paran oubyen yon zanmi si ou pa kapab pale avèk paran yo.)

Malgre ou ka pa janm sèvi avèk enfòmasyon sa a, l ap ba ou konfyans w ap ede aji avèk sajès si gen yon ijans.

Sans komen se baz pou pran swen ti bebe yo. Paegzanp konsidere kesyon sa yo:

- Ki kèk atansyon ou bezwen lè w ap pran swen yon tibebe? Yon timoun?

Diskite avèk jènfi yo repons yo avèk lòt atansyon tankou: pa janm kite yon tibebe sèl sou yon kabann oubyen yon mèb, oubyen benyen sèl; pa janm kite yon tibebe sèl nan yon lakou rekreyasyon; kenbe oubyen fè yon tibebe rann gaz lè l manje.

Mande jènfi yo ki lòt bagay ou ta dwe konnen lè w ap pran swen yon tibebe.

Egzamen vre oubyen fo

Bay chak jènfi yon papyè ki gen egzamen sa a pou wè konesans yo apwopo premye swen avèk lòt teknik lè gen yon ijans. Kèk jènfi ap konnen plis pase lòt yo.

Egzamen vre oubyen fo

1. Pi bon fason pou rete senyen se mete presyon avèk yon ti twal oubyen men ou sou blesi a.
2. Yon ijans respwatwa rive lè yon viktim sispenn respire e li pa kapab pale paske l ap toufe. Sèvi avèk Heimlich maneuver la.
3. Pa eseye teknik ou pa konnen paske ou kapab lakoz plis blesi. Chèche yon pwofesyonèl otan vit li posib.
4. Pa bouje yon moun ki blese jiskaske pwofesyonèl yo rive amwenske viktim nan an danje kote li ye a.
5. Si viktim nan te manje bagay chimik oubyen pwazon, rele sant ki kontwole pwazon an oubyen rele lopital ki pi pre a epi mande pou ba ou direksyon anvan ou fè nenpòt lòt bagay.

6. Pa janm bay yon moun ki pèdi konesans manje ni bwè dlo.
7. Ou ta dwe fè si manton viktim nan anlè pandan w ap ba li lè. Ou ta dwe peze nen li pou lè a pa soti.
8. Ou ta dwe kite viktim nan atè epi kouvri li avèk yon kouvèti si li frèt pou anpeche li tonbe nan eta chòk.
9. Yon atitid ki kalm bay yon viktim konfò epi fè kalm pè li yo k ap ogmante chans li ale an chòk.
10. Ou ta dwe mete bagay ki frèt sou yon blese pou li pa senyen ni anfle anba tisi a.
11. Yon tounikèt se yon fason danjere pou rete senyen e se pa yon teknik akseptab amwenske ou pa kapab rete senyen an nan nenpòt lòt fason.
12. Ou ta dwe lave yon ti fwotman sou po a avèk savon ak dlo pou anpeche li vin enfekte.
13. Si yon moun gen pwodui chimik tonbe nan je li a ou ta dwe lave je a avèk anpil dlo. Mete yon ti twal nan dlo k ap koule epi ki frèt epi mete dlo nan kwen je a pandan viktim nan gen tèt li panche pou dlo a kapab koule nan kwen je li a. Fè li ankò pou retire tout pwodui chimik yo.
14. Tout moun ta dwe aprann pwoteje tèt li nan chalè oubyen nan gwo freddi.
15. Pa janm bouje yon viktim ki gen yon bagay kase andedan li amwenske sa nesèsè.
16. Ou ta dwe kite yon doktè gade yon moun ki te frape tèt li fò e menm si li gen konsyans ou ta dwe gade li pou vennkat jiska karantuitè.
17. Pa janm kite yon timoun poukont li nan yon machin espesyalman lè li cho.
18. Pi bon fason pou etenn yon dife sou rad yon moun se pou woule viktim nan yon tapi oubyen nan yon dra oubyen woule li atè.
19. Ou ta dwe memorize oubyen fè disponib nimewo telefòn nan zòn ou yo si ou gen yon ijans.
20. Kite tout pwodui chimik avèk pwazon yo lwen kote timoun kapab pran yo.

(Adapte nan *Relief Society Courses of Study, 1976–77*, pp. 39–66.)

Diskisyon

Jènfi yo pa reyalize tout repons yo vre. Diskite nenpòt kesyon ki pa klè. Kite jènfi yo ale avèk egzamen an lakay yo pou yo ka etidye yo.

Konklizyon

Prezantasyon pou enstriktè a

Li enpòtan pou n konnen teknik premye swen yo avèk lòt talan pou pran swen moun nan kay ou yo. Nou ta dwe konnen fason ki nouvo avèk metòd yo. Lè nou konnen teknik senp kòrèk yo sa fè ou pran swen lòt moun pi fasil e sa kapab sove lavi lòt moun.

Aplike leson an

Prezantasyon pou enstriktè a

1. Mande manm klas la kisa nan zòn k ap suiv yo ki ta bezwen plis enstriksyon. Planifye fè sa kòm yon aktivite pandan semèn nan apre ou mande dirijan prètriz la apwouve li.
 - a. Yon manman ki konn pran swen timoun byen oubyen yon mis kapab montre kòman pran swen yon tibebe tankou lave epi nourri li.
 - b. Yon moun tankou yon dirijan eskout, youn ki travay pou Kwa Wouj, yon doktè oubyen yon mis kapab montre kòman bay yon moun respirasyon, Heimlich maneuver pou yon moun k ap toufe, oubyen mete presyon pou rete senyen oubyen trete yon moun nan eta chòk.
2. Fè yon pwofesyonèl montre kòman pran swen yon moun nan kay tankou chanje dra yo pandan moun nan toujou nan kabann nan, pran tanperati epi kontwòle batman kè.
3. Antanke yon klas pratike kòman pou telefone ponpye oubyen sant ki kontwòle pwazon lè gen yon ijans, bay bon adrès avèk lòt enfòmasyon konsènan ijans lan.
4. Ankouraje jènfi yo fè yon kou avèk Kwa Wouj pou aprann premye swen oubyen pran swen moun nan yon kay oubyen lòt kou yo.

Egzamen vre oubyen fo

1. Pi bon fason pou rete senyen se mete presyon avèk yon ti kouvèti oubyen men ou sou blese a.
2. Yon ijans respwatwa nesèsè lè yon viktim sispann respire e li pa kapab pale paske l ap toufe. Sèvi avèk Heimlich maneuver la.
3. Pa eseye teknik ou pa konnen paske ou kapab koze plis blesi. Chèche yon pwofesyonèl otan vit li posib.
4. Pa bouje yon moun ki blese jiskaske yon pwofesyonèl rive amwenske viktim nan an danjè kote li ye a.
5. Si viktim nan te manje pwodui chimik oubyen pwazon, rele sant ki kontwole pwazon an oubyen rele lopital ki pre a epi mande direksyon anvan ou fè nenpòt lòt bagay.
6. Pa janm bay yon moun ki pèdi konesans manje ni bwè dlo.
7. Ou ta dwe fè si manton viktim nan anlè pandan w ap ba li lè. Ou ta dwe peze nen li pou lè a pa soti.
8. Ou ta dwe kite viktim nan atè epi kouvri l avèk yon kouvèti si li frèt pou anpeche li tonbe nan eta chòk.
9. Yon atitid ki kalm bay yon viktim konfò epi fè kalm pè li yo k ap ogmante li ale an chòk.
10. Ou ta dwe mete yon bagay ki frèt sou yon blesi pou li pa senyen oubyen anfle anba tisi a.
11. Yon tounikèt se yon fason danjere pou rete senyen e se pa yon teknik akseptab amwenske ou pa kapab rete senyen an nan nenpòt lòt fason.
12. Ou ta dwe lave yon ti fwotman sou po a avèk savon avèk dlo pou anpeche li vin enfekte.
13. Si yon moun gen yon pwodui chimik nan je li ou ta dwe lave je a avèk anpil dlo. Mete yon ti twal nan dlo a k ap koule epi ki frèt epi mete dlo nan kwen je a pandan viktim nan gen tèt li panche pou dlo a kapab koule nan kwen je li a. Fè li ankò pou retire tout pwodui chimik yo.
14. Tout moun ta dwe aprann pwoteje tèt yo nan chalè oubyen nan gwo freddi.
15. Pa janm bouje yon viktim ki gen yon bagay kase andandan li amwenske sa nesèsè.
16. Ou ta dwe kite yon doktè gade yon moun ki te frape tèt li di fò e menm si li gen konsyans ou ta dwe gade li pou vennkat jiska karantuitè.
17. Pa janm kite yon timoun poukont li nan yon machin espeyalman lè li cho.
18. Pi bon fason pou etenn yon dife sou rad yon moun se pou woule viktim nan nan yon tapi oubyen nan yon dra oubyen woule li atè.
19. Ou ta dwe memorize oubyen fè disponib nimewo telefòn nan zòn ou yo si ou gen yon ijans.
20. Kite pwodui chimik avèk pwazon yo lwen kote timoun kapab pran yo.

(Adapte nan *Relief Society Courses of Study*, 1976–77, pp. 39–66.)

*Devlope sosyalman
ak emosyonèlman*

OBJEKTIF	Chak jènfi ap konnen li gen abilite pou gen siksè.
PREPARASYON	<ol style="list-style-type: none"> 1. Pote yon papye avèk kreyon pou chak jènfi. 2. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt ekriti, istwa, oubyen sitasyon ou vle.
DEVLOPMAN POU LESON YO SIGJERE	Entwodiksyon
Sitasyon	<p>Li fraz k ap suiv la:</p> <p>“Youn nan pi gran feblès nou chak se manke lafwa nan tèt nou. Yon bagay nou pa fè se reyalize valè nou genyen” (L. Tom Perry, “Be the Best of Whatever You Are,” nan <i>Speeches of the Year, 1974</i> [Provo: Brigham Young University Press, 1975], p. 77).</p>
Aktivite	<p>Bay chak jènfi yon mòso papye avèk yon kreyon. Kite yo chak fè yon lis bagay yo pa renmen apwopo tèt yo. Lis sa a se pou limenm sèlman; li p ap pataje l avèk okenn lòt moun. Epi kite jènfi yo efase nenpòt nan bezwen sou lis yo yo pa kapab resevwa imedyatman avèk lajan yo genyen kounyeya. Epi kite yo efase sa yo pa kapab chanje (paegzanp, wotè, koulè je yo, kòman manton sanble, pye ou). Kite yo gade lis pa yo a ankò. Petèt y ap wè gen kèk bagay ki rete. Sa yo ap bagay ki espiyèl, konpòtman avèk karaktè li, bagay ki fizik ou kapab anbeli atravè eksèsis.</p>
Prezantasyon pou enstriktè a	<p>Eksplike nou pa kapab chanje anpil nan bagay nou pa renmen apwopo tèt nou. Lè nou aksepte bagay sa yo inik avèk karaktè nou, nou kapab fè tan, enèji ak atansyon nan lòt kote nou <i>kapab</i> anbeli. Leson sa a pale sou bagay sa yo nou kapab anbeli epi n ap ogmante abilite pa nou pou gen siksè.</p>
	Nou pa ta dwe panse nou pa gen valè
Prezantasyon pou enstriktè a	<p>Chak jou nou wè karaktè pa nou avèk karaktè lòt moun. Souvan nou jije tèt nou pa rapò moun nou wè. Dabitid nou panse sou fòs lòt moun avèk feblès nou. Nou swete nou te wò, oubyen pi mèg, otan chèche, gen talan, entelijan oubyen otan espiyèl—e lis la kontinye nan tèt nou. Nou bese sa nou panse de tèt nou e nou pa wè talan ni fòs nou yo chak fwa nou pa panse bon bagay apwopo tèt nou. Espesyalman nou kapab gen yon ti opinyon sou sa nou panse apwopo tèt nou si nou kite zanmi nou yo fè nou santi nou pa otan bon ke yo si nou pa fè sa yo vle nou fè.</p>
Sitasyon	<p>Li sitasyon k ap suiv la:</p> <p>“Yon moun ki pa panse byen apwopo tèt li pa kapab chanje si l ap toujou suiv lòt moun ak presyon avèk enfliyans lòt moun. Jèn moun yo souvan depann de imaj yon lòt moun pase tèt pa yo” (James E. Faust, nan Conference Report, avril 1981, p. 8; oubyen <i>Ensign</i>, me 1981, p. 9).</p>
Diskisyon	<p>Mande jènfi yo panse apwopo lis yo te fè a avèk bagay yo pa renmen apwopo tèt pa yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Poukisa pafwa nou panse sou feblès nou yo? • Kòman lè nou pa panse nou gen valè afekte talan nou, aktivite nan legliz yo, avèk opòtinite pou dirije?
Sitasyon	<p>Li sitasyon k ap suiv la Eldè Marvin J. Ashton te di:</p> <p>“Yon enstriktè saj avèk prezidan Sosyete Sekou nan pye a. . .te montre yon gwo foto. Li te montre yon gason ki pa t penyen cheve li e bra li te kwaze e li t ap reflechi. Mo yo te di, ‘Mwen konnen mwen se yon moun paske Bondye pa fè fatra. Silvoulè kite m repete ankò, ‘Mwen konnen mwen se yon moun paske Bondye pa fè fatra.’ . . .</p>

“Chak moun nan chak pati lavi yo bezwen èd nan bati respè avèk endepandan sou tèt ou. . .Yon opinyon yon moun konsènan tèt li se sa li te aprann atravè eksperyans li avèk asosyasyon avèk lòt moun. Li bon pou konnen yon moun te ede yon moun devlope yon bon opinyon konsènan tèt li. Yon moun, petè yon manman, yon enstriktè nan Primè, yon vwazyin, oubyen yon chan tankou ‘Je suis enfant de Dieu’ te fè yon ti gason reyalize li se yon moun enpòtan. Li te konnen li pa t fatra. Li te konnen li se yon moun ou pa kapab chanje. Li te konnen li se yon moun Papa li nan Syèl la renmen” (Conference Report, oktòb 1981, p. 125; oubyen *Ensign*, novanm 1981, p. 89).

• Sou ki sa nou baze tèt nou?

Eldè Ashton eksplike ke opinyon yon moun de tèt li baze sou pwòp eksperyans pa li avèk asosyasyon li avèk lòt moun. Gen konfyans nan tèt nou kapab afekte sa nou panse nou ye e sa lòt moun di sou nou.

Kite jènfi yo koute yon nouvo fason ki pi puisan pou evalye opinyon sou tèt yo pandan w ap li fraz k ap suiv la:

Sitasyon avèk diskisyon

“Anpil moun rejte valè lafwa nan Bondye avèk konpòtman ki gen vèti. Se yon plan ki gen echèk poutèt li yo pa enkyetid sou enpòtans pwisan bagay nou konnen men ap kapab mezire. Paegzanp, mwen renmen madanm avèk fanmi mwen e mwen santi lanmou yo pou mwen. Ou pa kapab mezire kòman fon santiman yo ye pou nou chak, men lanmou sa a se reyèl pou noumenm. Lapenn se difisil pou mezire tou, men se reyèl. Se menm avèk vre lafwa an Bondye. Nou kapab konnen egzistans li san mezire li. Pòl di, ‘Espri bay lespri pa nou an asirans se piti Bondye nou ye’” [Wòm 8:16] (James E. Faust, nan Conference Report, avril 1981, p. 9; oubyen *Ensign*, me 1981, pp. 9–10).

Mande jènfi yo panse kisa Eldè Faust te di sou bagay ki difisil pou mezire apwopo tèt nou. Ekri yo sou tablo a.

• Ki kèk enflyans ki kapab afekte kòman nou santi nou apwopo tèt nou. Sa kapab—

1. Yon konpreyansyon nati diven nou kòm timoun Bondye.
2. Kòman paran nou yo aple avèk nou.
3. Kòman zanmi nou nou fè konfyans yo aji avèk nou.
4. Kòman enstriktè nou yo gade devwa nou.
5. Siksè avèk echèk nou genyen.

Sitasyon avèk diskisyon

Nou sonje Eleanor Roosevelt pou enspirasyon li lè li te di, “Okenn moun pa kapab fè w santi ou mwen enpòtan san ou pa apwouve” (Points to Ponder, “Reader’s Digest”, fevriye 1963, p. 261).

• Poukisa pafwa nou kite lòt moun fè nou mwen enpòtan? (Paske souvan nou kwè pi mal nan bagay apwopo tèt nou epi nou pa sonje fòs avèk potasyèl nou; paske nou enkyè twòp apwopo opinyon lòt moun.)

• Kòman ou kapab panse ou gen valè?

Si jènfi yo gen pwoblèm reponn kesyon sa a, mande yo pou panse sou li pandan yon tan. Rès leson an gen sigjesyon k ap ede nou reponn li.

Atitid nou apwopo tèt nou ede nou gen siksè

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike nou pa gen menm talan, abilite, ak potasyèl, men nou chak gen yon bagay nou kapab fè byen. Nou bezwn jwenn kalite inik pa nou yo epi bati sou yo. Nou bezwen gen ase konfyans nan tèt nou pou nou kapab anbeli yo. Nou kapab kòmanse epi *panse* nou kapab gen siksè.

Sitasyon

“Panse nou yo gen yon gwo bagay pou wè avèk fason nou viv, si nou kontan oubyen si nou gen depresyon, si nou jwi siksè oubyen gen anpil echèk, si nou jwi esprityèlman oubyen nou soufri paske nou manke li, nan mwen kwè si nou obeyi oubyen pa obeyi lwa Bondye yo. Kèk moun ki etidye konpòtman te konn di pwosesis nou panse se tankou kòman yon odinatè travay konsyans avèk pa konsyans. Sa nou mete nan tèt nou yo depann de atitid ak konpòtam nou genyen” (Dean L. Larsen, “Thoughts about Thoughts,” *Speeches of the Year*, 1976 [Provo: Brigham Young University Press, 1977], p. 116).

- Kòman lavi ou diferan si ou chwazi panse pozitif apwopo tèt ou pandan yon peryòd tan?
- Kòman nou mete panse pozitif nan tèt nou?

Pale apwopo teknik posib yo tankou pale bagay pozitif apwopo tèt ou, ankouraje tèt ou avèk sigjesyon pozitif tankou “Ou kapab fè li!”

Ka pou etid k ap suiv yo montre kòman panse nou yo kapab enflyanse abilite nou pou gen siksè

Ka pou etidye 1

Manman Cindy t ap fè vit pou fè manje a 6:00 paske li te gen yon reyinyon a 7:30. Cindy t ap panse sou yon devwa lekòl la pou demen pandan li t ap mete pla, fouchèt, kiyè, avèk kouto sou tab la. Manman te rele nan kuizin nan, “Fè vit, Cindy, w ale twò lan.” Moun toujou ap di Cindy li twò lan anpil fwa e li te kòmanse kwè sa. Li te panse, “Mwen kwè mwen lan.”

Diskisyon

- Kòman Cindy chanje repons negatif li nan youn ki pi pozitif?

Ka etid 2

Sue te kòmanse pran leson vyolon avèk yon vwazin ki te yon enstriktè. Li pa t santi li byen lè li te kenbe vyolon an e li te di enstriktè a li pa panse li t ap byen fè. Enstriktè a te asire li avèk pratik li t ap santi l pi alèz. Men Sue te santi li li pa tap janm aprann, donk li te sispann pratike nèt.

Diskisyon

- Kòman enstriktè Sue te aji lè Sue vini pou leson pwochèn nan?
- Kòman sa ap konfime panse Sue ke li pa kapab aprann jwe?
- Ki vrè pwoblèm Sue—yon mank abilite pou mizik; oubyen yon atitud negatif apwopo tèt li?
- Nan ki fason Sue te detèmine kòman leson vyolon yo t ap ale?

Ka etid 3

Becky te travay ta pou fini yon diskou li t ap prepare pou lekòl. Lè li te li l bay manman l nan demen maten anvan li te ale lekòl li te di, “Mwen panse m gen yon bon diskou, èske ou panse sa?” Manman te di li sete yon bon diskou paske li te pran tan pou prepare li.

Diskisyon

- Kòman atitud Becky, avèk sipò manman li, afekte prezantasyon li nan lekòl?
- Kisa k ta kapab rive si li pa t depanse tan pou prepare diskou a? Kòman li t ap santi li apwopo tèt li?

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike gen anpil bagay ki afekte sa nou panse apwopo tèt nou. Men bagay ki pi enpòtan se pwòp atitud nou. Nou responsab pou pwòp atitud nou. Nou chwazi kite panse negatif genyen sou nou oubyen nou kapab chwazi panse pozitif k ap ede nou gen siksè. Nou konnen nou se vrèman pitit lespri ki soti paran nan syèl la e kapasite nou pou grandi nan anpil zòn pa gen limit. Si nou chwazi fè sa nou kapab anbeli aparans pèsònèl nou, delope talan avèk konesans nou epi ogmante sousi avèk lanmou nou pou lòt moun.

Sitasyon

Nou te fèt pou gen siksè e nou ta dwe gen panse ki pozitif, epi mezire valè nou dapre sa ki di nan sitasyon k ap suiv la:

“Diyite yon moun grandi anpil lè li chèche nan syèl la pou vin sen. Nou ta dwe kanpe chèche limyè tankou gwo pyebwa yo. . . . Mwen te wè nan moun ki pi inb montre diyit avèk valè pou tèt yo, nan lavi moun ki pòv avèk moun ki te resevwa yon bon edikasyon avèk moun ki rich” (James E. Faust, nan Conference Report, avril 1981, p. 9; oubyen *Ensign*, me 1981, p. 10).

Konklizyon

Eksplike gen moman kote n ap santi nou pa akonpli otan bagay pase lòt moun. Nou bezwen konpare tèt nou avèk tèt nou epi chèche anbeli bagay yo dapre kapasite nou. Youn nan pi gwo defi se simonte santiman ke nou pa enpòtan yo. Lavi pa nou gen yon bi. Nou te fèt pou gen siksè epi vin tankou Bondye.

Aplike leson an

1. Pratike aksepte konpleman pozitif epi di "Mèsi." Pa di bagay ki negatif tankou "Rad ansyen sa a," oubyen "Mwen pa kapab chante," oubyen "Cheve m pa bon." Li bon pou aksepte konpleman yo.
2. Gade lis yo te fè nan kòmansman leson an. Chwazi yon bagay ou kapab chanje epi kòmanse anbeli karakteristik pèsònèl sa a.

OBJEKTIF	Chak jènfi ap gen kouraj pou aksepte opòtinite pou anbeli lavi li.
PREPARASYON	<ol style="list-style-type: none"> 1. Foto 19, Estè, ki nan fen manyèl la. 2. Prepare yon kat avèk ekriti Jozye 1:9 la. 3. Prepare mòso papye avèk sijè pou diskisyon sou yo. 4. Prepare pou w pale sou yon eksperyans pèsònèl kote ou te bezwen ankourajman pou eseye nouvo bagay. 5. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon ou vle.
Nòt pou enstriktè a	Leson sa a pale sou kouraj pou eseye nouvo bagay ki <i>bon</i> , epi ankouraje yo kontinye eseye nan sitiyasyon ki difisil yo. Fè si jènfi yo ap konfize kouraj sa a avèk fè bagay ki fou oubyen pa jis.

DEVLOPMAN POU LESON YO SIGJERE

Sa mande kouraj pou eseye fè nouvo bagay ki bon

Mande jènfi yo panse yon lè yo te eseye yon nouvo bagay ki bon tankou bay yon diskou, fè pati yon aktivite oubyen yon òganizasyon, fè yon nouvo espò, aprann yon nouvo talan. Mande yo pataje santiman yo apwopo eksperyans sa a. Epi eksplike sa mande kouraj pou eseye yon nouvo bagay ki bon.

Fè jènfi yo konprann lide k ap suiv la pandan ou ap diskite santiman yo apwopo eksperyans sa a:

1. Anpil moun gen santiman laperèz lè y ap fè yon nouvo eksperyans.
2. Se nòmal pou gen enkyetid ak laperèz lè w ap fè yon nouvo bagay.
3. Nou pa dwe kite laperèz nou anpeche nou fè bagay k ap ranfòse epi anbeli lavi nou.
 - Ki kèk laperèz ki kapab anpeche nou fè nouvo bagay yo?

Mande jènfi yo pataje lide pa yo epi eksplike laplipa moun panse y ap diferan oubyen moun ap ri yo si yo pa fè yon nouvo bagay byen. Laperèz sa yo souvan anpeche moun fè yon nouvo talan oubyen aktivite.

Prezantasyon pou enstriktè a	Pale apwopo sa mo <i>kouraj</i> la vle di. Ede jènfi yo konprann kouraj ba nou fòs pou fè sa. Si nou pè fè nouvo bagay ki bon se posib n ap rete pwogrè nou e nou p ap gen eksperyans k ap ranfòse lavi nou. Kouraj <i>lè ou itilize li avèk lafwa pou rezon ki jis</i> se youn nan zouti ki pi fò nou genyen pou ede nou anbeli lavi nou.
Diskisyon	<ul style="list-style-type: none"> • Ki kèk bagay bon nou bezwen kouraj pou nou fè? <p>Men kèk sigjesyon: Bay yon diskou, fè yon ti pale avèk yon moun ou pa konnen, priye devan yon gwoup, fè yon nouvo aktivite nan lekòl, bay yon konpleman, pale avèk zanmi ou apwopo levanjil la, aprann yon nouvo espò, di si ou gen tò, jwenn yon djòb.</p>
Prezantasyon pou enstriktè a	Eksplike nou chak konn santi nou pè. Sepandan, nou vin pi fò epi pi byen prepare pou pi gran defi yo lè nou pa kite laperèz kontwole dezi nou pou anbeli lavi nou. Nou gen yon sous sipò mèveye pou ede nou simonte laperèz epi ba nou fòs pou fè nouvo bagay ki bon.
Kat avèk ekriti	Montre kat ki gen Joze 1:9 la. Kite jènfi yo li epi memorize li. Eksplike Senyè a ap soutni nou epi l ap ba nou fòs lè nou chèche èd li lè nou eseye fè bon bagay.
Aktivite	Kite chak jènfi chwazi youn nan mòso papye yo ou te prepare a ki gen sijè k ap suiv la pou diskite. Kite l li avèk klas la kòman chak sigjesyon kapab ede yon moun resevwa

kouraj pou fè sa. Petèt w p ap vle ajoute sou sa li te di epi pale apwopo materyèl adisyonèl sou sijè a ki nesèsè.

Vin prepare. (Pran desizyon apwopo nòm ak valè anvan yon pwoblèm vini. Sa ap ede ou panse pi klè epi ba w kouraj pou aji byen. Prepare pou w suiv desizyon an malgre gen presyon avèk emosyon.)

Aprann. (Ou ta dwe koute epi aprann. Gade epi analize sityasyon an byen anvan ou fè li. Gade pou tèt di avèk fyète ki fo. Koute Espri a pou gidans.)

Gen yon atitid pozitif. (Konnen epi santi valè ou kòm pitit Bondye. Sonje yo te voye w la a pou w gen siksè. Ou gen talan avèk abilite k ap grandi vin pi fò lè w itilize yo.)

Priye. (Priye se yon sous fòs ki kapab ba ou kouraj pou fè bagay yo epi simonte laperèz. Sentespri a ap gide w epi ranfòse ou.)

Gen konfyans. (Reyalize ou gen apnil sous pou ede w lè w ap fè nouvo bagay yo. Ou gen fanmi w, dirijan Legliz yo, enstriktè yo, zanmi, avèk ekriti yo pou ede ou.)

Fè pi bon travay. (Pi bon travay se tout sa ki nesèsè lè w ap fè nenpòt nouvo bagay. Pa gen fè pou gen echèk paske echèk fè ou pi bon menm si rezilta yo pa osi pafè ou vle yo ye.)

Nou resevwa fòs pèsònèl lè nou fè nouvo bagay yo avèk kouraj

Istwa nan ekriti yo	<p>Eksplike ekriti yo pale apwopo anpil moun ki te gen kouraj lè yo te gen nouvo opòtinite. Akoz kouraj yo lavi yo te vin pi fò e yo te resevwa benediksyon. Estè sete yon bèl jènfi ebre ki te maryon wa Pès. Chèf administratè wa a te rayi jwif yo e li te vle touye pèp Estè a. Estè avèk pèp li a te gen anpil chagren. Madoche, kouzen Estè, te vin ede li. Li te mande li pou l pale avèk wa a epi eseye fè li chanje plan terib sa a. Nan tan sa a sete koutim yon moun kapab mouri si li ale kote wa a san yo pa envite li. Estè te konnen sa. Si li ale kote li epi li te mete baton l nan direksyon li, li tap kapab pale avèk li; men si li kenbe baton an san bouje li, sa vle di lanmò. Estè te deside li tap sakrifye lavi li pou li kapab sove pèp li a.</p> <ul style="list-style-type: none">• Li ansanm Estè 2:5–17; 3–4.• Kòman ou panse Estè te santi li lè li te nan sityasyon sa a? <p>Estè te bay Madoche repons li. Kite yo diskite Estè 4:16.</p>
Ekriti	<p>Si ou vle ou kapab di nan pwòp pawòl pa w sa ki te pase lè wa a te wè Estè (gade Estè 5:1–3).</p> <ul style="list-style-type: none">• Kòman li te prepare pou tès kouraj sa a?• Eske Estè te konnen li tap gen siksè oubyen echèk?• Kòman ou panse Estè te santi l apre li te kapab ede pèp li a?
Prezantasyon pou enstriktè a	<p>Eksplike tès lafwa avèk kouraj te fè Estè pi fò. Li te vin youn nan fi an Izrayèl moun renmen paske li te eseye yon nouvo bagay.</p> <p>Si ou gen tan rakonte istwa Jedeyon nan Ansyen Testaman an (Jij yo 6–8). Jedeyon sete yon jèn gason ki pa t gen konfyans nan tèt li e li te panse li mwen enpòtan nan fanmi papa li. Yon jou pandan li t ap rasanble ble yon zanj te vini epi te chita anba yon pyebwa. Zanj lan te di Jedeyon Senyè a te vle li sove Izrayèl anba lenmi l yo, Madyan yo. Jedeyon te mande kòman li ta kapab fè gwo travay sa a.</p>
Ekriti	<p>Mande jènfi yo chèche Jij 6:16 pou dekouvri kòman Senyè a te reponn Jedeyon.</p>
Prezantasyon pou enstriktè a	<p>Eksplike Jedeyon te si tèlman jwenn fòs nan kouraj li ke li te chire lotèl Baal la. Pita li te mennen twasan moun kont pil Madyan yo e menmjan avèk Estè li te ede libere pèp li a.</p> <ul style="list-style-type: none">• Kòman tès lafwa avèk kouraj chanje Jedeyon? <p>Eksplike Senyè a pwomèt nou chak si nou gen kouraj pou fè sa ki bon l ap avèk nou e n ap gen fòs pou simonte tès avèk opòtinite ki vini chak jou yo. Fòs sa a kapab ede nou simonte dekourajman epi ba nou kouraj pou fè ankò.</p>

Konklizyon

Li fraz k ap suiv la Eldè F. Enzo Busche te di:

Sitasyon

“Sa mande kouraj ak dezi pou suiv enspirasyon Espri a paske sa kapab fè nou pè lè yo mennen nou mache nan nouvo chemen, pafwa chemen okenn moun pa t konn mache anvan, fè sa ki plis pase moun ap atann, epi aji diferan de fason moun nan mond lan aji. Paegzanp petèt n ap resevwa yon enspirasyon pou souri lè yon moun ofanse nou, bay lanmou kote lòt moun rayi, di mèsèsi lè lòt moun panse pa gen rezon pou di mèsèsi, aksepte djòb lòt moun t ap gen twòp fyète pou yo fè, dezole lè lòt moun ap defann tèt yo, epi fè tout bagay Espri a enspire yon kè jis epi onèt k ap koute fè (“The Only Real Treasure,” *New Era*, desanm 1979, p. 5).

Diskite sitasyon Eldè Busche la epi ede jènfi yo wè enpòtans kouraj nan sitiyasyon ki menm nan pwòp lavi pa yo.

Aplike leson an

Sigjere jènfi yo priye anvan yo fè nouvo bagay yo. Ankouraje yo chèche direksyon Sentespri a pou jwenn epi gen nouvo opòtinite yo k ap ranfòse lavi yo. Sigjere yo ekri nan jounal yo kòman yo te santi yo anvan epi apre yo te gen opòtinite sa yo.

OBJEKTIF Chak jènfi ap rekonèt santiman valè yon moun ki ale ansanm lè ou viv avèk jistis.

PREPARASYON

1. Anvan leson an mete yon ti kiyè kras nan yon ti boutèy. Ranpli boutèy la avèk dlo men pa kite li koule. Mete yon kouvèti sou boutèy la epi souke dlo a avèk kras la. Kite li pandan dis minit epi kite dlo a soti nan boutèy la. Ranpli boutèy la avèk dlo ankò epi souke li. Kitel pandan dis minit epi kite dlo a soti nan boutèy la. Repete pwosesis sa a kat oubyen senk fwa pou dlo a kapab klè ankò lè kras la ale anba boutèy la. Pwosesis sa a kite nenpòt bagay k ap fè dlo a disparèt.
2. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt ekriti, istwa, oubyen sitasyon ou vle.

**DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE**

Entwodiksyon

Aktivite Pran boutèy ki gen dlo avèk kras la ki te rete sou tab la pandan omwen diz oubyen kenx minit. Dlo a ta dwe klè anwo kras la. Di jènfi yo gade sak rive avèk dlo a lè ou souke boutèy la. Dlo a pa klè ankò. Mete boutèy la sou tab la.

Ekriti Kite jènfi yo li Ezayi 57:20–21.

Prezantasyon pou enstriktè a Eksplike moun ki rete bò lanmè konnen sa k rive avèk dlo nan yon tanpèt. Tout kalite kras ak materyèl ou pa kapab wè ki soti nan fon lanmè vin melanje avèk dlo a. Gen yon konfizyon pandan vag dlo yo ap koule.

Diskisyon

- Avèk ki bagay Ezayi di yon lanmè ki boulvèse sanble lè li pa kapab fè yon pez? Lè Bondye di, "Pa gen lapè. . . pou mechan yo," ki kalite lapè l ap pale la a? (Lapè nan tèt ou avèk yon konsyans san peche.) Ede jènfi yo konprann lè yon moun fè peche e li pa repanti, li pa kapab rete nan lapè ni gen lapè. Gen yon bagay ki rive. Kisa li ye? Dirije diskisyon an epi di lide ke ou koupab ak lè ou pèdi valè tèt ou se kèk nan rezilta yo.

Prezantasyon pou enstriktè a Eksplike lè nou pèdi respè pou tèt nou mechans se tankou yon "lanmè ki boulvèse." Pa gen lapè nan lavi yon moun ki mechan.

- Kòman mechanste fè w ou pèdi respè pou tèt ou?

Viv avèk jistis fè ou bay tèt ou plis valè

Prezantasyon pou enstriktè a Eksplike pafwa valè pou tèt ou vle di sa yon moun kapab fè tankou jwe yon enstriman mizikal, fè byen nan lekòl oubyen espò. Gen yon bagay tout moun kapab fè ki ap devlope epi ogmante valè tèt ou, se viv avèk jistis. Lè yon moun eseye viv yon lavi ki jis kè li ap kalm e okenn moun pa kapab chanje sa. L ap santi li byen avèk tèt li. Youn nan dirijan Legliz la te di sa:

Sitasyon "Mwen pa konnen okenn bagay ki pote plis bonè pase reyalize ke sa nou te fè oubyen ap fè yo kòrèk epi yo bon" (Rex D. Pinegar, "What It Means to Establish a Relationship with Christ," nan *Speeches of the Year, 1977* [Provo:Brigham Young University Press, 1978], p. 91).

Sitasyon Yon lòt dirijan nan Legliz la te di yon fraz ki gen relasyon avèk sa a:
"Lè yon moun fè lagè avèk pwòp feblès pa li li goumen nan lagè ki pi sen moun kapab janm fè. Benediksyon ki vini nan viktwa nan lit sa a dirab e li satisfè nou plis pase nenpòt eksperyans moun genyen" (Bryant S. Hinckley, *That Ye Might have Joy* [Salt Lake City: Bookcraft, 1958], p. 83).

- Diskisyon avèk tablo a**
- Eske viv avèk jistis vle di sèlman pa peche?
 - Ki lòt bagay li vle di? Ekri sou tablo a kèk fason nou viv yon lavi ki jis.

Men kèk egzanp: Yon alyans avèk prensip kretyen tankou vin onèt avèk tèt ou epi ak lòt moun, vèti, chastete, lafwa, vin pi, modesti, avèk sèvi lòt moun.

Kite jènfi yo chèche epi li D&A 121:45. Diskite kisa sa vle di gen konfyans nan prezans Bondye. Ede jènfi yo konprann lè y ap viv avèk jistis y ap gen valè pou tèt yo k ap pèmèt yo kanpe devan paran yo, evèk la, avèk Papa nou ki nan Syèl la avèk yon konsyans san peche.

Prezantasyon pou enstriktè a

Montre boutèy la e di kòman li kalm e kras li kòmanse ale anba boutèy la epi dlo a vin pi klè.

Diskisyon

Diskite efè ki kalm ki vini lè nou viv prensip jistis yo ki sou tablo a.

Di istwa k ap suiv la pou ede jènfi yo konprann kòman lapè kapab vini lè ou viv yon lavi avèk jistis.

Istwa

Marie te pi gran nan senk timoun. Manman li te toujou depann de li pou ede pi jèn timoun yo e li te atann ke Marie gen pasyans ak lanmou avèk yo depi li te trè jèn. Marie te vin fatige pran responsablite frè ak sè l yo espyalman kounyeya li te vin pi gran e li te gen anpil zanmi e yo te gen aktivite pa yo. Li te kòmanse rayi frè avèk sè l yo e li te trete yo mal. Li pale avèk yo e li di yo kite li sèl nenpòt lè yo vini kote li pou yon bagay. Li pa pale avèk yo apwopo aktivite pa yo ni li pa kite yo antre nan chanm li. Li te kòmanse pa ale lakay li apre lekòl; li te ale kay zanmi l yo poutèt pou l pa t pran swen timoun malelve sa yo. Pafwa li te rekonèt je li te tris akòz sèl lè li te wè yo se nan dine men li pa t chanje fason li t ap trete yo.

Istwa

Nancy te panse youn nan pi gwo flo li sete yon fi ansyen ki te rete sou menm ri a. Madanm Smith te rete poukont li epi li te souvan bezwen èd andedan ak deyò lakay li. Nancy te ale ede l kèk fwa men nenpòt lè li te ale laba a li te oblije netwaye andedan epi deyò kay la epi koute Madanm Smith k ap pale pandan plizyè lè. Nancy te panse li t ap gaspiye tan li e li te pito avèk zanmi l yo. Manman Nancy te mande l fè yon ti tès. Li te mande Nancy pou l ale lakay li yon apremidi chak semèn pou netwaye epi pou vrèman koute li e eseye konprann bagay li t ap di yo. Li te di Nancy li tap bezwen fè sa sèlman pandan yon mwa epi li ta kapab kite travay li si l te vle. Nancy te deside fè eksperyans sa a pou manman li te k ap sispann agase li apwopo ale kay Madanm Smith.

Premye semèn nan li te eseye anpil pou kote Madanm Smith e li te twouve kè l fè l mal pou ansyen fi sa a lè li te reyalize ki kalite lavi di li te genyen. Semèn apre a pandan li t ap netwaye li te kòmanse reyalize Madanm Smith te aprann anpil nan eksperyans li te genyen yo e li te vrèman enterese tande li. Nan fen mwa a li pa t sèlman gen lanmou pou Madanm Smith men li te santi li te vrèman enpòtan pou yon moun ki te bezwen li anpil.

Diskisyon

- Ki jènfi ou panse ki te santi li pi anpè nan lavi pa li? Ki moun ki te santi l pi bon apwopo tèt li?
- Ki kèk benediksyon nou jwenn nan kòmanse bonè yon lavi ki gen jistis? (Ou kapab gen bon abitud; ou kapab gen chans pou grandi, devlòpe, pwogrese, respè pou tèt ou; mwens chans fè fot ki grav ki kapab mennen nou pèdi valè tèt ou.)

Senyè a te di nou "Mechanste pa janm gen bonè"

Nòt pou enstriktè a

Pran boutèy la epi souke li anpil pou dlo a vin sal ankò. Eksplike malgre santiman kalm ki vini nan yon moun tankou Nancy k ap eseye viv avèk jistis, yon moun k ap kite mechanste antre nan lavi li tankou lanmè ki boulvèse.

Diskisyon avèk ekriti yo

Li Alma 41:10 avèk Galat 6:7

- Kòman nou santi nou lè nou fè bagay ki mal? Poukisa se pa yon santiman alèz? Kijan ou ta kapab dekri santiman koupabilite? Sa k rive avèk valè pou tèt nou lè nou santi nou koupab? Eske sa fè yon diferans nan fason nou gade tèt nou?

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike mond lan ap fè nou kwè nou ta dwe kite santiman koupab pran plas kite peche ki fè santiman sa yo.

Diskisyon

Eksplike nou tout fèt avèk yon sans pou konnen sa ki byen ak mal. Sans sa a souvan rele konsyans nou. "Paske Espri Kris la nan tout moun pou li kapab rekonèt sa ki byen ak sa ki mal" (Mowoni 7:16). Sa fè reyalize lè nou fè yon fèt epi li enspire nou bay bagay ki mal yo do.

- Sa k rive lè nou mete do nou sou konsyans twò souvan? (Nou vin santi enspirasyon yo byen.)

Sitasyon

Eldè James E. Faust te di: “Kèk moun kapab santi yo kapab viv atravè nenpòt nòm yo vle. Anpil moun viv san santiman valè, respè, avèk diyite pou tèt yo nan yon sosyete ki pa gen valè, moral oubyen nòm” (nan Conference Report, avril 1981, p. 9; oubyen *Ensign*, me 1981, p. 9).

Diskisyon

- Pouksa Senyè a di mechanste pa janm gen bonè? Nan ki fason nou santi nou an plis sekirite epi alèz lè nou gen nòm yo?

Nou kapab vin gen valè pou tèt nou ankò si nou te pèdi li

Diskisyon

- Kòman nou kapab gen santiman valè, respè avèk diyite pou tèt nou ankò?

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike pa gen okenn nan nou k ap grandi san fè yon bagay ki mal. Lè nou santi respè pou tèt nou nou santi nou koupab men nou kapab chanje abitud avèk konpòtman pèsònèl nou atravè repantans. Lè nou resevwa padon nan men Senyè a li kapab fè nou santi nou pi byen apwopo tèt nou plis pase nenpòt lòt bagay.

Konklizyon

Eksplike repantans avèk vin padon yon moun kapab ba li lapè nan tèt li epi fè kalm yon moun ki gen pwoblèm. Eksplike kòman dlo klè nan boutèy la kapab ye si ou retire kras la ki toujou rete andedan. Nou kapab resevwa valè tèt nou ankò si nou repanti nèt epi gen yon konsyans ki klè.

Aplike lesan an

Kite jènfi yo revize aksyon pa yo epi detèmine bagay yo bezwen repanti pou yo oubyen chanje pou yo kapab gen plis valè pou tèt pa yo.

Pran swen resous pèsonèl yo

OBJEKTIF

Chak jènfi ap konprann enpòtans ak benediksyon itilize tan avèk sajès.

PREPARASYON

1. Pote yon kreyon avèk papyè pou chak jènfi.
2. Montre plizyè kalite bagay ki montre tan tankou yon klòch, yon mont, oubyen yon revèy lè w ap pratike yon enstriman mizikal.
3. Rasanble bagay k ap suiv yo pou yon leson objè ki nan leson an (w ap vle pratike objè leson an anvan klas la):
 - a. Yon boutèy demi lit ki klè.
 - b. Ase wòch pou ranpli boutèy la.
 - c. Yon demi lit sab, diri, oubyen sèl.
 - d. Yon demi lit dlo.
4. Prepare de kopi Lis referans ekriti (gade "chèche ekriti nan yon tan espesifik"). Pa mete mo ki nan parantèz yo.
5. Fè yon afich ki montre opinyon yon moun ki pwofesyonèl jan li di nan leson an.
6. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon ou vle.

**DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE**

Entwodiksyon

Leson avèk yon objè

Montre tout kalite bagay ki montre tan an.

Mete klòch sou yon tablo epi mete l sou yon minit pou li sonnen.

Mande jènfi yo pou yo chita an silans pandan yon minit menm si l sanble li long pou jis chita an silans.

Diskisyon

- Konbyen minit nou sèvi avèk sajès chak jou? Konbyen minit nou pa sèvi avèk sajès?
- Kisa nou kapab akonpli nan dis oubyen kenz minit avèk tan nou itilize avèk sajès?
- Eske ou kwè w ap bezwen eksplike kòman ou te sèvi ak tan ou avèk sajès?

Aprè jènfi yo fin reponn di gen yon bagay tout moun gen egalite: tout moun gen menm tan chak jou. Chak jènfi reponsab tan li genyen.

Nou reponsab fason nou itilize tan nou

Chèche ekriti yo nan yon tan espesifik

Eksplike ekriti yo anseye nou itilize tan nou avèk sajès. Divize jènfi yo an de gwoup. Chwazi youn pou ekri nan chak gwoup; ba li yon kreyon avèk lis referans ekriti yo.

Lis referans ekriti yo

1. Genyen yon (*tan*) pou chak (*bi*) Eklezyas 8:5).
2. Yon (*kè moun* ki saj konnen *tan avèk jijman*) (Eklezyas 8:5).
3. Ou pa ta dwe (*gaspè tan*) ou (D&A 60:13).
4. Y ap vin (*jije*) dapre (*zèv*) pa yo. . .ki te fèt nan (*kò tanporèl*) nan jou (*pwobasyon*) yo (1 Nefi 15:32).

Lè ou di yo pou ale chak gwoup ap jwenn referans yo epi jènfi a ta dwe ranpli kote ki pa gen yon mo a avèk mo yo ki kòrèk. Pa pran plis pase twa minit. Mande jènfi yo pou pran tou epi li ekriti konplè yo.

Sitasyon

Kite yon manm klas la li fraz k ap suiv la Prezidan Brigham Young te di;

“Sè yo. . .tan se bagay ki pi enpòtan sou latè; . . .si w sèvi avèk li byen l ap ede ou resevwa bagay k ap pote plis lapè avèk bonè pou ou. Annou konsidere sa epi pa chita avèk men nou kwaze ap gaspiye tan” (*Discourses of Brigham Young*, seleksyon pa John A. Widstoe [Salt Lake City: Deseret Book Co., 1941], p. 214).

Diskisyon

Itilize tan efektivman pote bendiksyon espirityèl ak tanporèl

• Poukisa pafwa nou itilize tan nou san sajès? (Diskite sa an detay epi mande jènfi yo pataje egzanp yo nan pwòp lavi pa yo oubyen lavi lòt moun.)

Fè si ou pale apwopo bagay k ap suiv la nan diskisyon an.

Rezon posib pou gaspiye tan:

1. Pa planifye byen
2. Ou pa konprann byen kisa ou bezwen fè ak kisa ki pi enpòtan pou fè premyèman
3. Fè bagay yo nan dènye minit
4. Pa òganize tan oubyen travay ou
5. Pa sèvi avèk zouti kòrèk la oubyen pi bon metòd pou fini yon travay
6. Itilize tan pou bagay ki pa enpòtan

Eksplike planifye, mete bagay ki pi enpòtan premyèman, òganize, kòmanse itilize zouti avèk metòd kòrèk yo kapab fè lavi pi byen e pi efikas. Lè ou itilize tan w avèk sajès yon moun kapab jwi pi gwo benediksyon ki espirityèl ak tanporèl.

Ka pou etidye yo avèk diskisyon

Mande jènfi yo ede rezoud sitiyoasyon k ap suiv yo pou chak jènfi nan ka pou etidye a kapab resevwa pi gwo benediksyon ki espirityèl ak tanporèl.

Ka pou etidye 1

Ann, yon prezidan nan klas li nan jènfi ki aktif nan lekòl li ap aprann leson mizik e li se sèl pitit fi lakay li. Lavi li sanble li toujou gen pwoblèm avèk devwa, aktivite Legliz yo, pran leson mizik yo, reyinyon yo, kòman li abiye, avèk reponsablite nan kay li yo. Li pa janm kapab jwenn tan pou li ekriti yo, e pafwa li dòmi pandan l ap li ekriti yo e souvan li ta lè li ale nan reyinyon yo.

• Kòman Ann ta kapab jwi yon lavi ki òganize olye yon lavi ki pa òganize? (Li ta dwe detèmine ki bagay ki pi enpòtan epi òganize tan li pou li kapab priye, etidye ekriti yo chak jou, avèk lòt bagay.)

Ka pou etidye 2

Christine te depanse anpil lè apre lekòl pou pran swen pi jèn frè ak sè li yo. Li ta renmen gen plis tan pou devlope espirityèlman epi aprann talan travay nan kay yo.

• Kòman li ta kapab mete responsablite pran swen frè ak sè yo avèk delope espirityalite avèk aprann talan travay nan kay yo ansanm? (Li ta kapab anseye timoun yo leson levanjil yo avèk chan yo; devlope yon plan epi anseye pi jèn sè l yo kòmman kuit manje, koud; li ekriti yo pou timoun yo avèk istwa ki ladan yo.)

Ka pou etidye 3

Lisa fè devwa nan legliz yo e li se yon bon etidyan, li travay byen, e li ede tankou yon pitit fi fè. Li pase tan lib li ap koute mizik, naje, reflechi epi reve pandan jounen an.

• Kisa ou panse sou fason Lisa pou pase tan lib li? (Lisa sanble li fini bagay li bezwen fè yo epi li sèvi avèk tan li byen. Ou ta dwe gen tan pou repoze, fè yon kabicha, avèk rekreyasyon. Ou ta dwe gaspiye tan lè ou pa gen yon plan.)

Sitasyon ki rezime leson an

Li sitasyon k ap suiv la:

“Ou p ap nesèsman itilize tan ou avèk sajès si ou jis okipe. Ta dwe gen tan pou devlopman mantal ak espirityèl e tan pou repoze; tan pou adore ak tan pou eksprime remèsman nou pou chans nou genyen pou travay, panse, priye, li, ede, reve, ri, planifye epi aprann. . . .

“Tan nou pase ap aprann sou Papa nou ki nan Syèl la ap ba nou anpil benediksyon tout jou nan lavi nou yo” (John Longden, “Time Is of the Essence,” *Improvement Era*, jen 1966, pp. 511–12).

Itilize tan ou avèk sajès mande pou w planifye

Leson avèk yon objè

Mande jènfi yo di tout kalite aktivite yo *dwe* fè chak jou (ale lekòl, manje, dòmi, fè devwa, avèk lòt bagay). Mete yon wòch nan boutèy la chak fwa yo di yon aktivite. (Boutèy la reprezante yon jou, vennkatrè.) Ranpli boutèy la avèk wòch yo. Mande jènfi yo pou di lòt bagay yo bezwen fè chak jou (ale epi retounen lekòl, ranje kabann yo, netwaye chanm yo, pran swen tèt yo, priye, etidye ekriti yo, repare rad yo, pratike mizik, ale Legliz, avèk lòt bagay). Ajoute sab, diri, oubyen sèl nan boutèy la chak fwa yo di yon aktivite. Di lavi jènfi yo ranpli tankou boutèy la. Epi ajoute dlo, e eksplike menm si ou gen yon jou ki plen aktivite toujou gen yon tan pou reflechi, rekreye oubyen fè lòt bon aktivite. (Dlo a reprezante aktivite sa yo.) Nou tout ta dwe balanse tan nou. Nou bezwen planifye byen pou nou kapab akonpli tout sa nou bezwen epi nou vle fè.

Istwa

“Yon fwa yon moun ki konn pi bon fason pou òganize tanli te vin kote prezidan yon gwo konpayi ki fè fè e li te di l sa li kapab fè pou ede konpayi an. Prezidan an te di, ‘Ou pa kapab paske mwen p ap veye byen tankou mwen konnen fè l kounyeya. Nou bezwen aksyon pa sèlman konesans. Si ou ta kapab ede nou fè sa nou konnen nou ta dwe fè m ap peye ou nenpòt kantite lajan ou mande.’

“Pwofesyonèl la te di, ‘Anfòm. Mwen kapab ba ou enfòmasyon nan kèk minit pou ogmante travay ou senkant pousan. Premyèman ekri sou yon papye sis travay ki pi enpòtan ou bezwen fè demen. Dezyèmman, mete yo nan yon lòd dapre enpòtans yo. Twazyèmman kòmanse travay sou premye bagay la demen maten. Lè ou fini li fè dezyèm nan epi twazyèm nan. Fè yo jiskaske jou a fini. Pa bay tèt ou pwoblèm si ou fini sèlman de oubyen twa oubyen yon sèl travay. W ap travay sou sa ki pi enpòtan an. Katriyèmman pran dènye senk minit nan jou a e fè yon lis bagay ki enpòtan pou fè jou pwochèn nan.

“Dapre rapò a prezidan an te bay pwofesyonèl la \$25,000, \$1,000 pou chak nan vennsenk minit li te pase avèk li yo” (*Teacher Development Program—In-service Series 2, 1971–72, Materyèl pou moun k ap aprann, p. 58*).

Montre afich ki montre konsèy pwofesyonèl la bay pou itilize tan w efektivman.

Konsèy pwofesyonèl la bay

1. Ekri travay ki pi enpòtan ou bezwen fè a.
2. Bayo nimewo dapre enpòtans yo.
3. Kòmanse sou premye bagay la nan maten.
4. Lè ou fini premye a fè dezyèm nan epi twazyèm nan.
5. Chak swa fè yon nouvo lis pou jou pwochèn nan.

• Kòman Papa nou ki nan Syèl la ede nan plan sa a? (Mande èd Papa nou lè n ap itilize tan nou pou bagay ki pi enpòtan.)

Ekri

Bay chak jènfi yon papye avèk yon kreyon. Kite yo chak divize papye a an twa kolòn epi rele premye kolòn nan “Dwe fè”, dezyèm nan “Ta dwe fè,” twazyèm nan “Ta renmen fè.” Di jènfi yo ekri anba tit “Dwe fè” a bagay yo dwe fè *demen*; anba tit “Ta dwe fè” a ekri bagay yo ta dwe fè; anba tit “Ta renmen fè” a bagay yo ta renmen fè ki amizman. Sa gen relasyon avèk wòch, sab avèk dlo a. Mande jènfi yo pou bay chak bagay yon ninewo nan dènye de kolòn yo dapre enpòtans yo paske sa yo se aktivite yo kapab kontwole.

Aplike leson an

Kite jènfi yo panse seryezman sou bagay enpòtan yo te idantifye epi konsidere kòman yo kapab itilize tan yo pi efektivman pou akonpli aktivite ki pi enpòtan nan dènye de kolòn yo. Sigjere yo suiv sigjesyon pwofesyonèl la pou de semèn pwochèn yo. Ba yo tan pou yo bay yon rapò sou siksè yo nan de semèn.

Ankouraje yo mete ajenou epi priye pou mande èd Senyè a chak maten. Yo kapab pale avèk li sou devwa yo avèk bagay ki pi enpòtan pou jou sa a, epi mande l èd avèk enspirasyon li lè y ap fè bagay sa yo epi bay yon rapò sou fason yo te fè avèk li chak lannuit.

Aktivite yo sijere


Envite yon moun ki byen kalifye (tankou yon etidyan nan inivèsite, yon jèn manman, oubyen yon lòt manm nan pawas oubyen branch ou ki byen òganize) pou yo pataje lide yo apwopo itilize tan yo efektivman apre evèk la oubyen prezidan branch lan apwouve yo.

OBJEKTIF	Chak jènfi ap apresye valè travay.
PREPARASYON	<ol style="list-style-type: none"> 1. Fakiltatif: Prepare yon wòch avèk mo <i>travay</i> sou li pou chak jènfi. 2. Chwazi yon jènfi pou pale apwopo travay l ap fè epi kite yon lòt jènfi pale apwopo yon pwojè tankou yon sèvis li te fè jan yo di l nan lesan an. 3. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon ou vle.
DEVLOPMAN POU LESON YO SIGJERE	<p>Travay se yon pati enpòtan nan plan levanjil la</p> <p>Mande jènfi yo pou koute epi leve men yo lè mo a ba yo bon santiman pandan w ap li mo yo. Di mo sa yo—<i>vakans, djòb, kabicha, travay</i>—di mo yo epi tann repons yo.</p> <p>Eksplike lide travay pa toujou sanble bon pou noumenm. Men abilite avèk opòtinite pou travay kapab pote gran benediksyon nan lavi nou.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kòman lavi ou tap diferan si paran ou pa tap vle fè nenpòt travay? • Kisa Legliz la tap ye jodi a si manm ki te kòmanse Legliz la pa t vle travay? <p>Ekriti Li ansanm Moyiz 5:1 avèk Egzòd 20:9</p> <p>Sitasyon Eksplike pwofèt dènye jou yo anseye nou pou nou travay, endepandan, epi soutni tèt nou. Li fraz k ap suiv la:</p> <p>“Pa gen yon Sen Dènye Jou pandan li kapab fizikman avèk emosyonèlman ki dwe bay yon lòt moun chay fanmi li. L ap bay tèt li avèk fanmi li bezwen espiyèl ak tanporèl lavi sa a anba enspirasyon Senyè a amwenske li pa kapab fè sa” (Spencer W. Kimball nan Conference Report, oktòb 1977, p. 124; oubyen <i>Ensign</i>, novanm 1977, pp. 77–78).</p> <p>Sitasyon Lè yo te prezante pwogram byennèt la Premye Prezidans lan te di: “Bi prensipal nou se tabli yon sistèm anba n ap kite malediksyon ki vini lè moun fè anyen, e n ap tèmene mechanste moun ki resevwa bagay san obligasyon, men n ap entwodui endepandans, travay, ekonomize avèk respè pou tèt la pami pèp nou. Bi Legliz la se pou ede moun ede tèt yo. N ap retounen prensip travay kòm prensip fondamantal pèp nan Legliz la” (nan Conference Report, oktòb 1963, p.3).</p> <p>Prezantasyon pou enstriktè a Diskisyon avèk tablo a</p> <ul style="list-style-type: none"> • Poukisa travay ta dwe yon prensip fondamantal nan lavi nou? • Poukisa p ap fè anyen se yon malediksyon? Poukisa resevwa bagay san obligasyon mechan? • Ki benediksyon ki ap pou nou si nou obeyi prensip sa a? (Ekri mo <i>endepandans, travay, ekonomize avèk respè pou tèt ou sou tablo a.</i>) <p>Diskisyon Mande jènfi yo si nenpòt nan yo tèlman malad ke li pa t kapab fè anyen. Kòman yo t ap santi yo si yo pa t kapab akonpli menm pi piti travay nan pran swe tèt yo si yo te malad pou anpil tan?</p> <p>Prezantasyon pou enstriktè a Yon jènfi ki te malad epi ki te rete nan kabann ni pou tout ete a te pwomèt li pa t ap plenyen ankò lè l bezwen leve maten. Li te trè kontan li kapab itilize bra avèk janm li yo ankò pou yo kapab fè travay yo.</p> <p>Eksplike youn nan pati ki pi enpòtan nan resevwa bonè se devlope abitud travay. Travay nou kapab satisfè nou, enteresan, yon defi, stimile tèt la, mande efò oubyen kreyatif. Li pa bezwen raz, limite oubyen san defi. Atitud nou ap detèmene kisa nan pwèn sa yo nou aksept. Yon jènfi te aprann lesan enpòtan sa a jan istwa k ap suiv la montre a:</p>

Istwa	<p>“Setan pase, Ann Clynick te kòmanse yon bisnis kote li t ap pran swen tibebe avèk timoun nan kay li pou l pa bezwen al travay deyò ankò.</p> <p>“Li te gen kat timoun lakay li, youn te lekòl, epi yo te gen pwoblèm lajan. Li te di kesyon an se pa si li dwe travay men ki kalite travay li ta dwe fè. . . .</p> <p>“Pandan li t ap rezoud pwoblèm nan li te gen yon lòt pwoblèm.</p> <p>“Li te di, ‘Mwen te rayi li.’ Mwen t ap travay swasantè chak semèn ap pran swen timoun lòt moun. Mwen pa t janm pran swen timoun yo lè mwen te pi jèn. Mwen pa t vrèman renmen pase tan mwen avèk timoun eksepte pwòp timoun pa mwen yo. E mwen te rayi pran swen timoun plis paske mwen te santi m te oblije fè li. Sa te dekouraje m.</p> <p>“ ‘Men mwen pa t kapab kite travay la e mwen pa t tap chèche travay deyò.’</p> <p>“Pou premye dezan li te soufri chak jou kuit manje, netwaye kay la, epi chanje kouchèt timoun yo plizyè fwa avèk defi li pou anseye dis timoun pou jwe byen. Kat nan yo te pou li avèk sis lòt timoun.</p> <p>“Yon jou li te li yon yon atik yon Otorite Jeneral te ekri ki te pale apwopo yon gason ki te vizite yon jènfi ki te gen travay lave etap yo. . . chak jou.</p> <p>“Lè l te konn plenyen lavi li te raz mari li te di l si li te gen travay la li t ap chèche konnen tout enfòmasyon li ta kapab osijè li. . . .</p> <p>“Sè Clynick te di, ‘Sa istwa sa a vle di pou mwen sèke li te vin fè m reyalize ke se atitud nou devan travay la ki enpòtan; se pa nesèman travay la limenm.’</p> <p>“Depi lè sa a mwen te deside aprann tout bagay mwen ta kapab sou pran swen timoun.’ . . . Mwen te fè plizyè klas. . . . Kounyeya li gen yon pwogram li devlope pou timoun yo yon ane alavans. Li gen yon lis timoun ki vle ale lakay li. . .</p> <p>“Sè Clynick te di ‘Mwen te santi mwen te kapab fè yon bagay mwen te rayi e m te panse ki te raz e mwen chanje atitud mwen depi sèt ane. . . .</p> <p>“ ‘Mwen te aprann bagay yo, mwen te aprann epi mwen te jwi sa mwen fè a’” (John Forster, “Attitude—Not Necessarily Job Itself—Is Important,” <i>Church News</i>, 29 me 1982, p. 12).</p>
Diskisyon	<p>Mande jènfi yo si nenpòt nan yo te gen yon eksperyans ki te menm yo ta renmen pataje.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kòman eksperyans sa a aplike pou kou nan lekòl, travay nan kay, ti djòb yo, oubyen devwa nan legliz yo ki pa sanble yo enteresan? Kòman atitud nou enflyanse fason nou fè travay nou? Ki kèk benediksyon nou jwenn lè nou fè yon travay byen?
Sitasyon	<p>Li sitasyon k ap suiv la:</p> <p>“Pa janm joure moun ki gen travay ki peye mwens lajan pase oumenm. Gen anpil diyite ak valè nan yon travay kote ou onèt. Pa sèvi avèk mo <i>konnen</i> pou nenpòt travay ki anbeli mond lan oubyen moun ki rete nan li.</p> <p>“Pa gen chagren nan kelkeswa travay ki gen onèt” (Boyd K. Packer, nan Conference Report, avril 1982, p. 121; oubyen <i>Ensign</i>, me 1982, p. 84).</p>

Travay enpòtan pou tanporèl, sosyal, ak espirityalite nou

Istwa	<p>Yon moun ki t ap vwayaje rive bò kot yon ti rivyè ki te nan chemen li. Yon etranje te rive apre e li te di l si li te vle pran kèk ti wòch mete nan pòch li lè l rive kote l prale a li tap santi li byen epi kontan. Li te fè sa etranje a te di l la epi li te ale. Lè l te rive nan pwochè ti vil la li te pran ti yon wòch nan pòch li e li te sezi wè se te yon pyè presye. Li te konprann sa etranje a te vle di a. Li te santi li tris paske li pa t pran plis wòch men li te kontan li te pran kèk nan yo.</p>
Diskisyon avèk tablo a	<p>Ekri sèk ki reprezante ti wòch sou tablo a. Ekri pwen k ap suiv nan sèk yo. Fè yon sèk sou kat mo ki djea sou tablo a: <i>endepandans, travay, ekonomize, respè pou tèt ou</i>.</p>



Diskisyon

- Kisa ti wòch yo kapab senbolize si ou te moun ki t ap vwayaje sa a nan fen lavi ou?
- Ki kèk bi ou vle akonpli? Ki kèk kalite ou ta renmen gen nan lavi sa a?
- Kòman ou ta santi w pita si ou pa t pran okazyon pou pran tout “ti wòch” ou te vle?

Powèm

Yon lòt fason pou ekspri lide sa a se sa ki suiv la:

Nan tout mo tris ki soti nan bouch oubyen yon plim

Men sa ki pi tris: “Li te kapab konsa!”

(John Greenleaf Whittier, “Maud Muller,” *A Treasury of the Familiar*, edite pa Ralph L. Woods [Nouyòk: Macmillian Publishing Co., 1942], p. 236.)

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike malgre anpil moun pa akonpli bi pa yo ni akonpli sa yo te vle paske yo pa t travay sou li ase di. Yo pa t vle peye pri a pou bonè yo ta kapab genyen an. Anpil moun nan lavi pa konprann yo kapab, san maji, chanje sa yo swete an reyalyte—lè yo travay pou sa yo vle a.

Sitasyon

Li sitasyon k ap suiv la:

“Pa gen yon fason senp pou aprann. . . Pa gen yon fason senp pou okenn bagay ki gen valè. Se sèlman atravè travay di nou merite li. Mwen pa ka si ou entelijan anpil règ sa a toujou aplike pou oumenm” (J. Reuben Clark, Jr., kòm site nan *Vital Quotations*, konpile pa Emerson Roy West [Salt Lake City: Bookcraft, 1968], pp. 401–2).

Prezantasyon pou enstriktè a avèk tablo a

Prezantasyon pou enstriktè a avèk tablo a

Eksplike nou kapab mezire bon rezilta nan travay nan twa zòn.

Anba “ti wòch yo” sou tablo a mete twa liy epi kite yo vid. Lè diskisyon an pwogrese ranpli liy ki vid yo avèk mo *tanporèl*, *sosyal*, ak *espirityèl*.

Ajoute sou tablo a:



Ekri mo *tanporèl* nan premye liy ki vid la. Eksplike ou bezwen travay pou viv.

Sitasyon	<p>“Tout materyèl nou resevwa nan lavi sa a soti kot Bondye e paske nou te travay pou li. Travay menm pwodui sa ki nesèsè nan lavi” (Ezra Taft Benson, nan Conference Report, oktòb 1980, p, 45; oubyen <i>Ensign</i>, novanm 1980, p. 32).</p>
Prezantasyon pou enstriktè a	<p>Eksplike nou konnen nou kapab genyen lajan lè nou travay. Nou resevwa lajan dapre talan nou, e fason nou travay.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ki bagay nou bezwen fè kounyeya pou byennèt nou nan fiti? • Ki atitid ki kapab anpeche nou aprann travay epi pran swen pwòp bezwen tanporèl yo? • Kòman lè ou vle travay ede ou nan devwa pou lekòl avèk nan lavi fanmi ou?
Prezantasyon pou yon manm klas la	<p>Kite yon jènfi rakonte travay li fè. Kikote li te aprann kijan pou l fè travay li? Eske li renmen l? Kòman l ap anbeli oubyen ajoute sou talan l yo?</p>
Sitasyon	<p>Lè Eldè Dallin H. Oaks te pale avèk etidyan nan inivèsite a pandan li te prezidan Brigham Young University, li te pale sou fason etidyan yo bezwen aprann travay avèk disipline tèt yo.</p> <p>“Gen kèk bagay ki ban mwen plis lapenn pase wè jèn gason ak fi ki pa reyalize potansyèl pa yo, ki pa . . .disipline tèt yo pou fè travay ki nesèsè pou resevwa talan avèk ansèyman ou kapab aprann avèk yon bon edikasyon. Gen twòp moun ki lach, twòp moun k ap gade televizyon, twòp moun k ap bwonze sou zèb la, twòp moun k ap chèche bagay ki amizan, twòp moun ki mete twòp depandans sou opinyon ak travay lòt moun, twòp moun ki pa mete ase endepandans sou tèt yo” (Dallin H. Oaks, “The Formula for Success at BYU,” <i>Speeches of the Year, 1979</i> [Provo: Brigham Young University Press, 1980], p. 169).</p>
Diskisyon	<p>Diskite bagay ki evite moun travay Prezidan Oaks di yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kòman nou kapab disipline tèt nou pou n fè pi bon travay nan lekòl? Kisa sa vle di vin lach? • Ki kèk abitud ak atitid ki kapab anpeche nou akonpli potansyèl nou?
Tablo a	<p>Ekri mo <i>sosyal</i> nan dezyèm liy ki vid la.</p> <p>Li epi make ekriti k ap suiv yo: (D&A 68:31; 42:42; 75:29).</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kòman moun ki lach mennen tèt yo fè peche? Diskite efè moun ki lach antanke endividi, yon fanmi, ak yon kominote?
Sitasyon	<p>Kite yon moun li sa Eldè Neal A. Maxwell te di apwopo reponsablite sosyal pou travay:</p> <p>“Si nou aprann travay bonè nan lavi n ap pi bon endividyalman, pi bon manm nan fanmi nou, pi bon vwazin, e pi bon disip Jezikri, ki Limenm te aprann travay kòm bòs chapant” (“Gospel of Work,” <i>Friend</i>, jen 1975, p. 7).</p>
Diskisyon	<ul style="list-style-type: none"> • Kòman lè nou vle travay beni lavi manm fanmi nou? Zanmi nou yo nan lekòl? Moun nan kominote nou?
Prezantasyon pou yon manm klas la	<p>Kite yon jènfi eksprime santiman li yo apwopo yon pwojè li te fè kòm sèvis? Ki travay li te fè? Kòman li te ede lòt moun? Kòman yo te aji? Kòman li te santi li?</p>
Prezantasyon pou enstriktè a	<p>Eksplike yon bon sosyete depann sou manm yo k ap ede atravè travay pa yo. Nou pa kapab bon etidyan, misyonè, dirijan, paran, oubyen sitwayen amwenske nou aprann travay.</p>
Tablo a	<p>Ekri mo <i>espiritiyèl</i> nan twazyèm liy ki vid la.</p>
Prezantasyon pou enstriktè a	<p>Eksplike Adan ak Ev te aprann Senyè a te bay tè a yon malediksyon <i>akoz yomenm</i> (gade nan Moyiz 4:23).</p> <ul style="list-style-type: none"> • Poukisa yon malediksyon sou latè t ap yon <i>benediksyon</i> pou Adan ak Ev? Ki karakteristik yo te resevwa poutèt yo te travay? • Sa k rive avèk nam nou lè nou travay? Lè nou pa travay?

Konklizyon

Sitasyon “Nou kreye bagay ansanm avèk Bondye. Li te ba nou kapasite fè travay li poko fè a, pou kontwòle enèji, retire bagay mineral yo, itilize trezò latè yo pou byennèt nou. Men sa ki pi enpòtan, Senyè a te konnen travay di t ap devlope karaktè nou” (J. Richard Clarke, nan Conference Report, avril 1982, pp. 109–10; oubyen *Ensign*, me 1982, p. 77).

Aplike leson an

Bay chak jènfi yon ti wòch oubyen yon wòch avèk mo *travay* sou li. Ankouraje chak jènfi anbeli talan ak atitud li apwopo travay.

OBJEKTIF Chak jènfi ap konprann bi avèk valè edikasyon li atravè lavi li.

- PREPARASYON**
1. Foto 20, Jènfi k ap travay; foto 21, Jèn manman k ap ede timoun li li; foto 22, Jènfi k ap anseye yon reyinyon nan Legliz. Tout nan fen manyèl la.
 2. Fakiltatif: Prepare materyèl pou edikasyon tankou liv pou lekòl, ekriti yo, liv mizikal yo, yon règ.
 3. Fakiltatif: Prepare yon papye pou chak sa ki di la a: “Nan yon travay,” “Nan yon kay,” “Nan Legliz avèk kominite a.”
 4. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon ou vle.

**DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE**

Istwa

Entwodiksyon

Jeffrey R. Holland te rakonte istwa k ap suiv la pandan li te prezidan Brigham Young University:

“Mwen ta renemn rakonte ou yon istwa ki vre apwopo yon jèn gason ki pa t gen opòtinite ale lekòl pandan anpil tan. Papa li te mouri donk fanmi li pa t gen anpil lajan. Yon jou gason an te vin malad vin asmatik e li te manke anpil lekòl.

“Tou dousman sante li te retounen e li te kontan retounen lekòl. Men li te nan lekòl nan ane a, nan setyèm nivo lè li te oblije sispann al lekòl nèt. Limenm avèk frè l yo te oblije jwenn travay pou ede genyen ase lajan pou achte manje avèk rad pou fanmi an.

“Gason an te travay di, li te grandi fò, e li te aprann anpil bagay atravè eksperyans li. Li te li liv tout tan li te kapab, e li te enterese nan aprann bagay li te manke lè li pa t ale lekòl yo. Souvan li te konn di kòman li pa t gen yon edikasyon konplè. Li te yon gason mèveye e li te travay di pou devlope tèt li. E li te kontinye espere li t ap retounen lekòl. Men li pa t janm gen chans sa a. Ti gason sa a ki pa t gen yon edikasyon sete papa m.

“Akoz eksperyans papa m, li te vle m gen yon bon edikasyon. Lè mwen te di, ‘Men mwen pa vle ale lekòl,’ li te di. ‘Ma prale nan plas ou. Eske w panse pwofesè a ap renmen sa? M ap mande m si m ase pitit pou chita nan chèz ou a?’

“Sa te toujou fè m ri paske mwen panse sa tap fè pwofesè m nan pè pou wè yon gran moun vin lekòl, e *mwen te konnen* li pa t ase pitit pou chita nan chèz mwen an. Donk mwen t ale lekòl. . . .

“Pita lè m te gradye nan lekòl segondè, te fè yon misyon, e mwen te fini etid mwen nan inivèsite, mwen te resevwa yon Ph.D. nan yon lekòl nan zòn Nouvo Angletè bò Nouyòk. . . .

“Lè m te resevwa diplòm mwen mwen te anvi papa m genyen li. Li pa t janm resevwa yon diplòm nan okenn lekòl e mwen te panse li te merite sa. Mwen te di li menm si non mwen te sou diplòm nan li ta dwe pou limenm. Mwen te di l yo te fè yon fòt lè yo te ekri li. Sa te fè li ri epi li te fè l kriye. Mwen pa t konnen lè sa a poukisa sa te fè l kriye—men mwen konnen kounyeya” (“Do You Think I Can Fit into Your Seat?” *Friend*, septanm 1978, pp. 6–7).

Diskisyon

- Eske ou panse papa avèk gason sa a te aprann valè yon edikasyon? Kòman egzanp sa a ede nou apresye plis opòtinite nou genyen pou resevwa yon edikasyon?

Nou te resevwa konsèy pou resevwa yon edikasyon

Prezantasyon pou enstriktè a	Eksplike dirijan Legliz nou yo toujou ankouraje nou resevwa yon edikasyon. Piyonye Mòmou yo te kontinye anseye youn lòt malgre pèsekisyon ak destriksyon lakay pa yo. Edikasyon sete youn nan bagay ki enpòtan pou yo. Yo te pote liv sou plizyè sijè tout kote yo te ale yo te bati lekòl.
Ekriti avèk diskisyon avèk tablo a	Kite jènfi yo chèche epi li D&A 88:118. Eksplike Senyè a te kòmande nou aprann nan ekriti sa a avèk lòt kote. <ul style="list-style-type: none">• Kisa ou panse Senyè a vle nou aprann? Ekri repons jènfi yo sou tablo a. Epi li D&A 88:77–79 epi ekri repons sou tablo a yo poko di a.• Ki sijè w ap etidye kounyeya k ap ede ou aprann apwopo bagay sou tablo a?
Sitasyon yo	Dirijan Legliz nou yo kontinye mete anpil enpòtans sou edikasyon. De nan pwofèt modèn nou yo te ba nou konsèy sa a: <p>“Legliz la depi kòmansman tan an kwè nan prensip la ‘glwa Bondye a se entelijans.’ (D&A 95:36.) Nou ankouraje pèp nou yo etidye epi prepare pou bay sèvis avèk tèt avèk men pa yo.</p> <p>“Kèk vle vin doktè, avoka, pwofesè avèk lòt travay e gen lòt ki vle vin bòs chapant, mekanisyen, plonbye, eksetera. Nou panse pèp nou an ta dwe resevwa antrenman ke yo enterese a epi gen talan yo. Si se yon pwofesyon, nan la, oubyen vokasyonèl, si se antrenman nan inivèsite oubyen nan lòt kote nou soutni l epi nou ankouraje li” (Spencer W. Kimball, nan Conference Report, oktòb 1977 4–5; oubyen <i>Ensign</i>, novanm 1977, p. 4).</p> <p>“Legliz la te toujou rekonèt edikasyon kòm premye obligasyon pou chak jenerasyon avèk moun ki vini apre limenm. Chak nan nou se yon moun etènèl epi ki gen entelijans. Nou gen dwa ankouraje epi kontinye gen yon dezi pou aprann, aprann epi kontinye aprann tout bagay posib pou tèt nou, vwazin nou, mond nou, avèk Bondye nou” (Hugh B. Brown, nan Conference Report, avril 1968, p. 101; oubyen <i>Ensign</i>, jen 1968, p. 34).</p>

Edikasyon nou kapab beni nou nan lavi

Diskisyon avèk tablo a	Eksplike yon edikasyon ouvri pòt anpil opòtinite ki tanporèl ak espiyèl. <ul style="list-style-type: none">• Kòman yon edikasyon ede nou nan lavi nou? Ekri repons jènfi yo sou tablo a. Fè si ou pale apwopo pwen k ap suiv yo.
Foto ka papyè ki gen mo yo	1. (Montre papyè ki gen mo “Nan yon travay” yo epi montre foto yon jènfi nan yon travay.) Eksplike edikasyon ba nou yon talan oubyen yon vokasyon k ap ede nou resevwa yon bon djòb. Sa enpòtan pou jènfi ak jèn gason menmjan ak sitasyon k ap suiv la di:
Sitasyon avèk diskisyon	“Gen anpil rezon enpòtan pou sè nou yo prepare pou travay. . . . Nou vle yo resevwa tout edikasyon ak antrenman posib anvan yo marye. Si mari yo mouri oubyen si yo divòse yo bezwen travay epi jwenn yon bon djòb. Si yon sè pa marye li gen dwa chèche yon travay k ap kite l montre talan avèk don li yo” (Howard W. Hunter, <i>Ensign</i> , novanm 1975, p. 124). <ul style="list-style-type: none">• Pou ki kèk rezon nou ta dwe prepare pou chèche travay? Kòman yon bon edikasyon ede nou prepare pou yon travay?• Poukisa li enpòtan pou n al lekòl, etidye, epi fè plan pou yon edikasyon? Ki efè etid avèk planifikasyon ou ap gen sou demen ou?
Foto ka papyè ki gen mo yo	2. (Mete papyè ki gen mo “Nan yon kay” yo epi montre foto yon jènfi k ap ede timoun li li.) Eksplike yon bon edikasyon kapab ede nou vin pi bon manman avèk madanm nan fwaye nou.
Sitasyon	“Nou pa kapab fè ase pou jènfi yo resevwa yon edikasyon. Y ap gen gran responsablite sou tèt yo. Y ap bay timoun yo karaktè moral ak entelekyèl. Edike fi nan peyi nou yo e timoun pa yo ap fè menm bagay la. Bon edikasyon yon moun detèmine kòman l ap

ye nan lavi a; men enterè yon fanmi gen sekirite paske fi a gen yon bon edikasyon” (George Q. Cannon, *Gospel Truth* seleksyone pa Jerreld L. Newquist [Salt Lake City: Deseret Book Co., 1974], 2:138).

Diskisyon

• Kòman edikasyon yo fi kapab beni fanmi li?

Foto ka papye ki gen mo yo

3. Mete papye ki gen mo “Nan Legliz ak kominte a” epi montre foto yon jènfi k pa anseye nan yon reyinyon legliz. Eksplike lè yon fi prepare l ap kapab ede legliz avèk kominite li. Edikasyon se youn nan pi bon fason li kapab fè pou bay sèvis.

Poze kesyon k ap suiv yo pou ede jènfi yo panse apwopo plizyè fason yo kapab itilize edikasyon pa yo nan Legliz avèk kominite a kounyeya epi nan fiti:

• Kòman ou kapab itilize edikasyon ou nan anseye klas Primè? Nan vizitè nan fwaye? Nan anseye yon klas adilt Lekòldidimanach? Lè w ap bay yon diskou nan Legliz?

• Kòman ou kapab itilize edikasyon ou nan ede moun ki malad? Lè ou ede moun ki pa gen bon djòb?

• Kòman ou kapab itilize edikasyon ou pou ede timoun nan vwazinay ou yo ki pa gen bagay pou fè lè ou an vakans an ete?

Mande jènfi yo sigjere nenpòt lòt fason yo k ap pi byen prepare pou sèvi se lè yo resevwa yon edikasyon.

Konklizyon

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike edikasyon se yon pati enpòtan pou pwogresyon nou sou latè. Lè nou resevwa konesans n ap aprann apresye tout sa Senyè a ba nou. Konesans avèk yon edikasyon ap ede nou nan chak pati nan lavi nou epi ap fè nou bati wayòm Bondye a pi byen. Pa gen yon lòt pi bon tan pou resevwa yon edikasyon pase nan jenès nou. Nou ta dwe pran opòtinite pou resevwa yon edikasyon ki disponib pou nou epi chèche konesans nan tout sijè yo.

Aplike lesan an

Ankouraje chak jènfi pou pwofite chak opòtinite ki disponib pou resevwa yon edikasyon. Sigjere li chwazi yon sijè nan lekòl oubyen yon sijè nan levanjil la li vle aprann plis epi etidye topik sa a. Mande li bay klas la ak dirijan jènfi yo yon rapò, oubyen kite li ekri sa li aprann yo nan jounal li.

OBJEKTIF	Chak jènfi ap
PREPARASYON	<ol style="list-style-type: none"> 1. Foto 23, Penti pa Vincent van Gogh, ki nan fen manyèl la. 2. Pote papye avèk yon kreyon pou chak jènfi. 3. Fakiltatif: Pote bagay ki kache pou chak jènfi tankou twal, zepeng atache, zepeng cheve, yon mòso fil, yon bouton, yon kreyon. 4. Fè yon lis bagay ki kache pou chak jènfi. 5. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon ou vle.
DEVLOPMAN POU LESON YO SIGJERE	Entwodiksyon: Objè ki kache yo
Jwèt (fakiltatif)	<p>Lè chak jènfi antre nan sal la ba li youn nan objè ou te pote yo. Mete li nan yon kote ki vizib (paegzanp mete twal la sou zepòl yon jènfi, mete fil la nan yon bouton oubyen mete yon kreyon sou zorèy li).</p> <p>Kite chak jènfi fè yon lis objè ou te bay chak. Di yo pou chèche bagay ou te bay chak jènfi epi mete yon mak bò kote bagay la ye sou lis la ou jwenn nan. Ba yo de minit pou yo chèche bagay yo; epi detèmine ki objè yo te jwenn epi pa t jwenn. Retire chak objè lè yo idantifye li. Petèt yo p ap jwenn youn oubyen de objè. Montre kote objè sa yo ye.</p>
Diskisyon	<p>Diskite kòman lè yo t ap chèche objè sa yo se tankou dekouvri talan yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kòman nou kapab rekonèt talan nou yo? • Kòman li posib pou talan nou yo kapab devan nou men nou pa rekonèt yo? • Kòman nou kapab pa rekonèt yon talan? • Poukisa nou kapab di nou gen tout talan? • Poukisa kèk talan difisil pou jwenn? • Poukisa nou ta dwe chèche talan jiskaske nou jwenn yo? <p>Eksplike tout moun gen don oubyen talan ki soti kot Papa nou ki nan Syèl la. Pafwa don oubyen talan sa yo byen kache e yo difisil pou jwenn. Lè nou jwenn yon talan li enpòtan pou n devlope talan sa a san sa nou kapab pèdi li.</p> <p>Fè jènfi yo sonje talan yo pa toujou ra, yo pa toujou gran, pafwa yo difisil pou jwenn, pafwa ou pa rekonèt yo, pafwa ou ignore yo, e souvan yo itil epi ede lòt moun.</p>
	Nou chak resevwa don nan men Papa nou ki nan Syèl la
Tablo a	<p>Ekri panse k ap suiv la sou tèt tablo a epi kite l la pandan tout leson an: <i>Nou se pitit lespri Papa nou ki nan Syèl la e nou chak gen yon don ki soti nan Lespri Bondye.</i> Kite jènfi yo di chak mo fò pandan w ap ekri li epi li tout fraz la ansanm lè ou fini.</p>
Diskisyon avèk ekriti yo	<p>Eksplike Senyè a ba nou anpil gidans nan dènye jou sa yo konsènan talan yo.</p> <p>Petèt w pa vle jènfi yo souliye ekriti a epi chèche lòt referans yo pandan w ap li epi diskite kat ekriti k ap suiv yo:</p> <p>Kite yon jènfi li D&A 46:11–12. Diskite kisa <i>don</i> vle di e pou ki rezon Senyè a ba nou talan sa yo.</p> <p>Mande yon lòt jènfi pou li D&A 82:18. Diskite kite Senyè a revele nou nan ekriti sa a apwopo sèvi avèk talan yo.</p>

Li D&A 82:2–3 epi diskite sigjesyon ekriti sa a avèk kòman nou sèvi avèk talan yo.

Nan D&A 60:13, Senyè a pale apwopo de misyonè. Kite yon lòt manm klas la li ekriti sa a epi kite klas la eksplike relasyon moun ki lach avèk moun ki pèdi talan pa yo.

- Kòman ou santi w apwopo obligasyon ou pou jwenn, devlope epi sèvi avèk talan ou yo apre ou te li kat ekriti sa yo?

Di jènfi yo pou panse apwopo kèk fason moun dekouvri talan yo pandan w ap li sitiyasyon k ap suiv yo.

1. Cynthia te santi li te pare pou resevwa benediksyon patriyakal li. Pandan Frè Whitter t ap ba li benediksyon an Cynthia te koute byen e li te sezi tandè li di li te gen yon gran talan pou anseye.
2. Sara te entereze nan defi Sè Myron te bay klas la pou dekouvri epi chèche fason pou devlope talan pa yo pou sèvis.
3. Michele t ap pran leson pou aprann jwe pyano lè yo te mande li vin nan Primè a pou jwe pyano. Yon apremidi apre li te resevwa nouvo apèl li li te chita devan pyano a e li te panse kòman li pa t renmen pratike. Epi li te sonje lè Evèk Hampton te mete li apa li te pwomèt li si li te kontinye devlope talan li avèk pyano a li t ap kapab enflyanse anpil moun nan wayòm Senyè a atravè mizik li ki enspire.
4. Enstriktè Marian te mande li pou li dirije klas la nan yon aktivite. Marian pa t janm fè anyen nan lavi li. Lè li te kòmanse ransanble lide pou fè kèk bagay avèk klas la li te sezi paske li te amize li.

Diskisyon

Diskite kèk fason moun dekouvri talan yo. Epi diskite kesyon k ap suiv yo ki gen relasyon avèk jènfi yo:

- Eske nenpòt nan noumenm te dekouvri talan yo oubyen pa t konnen ou te genyen?
- Ki kèk talan ou te rekonèt nan tèt ou avèk nan zanmi ou yo?
- Poukisa li pa ase pou sèlman dekouvri talan ou yo?

Ankourajman ki pozitif ede devlopman talan yo

Istwa

Montre sa Van Gogh te pentire ki nan fen manyèl la. Epi ba yo enfòmasyon k ap suiv la apwopo li.

Vincent Van Gogh ki te fèt nan Olann sa gen plis pase santan (1853) te gen yon lavi tris epi vyolan. Li pa t ap yon pent koni si se pa t pi jèn frè li Theo. Theo te kwè nan frè li epi pafwa li te ankouraje Vincent. Anplis gen konfyans nan abilite Vincent, Theo te ba li bagay pou penti, manje avèk yon kote pou rete lè Vincent pa t kapab fè sa pou tèt pa li. Theo te toujou kwè nan Vincent lè lòt moun pa t gen lafwa nan li. Moun pami tout mond lan apresye enflyans van Gogh sou la. Penti li yo nan plizyè kote nan anpil peyi kote yo montre ekspoze yo.

Nòt pou enstriktè a

Fè atansyon lavi Van Gogh pa yon lavi pou suiv. Si yon jènfi di sa eksplike diskisyon sa a pale apwopo devlopman talan li ak sipò li te resevwa men pa apwopo lavi li an jeneral.

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike anpil nan noumenm menmjan ak Van Gogh gen talan nou bezwen devlope men san èd ak ankourajman moun ki toutotou nou petèt nou kapab pa devlope yo.

Nou chak nan nou gen yon Van Gogh nan fanmi nou nou kapab ede atravè sipò ak ankourajman.

Sitasyon

Pitit fi Prezidan ak Sè Harold B. Lee, Helen Lee Goates, te di:

“ ‘Paran nou pran swen santiman nou e yo pafwa fèb apwopo tèt nou. Lè nou te dekouraje premye fwa nou te aprann jwe yon enstriman mizikal papa avèk manman nou te ranfòse nou e yo te di nou te jwe pi bèl mizik nan tout mond lan. Lè nou te gen plis pase douzan nou pè e nou te santi nou pa t enpòtan men nou te sonje anpil manman avèk papa te renmen nou e yo te panse nou te pi bèl jènfi yo te janm wè. Yo kite sa yo te plante nan panse nan tèt nou yo pou nou eseye vin sa yo te vle nou ye a ak sa yo te konnen yo t ap vin ye’ ” (nan Neal A. Maxwell, *That My Family Should Partake* [Salt Lake City: Deseret Book Co., 1974], pp. 56–57).

- Kòman yon jènfi ka aplike prensip sa a pou ankourajman ki pozitif nan relasyon pa li avèk lòt manm nan fanmi pa li?

Kite jènfi yo diskite kèk nan eksperyans pa yo si yo bon oubyen mal avèk talan an relasyon avèk manm fanmi yo. Eksplike ankourajman ki pozitif se sa ou bezwen pou devlope nenpòt talan. Petèt w ap vle konpare istwa Van Gogh pou montre enflyans chak manm nan yon fanmi kapab enflyanse talan yon lòt moun.

Diskisyon

- Kòman aksyon ak atitud ou nan kay ou kapab enflyanse sè oubyen frè ou yo pou devlope talan pa yo?

- Kisa k fè yon moun sispann devlope talan li?

Aktivite

Bay chak jènfi yon mòso papye avèk yon kreyon. Kite yo pliy papye yo nan twa kolòn ki gen egalite epi ekri "Non yon manm fanmi ou" sou tèt premye kolòn nan, "Talan yo" sou tèt dezyèm kolòn nan, avèk "Kisa mwen kapab fè?" sou tèt twazyèm kolòn nan.

Jènfi yo ta dwe ekri non fanmi pa yo nan kolòn goch la epi kite espas ant non yo. Sigjere yo pran kèk minit pou konsidere talan manm fanmi ou kapab genyen. Di yo pou mete talan yo genyen kounyeya ak talan yo kapab genyen demen. Diskite fason posib jènfi yo kapab ede manm nan fanmi pa yo; yo ta dwe ekri sa yo nan dènye kolòn nan. Ankouraje jènfi yo pou sèvi avèk lide sa yo pou ede devlope talan manm nan fanmi pa yo.

Non manm fanmi ou	Talan yo (sa ou gen kounyeya ak sa ou kapab vin genyen)	Kisa mwen kapab fè?
Boyd	Espò Matematik Chante	Fè ekzèsis avèk li. Kite l ede m avèk matematik. Di bon bagay lè li fè byen. Chante avèk li.
Sandra	Kouri Koud Fè desen	Pran tan li lè li kouri. Di bon bagay lè li koud, kouri oubyen fè desen. Ede li lè l mande èd.

Konklizyon

Diskisyon

- Si yon manm nan fanmi ou te ede w ankonpli yon bagay ou te toujou vle fè ki efè sa te gen sou santiman ou pou li?

Diskite kòman nou kapab resevwa benediksyon nan talan lòt moun yo. Kite jènfi yo pataje nenpòt eksperyans yo te genyen kote yon moun nan fanmi yo te ede yo devlope talan yon lòt moun.

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike laplipa nan nou pa mete anpil valè nan pouvwa yon moun genyen pou fè bon bagay. Si nou dedye tèt nou epi ede manm fanmi nou yo devlope talan pa yo n ap dekouvri lanmou nou pou yo ap grandi epi devlope ansanm avèk talan nou yo. Nou tap aprann gen anpil kalite talan e yo pa nesèsman fasil pou jwenn men si nou kenbe fèm n ap gen siksè e n ap ede manm nan fanmi nou yo gen siksè epi kontan nan lavi sa e nan letènite.

Devlope talan pou dirije

Bi tout kout kòm etap pou akonpli pi gwo bi yo

OBJEKTIF Chak jènfi ap konprann kòman lè ou fè bi tout kout kòm etap kapab akonpli pi gwo bi yo.

PREPARASYON

1. Pote papye avèk kreyon pou jènfi yo.
2. Fakiltatif: Prepare yon papye jan yo sigjere nan dezyèm seksyon leson an.
3. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt sitwa, ekriti, oubyen sitasyon ou vle.

**DEVLOPMAN POU
LESON YO SIGJERE**

Aktivite

Entwodiksyon

Mande jènfi yo pou imajine yo deja nan senkan depi kounyeya. Di yo pou panse pandan youn oubyen de minit apwopo sa yo ta renmen fè avèk moun yo tap ye a si espwa yo te vre. Mande yo bi yo te dekri yo espesifik epi pèsònèl tankou: "Mwen vle marye nan tanp; Mwen vle gradye nan inivèsite; Mwen vle yon pwofesè (sekretè, doktè, eksetera)." Apre yo fin pran kèk minit pou panse, mande yo ekri bi sa yo sou yon mòso papye. Epi mande yo ekri omwen twa bagay ki pi enpòtan yo kapab fè pou ede yo akonpli bi pa yo.

Eksplike jènfi yo twa bagay sa yo se bi ki kapab akonpli byento oubyen ki kapab mennen yo akonpli yon bi ki pi gwo demen. Yon ansyen pwovèb chinwa di pwen sa a: "Jounen yon mil kilomèt kòmanse avèk yon pa." Mande youn oubyen de jènfi pou pataje yon bi avèk klas la ak pi piti bi ki kapab mennen nan li. Ekri sa yo sou tablo a avèk pi gwo bi yo anwo e pi piti bi yo anba.

Fè bi yo kapab ede nou pwogrese nou

Prezantasyon pou enstriktè a

Eksplike fè bi yo kapab ede nou resevwa dezi nou yo.

- Poukisa swete nou fè yon bagay sèlman pa ase pou ankouraje nou pwogrese?

Eksplike bi yo ba nou yon bagay espesifik e yon bagay nou kapab akonpli. Yo ba nou yon chemen pou nou suiv. Li fraz k i suiv la:


Sitasyon

"Pa gen plan. Pa gen objektif. Pa gen bi. Chemen pou ale tout kote se chemen ki mennen ou nenpòt kote, e chemen ki mennen nenpòt kote fè espa pa nou pa akonpli, opòtinite yo gaspiye, avèk yon lavi san akonplisman" (Thomas S. Monson, nan Conference Report, oktòb 1976, p. 73; oubyen *Ensign*, novanm 1976, p. 51).

Pwosis fikse bi yo kapab yon fason enpòtan pou pwogrese nan lavi nou. E kounyeya se yon bon moman pou aprann kòman pou n mete enèji nou lè nou fikse bon bi epi akonpli yo.

Papye pou distribye oubyen tablo a

Repase avèk jènfi yo kat etap k ap suiv yo pou fikse yon bi:



Pwosis pou fikse bi

Etap 1: *Evalye* (deside kisa ou bezwen fè)—Fè yon lis bagay ou ta renmen konnen, kalite oubyen abilite ou ta renmen genyen, avèk bagay ou vle akonpli nan lavi ou.

Etap 2: *Planifye* (kisa pou w fè epi kilè)—Ekri bi a e kòman w ap akonpli li. Sonje, yon bi ki pa sou papye se sèlman yon swè. Si ou vle chwazi yon paran, zanmi oubyen yon dirijan w ap bay rapò. Fikse yon tan pou fini bi a ak yon tan pou ou tcheke pwogresyon ou.

Etap 3: *Fè plan an*—Si bi a se yon bagay ou kapab fè poukont ou, *fè li!* Si ou bezwen èd, mande yon moun ede ou fini bi a.

Etap 4: *Bay rapò* sou pwogrè avèk rezilta yo—Rankontre avèk moun ou te chwazi pou bay yon rapò a. Di kisa ou te fè epi evalye pwogrè ou. Kèk nan bi w yo pèsònèl. Ou kapab tcheke tèt ou oubyen pale avèk Papa nou ki nan Syèl la nan lapriyè.

Aprè ou fini etap 4 la, kòmanse pwosesis la ankò epi evalye kisa ou ta renmen fè.

Istwa

Enstriktè a avèk fi nan yon klas Jènfi te gen enkyetid pou youn nan manm klas yo ki te rele Cheryl. Yo te chwazi kòm yon bi klas la pou ede Cheryl vin aktif nan legliz anvan lekòl fini. Yo te konnen sa tap yon bi k ap pran anpil tan paske li vini nan klas de fwa nan twazan. Yo te fikse pi piti bi yo e yo te di enstriktè a y ap ba l rapò yo. Bi pa yo sete (1) fè Cheryl vini nan yon aktivite epi (2) fè l vin nan yon leson jou dimanch. Yo te ekri yon plan pou chak bi e yo te kòmanse fè li.

Premye bi a te fasil. Jènfi yo te konnen Cheryl te renmen jwe baskètbòl e li te jwe nou ekip nan lekòl li. Yo te planifye yon sware pou jwe espò e yo te mande li si li te vle vini epi montre yo jwe basèktbòl. Li te aksepte e aktivite a te gen anpil siksè.

Dezyèm bi a te pi di. Yo te kontinye vin zanmi li nan lekòl. Yo te ba li papye yo te resevwa nan legliz men li pa t vle ale legliz. Epi kòm aktivite klas jènfi yo avèk enstriktè a te ale gade match baskètbòl Cheryl te genyen. Yo te kriye fò pou li e yo te lwanje li aprè li te genyen. Nan Dimanch aprè a Cheryl te vin legliz! Depi premye fwa a li te sanble li alèz epi li te pale epi ri avèk jènfi yo. Jènfi yo te kontinye efò avèk lanmou yo e Cheryl te vini legliz plis fwa. Cheryl te resevwa apèl pou sèvi kòm yon manm nan prezidans klas la nan ane pwochèn.

Diskisyon

Mande jènfi yo idantifye kat etap pou fè bi yo nan istwa sa a. Eksplike pi piti bi yo te etap pou pi gwo bi a.

Evalye pi piti bi nou yo ede nou mezire pwogrè nou epi korije chemen nou

Eksplike nou dwe souvan evalye bi pi piti nou yo pou fè sèten y ap mennen nou kote nou vle ale a.

Sitasyon

Li sitasyon k ap suiv la:

“Nou tout ta dwe kontinye evalye pwogrè nou. Nou dwe revize sa nou te fè epi detèmine kòman nou ye kounyeya epi fikse bi pou demen pou nou kapab gen lavi ki jis e akonpli bi kreyasyon nou. Pa gen yon ti chans akonpli objektif nou san pwosesis sa a” (O. Leslie Stone, nan Conference Report, avril 1978, p.87; oubyen *Ensign*, me 1978, p. 57).

Istwa

Rakonte istwa k ap suiv la:

Claudia te toujou gen yon gwo bi pou marye nan tanp, men li te sanble yon bagay byen lwen nan lavni. Li te kòmanse soti avèk yon gason ki pa t yon manm Legliz la. Men li pa t panse sa te mal paske sete yon jèn gason si janti. E li pa t atann relasyon an vin seryèz. Anpil nan aktivite yo te jou dimanch paske li te oblije travay nan lòt jou yo. Nan kòmansman Claudia te ale Legliz li tou. Men te gen pwoblèm avèk legliz ak lè yo soti ansanm konsa li te kòmanse pa ale Legliz. Li te vin mwen aktif e li te kòmanse fè aktivite jou Saba yo li pa t kite tèt li fè anvan.

Paran li avèk evèk la te pwoblèm sou sa ki ta pase avèk li. Evèk la te mande l ki pi gwo bi li nan yon entèvyou. Li te di yon maryaj nan tanp te toujou sou lis li. Ansanm yo te kòmanse diskite pwogresyon li pou bi sa a e yo te diskite pi piti bi li yo ki ap mennen li akonpli pi gwo bi sa a. Claudia te reyalize bi li yo pou etidye ekriti yo, ale legliz, e li pa t ap obeyi plizyè nan kòmandman Senyè yo. Paran yo avèk evèk la te ede li avèk pi piti bi l yo ki t ap mennen li sou vrè chemen an epi ki t ap ed li akonpli pi gwo bi li pou marye nan tanp lan. Ak kouraj, alyans, avèk èd Papa nou ki nan Syèl la, Claudia te chanje sa li te bezwen chanje nan yon moman enpòtan nan lavi li. Plizyè ane pita, li te rankontre yon jèn gason diy e li te marye nan tanp pou tan ak tout letènite.

Diskisyon

• Kisa k ta kapab rive si Claudia te kontinye sou chemen orijinal li? Kòman li te prèske detwi gwo bi li pou marye nan tanp paske li pa t akonpli pi piti bi yo tankou soti avèk yon jènòm ki gen bon nòm ki t ap respekte aktivite li nan Lelgiz li.

Eksplike li fasil pou pa akonpli pi gwo bi nou yo si nou pran tan pou evalye yo epi mezire pwogresyon nou souvan. Ede jènfi yo rekonèt lòt moun tankou paran yo oubyen yon evèk kapab ede nan evalye tèt nou tou.

	Sa mande yon alyans fèm pou akonpli pi gwo bi yo
Prezantasyon pou enstriktè a	Eksplike nou dwe kenbe fèm pou akonpli bi nou yo oubyen nou p ap akonpli yo e fè lòt bagay.
Sitasyon	“Gen kèk chwa ki long epi difisil, men yo mennen nou nan vrè direksyon an nan pi gwo bi nou yo: gen lòt bi ki kout, ki sanble yo bon men yo mennen nou nan direksyon ki pa kòrèk la. Li enpòtan pou n konnen objektif nou yo byen klè pou nou pa ale nan direksyon ki pa kòrèk la” (Spencer W. Kimball, “Decisions: Why It’s Important to Make Some Now,” <i>New Era</i> , avril 1971, p. 3).
Prezantasyon pou enstriktè a	Eksplike nou dwe ase detèmine pou peye pri pou akonpli bi nou yo. Prezidan Spencer W. Kimball te fè yon alyans pou akonpli yon bi ki nan istwa k ap suiv la.
Istwa	“Aprè misyon mwen, mwen te retounen lekòl men fanmi m pa t gen ase lajan pou voye m. Konsa mwen te travay pou Southern Pacific Railroad nan Lòs Anjèlès pou m te jwenn lajan pou lekòl. Mwen te retire bwat sou yon tren e mwen te mete yon sou yon charèt e mwen t al mete yo nan depo pandan katòzè chak jou. Mwen kwè ou kapab konprann poukisa mwen te bouke nan fen jounen an. “Mwen te rete avèk sè m de oubyen twa kilomèt de travay mwen. Taptap la te dis kòb e mwen te mache tout distans lan pou m te kapab sere ven kòb. Mwen te vle ale nan inivèsite anpil e lè mwen te mache bi mwen te vin pi pre. Mwen te sere ase lajan pou retounen nan eta mwen nan Arizona epi ale nan inivèsite Arizona” (Spencer W, Kimball, “Decisions,” pp. 2–3).

Aplike leson an

Ankouraje chak jènfi pou chwazi, planifye, epi fè yon alyans avèk tèt li pou akonpli bi li ki piti yo avèk gwo yo. Sigjere li ekri kèk nouvo bi si li nesèsè epi akonpli yo lè li itilize pi pitit bi yo kòm yon gid pou ede li akonpli bi pi gwo yo.

Delege lòt moun responsablite yo

Leson

49

OBJEKTIF Chak jènfi ap konprann prensip avèk etap yo pou yo bay lòt moun responsablite yo.

PREPARASYON

1. Pote papyè avèk kreyon yo pou jènfi yo.
2. Fakiltatif: Petèt w ap vle bay chak jènfi yon kopi senk etap pou delegasyon.
3. Chwazi de jènfi pou fè yon ti pyès nan senk etap pou delegasyon.
4. Chwazi jènfi yo pou prezante nenpòt istwa, ekriti, oubyen sitasyon ou vle.

Nòt pou enstriktè a Ou ta dwe konnen senk etap pou delege ki nan leson sa a. Ou ta dwe pran laplipa manm klas la pou pale apwopo dezyèm nan nan leson an poutèt talan y ap aprann atravè pratik.

DEVLOPMAN POU LESON YO SIGJERE

Istwa

Delegasyon se yon prensip enpòtan lè w ap dirije

Mande jènfi yo fèmen je yo pandan yon moman epi imajine nan tèt yo yon gwoup jènfi k ap jwe nan yon ekip espò nan zòn ou. Dekri aksyon ekip sa a. Paegzanp kapitèn nan te chwazi moun pou jwe e chak nan yo ap jwe yon pozisyon. Chak moun ap jwe byen e y ap suiv enstriksyon kapitèn yo. Yo bay yon gòl e yo menm avèk moun k ap gade yo rele fò pou yo e yo kontan.

Mande jènfi yo imajine menm ekip la ki pa jwe ankò. Fwa sa a kapitèn nan pa chwazi moun pou jwe nan pozisyon yo ni li pa bay enstriksyon espesifik yo. Manm ekip la nan konfizyon pandan y ap jwe epi yo kouri nan tout direksyon. Kapitèn nan ap eseye jwe tout pozisyon yo. Okenn lòt moun pa gen yon chans fè yon gòl, men kapitèn nan bay twa gòl.

Diskisyon avèk
tablo a

Kounyeya fè jènfi yo bouche je yo epi diskite diferans ant fason yo t ap santi yo si yo t ap jwe nan de ekip sa yo. Ekri repons yo sou tablo a. Kèk nan yo kapab di:

Yon egzanp tablo a

Ekip 1	Ekip 2
Responsab	Dekouraje
Ede	Pa vle jwe
Lib	Pa gen valè
Kontan	Tris
Chans pou montre sa mwen kapab fè	Anpeche tèt yo

- Avèk ki ekip ou pito jwe? Poukisa?

Eksplike lè nou nan sitiason antanke gwoup e nou santi nou kapab fè chwa epi patisipe nou grandi e nou kontan. Yon kapitèn yon ekip oubyen yon lòt dirijan ki ede nou gen santiman sa yo e ap itilize prensip pou dirije avèk sajès. Mande jènfi yo si konnen kijan nou rele prensip sa a. Ekri mo *delegasyon* sou tablo a.

Lè nou delege nou pataje travay oubyen responsablite pa nou avèk lòt moun epi nou ba yo otorite pou aji nan plas nou.

Egzamen avèk ekriti yo oubyen wè kimoun ki kapab jwenn ekriti a pi vit

Chèche ekriti ki suiv la pou ede jènfi yo aprann kòman Senyè a aplike prensip delegasyon an. Poze yon kesyon epi bay referans ekriti ki apwopriye a. Kite jènfi yo jwenn ekriti a, li l poukont yo, epi di kòman li reponn kesyon an.

Oubyen ou ta kapab bay jènfi yo referans ekriti a epi wè kimoun ki kapab jwenn li pi vit. Poze kesyon an epi kite yo jwenn repons la nan ekriti yo. Ou kapab bay yon pati repons la si ou vle.

1. Kisa travay Papa nou ki nan Syèl la ye? (Moyiz 1:39)
2. Avèk kimoun li pataje travay li? (Jean 6:38)
3. Kimoun Senyè a delege otorite? (Efèz yo 4:11–12)
4. Kisa nou bezwen fè lè yon moun delege nou reponsablite? (D&A 107:99–100)
5. Kisa Apot yo te fè lè yo te fini devwa pa yo? Kisa nou dwe fè? (Mak 6:30).

Eksplike Papa nou ki nan Syèl la avèk Sovè a toujou itilize prensip delegasyon sa a. Prensip sa a ede nou grandi e li kite nou itilize libète chwa nou ak talan nou epi li mande nou pran reponsablite aksyon nou yo.

Nou kapab aprann delege efektivman lè nou itilize etap espesifik yo

Pyès

Eksplike nou tout kapab aprann prensip delegasyon an epi itilize li avèk siksè. Rele jènfi ou te deja mande pou prezante pyès la. Ekri chak etap k ap suiv yo sou tablo a epi kite yo montre yo.

Etap 1: Di klèman kisa devwa a ye

Prezidan klas: Ann, nou gen sousi pou jènfi ki gen douzan avèk trèzan k ap antre nan Jènfi yo. Nou ta anvi konnen yo pi byen e ede yo santi yo byen epi alèz. Nou ta renmen ou dirije yon aktivite pou klas la pou nou kapab fè konesans avèk nouvo jènfi sa yo. Aktivite a ap nan twa semèn jou k ap 28.

Etap 2: Dekri enpòtans devwa a epi fè yo konfyans

Prezidan klas: Si jènfi yo pa santi yo alèz yo kapab jwenn zanmi nan lòt kote. Ann ou gen yon talan espesyal pou akonpli bagay epi travay ansanm avèk moun. Nou konnen ou kapab ede nou avèk aktivite sa a pou mete jènfi sa yo pi alèz.

Ann: [Li akepte devwa a]

Etap 3: Diskite kimoun k ap fè ki bagay epi kilè l ap fini li.

Prezidan klas: Ou konnen aktivite a se nan twa semèn. Ann kisa ou panse nou bezwen fè?

Ann: [Li bay yon bon repons]

Prezidan klas: Kisa nan sa yo ou panse ou bezwen fè premyèman?

Ann: [Li bay yon bon repons]

Prezidan klas: Kilè ou kapab kòmanse sa?

Ann: [Li bay yon bon repons]

Prezidan klas: Kilè n ap fini lòt bagay yo?

Ann: [Li bay yon bon repons]

Prezidan klas: Kimoun ou kapab mande ede ou?

Ann: [Li bay yon bon repons]

Prezidan klas: Kisa w ap fè chak moun fè?

Ann: [Li bay yon bon repons]

Prezidan klas: Annou ekri sa pou nou pa bliye.

Etap 4: Deside kilè w ap kontakte moun nan pou wè sa y ap fè.

Prezidan klas: Depi jodi a m ap cheke avèk ou pandan yon semèn e pale avèk mwen si nenpòt bagay chanje oubyen ou si w bezwen kèk bagay anvan.

Etap 5: Ankouraje yo epi remèsye yo.

Prezidan klas: Ann mwen byen kontan avèk plan ou pou aktivite a. Mwe te tandè jènfi yo t ap pale e yo kontan pou ale. Mwen gen gratitid pou travay ou. Lè m mande èd ou mwen konnen mwen ka konte sou ou.

Diskite kesyon jènfi kapab genyen an. Di enpòtans etap 3 a, kite moun nan di *kisa* l ap fè epi *kilè*. Sa se alyans yo pou aksepte responsablite a. Dirijan an bezwen tcheke avèk yo epi kontinye mande *kisa* moun nan ap fè epi *kilè* l ap fini travay la. Pafwa ou kapab pa sèvi byen avèk delegasyon an si yon moun ap delege bagay paske li pa vle fè li. Ou kapab pa sèvi byen avèk li si dirijan an pa t gen pasyans oubyen konfyans pou yon moun fè li epi li fè li poukont li. Di jènfi yo pou yo fè atansyon avèk sa.

Delege responsablite kapab itil nan anpil sitiyasyon

Aktivite klas nan gwoup oubyen an de

Paske yo te wè ti demonstrasyon an kite jènfi yo pratike delege yon lòt reponsablite avèk sitiyasyon k ap suiv la oubyen lòt sitiyasyon ou te fè. Mande yo suiv etap ki sou tablo a.

1. Yo mande klas ou pou l li avèk yon vèv ki avèk ki nan pawas ou. Ou ale de fwa chak semèn pandan inè. Chwazi yon manm klas la pou dirije pwojè sa a epi òganize li.
2. W ap gen yon konferans pou lajenès nan zòn ou nan sis semèn. Tèm nan se “Kite m vote.” Chwazi yon moun pou pran swen piblisite a pou moun konnen kisa li ye.
3. Ou se prezidan nan koral lekòl ou. Gen kat seksyon nan koral la. Prezidan an responsab pou pran swen mizik la—distribye, kolekte, epi fè si li la lè koral la chante nan lòt lekòl yo. Chwazi yon manm klas la pou fè yon plan pou pran swen mizik la epi prezante lide li nan koral la pou pwochèn repetisyon an.
4. Ou se pi gran piti fi nan fanmi ou. Yon ijans te rive epi manman ou ak papa ou te kite ou pou pran swen twa sè ou yo pandan twa jou—yo gen laj uit, nèf, avèk douzan. Ou bezwen tan pou etidye pou egzamen nan lekòl. Kòman ou tap delege reponsablite fè manje, lave pla asyèt avèk lòt devwa nan kay yo?

Diskisyon

Gade jènfi yo k ap pratike epi bay èd si li nesesè. Si ou gen tan yon gwoup kapab demontre devwa pa yo. Kite jènfi yo sigjere lòt sigjesyon yo (Legliz, fanmi, lekòl, djòb) kote delege travay la kapab itil.

Aplike lesan an

Bay jènfi yo yon kreyon avèk yon mòso papyè. Kite yo chak ekri sou papyè a kalite reponsablite yo genyen. Mande yo gade lis responsablite yo pou wè si yo ta kapab itilize prensip delegasyon nan youn nan yo. Kite yo eseye sèvi avèk senk etap yo semèn sa a.

Pou dirije jènfi: Oganize leson ki soti nan Konferans Jeneral yo

Pawòl pwofèt vivan yo se resous ekselan pou leson adisyonèl yo. Chwazi diskou konferans yo ki kouran ki ekri nan Lyawona avèk magazin entènasyonal yo. Prepare epi prezante leson sa yo ap ba ou opòtinite pou Espri a dirije ou pou pale epi akonpli bezwen manm klas ou yo. Jènfi yo ta dwe konnen alavans ki diskou y ap aprann pou yo ka prepare pou diskisyon an. Lè w ap devlope leson sa yo sèvi avèk ansèyman ki soti kot Otorite Jeneral yo, diskou nan konferans yo avèk ekriti yo.

Prepare epi prezante leson yo

Suiv menm modèl nan manyèl la pou prepare epi prezante leson sa yo. Anplis etap pou prepare k ap suiv yo kapab ede ou:

1. Deside ki prensip levanjil oubyen lide w ap anseye nan leson ou chwazi atravè priyè.
2. Deside kisa ou vle akonpli kòm yon rezilta leson an. Paegzanp èske ou vle ede manm klas la konprann yon prensip, ogmante lafwa yo, devlope yon atitud, oubyen chanje konpòtman yo?
3. Oganize materyèl leson yo. Itilize Gid topik nan edisyon Sen Dènye Jou Bib Wa Jacques nan langaj ki pa angle pou chèche lòt referans ekriti adisyonèl yo. Mande moun ki chèf bibliyotèk la pou vizyèl ki apwopriye yo.
4. Prepare kesyon yo apwopo sitasyon avèk ekriti yo ou te chwazi nan leson an. Kisa sitasyon avèk ekriti yo vle di? Aplike yo pou jènfi yo (gade nan 1 Nefi 19:23).
5. Chwazi metòd ansèyman k ap fè jènfi yo patisipe epi chwazi jènfi pou patisipe. Refere nan *l'Enseignement—Pas de plus grand appel* (33043) pou konnen plis apwopo metòd ansèyman yo.

Kat k ap suiv la kapab itil lè w ap prepare yon leson ki soti nan yon diskou.

Tit diskou a: _____

Prensip levanjil oubyen yon lide: _____

Lide ki soutni yo: _____

Oganizasyon yo sigjere

Metòd ansèyman yo sigjere

1. Entwodui prensip levanjil la avèk lide ki soutni yo.

- Ekri prensip levanjil la avèk lide ki soutni yo sou tablo a. Itilize leson ki gen yon objè, istwa, foto, ekriti, oubyen kesyon ki fè yon reflechi pou entwodui leson an.

2. Prezante leson an.

- Kisa Senyè a te di apwopo prensip levanjil la?
- Kisa pwofèt yo te di apwopo li jodi a?
- Kòman nou kapab aplike prensip levanjil la nan jou pa nou yo? Kòman lè nou viv prensip sa a ogmante lafwa nou epi ede nou pran desizyon ki jis epi rezoud pwoblèm nou yo?

- Chèche epi diskite ekriti yo ki nan yon diskou avèk nenpòt lòt ekriti yo pou klarifye prensip levanjil la.
- Poze kesyon sou sitasyon yo ki nan diskou a. Rakonte istwa yo epi bay egzanp ki nan diskou a pou ilistre prensip levanjil la.
- Poze kesyon ki dirije diskisyon yo ki ap ede jènfi yo aplike prensip levanjil la nan lavi yo.
- Envite manm klas yo pou pataje eksperyans, santiman, avèk temwayaj yo apwopo topik y ap diskite a. Ajoute pwòp santiman pa ou.

3. Fini epi rezime kisa yo fèk aprann.

- Temwaye verite prensip levanjil la ou te anseye a ak valè li nan lavi ou.

Nòt yo















































